АКАДЕМИЯ НАУК ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ
1992

# ТАЛЛАМ

НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН IИЛМАНИЙН АКАДЕМИН
IИЛМАНАН-ДЕШАРАН ТЕПТАР

№ 1 (8), 2015

Грозный
2015

ББК 95
УДК 05

# ТАЛЛАМ
## (Нохчийн Республикин Іилманийн академин Іилманан-дешаран тептар)
## № 1 (8), 2015

Диллина 2008-чу шарахь
Арадолу шарахь шозза

Журнална регистраци йина ЗІенан, хаамийн технологишна, массови коммуникацишна а тІехь тергояран Нохчийн Республикехула йолчу Федеральни гІуллакхан урхалло
Регистраци яран тоьшалла
ПИ № ТУ 20-00106

Кхолларxо: Пачхьалкхан казённи Іилманийн учреждени «Нохчийн Республикин Іилманийн академи»

**Коьрта редактор –** Гапуров Ш.А., историн Іилманийн доктор, профессор, НР-н ІА-н академик

**Коьрта редакторан гІоьнчаш:**
Дадашев Р.Х. – физико-математически Іилманийн доктор, профессор, НР-н ІА-н академик
Абумуслимов А.А. – биологин Іилманийн кандидат, доцент
Бурчаев Х.Х. – яздархо, гочдархо (жоьпаллин секретарь)

**Декъашхой:**
*Альбеков Н.Н.* – филологин Іилманийн кандидат, доцент; *Арсалиев Ш.М.-Х.* – педагогикин Іилманийн доктор, профессор, НР-н ІА-н член-корреспондент; *Берсанов Р.У.* – медицинин Іилманийн кандидат, доцент; *Вагапов А.Д.* – филологин Іилманийн кандидат, доцент; *Гарсаев Л.М.* – историн Іилманийн доктор, профессор; *Магамадов С.С.* – историн Іилманийн кандидат, доцент; *Мусханова И.В.* – педагогикин Іилманийн доктор, профессор; *Овхадов М.Р.* – филологин Іилманийн доктор, профессор, НР-н ІА-н член-корреспондент; *Решиев С.С.* – экономикин Іилманийн доктор, профессор; *Тайсумов М.А.* – биологин Іилманийн доктор, профессор, НР-н ІА-н член-корреспондент; *Халидов А.И.* – филологин Іилманийн доктор, профессор, НР-н ІА-н член-корреспондент

Редакцин адрес/арахецархочун: 364024,Сольжа-ГІала, М.А. Эсамбаеван урам, 13
Тел./факс: (8712) 22-26-76, 22-55-76, e-mail: tallam_anchr@mail.ru

ISSN-2412-0812

© Нохчийн Республикин Іилманийн академи, 2015

ББК 95
УДК 05

# ПОИСК
## (Научно-образовательный журнал Академии наук Чеченской Реуспублики)
## № 1 (8), 2015

Основан в 2008 г.
Выходит 2 раза в год

Издание зарегистрировано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике
Свидетельство о регистрации
ПИ № ТУ 20-00106

Учредитель: ГКНУ «Академия наук Чеченской Республики

**Главный редактор –** Гапуров Ш.А., д.и.н., профессор, академик АН ЧР

**Заместители главного редактора:**
Дадашев Р.Х., д.ф.-м.н., профессор, академик АН ЧР
Абумуслимов А.А., к.б.н., доцент
Бурчаев Х.Х., писатель, переводчик (ответственный секретарь)

**Редакционная коллегия:**
*Альбеков Н.Н.* – к.филол.н., доцент; *Арсалиев Ш.М.-Х.* – д.п.н., профессор, член-корреспондент АН ЧР; *Берсанов* Р.У. – к.м.н., доцент; *Вагапов А.Д.* – к.филол.н., доцент; *Гарсаев Л.М.* – д.и.н., профессор; *Магамадов С.С.* – к.и.н., доцент; *Мусханова И.В.* – д.п.н., профессор; *Овхадов М.Р.* – д.филол.н., профессор, член-корреспондент АН ЧР; *Решиев С.С.* – д.э.н., профессор; *Тайсумов М.А.* – д.б.н., профессор, член-корреспондент АН ЧР; *Халидов А.И.* – д.филол.н., профессор, член-корреспондент АН ЧР

Адрес редакции/издателя: 364024, г. Грозный, пр. М.А. Эсамбаева, 13
Тел./факс: (8712) 22-26-76, 22-55-76, e-mail: tallam_anchr@mail.ru

ISSN-2412-0812

© Академия наук Чеченской Республики, 2015

## ЧУЛАЦАМ

ИСТОРИЙН IИЛМА

**Абумуслимов А.А.** Мудир ШоIип дIакхалхарх лаьцна .......... 6
**Абумуслимов А.А., Абумуслимова А.С.** Нохчийчуьра Нажи-юьртан районера ЦIоьнтара юьртан историх лаьцна йоцца очерк (1-ра дакъа) .......... 11
**Акаев В.Х.** Нохчийн къоман идеологи кхиар (XVIII бI. чаккхе – XX бI. 50-гIа шш.) .......... 19
**Гапуров Ш.А.** Вайн историн лазаме агIонаш .......... 24
**Ибрагимов Мовсур М.** Кунта-Хьаьжа Гуьна варах а лаьцна .......... 30

МЕТТАН IИЛМА

**Альбеков Н.Н.** Нохчийн литературни меттан лард кхоллаяларан этапаш .......... 33
**Бызов И.** Компаративистикин керлачу кхиамашкахь нохчийн мотт кхоллабаларх лаьцна .......... 35
**Вагапов А.Д.** Терахьдешнаш яздар кепе далоран критерий .......... 37
**Газиева А.** Нохчийн мотт .......... 41
**Дадаев С.** Нохчийн мотт кхиорехь «Даймохк» газетан маьIна .......... 43
**Дадашев Р.Х.** Нохчийн меттан таханлера хьал, иза кхиоран некъаш а .......... 45
**Моасаева П.Д.** Нохчийн маттахь, нохчийн иэсехь бIешерийн зеделларг .......... 48
**Овхадов М.Р.** Нохчийн мотт: кхиамаш а, хьалха лаьтта декхарш а .......... 51
**Тимаев А.Д.** Нохчийн меттан мукъачу аьзнийн система .......... 53
**Халидов А.И.** Дешаран а, Iилманан а декъехь нохчийн маттах пайдаэцар .......... 60
**Халидов А.И.** Предложенин меженашна юкъахь йолу юкъаметтигаш Iаткъамаза//Iаткъаме хилар (залог) .......... 63
**Чокаев К.З.** Нохчийн мотт – нохчийн меттан дийнахь .......... 66

ЛИТЕРАТУРОВЕДЕНИ

**Арсанукаев А.** Гайсултанов Iумаран произведенеш школехь Iамор .......... 69
**Ахматукаев А.** Бакъонан мурд (Сатуев Хьусайнан кхолларallах) .......... 77
**Бурчаев Х.** Айдамиров Абузаран кхолларallин механа .......... 81
**Гайтукаев А.** Даймехкан кхолламан декъахь волчу поэтах дош .......... 86
**Гайтукаева М.** Бексултанов Мусан прозехь доьзалан тема .......... 89
**Джамбеков Ш.А.** Ахмадов Мусан прозехь нохчийн къоман оьздангаллин мехаллаша дIалоцу меттиг а, «ТулгIе юхаяле…» боху дийцар дешча, кхоллаелла ойланаш .......... 94
**Минкаилов Э.С.** Историн денъелла агIонаш (Айдамиров Абузаран 80 шо кхачарна) .......... 98

МЕТОДИКА

**Альтемиров** А. Нохчийн меттан а, литературин а урокашкахь керлачу технологех пайдаэцарх а, дешархой иманехь кхетош-кхиорах а ойланаш .......... 102
**Инеркаев Я.** Нохчийн къоман лазамаш балхийнарг (Айдамиров Абузар дагалоцуш) .......... 105
**Инеркаев Я.** Хьехархочун балхах а, нохчийн маттах а, оьздангаллах а ойланаш... .......... 107
**Магамедов Х**. Жима хIума тидаме эцарца – доккхачу маьIне .......... 110
**Магамадова Р**. Нохчийн мотт хьехарехь механа некъаш .......... 113
**Магамадова Р**. Дешар Iаморан а, кхетош-кхиоран а балха тIехь зеделларг .......... 115
**Магамадова Р**. Дешар Iамош а, кхетош-кхиоран муьрехь а цIахь бан болх балар .......... 116
**Момуева Х**. Литературни меттан стилаш, церан башхаллаш (масалан урок) .......... 117

ХРОНИКА

**Овхадов М.Р.** Нохчийн мотт: кхиамаш а, хьалха лаьтта декхарш а. «Нохчийн мотт хьехаран механа гIуллакхаш: зеделларг а, кханенан ойлаяр а» цIе йолчу Iилманан-практически конференцин резолюци .......... 121

*Авторех боцца хаамаш* .......... 126
*Статьяш кечъяран бакъонаш* .......... 127

## СОДЕРЖАНИЕ

ИСТОРИЧЕСКИЕ НАУКИ

**Абумуслимов А.А.** О гибели мудира Шуаип-Муллы Центароевского ........ 6
**Абумуслимов А.А., Абумуслимова А.С.** Краткий очерк истории села Центарой (ЦIоьнтара) Ножай-Юртовского района Чечни (часть I) ........ 11
**Акаев В.Х.** Развитие национальной идеологии чеченцев (конец XVIII в. – 50-е гг. XX в. ) ........ 19
**Гапуров Ш.А.** Тяжёлые страницы истории Чечни ........ 24
**Ибрагимов Мовсур М.** О переселении Кунта-Хаджи в с. Гуни ........ 30

ЯЗЫКОЗНАНИЕ

**Альбеков Н.Н.** Этапы зарождения чеченского литературного языка ........ 33
**Бызов И.** О зарождении чеченского языка в аспекте новых достижений компаративистики ........ 35
**Вагапов А.Д.** Установление критерия правописания числительного ........ 37
**Газиева А.** Чеченский язык ........ 41
**Дадаев С.** Роль газеты «Даймохк» в развитии чеченского языка ........ 43
**Дадашев Р.Х.** Современное состояние чеченского языка и перспективы его развития ........ 45
**Моасаева П.Д.** Многовековой опыт самосознания в чеченском языке и в памяти народа ........ 48
**Овхадов М.Р.** Чеченский язык – успехи и задачи ........ 51
**Тимаев А.Д.** Система гласных чеченского языка ........ 53
**Халидов А.И.** Использование знания чеченского языка в области науки и образования ........ 60
**Халидов А.И.** Залог ........ 63
**Чокаев К.З.** Чеченский язык – в День чеченского языка ........ 66

ЛИТЕРАТУРОВЕДЕНИЕ

**Арсанукаев А.** Изучение произведений Умара Гайсултанова в школе ........ 69
**Ахматукаев А.** Мурид правды (о творчестве Сатуева Хусайна) ........ 77
**Бурчаев Х.** Значение творчества Абузара Айдамирова ........ 81
**Гайтукаев А.** Слово о поэте ........ 86
**Гайтукаева М.** Тема семьи в прозе Мусы Бексултанова ........ 89
**Джамбеков Ш.А.** Место чеченских моральных ценностей в прозе Ахмадова Мусы и мысли, овеянные после чтения «До прихода волны» ........ 94
**Минкаилов Э.С.** Ожившие страницы истории (к 80-летию Абузара Айдамирова) ........ 98

МЕТОДИКА

**Альтемиров** А. Использование новых технологий на уроках чеченского языка и литературы ........ 102
**Инеркаев Я.** Проникшийся болью чеченского народа (в память об Абузаре Айдамирове) ........ 105
**Инеркаев Я.** О чеченском языке, нравственных устоях и о профессии учителя ........ 107
**Магамедов Х**. От малого – к великому ........ 110
**Магамадова Р**. Методы преподавания чеченского языка ........ 113
**Магамадова Р**. Опыт работы в процессе обучения и воспитания ........ 115
**Магамадова Р**. Домашнее задание в процессе образования и воспитания ........ 116
**Момуева Х**. Стили литературного языка и их специфика ........ 117

ХРОНИКА

**Овхадов М.Р.** Резолюция научно-практической конференции «Основные методы преподавания чеченского языка: опыт и перспективы» ........ 121

*Сведения об авторах* ........ 126
*Правила оформления* ........ 127

УДК 295

# МУДИР ШОІИП ДІАКХАЛХАРХ ЛАЬЦНА

© А.А. АБУМУСЛИМОВ

Наиб ШоIип дIакхалхарх лаьцна дуккха а дийцарш ду нохчийн а, оьрсийн а, кхин долчу къаьмнийн а историн а, исбаьхьаллин а литературехь а. Иза кхеташ ду, хIунда аьлча ШоIип йоккха меттиг дIалаьцна ву Къилбаседа Кавказехь Имамат аьлла историхь цIе дIаяхана йолу пачхьалкх дIахIоттош.

ГIаравьлла тIеман баьчча а, пачхьалкхан гIуллакххо а хилла ШоIип. Имам Шемална тешаме наиб хилла иза. Цуьнан заманхоша дечу тоьшаллашца, ша дийна висинехь, мел йоккха киртиг тIехIоттарх, цу тешамах вухур волуш ца хилла ШоIип. И лакхахь дийцина долу хьуьнарш ШоIипан хилар мостагIаша а тIечIагIдеш хилла.

ДIакхалхале хьалха имам Шемала Нохчийчоьнан мудир хIоттийна а хилла ШоIип: кхечу дешнашца аьлча, Нохчийчохь болчу наибийн коьрте хIоттийна хилла иза. Наиб ШоIипан тIеман, пачхьалкхан дахарах лаьцна дийцина оьрсийн инарлаша а, нохчийн а, дагестанан а, оьрсийн а, европин историкаша а, европин дипломаташа а[1] [1–5]. Царна юкъахь шайна тIе тидам бохуьйтуш бу: Хожаев Далханан «Шоаипмулла Центороевский» (книжкин тIехь: Чеченцы в Русско-Кавказской войне), Дадаев Юсупан «Шуаиб-мулла Центороевский – сподвижник Шамиля» цIераш йолу белхаш.

ДIадолош ма-аллара, дукха дийцарш ду наиб ШоIип дIакхалхарх лаьцна, цунна гонаха а. Амма доккхах долчу декъана, къаьстийна иза билгалдаккха луур ду, бакъдолчунна генахь долу дийцарш ду уьш. Цу тайпа наиб ШоIипах харц дийцар яздинчех ю Дагестанера яздархо Мариам Ибрагимова [6]. Цу авторо яздинарг, харцхилла ца Iаьш, наиб ШоIип сийсазвеш харцо ю!

Цу тайпа дийцарш церан яздан аьтто хиларан бахьанех хета, ма-дарра долу бакъдерг цIонтароша, вовшашна юккъехь дийца дийцина, амма зорбане ца доккхуш дитина хилар. Иза кхеташ а ду, хIунда аьлча цIонтарошна чIогIа лазаме хилам хилла иза, хIинца а, оццул хан яьллашехь, цу хиламо дегнашна йина чевнаш юьззина йирзина олийла а дац.

И чевнаш юх-юха а меттах йохуш ду кху тIаьххьарчу заманчохь ШоIипан дIакхалхарх лаьцна долу харц дийцарш карла дахар. Цу дийцарин бух бу, шен заманчохь оьрсийн тIеман куьйгалхоша пропагандин Iалашонца яздинарш. Амма цхаболчу наха и дийцарш, шеко хила йиш йоцуш бакъдерг санна, массо а агIор даржош ду. Тхан кхузахь еккъа цхьа Iалашо ю: дайшкара дуьйна схадеана долу цIонтаройн къанойн ШоIипан дIакхалхарх лаьцна долу дийцарш халкъана довзийтар.

Бусулбан Iилма хууш, хьекъале, майра, каде, хьуьнар долуш, озабезамаш беш воцуш, ша низаме, цу низамна кхинберш тIетеIош, амма буьрса а, сиха а амалш йолуш хилла бохуш, вуьйцура ШоIип цIонтаройн къаноша.

ШоIип ЦIоьнтарарчу КIорнинекъен Мохмадан кIант ву. ЦIонтарой доккхачу кхаа гаре бекъалуш бу: иэжа-эвлахой, Iаьлбиг-эвлахой, теза-кхаллой. КIорнинекъе иэжи-эвлахойн гар ду. КIорнин кIант Суьнтар, цуьнан кIант Бурнакъ, Бурнакъан кIант Чаьлбиг. Чаьлбиган кIентий хилла: Бахьад, ГIазбиг, Муртаз, Хьаса, Iама. ГIазбиган ши кIант хилла: Дада а, Мохьмад. Цу ГIазбиган Мохьмадан кIант ву ШоIип. Мохьмад дешна стаг а, молла а, хьаьжа а хилла. Хьаьж диначул тIаьхьа Мохьмад-Хьаьжа аьлла цIе дIаяхана цуьнан.

Дешна нах нохчаша шайн ярташка молла кхойкхуш хилла цу хенахь. Ишта Билт-эвла молла кхайкхина дIавигна Мохьмад-Хьажа. Билт-эвлах хIинца Тухчар олу, иза Дагестанан Новолакски район чуйогIуш ю.

Хууш ма-хиллара, иза нохчийн (аьккхийн) юрт ю, нохчийн къам Сибрех дигале хьалха Дагестанан Ауховски района чуйогIуш хилла иза. Нохчийн къам Сибарехара цIа дирзича, Дагестанехь болчу нохчашна шайн ярташкахь баха пурба ца делла Советан Iедало, яртийн цIераш хIинца а юхаметтахIиттийна яц. Цу Билт-эвлахь 1804 шарахь дуьнентIе ваьлла ШоIип бохуш дуьйцу историн хьостанаша. Билт-эвлахь уьш мел Iийна, ца хаьа. Амма, Гихтахь молла хилла Мохьмад-

[1] Донесение Кастильона МИД Франции Гизо от 18 мая 1844 г. Фонд департамента Генерального штаба. Д. № 113. 12.

Хьаьжа бохуш, дийцира цIонтаройн къаноша КIорнинекъен БатIалан Абумуслиман Сайд-Мохьмада (1919–2008) а (Iаш Соьлжа-гIалахь вара иза), Бахьин Якъубан Iалавдис (1932–1996) а (Iаш Соьлжа-гIалахь вара иза), шайна иза шайл баккхийчара дуьйцуш хезна бохуш.

Ткъа Гихта нохчийн уггаре а, яккхийчу а яртех цу хенахь а хилла, хIинца а ю. Гихтахь уьш баьхна хиларо аьтто бина аьлла, хета тIаьхьо Наиб ШоIипан Нохчийчохь шуьйрра уьйраш дIатаса.

Шемал Нохчийчоьнан имам хьалхатеттинчех а ву ШоIип. Хууш ма-хиллара, Шемил Нохчийчоьнан имам 1840 бIаьстненан юьххьехь Хьалха-МартантIехь нохчийн къоман векалийн гуламо дIакхайкхина. И гулам кечбеш а, дIахьош а жигара дакъалаьцначарех а ву ШоIип. Ша имам дIа ма-хIоьтти, Нохчийчоь 4 вилайате екъна имам Шемала. Нохч-Махкан вилайатан коьрте ШоIип хIоттийна цо. Оьрсаша «наибство Мичиковское я Ичкерийское» олуш хилла цунах.

Яьсса (Аксай) а, Хули (Хулхулау) а, Мичикх (Мичик) а хиш хилла цуьнан дозанаш, ткъа наиб ШоIипан тIеман куьйгалли кIелахь хилла Аьккхийн вилайет (наибство Ауховское) а, оьрсаша (наибство Большая Чечня) олуш болу мохк а. Цуьнан дозанаш хила Органний а, Хулиний юкъахь болу мохк. Цу хьокъехь дуьззина яздина Ю. Дадаевс а, Д. Хожаевс а [1, 5].

Ала деза, Хожаев Далхана шуьйро яздина ШоIип дIаккхалхаран хьокъехь а, бахьанех а лаьцна, цо яздинарш доккхахадолчу декъана цIонтарошкара схьаэцначу информацина буха тIехь а ду. Амма цхьадерг хийрачу нахера ду, цундела баккъала хилла долчуьнца цхьаьнадогIуш дац.

ШоIип веран бахьанаш ишта дийцира ЦIоьнтарара къаночо КIорнинекъен Бахьин Чомакхан Салмана а (1914–1992) (Iаш ЦIонтрахь вара иза). Теркал дехьахь луьра тIом хилла, адам дукха хIаллак хуьлуш хилла, амма ШоIип юха волуш ца хилла, юх-юха оьрсашна тIелетарш деш. ТIаккха цуьнца девне ваьлла цуьнан девешин Дадин кIант Оьлжа, хIара нах хIаллак ма байта, IадъIе, юхавала аьлла. ТIаккха ШоIипа иза цигахь тур тоьхна вийна. Юха хIорш цIа бирзинчул тIаьхьа шен шичин тезет схьаоьцуш тезетан да а хилла иза бохуш, дийцира цхьаболчу къаноша.

Ткъа хьовсур вай оьрсаша хIун яздо цу хиламан хьокъехь: «Стохка март баттахь 1843-чу шарахь, Шуип-моллин тIеман бIоно Моздокна тIелетарш деш, полковник Циклауровн аьтто хилира мостагIочунна баккхий ницкъаш тIеберзаро, цу тIамехь нохчий эшийра, амма ШоIип-молла юхаволуш ца хиллера, нуьцкъашха тIамна тIеберзош хилла тIемлой, цул сов Нохч-махкара ЦIоьнтара юьртара лоруш волу а стаг тур а тIоьхна вийна цо»[2].

Гуш ду, къаноша дийцинарг а, оьрсаша цу хиламах яздинарг а цхьаьна догIуш хилар: тIом Теркал дехьахь (Моздокехь) а, луьра а хилла.

Ткъа вуьшта, билгалдаккха лаьа кхузахь, дIабоьдуш тIом болуш, тIеман баьччица девне ваьллачунна муьлхха а заманахь а, луьра таIзар деш хилла. Изза низам Имаматехь а хилла. Схьахетарехь, Оьлжин гонах болчара аьлла хир ду Оьлжега, иза ШоIипан шича волу дела, цо цундела цунна хIумма а дийр дац моьттуш, и шайн стаг сацаве, ма дайийта ала хIара адам, юхавала ала цуьнга аьлла. Ткъа ШоIип, лакхахь ма-аллара, цхьана тайпане озабезамаш беш ца хилла; низам, уггаре хьалха а, чIогIа а шен нахаца чекхдоккхуш хилла.

Вай тидаме эца деза, имамат пачхьалкх дIахIоьттина дукха хан ца хилла, цуьнца тIом беш ерг цу заманахь уггар йоккха а, ницкъ болуш а пачхьалкх хилла. Оцу шен ницкъаца тоьлла долу дакъа Къилбаседан Кавказе теттина хилла Россис. И тайпа мостагIа юхатоха дерриг дахар Нохчийчохь тIеман низаме дерзийна хилла. И низам лардар, чекхдаккхар наибашна тIедиллина хилла, цара шаьш и чекхдоккхур ду аьлла йина чIагIонаш а хилла.

Амма адамашна, къаьсттина нохчашна, даиманна а шайн лаамехь баьхна болчу, цхьана а тайпа олалла шайна хууш йолчу исторехь хилла доцчу, атта ца хилла цу луьрачу пачхьалкхан низамах бола. Кхин цхьаъ билгалдаккха деза кхузахь, нохчаша, луларчу Дагестанера къаьмнашка хьаьжна дуьстича, бусалба дин тIаьхьо тIеэцна хилла, цу бахьанина бусалба динан низамо кIоргге орамаш тесна ца хилла нохчашна юккъахь. ЦIонтаройн къаночо КIорнинекъен Таьмбин Джабрин Ахьъяде (1913–2000) (Iаш цу заманахь Гуьмсан кIоштан Комсомольскехь вара иза), хаттар дича, хIун бахьана дара ШоIип веран аьлла, цо элира: уггар коьрта бахьанех бахьана дара, цу заманахь болчу вайнахана, шайн Iадаташ Iад а дитина, дуьззина шариIат тIеэца цалаар. ХIинца а хийца делла хIумма а дац цу тIехь, аьлла, тIетуьйхира цо.

Лакхахь йийцина, тIом беш йолчу, хIинцца бен дIахIоьттина йоцчу пачхьалкхан низамца доьзна долу кхачамбацарш къаьсттина хаалуш хилла цIонтарошна, хIунда аьлча ЦIоьнтара ви-

[2] Докладная записка о зачинщиках убиения Шуаип-Муллы «25» Мая 1844. с. Червленная, № 868 Командующему Войсками на Кавказской Линии и Черномории Господину Генерал Лейтенанту и Кавалеру Гурко.

лайетан коьрта шахьар хилла, наиб ШоIип кхузахь Iаш волу дела, цундела пачхьалкхан низаман чIагIалла кхузахь болчарна кхечу вилайетехь йолчу ярташначул сов хаалуш хилла.

Лакхахь вай дийцинчу бахьанашна тIетоха деза ШоIипан амалан сиха хилар. Оцу дерригено кхуллуш хилла ШоIипанний, юьртахошний юккъехь цакхетарш, резадацарш. Ткъа юьртарчу наха и тайпа меттигаш хилча, ШоIипан нахе бехк боккхуш хилла, шайн стаг сацаве олий.

Чомакхан Салмана дийцира, цхьана дийнахь ЦIоьнтаран маьждиге нах гулбина, царна дов деш хилла ШоIип. Ма-дарра, муьлхачу гIуллакхна тIехула хилла ала хаац, амма пачхьалкхан низамаш кхочушдаран хьокъехь хилла и довдар. ТIаккха цIонтароша аьлла, ШоIипан маьхче, Чомакхан Салманан дайх волчу, Бахьадан Элдарханан кIанте Iалхане, IадъIе ала цу шайн стаге, кху нахана веза ца веш.

ТIаккха Iалхан вистхилла ШоIипе, кху нахан дов ма де аьлла. Амма ШоIип, лакхахь маалара, сиха стаг хилла, цуьнга лан ца делла шега Iалхана бехкбаккхар, иза, тур а даьккхина, Iалханна тIехьаьдда, тIаккха шен тур баттара а даьккхина, Iалхан хьаьдда цунна дуьхьал. Нах юкъагIоьртина: цхьаболчара Iалхан сацийна, вукхара ШоIип схьалаьцна. Царах цхьамма, иза Iалханан ненан вашас, Окин Итара [8, 506 агIон тIе, № 12], ШоIип тIехьашха схьа а лаьцна, цуьнга тур ца лестадайта мара а воьллина, маьждиган гу тIера чуластийна. ШоIипа ша чу воьдуш хьаластийначу туьро Итаран чои тIера кийсак яьккхина хилла, боху. Мухха делахь а, кхин тIаьхьало йоцуш дIадирзина и дар-дацар. Амма юьртахойн резабацарш кхин а хуьлуш хилла, ткъа цара цуьнан верасашка олуш хилла, шайн стаг сацаве.

ТIаьххьара собар кхачийнарг, ШоIип веран барт кхоллабалийтинарг хилла цо шен дешича волчу Хомутайн йоI шена уллерчу стаге маре яла хьовзор.

Зуда ялоран-яхаран хьокъехь Имаматан низамах яздина ду лакхахь балийначу авторша Ю. Дадаевс, Д. Хожаевс [1, 5] зуда ялоза висинчуьнга, зуда ялаяйтар, маре яхаза ерг, маре яхийтар тIелаьцна низам хилла, и кхочушдар наибашна тIедиллина хилла.

ЦIонтаройн къаночо, КIорнинекъен Чаьлбиган Хьасайн тIаьхьенах волчу, ГIойтуркъин Шайх-Ахмада а (2010) (Iаш ЦIонтрахь вара иза), кхи болчу къаноша дийцира: наиб ШоIипан уллехь хилла МIаьжиг цIе йолуш стаг [8, 502–503 агIон тIе, № 118]. ШоIипна чIогIа муьтIахь а хилла иза. ШоIипна МIаьжиг Хомутайн (Чаьлбиган Iамин кIант) йоI езаш вуй хиина, боху. Ткъа Хомутайн йоI ЦIоьнтарахь уггар хазачех хилла, кура хилла, боху. ШоIипа Хомутайга йоI цу МIаьжиге дIаяхийта аьлла. Хомутайс жоп делла, ша дуьхьал вац, нагахь йоI реза елахь. Амма йоIа ша реза яц цу стаге яха, аьлла. ТIаккха ШоIипа и йоI резаярхьама зинданна чу йоллийтина. Зиндан, хIинца набахте олу цунах – цу заманахь ор хилла. И ор Кхеташонан коьртехь хилла боху. Амма ша ор чу йоьлча а, йоI юха ца яьлла. Хомутайн хIусамнанас а бехкбаьккхина хилла боху, шен цIийндега, и йоI хьийза хIунда йойту ахь аьлла. ЙоI ор чу йоьллича, ШоIип вен барт кхоллабелла цуьнан верасийн. ШоIип вен сацамбеш, цунна бехке диллинарг хилла, цкъаделахь – йоI ор чу йолларо тайпанна тIе эхь дайтина; шозлагIа делахь – цо хьалха Теркал дехьахь тIом беш вийна волу шен шича, кхозлагIа делахь: юьртахоша кхарна и шайн стаг сацаве бохуш, дохкуш долу бехкаш а.

ШоIип вуьйш дакъалаьцнарш бу: Элтай (Чаьлбиган Iамин кIант, ШоIипан а, и вуьйш дакъальцначеран а дешича хилла иза), Хомутай (йоьIан да), Соьлжа (Чаьлбиган ГIазбиган Дадин кIант – ШоIипан девешин кIант, цо Теркал дехьахь вийначун ваша), Мишта (Чаьлбиган Бахьадан Татархин кIант, царех уггар жимахверг). Цхаболчара дуьйцу и Мишта юккъе озийна хилла, Бахьадан тIаьхье ШоIип веран декъахь хилийтархьама бохуш: ШоIипан чIир лаха верасаш ца хилийта.

ШоIип ша юьрта юха вирзича Лаха-юккъехь ваха вахьахиина хила ю: ХIинца Эциг-некъе юккъехь Магамалиев гIар Iаш болу меттиг цуьнан дакъа хилла бохуш дуьйцу. Цунна гена воцуш Iаш хилла Элтай (хIинца КIорнинекъен Дадашев Тажа Iаш волчохь), ткъа Хомутай а, Соьлжа а, Мишта а, Лакха-юккъехь Iаш хилла. 1844-чу шеран март баттахь, Iуьйра-ламазан хан хилла, боху иза, ШоIип ламазан гIуллакхна араваьлла хилла боху, белшаш тIетесна кетар йолуш. Юха чувогIуш кхара тIекхайкхина боху иза, шайн цхьа гIуллакх ду аьлла. ТIевеъча, шаьлтанаш етта йолийна цунна. ШоIипан карахь гIуммагI хилла. Цу гIуммагIца дуьхьало еш хилла цо. Цу хенахь тIекхаьчна цуьнан гIаролан куьйгалхо Хьамза (Оки-некъе). Цо, етташ йолчу шаьлтанашна кIелхьара ваккха чуийзош хилла ШоIип, амма ца кхиина – ШоIип дIакхелхина. ШариIато ма-бохху хилча, Хьамза ШоIипна тIе хIоьттина лата везаш вара. Ткъа иза нохчийн Iадаташа ма-бохху лелла, ткъа Iадаташа цхьана а тайпа бакъо ца ло цунна цхьана цIийна болчу нехан девнна юккъехь цхьа а агIо лаца. ДIакъасто гIорта веза, амма иштачу девнехь дакъалацар, Iадаташка диллича нийса ца

хилла. Цунна лерина а дара лакхахь аьлла долу, бусалба дино кIоргге орамаш тесна ца хилла нохчашна юккъехь бохург.

ШоIип вийначул тIаьхьа берриге КIорнинекъа юьртах бевлла. Юьртах бовлуш ши некъ хаьржина цара: цхьаберш (Элтай) ЧагIанкхахула (цIонтаройн Яьсси-хи йистехь йолу кIотар) Яьсница охьа Таьшкичу бахана, вуьйш ГIоьрдалхула, Коьжалгин дукъ тIехула дIабахана. Массо а цIарца вийца, муьлхачу некъахула дIабахана ала ца хаьа, амма Хомутай шен доьзалца, схьадийцарехь, Мишта а, цуьнан вежарий[3] Коьжалгехула дIабахана.

Имам Шемал ШоIип вуьйчу хенахь Iаьндахь хилла кхеташо дIахьуш. Цу дивано сацамбина хилла ШоIип мудир хIотто. ШоIип вийна аьлла, хаам шега ма-кхеччи, Шемал массо хIума дIа а тесна, дукха сиха ЦIоьнтара ваха новкъа ваьлла хилла. ШоIип вер Iаламат чIогIа новкъадеана хилла цунна, бохуш дуьйцу цуьнан заманхоша.

Цкъа хьалха Iаьндийн тоба ЦIоьнтара чуян гIоьртина хилла, амма цIонтароша юьрта чу ца битина уьш. Цара аьлла хилла боху: ШоIип шен наха вийна, ткъа уьш юьртара арабевлла, юьртахь аш дан хIума дац. Кхузахь билгалдаккха деза: Имаматехь имам Шемала хIоттийна низам хилла, пачхьалкхан чоьхьара низам лардар Нохчийчохь суьйлаша дIахьош, ткъа Дагестанехь нохчаша дIахьуш – озабезамаш ца байта хIоттийна хилла и низам. И чоьхьара низам лардаран тоба тIекхиина Коьжалгин дукъа тIехь цу агIор дIабаханчийн цхьана декъана. Ткъа цара цигахь кара ца бахархьама луьра дуьхьало йина. Зударий цхьаьна хилла, боху, леташ. Цигахь байинчеран массеран а цIераш ца хаьа, амма, схьадийцарехь, цигахь вийна Хомутай, цуьнан маре ца йоьдуш дуьхьал яьлла хилла йолу йоI, кхин цхьа йоI а. Миштин воккхахволу ваша а, да а, кхин а божарий а, зударий а. Цара дуьхьал леташ 13 суьйли вийнера бохуш дуьйцу. Амма хила мегаш ду, цу байинчеран терахь тIетоьхна хилар а, и терахь дехьара а, сехьара а беллачийн хилар а. Церан декъий ЦIоьнтара хьаладеана боху.

Имам Шемал шен бIоца юьрта веана. Юьртахь талламаш бинчул тIаьхьа жамI дина хилла боху: ШоIип вер юьртан бертахь хилла аьлла. Цу бартана бехке лерина цо вен кхиэл йиначеран терахь а дуьйцу тайп-тайпана. Оьрсийн хьостанаша чIагIдо, юрт йохийна, ткъа мел-долу адам (100 сов), жима-воккха а ца къестош байина бохуш.

Юьртахоша а даладо цу байинчеран тайп-тайпан терахь. Цхьаболчара: 40–50, вукхара: 60–70, кхозлагIчара: 80–100 адам дийна бохуш. ЦIонтаройн къаночо КIорнинекхъен БатIалан Ташун кIанта Сайдас (1905–1996) (Iаш ЦIонтрахь вара иза) 40 стаг вийна олура. Хан дIа мел йоьду, терахь сов долу. Оьрсийн хьостанийн тIеIаткъам хила а мега иза, хIунда аьлча, хьалха цу оьрсийн хьостанашна тIекхача массера а аьтто бацара. Вай массо хIума тидаме а оьцуш теллича, и имам Шемала кхиэл йина байинчеран терахь иштта лакхара хила йиш яц, хIунда аьлча имам Шемала кхиэл шарIо бохучунна тIе а доьгIна еш хилла. ГIалат даьлла а хила мега. Схьахетарехь, имам Шемалан омрица байина бохучарна хенан йохаллахь а, адаман иэсо тIетоьхна берриге а и гIуллакх баьхьанехь белларш: Теркал дехьахь вийна Оьлжа, Коьжалги-дукъ тIехь шина агIорхьа белларш (цу юкъавогIу 13 суьйли а), ШарIан кхелаца байинарш а. Имам Шемалан хIора юьртахь шен къайлах белхалой хилла, нахана юкъахь дерг схьагулдеш. Цара елла хир ю имам Шемале ШоIипан верасашка шайн стаг сацаве баьхначеран хьокъехь информаци. ТIаккха кхин цхьа хIума а ду, ШоIип вийначул тIаьхьа юьртах бевллачарех цхьамма гу тIера чу цIераш йохуш мохь биттина боху, хIай хьенех-минех, и вай дийцинарг кхочушдина оха бохуш. И хаам Шемале дIакхаьчна хила мега.

Бахьин Чомакхан Салман дийцира кхиэл яран а, иза кхочушяран хьокъехь: имам Шемала ша кхиэл еш аьлла боху, юьрто бертахь вийна ШоIип, цундела цунна бехке цуьнан ШоIип вуьйш дакъальцнарш хилла ца Iа. Кхиэл кхочушйина Лекха-юккъехь, ишколна дуьххьал, кешнашка боьду некъ къаьстачохь, КIонинекъен БатIалан Абумуслиман Iабдул-Хьамидан йолу меттигна некъал дехьа дуьххьал йолу меттиг. Малх чубуза хан хила, боху, и кхиэл кхочушъен хан. Имам Шемал хилла шен гоца цигахь. Резабоцучеран аьзнаш хила, боху. ТIаккха вен кхиэл йинчарна юкъахь волу Окин кIант ГIинжалха вистхилла боху, кхечу ша санна вен кхелйинчу нахе. Цо аьлла, боху, цаьрга, хIара лелаш ерг Делан кхиэл ю, Делан кхиэлана реза а хилий, Деле вайн къиношна гечдар дехий, есанаш деший, Далла дуьхьалхIитта кечло аьлла. Имам Шемала шена уллехь волчу гочдархочунга хаьттина, боху, хIун бохуш ву и стаг. Цо цуьнан къамел гочдина, боху. ТIаккха Шемала, и стаг кхарна юкъавогIуш вац аьлла, царна юкъара ГIинжалха дIаваьккхина, боху.

БатIалан Ташун Сайдас дуьйцура, ШоIипан чурт имам Шемала ворхI сту а боьжна ЧагIанкхара байитинчу тIулгах дина ду, боху. И чурт хIинци а льтташ: ша дIаваллац ШоIипан кошан а, чуьртан а дола а деш вара БатIалан Ташун Сайда. ХIоллам а богIийтина, боху цунна имамо. Шемала богIийтина хIоллам хенан йохалла дIабаьлла,

[3] Список Чеченцам с их семействами, участвовавшим в убийстве Шуаипа муллы и явившихся в покорностиею нашему Правительству.

хIинца болу хIоллам боьгIна ШоIипан цIийнан наха 1998-чу шарахь БатIалан Абумуслиман Сайд-Мохьмад хьалха а волуш.

Къаьсттина билгалдаккха луур дара кхин ца хилла болу хиламан хьокъехь. Хууш ма-хиллара, Кавказан тIамах яздинчара массара Ташу-Хьаьжьа дIакхелхина хан 1843-шо ду олу. Амма ЦIоьнтарарчу дукххахболчу къаноша дуьйцура ШоIип лахьти-чу вилинарг Ташу-Хьаьжьа хилла бохуш. Ша каш-чуьра хьала ваьлча, цо аьлла хиллера: «Шен доьналлах воьхна вацара ШоIип ша бакъ дуьненчу вирзичи а».

Ала диэза, баккхийчара дийцарехь, и вуьйш дакъалаьцнарш, тIьахьо шаьш динчунна чIогIа дохкобевлла хилла. Изза тоьшалла до оьрсийн хьостанаша.

Лакхахь ма-аллара, ШоIип вийначул тIаьхьа цуьнан цIийнан нах юьртах бевлла. ШоIип вуьйш дакъалаьцначеран вежарий а, шичой а Таьшкичу бахана. Уьш бу: Iамин тIаьхье, ГIазбиган тIаьхье, Бахьадан тIаьхье а.

Чаьлбиган Хьасайн тIаьхье, цхьаберш цуьнан кIентан Маммин тIаьхьенах берш Чечана бахана. Ткъа Чаьлбиган Хьасайн ТIохIуран кIант Дасай (Датай) ву Таьшкичу баьхкинчий списки тIехь гойтуш, амма, схьахетарехь, цигахь дукха Iийначух тера дац иза, хIунда аьлча цуьнан тIаьхьенах волчу КIорнинекъен Дасай-Хьаьжин Iабдулин Мунайрас (1924–1997) дийцира (Iаш ЦIонтрахь вара иза), шена хезна дац ТIохIуран тIаьхьенах цхьа а Таьшкичохь хилла бохуш. ШоIип вийначул тIаьхьа шайн да БIаьчи-юрта вахана хилла бохуш, хезна шена, элира цо. Схьахетарехь, дукха хан ялале Таьшкичуьра БIаьчин-юьрта кхелхина чух тера ду. Цул тIаьхьа тIамехь жигара дакъа а лаьцна цо: имам Шемала кхо мидал елла хилла цунна. Цу кхаа мидалан кепаш цуьнан чуьрта тIехь яьхна а ю. Цул сов, посемейный спискаш тIехь гойтуш ву и [8, 491–492 агIон тIе, № 81].

КIорнинекъен Чаьлбиган Муртазан тIаьхьенах волчу Межин Мидодас элира (1934–2007) (Iаш ЦIонтара-юртахь вара иза), шена шайн дайшха цхьа а юьртах ваьлла олуш ца хезна аьлла. Амма дукххахболчара дийцарехь, КIорнинекъений берриге юьртара цхьана ханна арабевлла хилла. Цхьаберш генарчу а, уллерчу а ярташка бахана, цхьаберш, КIорнинекъен Барзанкъин Iабдурешида дийцарехь, ЧагIанкха чу биссина а хилла. Амма цу хьокъехь дерг хIинца дуьззина хууш доцчух тера ду.

Таьшкичура ЦIоьнтара уьш юхаберзар тайп-тайпанчу заманчохь хилла. Элти цигахь кхелхина а, дIавоьллина а ву. Цуьнан тIаьхье юхаерзалц 25 шо хан елира аьлла, дийцира, цуьнан тIаьхьенах волчу КIорнинекъен Тимар-Iелин ГIадин Салавдис (1932–2011) (Iаш Соьлжа-гIалахь вара иза). ЦIоьнтара хьала бахкале Мескитахь Iийна уьш нохчийн мотт Iамош, хIунда аьлча, керлачу чкъурана гIумкийн мотт бен хууш ца хилла.

Мишта, ЦIоьнтара ван юьхь яц шен, хIунда аьлча ша бахьанехь юьртахошна зулам даьлла аьлла, Азамат-юьрта вахана боху Таьшкичура дIа. Цигахь дIавоьллина а ву иза. Хомутай, лаккхахь дийцина ма-хиллара, вийна имам Шемалан бIоно.

Дадин Соьлжа 1867-чу шеран тептар тIехь юьртахь гойтуш ву [8, 497 агIон тIе, № 101].

Наиб ШоIипан доьзал имам Шемала Курчалой-эвла дIа кхалхийна, тIаьхье цигахь ю, ШоIипан Iабдул-ВахIид шен доьзалца Соьлжа-гIала Калинин посёлкехь Iаш ву.

ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА


1. *Дадаев Ю.У.* Наибы и Мудиры имама Шамиля / Дадаев Ю.У. Рос. акад. наук, Дагест. науч. центр, Ин-т истории, археологии и этнографии. Махачкала: ДИНЭМ, 2009. 621 с.
2. *Дадаев Ю.У.* Шуаиб-мулла Центороевский – сподвижник Шамиля. Махачкала, 2012.
3. *Даниялов Г.-А.Д.* Имам Шамиль. Махачкала, 1996. С. 71–79.
4. *Хожаев Далхан.* Военно-политическая и административная деятельность Шуаиба-муллы Центороевского. Материалы Всесоюзной научной конференции 20–22 июля 1989 г. «Народно-освободительное движение горцев Дагестана и Чечни в 20–50 годах XIX в.». Махачкала, 1994. С. 136.
5. *Хожаев Далхан.* Чеченцы в Русско-Кавказской войне. Грозный-СПб: Издательство «Седа». 1998. 250 с.
6. *Ибрагимова М.* Имам Шамиль: Роман. М.: Советский писатель, 1991. 608 с.
7. Движение горцев Северо-Восточного Кавказа в 20–50-е годы XIX века: Сб. документов. Махачкала, I959. С. 352.
8. Посемейные списки жителей Ичкеринского округа. Нальчик: Издательский центр «Эль-Фа». 787 с.

УДК 9 (С 166)

# НОХЧИЙЧУЬРА НАЖИ-ЮЬРТАН РАЙОНЕРА ЦІОЬНТАРА ЮЬРТАН ИСТОРИХ ЛАЬЦНА ЙОЦЦА ОЧЕРК
# (1-ра дакъа)

© А.А. АБУМУСЛИМОВ, А.С. АБУМУСЛИМОВА

Пачхьалкхан а, доларчу а архивашкахь хIинццалц схьакарийна дац нохчий шаьш авторш а болуш нохчийн халкъан историх лаьцна йозанан хаамаш. XIX бI. нохчалла дуьйцуш оьрсийн эпсарша а, чиновникаша а дIаяздина шира хабарш-м ду.

Шайн дайн дахарх лаьцна истори езар, хааге1ртар нохчийн шайн цIийх доьлла ду, дайн оьзда ламасташ Iалашдарехьа, кхидIа уьш дIадажаре а лаам цара гуттар а гайтина, цундела цара историн яхаллехь дIабаккха хиламаш йозанца дIаязбеш хилла хиларх шеко хуьлийла яц.

Цхьанна тIаьха важа вогIуш, тIелетачу мостагIийн ардангаша нохчийн къам а, цуьнан культура а хIаллакьхиларан сиза тIе дигира хийлазза, шайн йозанан тоьшаллаш лардарна хьелаш цкъа а ца хилийтина мостагIа нохчашна. Кхузахь масална бало мегар ду XX бI. Нохчийчоьнан исторера хиламаш, масала, нохчийн халкъ дуьззина махках доккхучу хенахь, йозанан хIолламаш хилла ца Iаш, дуккха бIешераш хьалхалера архитектурин, Iер-дахарехь пайдаэцаран гIишлош, гIирсаш, иштта тIеман а, хIусамийн а бIаьвнаш а йохийра. Цундела нохчийн халкъан ширачу историна тоьшаллаш леха дезаш хуьлу археологин, лингвистикин, фальклоран, палеантропологин, антични, эрмалойн, гуьржийн, Iаьрбийн, оьрсийн йозанашкахула, ткъа мичча халкъан ширачу хабаршкахь а, ткъа уьш ма-дарра цхьана бух тIехь хиларх шеконаш кхоллало. Iаламат чIогIа сема хила деза вай паччахьан историнийн, эпсарийн, дуьне яздаохойн, поэтийн, прозаикийн белхашна талламаш барехь.

Барта кхолларaллера ширачу дийцарех лаьцна аьлча, церан массеран а юкъара кхачамбацар тидаме эца деза вай. Уьш, цхьана чкъурера кхечу чкъуре луш, схьадогIучу хенахь, цIераш а, хиламаш а цхьаьна оьй, кегарий хуьлу, цхьаболу исторера хиламаш а, адамаш а тIех даздой я шен мехалла лахйой, буьйцу. Исторера хиламийн хронологи, йоза-дешаран тIегIанах, Iер-дахаран хьолах, дийцархочун вастах доьзна хиларца, карарчу заманна дуккха а гергаоьзна я, нийсса цунна бIостанеха, мелла а оцу заманал хьалхатеттина хила тарло.

Тидаме эца деза тайп-тайпанчу заманахь бехаш болчийн кхетамехь и зама а, хиламаш а шен-шен кепара тIеоьцуш хилар.

Вай дуьйцучунна тIедоьгIна аьлча, мифологизацин масалина дало тарло Тинин Висин ваят, иза аьрт-наьрстхойн эпосан турпалхо а, нохчийн халкъан туьйранийн турпалаллин персонаж а ю. ЦIераш яхарехь кегарий хиларан масал ду башха дукха хан йоццуш хьалха Имам Шемалан наибан цIонтаройн ШоIип-моллин кхалхарца боьзна хиламаш бийцар. Оцу наибан Iожаллах лаьцна шаьш дуьйцучу хенахь дукхахболчу цIонтароша ШоIип-моллин бIаьхаллин накъостех цхьаьннан цIе йоккхура цуьнан тIаьхьенах болчийн цIеращца.

Генеалогин схемашкахь вежарий генара дай санна буьйцуш меттигаш кест-кестта нисло: масала, виъ ваша хила тарло 5-гIа чкъура тIера 8-гIа чкъурана тIекхаччалц болчу некъийн генара дай санна. Я кIантана шен ден цIе яла тарло. Иштта масалш гучудевлира 1867 а, 1886 а шерашкахь ЦIоьнтара юьртан Посемейни спискаш тIера цIераш вовшашца юьстича.

Билгала ца даьккхича ца долу нохчийн тайпанийн цIерашкахь, иштта цIонтаройн тюркийнчех схьаевлла цIераш кIезиг ца хилар. Цхьацца йолчу меттигашкахь оцу хьоло гIо дан тарло историн хронологи хIотточу гIуллакхна.

Масала, Висин (Вуьса) ден цIе – Тина (Туьна), ткъа Дашо Ордан 1341–1342 ш.ш. хиллачу ханан цIе Тинибек хилла. Бевзаш болчу политикийн а, бIаьхойн бIаьн баьччанийн цIераш шайн берашна тахкаран нохчийн ламаст тидаме эцча, Тина боху цIе Танибек бохучуьнца зIе йолуш хилла хир ю аьлла хетало. Нагахь вайгахь Тинин (Туьнин) Висех лаьцна кхин а хаамаш ца хилча а, цуьнан цIеран бух тIехь жамI дан тарлора вай, Тина 1341-чу шарал хьалха ваьхна хир вац аьлла.

Дуккха а тоьшаллашца, ткъа иштта талламхоша керла бинчу талламашца нийса а догIуш, нохчийн дай Къилбаседа Кавказан аренин ширачу заманашкахьлера автохтонаш бу.

Хууш ду, хьалхара бIешеран юьххьера дуьйна карара зама тIекхаччалц Къилбаседа Кавказна массо а хенахь тIелатарш дора тайп-тайпанчу

халкъийн ардангаша. Нохчийн дайша хIоразза а луьра дуьхьало йора латтанаш дIалецархошна, оцу тасадаларшкахь бахархойн доккхах долу дакъа хIаллак а хуьлура. Нохчийн дайх дийна бисинарш, шайн маршо а, къоман юьхь а ларъярхьама (вайзаманахь ма-аллара, идентичность), шайн мехкан уггаре лекха лаьмнаш долчу юхабовлура. Бухахь дисина нохчийн къоман дакъа кхечу махкара баьхкинчех дIаоьра, церан мотт а, культура а тIеоьцуш, цу кеппара уьш херабовлура шайн къоман а, культурин а шатайпаналлах.

ТIебаьхкинчех нуьцкъала уьш дIаэбар, вай заманан антропологин талламаша бахарехь, башха эвсаралле а ца хилла – цара дуккха а долчунна тIехь лардина орамера кавказхойн антропологин юьхь-сибат, цунах Iилманан литературехь кавкасионски олу.

ХIоразза а, тоъал ницIкъаш шайн гулбеллачул тIаьхха, нахаш арен тIе юхабогIура, хIетале ницIкъана мелла а эшна болу шайн мостагIий дайн лаьттан тIера дIабохура, шайн бахамаш, Iердахаран кеп, культура юхаденйора, юха а рогIера мехкаш дIалецархой шайна тIелатталц. Цу дерригено а луьра дуьхьало йойтура, бахархойн дукхахберш хIаллакбора, юха а дезаш хуьлура лекха лаьмнаш долчухьа юхадовла. ТIаьххьарчу бIашарера нохчийн историн сурт кхоллало кхерсташ лелаш долчу халкъийн (качевникаш) тIелетаршна дуьхьал кест-кестта къийсам латторан кепехь. ХIора а тIелатаро, бахархой хIаллакбина ца Iаш, дерриге къомана массо агIорхьа иршамаш бохьура: бахархойн цхьа дакъа, лекха лаьмнашкахь луьрачу хьелашкахь бахаран меттана, кхечу халкъех дIаийна Iен ойланехь чIагIбелла совцура.

Нохчийн историх лаьцна дало догIу Л.Н. Гумилевн: «Чаккхе, тIаккха юха а дIадолор» боху доца, амма кIорггера чулацам болу алар.

XIII бI. нахашна тIелатар дира мIангалойгIезалоша. Къар ца луш дуьхьало еш, бахархойн дукхахберш эгначул тIаьхьа, цхьа кIеззиг дийна бисинчийн тIаккха а юхабовла дийзира арен тIера а, лаьмнийн когашкара а уггаре лекха лаьмнаш долчу. Нахаш хIетахь юхабевллачу меттиган цIе Нашха ю (ГаланчIожан район).

Оцу меттиган юьхьанцара цIе Нашха аьлла хилла хир ю бохург шен бух болуш ду, «нах» а, «шу» а боху ши дош цхьаьнакхетарца кхоллаелла йолу. «Нахаш» олуш хилла шайн орам, мотт, ламасташ, гIиллакх-оьздангаллин мехаллаш, Iердахаран кеп а цхьатера йолчу нахах. Нахаш боцурш, кхиберш берриге а, хийра, генара, шаьш лелочух кхета хала хилла нохчашна. Таханлерчу нохчаша, шайн кхетамехь оьзда доцу, гIиллакхах доьхна хIума цхьана цIийнах даьлча, олу: «Нах бац уьш!», оцу дешнашна юкъа уьш шайн нах цахиларан маьIна а дуьллуш. «Шу» бохучу дешан маьIна иштта ду: лакхе, гу, лам, дукъ.

Историн билггалдолчу цхьана хьелашкахь «Нахша» цIе, ткъа цул тIаьхьа «Нашха» (цу кеппара мукъаза аьзнаш хийцадалар нохчийн маттахь дукха нислуш ду) бохург а шен таханлерчу маьIница цхьаьнадогIу мехкан «Нохчийчоь» аьлла йолчу мехкан цIарца.

Хан-зама яларца, герггарчу хьесапехь цхьанашина бIешарехь, бахархойн барамаш терахь тIехь лакхадаларна, Нашхара мохк Iер-дахарна гатбелла. Вукху агIорхьа, хIетахь Къилбаседа Кавказехь мIангалой-гIезалойн «Дашо-орда» пачхьалкхан олаллин ницкъ лахбалар а хилла.

XIV бIешеран чаккхенехь – XV бIешеран юьххьехь бегIийла хьелаш кхолладелира нахашна мIангалой-гIезалойн ардангаша ницкъбар бахьанехь шаьш дIатесначу латтанаш тIе юхаберза.

1395-гIа шарахь Къилбаседа-Кавказе таттаделира Юккъерчу Азера баьччин Тимаран (Аксахк Тимар, АстагI Тимар, Тамерлан) Iаламат доккха эскар. Цу эскаро Теркан бердаш тIехь, Нохчийчоьнан махкахь, кхин цкъа а юхаметта хIуттур боцу иэшам бира Дашо Ордан хан волчу Тохтамышан эскарна. Цул тIаьхьа Тимуран ардангаш ерриге Нохчийчухула чекхвелира, шайна дуьхьал мел нисделларг хIаллакдеш. Амма уьш Къилбаседа Кавказехь цхьана йоццачу ханна бен ца севцира.

Тимаран тIелатаро сихдира Дашо Ордан ницкъ гIелбалар а, и йоьхна дIасаекъаялар а: 1420-чу шерийн юьххьехь кхоллаелира Сибиран ханство, 1428 ш. – Узбекийн ханство, 1440 ш. – НогIийн ханство, тIаккха кхоллаелира Казанан ханство (1438), ГIирман (1441), Аштаркхнан 1459–1460 шерашкахь, 1465-чу шарахь Казакийн ханство а.

Цхьааллин пачхьалкх хилар дуьйхира Дашо Ордан, цунах йисна Йоккха Орда юьйжира 1502-чу шарахь.

Дашо Ордан ницкъ гIелбаларца а, и йохарца а цхьаьна нахаш шайн латтанаш тIе юхаберза буьйлира: цкъа дуьххьара уьш охьахевшира шайна герггахь долчу юккъера лаьмнийн мехкаш тIе (хIинцалера Итум-Кхаьллан, Шаройн, Шатойн районаш).

ТIаккха дIадолийра хIинцалера Нажи-Юьртан а, Веданан а районашкара латтанаш тIе юхадерзар. Царал хьалха ехкина ярташ Нашхара схьакхелхаш болчарна цхьана ханна меттамотт хуьлура. Ширачу хабарша дийцарехь, цIонтаройн дай шаьш схьакхелхачу хенахь цкъачунна севцца Шаройн районера МакIажа юьртахь (хIокху ста-

тьян авторна цунах лаьцна дийцира ЦIоьнтIарара къаночо Якубов Сайд-Iалвис (1907–1989 ш.ш.)). Шен рогIехь, ЦIоьнтара юрт тIаьхьоцхьана ханна туш хилла аьккхашна, XVI бI. Итум-Кхаьллан районера Аьккхийн юкъаралллера уьш охьакхелхачу хенахь Аухе (хIинца Дагестан Республикера Новолакски, Хасу-Юьртан, Казбековски районаш). «Аьккхий баьхна аре» боху топоним Теза-Кхаьллан йистерчу кIажахь ю, цо юха а карладоккху вайна аьккхий хIинца шаьш бехаш болчу меттигашка богIучу новкъахь цигахь севцца хилар.

Юха а шаьш охьаховшуш болчу махках нохчаша «Нохчамохк» аьлла. Схьагарехь, и цIе Нашха мехкан цIарца йоьзна ю. Хьалхо цунах Нашхой-Мохк олуш хилла хила а мега.

XIX бI. оьрсийн чиновника И. Поповс цIонтаройн къаноша дуьйцуш дIаяздинчу ширачу хабаршца, ЦIоьнтара Нохчамахкара Гумс а, Яьсса а шина хин юккъехь уггаре шира юрт ю: «Оцу наибствехь коьрта, бух болуш дехаш итт тайпа ду: ЦIонтарой, Айткхаьллой, Энакхаьллой, Ялхой-Махкахой, Ширда-Махкахой, Курчалой, БелгIатой, ГIордалой, Шоной, Iаларой а. Царна юкъахь шаьш массарел шира тайпа лору цIонтароша» [2, 17 агIо].

Керла ехкинчу яртех дукхахйолчара дуьххьара цига охьахевшинчийн цIераш техкина. Оцу яртийн цIераш Нохчамахкахойн тайпанийн цIераш а хилла: Iаларой, айткхаьллой, белгIатой, беной, билтой, гIордалой, гендарганой, гуной, зандакъой, курчалой, сесанхой, харачой, цIонтарой, чармой, чунгарой, ширдий, шуоной, эгIашбатой, элистанжахой, энакхаьллой, энганой, эрсаной, ялхой. Нохчамахкахь дахарна а, бахамаш лело а мелла дика хьелаш дара, лулахощца йохк-эцаран юкъаметтигаша толаелира. Сихха хьалабелира бахаройн барам а, дукха хан ялале Нохчамахкахь лаьттан къоьлла хIотта юьйлира.

XVII бI. чаккхенехь нохчамахкахой арен тIера шайн латтанаш тIе дIакхалха буьйлабелира. Нохчамахкара тайп-тайпанчу ярташкара шайн кIотарш йохкура цигахь, царна шайн яртийн цIераш тоххура цара. Иштта а нислора: цкъа дуьххьара цхьаъ я масех доьзал, цхьанхьа кIотар юьллий, охьаховшура, тIаккха царна тIе богIура Нохчамахкара кхиболу бахархой. Цу кеппара кхоллаеллачу юьртана дуьххьара и йиллинчийн цIераш тоххура (масала, Дади-Юрт).

Арен тIера шайн латтанаш тIе юхабогIучу хенахь церан дийзира XVII бI. и меттигаш дIалецна Iаш болчу гIебартойн а, гIумкийн а элийн дуьхьалояр эшо.

XVIII бI. чекхдолучу хенахь нохчаша юха а дIалийцира къилбаседа-малхбузера – Тоьшкичу кхаччалц.

Теркал дехьахь бехаш хиллачу нохчех лаьцна дерг аьлча, XVII бI. чаккхенехь церан латтанаш дIалаца кхиийра Росси – нохчий шайн дайн хиллачу махка охьаховшаран болам и бахьанехь сецира. Дашо Ордах дисна дакъош – Казанан а, Аштаркхнан а ханствош 1552, 1556 ш.ш. – карадерзийначул тIаьхьа, Кавказехь шен экспанси дIайолийра Россис. XVI бI. чаккхенехь – XVII бI. юьххьехь Теркайистехь ехкира тIеман чIагIонаш, йохкуш яра гIалагIазкхийн станицаш. Оцу хенахь Россис цхьацца экспедицеш йора къилбаседакавказхошна дуьхьал, иштта нохчашна а. Ткъа 1781-чу шарахь дIаболабелира бIешаре бахбелла болу оьрсийн-Кавказан тIом, цу тIамехь дуьхьалояран коьртачех цхьа туш хилла дIахIоьттира Нохчийчоь а.

Нажи-Юьртан районера ЦIоьнтара юрт йиллархь дерг аьлча, цIонтаройн ширачу хабарша бахарехь, и юрт йиллинарг Суьнтар (кхечу кепара: Синтар, Соьнтар) цIе йолу стаг хилла. «ЦIонтарой Нашахэ юьртара охьабевлла бу. Царах хьалхарчо, цуьнан цIе Сунтар хилла, 700 шо хьалха йиллина ЦIоьнтара эвла. ЦIоьнтара Яьсса-хин йистехь ю, цунна лулахь къилбеха бу Кхеташ-Корта цIе йолу лам. Нохчамахкахоша дийцарехь, оцу лома тIе гуллуш хилла ерриге юкъараллашкара нах халкъан Iер-дахарехь оьшуш долу Iадаташ билгалдаха, уьш тIечIагIдан» [2, 17 агIо].

Ташаев (Баталов) Сайдас (1905–1996) дуьйцура, ширачу хабарша бахарехь, юрт Суьнтар цIе йолчу стага йиллина бохуш. И тIечIагIдора цIонтаройн къаноша Исаев Хьасайс (1913–2006), журналиста Исраилов Хьаьким-Хьаьжас, хьехархочо Мурдалов ШахIидс (1934). ЦIонтаройн шира хабарш хаарца гIараваьлла волчу Идалов Iабдул-Решида (1900–1986) хIоттийначу цIонтаройн тайпа схьадаларан тептар тIехь дуьххьара лаьтташ ю Синтар боху цIе. Нохчийн «синтар» (жима дитт) бохучу дашах схьяьлла цIе ю и.

Дийцарехь, Суьнтар Нашхара схьавеана. Гуш ду, иза ша цхьаъ веана цахилар, шен тайпанан вежарийн коьртехь хилла хилар а. Лакхахь вай ма-аллара, уьш МакIажахь севцца, цигара дIасахьовсош хилла цо шен накъостий, шайна Iен-даха бегIийла меттиг лаха, цигахь юрт йилла дагахь.

Юрт йиллина тайп-тайпана терахьаш олу: 400 шарера 1000 шаре кхаччалц. И. Поповс даладо цIонтаройн къанойн тIечIагIдар, 700 бIе шо хьалха йиллина ю ша юрт аьлла, ма-дарра аьлча, 1167 шо. Схьахетарехь, ЦIоьнтара XV-гIа бIешарехь йиллина юрт ю бохург бакъдолчунна герга а ду. Цуьнан бахьана а ду. Вай ма-дийццара, нохчашна шайн дайн лаьтта тIе юхадерза бегIийла хьелаш кхолладелла, Дашо Орда цIе йолу мIаьнгалой-

гӀезалой пачхьалкх гӀелъяла йоьлча. И йохаран юьхь сихйира цуьнан ницкъаш 1395-чу шарахь АстагӀ Тимаран эскаро бохийначул тӀаьхьа. XV-гӀа бӀешаран юккъехь Дашо Орда дуккха дакъошна екъаелира.

Лакхахь вай хьахийначу И. Поповн очеркехь далийна ду, Гезинчу юрт Геза цӀе йолчу гӀебарточо йиллина ю боху цӀонтаройн шира хабар. И латта цунна делла, боху, ЦӀоьнтара юрт йиллинчу Суьнтара. «Гезин-чу. Гези – ГӀебартара схаьваьлла волу, Гумс хи йисте ваха хиъна, таьӀначу боьранан кӀоргехь, цунна юккъехь. ЦӀонтаройн цӀе оцу юьрто тӀеэцна, Гезас, ша Нохчамахка кхаьчча, лаккхара лерам болчу Суьнтаре шен дола дахьара аьлла, цо дехар дина хиларна. Цунна тӀе а доьгӀна, Гезинчу ЦӀоьнтара эвлан хеннара ю» [2, 17 агӀо]. Хууш ма-хиллара, гӀебартойн генара дай Къилбаседа-Малхбузера Кавказера хӀинца шаьш дехачу меттигашкахьа дӀагӀоьртина XV-гӀа бӀешарехь. ТӀаккха ГӀебартара схьаваьлла волу Геза Нохчамахка кхаьчна хила тарло оцу хенал тӀаьхьа, XV-гӀа бӀешарал хьалха а доцуш.

И юрт XVI-гӀа бӀешарал тӀаьхьа йиллина хуьлийла дац, хӀунда аьлча: «Оьрсийн Ӏедалан нохчашца дуьххьарлера зӀенаш тасаяларан йозанан тоьшаллаш XVI-гӀа бӀешеран юьххьехь яздина ду. Иштта, 1597-чу шарахь Терки гӀопехь эскаран гӀуллакхдеш бу аьлла хьахош бу ококийн мурзаш Ушурма а, Ших а Окоцкий гӀар. Ткъа 1587-чу шарахь хьахийна нохчийн «латтанаш» Ококи (аьккхий), Минкизы (мичикьхой), Индилы (Эндери), Шибути (Шуьйта), ткъа оьрсийн паччахьо Федор Ивановича грамота йохьуьйту окоцки мурзе Шихе, паччахьан векалш Родион Биркин а, Петр Пивов а махкахула чекх а валийтахьара, гуьржийн махка кхаччалц уьш новкъа а бахахьара аьлла» [3, 14 агӀо]. Билггал хууш ду, аьккхий (ококи), 1567-чу шеран документ тӀехь хьахош болу, шаьш хӀинца бехаш болчу Дагестане баха охьаховшале, ЦӀоьнтарехь севцца хилар.

1587-чу шеран оьрсийн документ тӀехь хьахийна мичкизаш Курчалойн районера Мичик хица йолчу яртийн бахархой бу, уьш цига охьакхелхина Нохчамахкара. Гуш ду, дуккха а хан оьшу, хӀетахь Нохчамахкахь бахархойн терахь лакха а даьлла, Мичик хи тӀехь керла ярташ яхка уьш охьабовла.

Вовшашца дустархьама далор ду вай ЦӀоьнтарна лулара ярташ яхкаран терахьаш, уьш дӀаяздина оцу яртийн къаношкара вайна вевзаш волчу И. Поповс. Эрсана юрт 1000 шо хьалха йиллина, боху. Амма цуьнца цхьаьна къаноша шаьш 17-чу чкъуре довла кечлуш ду аьлла, хоуьйту. Юкъара тӀеэцначу хьесапца, цхьана бӀешарехь 4 чкъор хийцало, тӀаккха Эрсана юрт йиллина хан нисло XV-гӀа бӀешеран юкъ.

Кхечу яртийн къаноша тӀечӀагӀдарш а даладо И. Поповс, цара бахарехь, Айткхаьлла 600 шо хьалха йиллина; Энакхаьлла – 600 шо хьалха; Ялхой-Мохк – 500 шо хьалха; Ширда-Мохк – 500 шо хьалха; Куьрчала – 600 шо хьалха; БелгӀатахь 17 чкъор хийцаделла; ГӀоьрдала – 500 шо хьалха; Шоьна – 500 шо хьалха; Ӏаьлара – 600 шо хьалха [2, 17–20 агӀонаш].

Вевзаш волчу нохчийн археолога С.Ц. Умаровс, ЦӀоьнтарара Юрташтински юккъера бӀешарера кешнаш дуьйцуш, яздо: «ХӀокху кошан терахь билгалдаккхарехь доккхачу маьӀнехь ду Дашо Ордан ахчанан нахарташ тидаме эцар, уьш карийна доьхначу кешнаш чохь. Амма билггалдолу терахь цу хӀолламан тӀечӀагӀдарх лаьцна диййцар хьалхе ду, хӀунда аьлча ахкарш да дезаш ду кхидӀа а. Цкъачунна герггарчу хьесапехь и кешнаш IX–XIV бӀ.бӀ. хилар ала мегар ду [4, 246–247 агӀонаш].

Археолога Х.М. Мамаевс беллачу хаамашца, С.Ц. Умаровн экспедицин тобанна доьхначу кешнаш чохь карийна долу нахарташ дӀаяхьийтинера археологин, историн, Дашо Ордан нумизматикин говзанче Г.А. Федоров-Давыдовга. И нахарташ теллича, гучуделира, уьш, Дашо Ордан заманахьлера а доцуш, туркойн XVIII бӀ. нахарташ «ахче» хилар.

Цул тӀаьхьа язбинчу балха тӀехь С.Ц. Умаровс тӀечӀагӀдо, «ЮккъерабӀешерийн чаккхенера ЦӀоьнтара эвла юххехь долу Юрташтински кешнаш тхуна карийра 1966 шарахь ЦӀоьнтаран малхбузехьара йистехь, ЮьрташтӀе олучу меттехь, тӀаккха кхидӀа: «…юккъерабӀешерийн тӀаьххьарчу муьрера (XV–XVII бӀ.) ду ала тарло уьш» [5, 75 агӀо]. И тӀечӀагӀдар цхьаьнадогӀу тхуна хетачуьнца, Нохчамахка юхадирзинчул тӀаьхьа цӀонтаройн дуьххьарлера юрт йиллина XV–XVII бӀешерашкахь, и юрт хилла хӀинца йочу ЦӀоьнтаран малхбузехьара декъехь, «ЮьрташтӀе» олучу меттехь.

Схьахетарехь, и ярташ цхьана хенахь ехкина ю, 20–30 шо хан бен юкъа а ца юлуш. Цу кеппара, Нохчийн Республикин Нажи-Юьртан районера ЦӀоьнтара юрт йиллина XV-гӀа бӀешарехь.

«ЦӀоьнтара» бохучу цӀарах лаьцна аьлча, тхуна хетарехь, «Синтар» (Суьнтар, Соьнтар) цӀеран хийцаеллачу хенах кхоллаелла ю и. Цуьнца дустархьама аьр вай, Суьнтаран кӀентан цӀе КӀорнинекъех цхьаболчу векалша ЦӀоьнта аьлла йоккхуш хилар.

ЦӀоьнтара юрт йиллинарг Туьнин Виса ву аьлла хеташ дерг а ду. Амма историн бакъдолчара

и хатарг тIе ца чIагIдо. Царахь цхьадерш хIорш ду.

Ширачу хабарша дийцарехь, Тинин Виса ваьхна ЦIоьнтара йиллинчул тIаьхьа цхьа бIе шо даьлча. «Куьрчала (лакхара) – Нашхара схьаваьлла ши ваша, цкъа дуьххьара Органан кIоштара ЧIебарлахь ваьхна; тIаккха, 600 шо хьалха, и шиъ Нохчамахка дIавахана, ЦIоьнтара а веана, Тенаев Висуна тIе а веана, шаьшшиъ тIелацахьара аьлла дехна цушимма цуьнга, иза шайн юкъараллехь цIе йоккхуш стаг волу дела. Висас и шиъ тIелаьцна, цаьршинна билгалъяьккхина меттиг а гайтина, хIинца Гумс хи йистехь дийнна юрт йолчохь» [2, 18 агIо].

Тхуна хетарехь, иштта хетарг кхолладалар доьзна ду Туьнин Висас, нохчийн халкъана тIех хала мур тIехIоьттича, цуьнан хиндерг къасточохь уггар деза а, хала а дукъ шен белшаш тIе лацарх. Барамна дукха болу мостагIийн нохчашна тIелетча, царна дуьхьалоярехь халкъан баьчча хилла дIахIоьтира иза, шайгара схьадаьхна латтанаш юха а дерзийра нохчаша. Туьнин Висас дIадолорца Мехк-Кхиэл кхоьллира Нохчамахкахь, цуьнан дуьххьарлера Мехк-Кхиэлан Да иза хаьржира. Мехка-Да, Туьр-Да аьлла, сийлахьлераме цIераш а дIакхайкхийра Туьнин Висина Мехк-Кхиэло.

Революци хилале хьалха хьалхарчу историографехь И. Попов боккха тидам тIебахийтира Мехк-Кхиэлан лакккхара политикин а, суьдан декъан а дIахIоттамна кхиэлахой гуллуш хилла Кхеташ-Корта лам тIехь, ЦIоьнтарахь. Автора билгалдоккху, Мехк-Кхиэло, кхидолчаьрца цхьаьна, кхочушдеш хилла тайп-тайпана тукхамаш вовшаштохарехь, ламанхойн юкъараллаш цхьаьнатохарехь, нохчийн халкъ кхолларехь а.

Н. Семеновс яздора: Нохчийн юкъараллинполитикин хаттарийн леррина тергоеш, оцу хатташка хьаьжжина шайн дар-лелор кхочушдан хууш а хиларца доьзна билгалйолу оцу халкъан доккхачу маьIнехь йолу амал, цунах юкъараллин къепе, низам аьлла догIу… Массанхьа а юкъаралла, баьччанашка хьаьжжина халкъ (вай халкъана юкъара хаьржина боцу баьччанаш, ткъа халкъо иштта лоруш берш), ткъа хIора а ша тIаьхьавогIу шайн баьччанашна» [6].

ЦIоьнтарара къаночо Исраилов Селимсолтас дуьйцу, мехкаш дIалецархой Туьнин Виса коьртехь волчара юхалаьхкинчул тIаьхьа, Нохчийчоьнан мохк Терка тIера ГIойсу (Сулак) хи тIе кхаччалц бара бохуш. («Терканий, ГIойсанний юккъехь болчу мехкан доладеш хилла Туьнин Висас»). Иштта цо тIечIагIдо, Тинин Вуьсин мухIар а хилла тIехь Iаьрбийн элпашца язйина шен цIе а йолуш аьлла.

Туьнин Висех историрера дийцарийн, наьртийн эпосан, нохчийн халкъан туьйранийн турпалхо хилира. Тъаккха кхоллало, муьлш хилла-те Туьнин Висас шайна дуьхьал къийсам латтийна мехкаш дIалецархой? – боху хаттар.

Оцу хаттарна жоп вайна карадо Туьнин Висех лаьцна долчу нохчийн ширачу дийцарехь, и дийцар шен «Нохчийчоь а, нохчий а» цIе йолчу книги тIехь далийна XIX бI. оьрсийн историна А.П. Бержес [7]. И дешча гуш ду, Тинавина (иштта язйина Бержес Висин ден цIе) шайца къийсам латтийнарш гIалмакхой хилла хилар.

Кхузахь доцца ала догIу, маца, мичхьара баьхкина гIалмакхой Къилбаседа Кавказе. XVI бI. чаккенехь – XVII бI. юьххьехь Китайн къилбаседамалхбузехь а, луларчу мехкашкахь а бехаш хилла болу малхбузера мIаьнгалой (ойраташ) кхаа декъе бекъабелла. Царах цхьа дакъа гIалмакхой Россин Сибреха дIакхелхина. Цул тIаьхьа уьш дIабахана Лаха Идалан (Волга-хи) йистошка а, Къилбаседа Каспий-йисте а. Цара доладечу мехкан дозанаш дIакхочура къилбаседехьа Самаре, къилбехьа – Терка тIе, малхбузехьа – Тана (Дон) хи тIе, малхбалехьа – Урале а. 1806-чу ш. гIалмакхойн ханаша, оьрсийн олаллина кIел шаьш эцахьара аьлла, дина дехар къобалдира оьрсийн паччахьо Василий Шуйскис: «…Цул тIаьхьа ГIалмакьойн ханствос а, Россис а барт бира тIеман союз кхолла. ХIетахь дуьйна, шаьш дIа ма-кхайкккхинехь, гIалмакхоша вовшахтухура дошлойн тобанаш а, Россин дозанаш лардан дийн эскарш а». Оьрсийн историка Г.Н. Прозрителевс яздо: «…шаьш Россехь баха охьахевшичхьана, къаьсттина иза паччахь волчу заманахь, гIалмакхой дозанаш лардархой бара. Оьрсийн Iедало, оцу хьолехь гIалмакхой хиларан пайда тидаме а оьцуш, тIех говза пайдаоьцура цара дакъалацарх…» [8].

ГIалмакхойн хIетахь боккха тIеман ницкъ бара: «XVIII-гIа бI. 20-чу ш.ш. Ойротийн онда тIеман ницкъ бара, юкъарчу барамехь 120 эзар дошло тIамна арава кхаллора цаьрга» [9].

1871 ш. гIалмакхойн дукхахберш шайн даймахка юхабирзира – Джунгаре (Къилбаседа-Малхбузера Китай), тIаккха гIалмакхоша доладеш болу мохк жимбелира, таханлера ГIалмакхойчоьнан дозанашна терра.

Оцу хенахь нохчийн барамна кIезиг хилла: хIетахь уьш кхерсташ лелачу халкъаша эшийна халкъан ницкъаш юхагулбаран гIуллакх дIадолоран юьххьехь бара.

1608-гIа ш. гIалмакхой оьрсийн куьйга кIел баьхкича, оьрсийн Iедало царах пайдаийцира Османски империна, ногIашна, Къилбаседа-Кавказера халкъашна а дуьхьал бечу тIемашках.

XVII–XVIII бI. юьххьехь гIалмакхойн ардангаша тIелатарш дан долийра Къилбаседа-Кавказера халкъашна, иштта нохчашна а: «XVI бIешарера дуьйна нохчаша къийсам дIахьора ногIашна, гIалмакхошна, гIебартошна, гIумкашна, ткъа эххар, оьрсашна а дуьхьал. Вайн историн акташ тIехь «нохчий» боху цIе дуьххьара карайо Аюк хана Аштаркхнан губернаторца Апраксинца бинчу барта тIехь (1708)». Хууш ду, кавказхойн а аьлла цIе йолу доккха тIелатар дира гIалмакхоша 1644 шарахь, церан эскар хIетахь эшийра. «1644 ш. юьххьехь гIалмакхойн эскар Идалал дехьа делира, къилба-малхбалехьа дIагIоьртира. Церан эскаран цхьа дакъа Терка тIе дахара, ткъа коьрта ницкъаш Теркал дехьа бевлира, ГIебартан махкана тIе кхечира. Амма, гIебартахоша а, ногIаша а, дикка ницкIъаш а гулбина, хIаллакбира гIалмакхой» [10].

Дуьззина сурт кхоллархьама ала догIу, гIалмакхоша цул тIаьхьа а ца сацийра ногIашна дуьхьал тIом. «ТIом беш НогIийн Орда йохийра, ногIий бевдда дIабахара Юххера Азовьера гIирмахойн махка, ткъа гIалмакхой Тана хин тIера Эмба хин тIе кхаччалц болчу шуьйрачу махкахь баха охьахевшира. Духь-дуьхьал латтаран бухехь яра динан башхаллаш а, хIунда аьлча ногIий бусалбанаш – суфийш бара, ткъа гIалмакхой – буддисташ (гэлуг ламастехь). Цу кеппара, оцу тIеман тIаьхьало хилира буддизман дин дIасадаржар (гIалмакхойн буддизман коьрта туш Доржинкин монастырехь долушшехь), Малхбале Европехь ислам-дин гIелделира [10].

Билгалдаьккхина ма-хиллара, 1708 ш. гIалмакхойн хана Аюка барт бира Аштаркхнан губернаторца нохчашна дуьхьал тIамехь дакъалаца реза хуьлуш. 1722-чу ш. оьрсийн эскарша нохчашна дуьхьал бинчу тIамехь дакъалоцуш бара гIалмакхой. Оцу тIеман цхьа тасадалар иштта дуьйцу XIX бI. оьрсийн тIеман историка В.А. Поттос: «Масех дийнахь сецна Iийра кхузахь Петр дошлойн эскар схьакхачаре хьоьжуш, уьш, тIебохьучу хаамашца, дуккха дараш хилла дара ГIумкийн арентIехула чекхдовлучу хенахь; уьш нохчаша эшийна боху хабарш а хезара. Амма и хабар барамал тIехдаьккхина хиллера. Вайн кавалерин цхьа дакъа, Андреевски ярташ, кхечу кепара Эндери, дIалаца яхийтина долу, хIинца Внезапни гIап йолчу юххехь, луьстачу жуьнахула дIабоьдучу некъана шина агIорхьара кIелхевшинчу мостагIчунна тIеIоттаделира, куьйгалхочун бригадиран Ветеранин бехкенна эскархойн хаъал дараш а хиллера. Мелла а сиха хьуьнан чIожа чуьра араваларан меттана, Ветеранин дойшкара драгунаш охьа а биссийна, цу готтачу меттигехь дуьхьалоян хIоьттира. Ирсана, цуьнан гIалат нисдира майрачу полковника Наумовс, шена эскаран доьхна хьал ма-гиннехь, иза шен батальонца Андреевски юьртана чухьаьдира, цу кеппара Ветеранина некъ паргIат а боккхуш…

Ветеранин эшор хIинца а дуьйцуш ду гIумкийн халкъалахь, Петр Сийлахьчун рейтерш (салтий) бердах чукхийсира нохчаша, боху цара. ГIумкаша хIинца а гойту и Акхташ хин бердийн меттигаш. Ламанан халкъашна и бахьанехь таIзар дан кхайкхира Петра гIалмакхойн хан Аюк шен эскарца Теркал дехьа ваха. ЦхьамогIа баьрзнаша гойту Аюкан гIеранаша бина некъ, ткъа Внезапни гIопана ши чаккхарма генахь гойту боккха лаьттан барз, цигахь лаьттина гIалмакхойн ханан туп. Йоккхачу Нохчийчохь Мичик хин йистера цхьана таьIначу меттигехь ю иштта гIалмакхойн элан чIагIонийн херцарш а» [11, с. 31].

Кхеташ ду, цIонтароша а, кхийолчу нохчийн юкъараллин векалша санна, жигара дакъалаьцна Петр I-чунна а, цуьнан бартхошна-гIалмакхошна а дуьхьал хиллачу тасадаларшкахь. Цунах лаьцна дуьйцуш шира хабар а ду цIонтаройн къанойн [12].

ГIалмакхоша дакъа а лоцуш Кавказера халкъашна дуьхьал тIелатаршлахь 1644-чу шеран тIом Туьнин Висас гIалмакхошна дуьхьало ярх лаьцнарг ду ширачу хабаран буха диллинарг.

Цу кеппара, ала тарлуш ду, XII бIешерера XVIII бIешаре кхаччалц нохчийн халкъо мехкан дIалецархошна дуьхьал биначу тIамех XVII бI. тIом Туьнин Висас дIабаьхьана къийсам нийса гойтуш ду ширачу хабаршкахь.

ЦIоьнтара юьрто шозза хийцина ша йолу меттиг. И дуьххьара цIонтаройн мехкан къилбамалхбузехьа хилла, Кхеташ-Коьртера БелгIата юьрта боьдучу некъа юххехь, къиза ун цигахь даржжалц. ЦIоьнтарара къаноша Эдилханов Сада-Моллин (велла 1968 ш.), Идалов Абурешидан дешнашца Мурадов ШахIида дуьйцу, масех стаг бен дийна висна ца хилла бохуш. Iаьржа ун олу цамгар хилла хир ю и. Бисинчу бахархоша керла меттиг хаьржира юрт йилла цIонтаройн мехкан къилба-малхбалехьа: Яьсса хина а, Бена юьртана а гергахьа. ЦIоьнтарара «юрт» бохучу топонимо гойту оцу меттехь цIонтаройн шолгIа юрт хилла хилар. Иштта цигахь ду «Кхиэре» олучу меттехь шира кешнаш а. «ЮьрташтIе» бохучу топонимо а тIечIагIдо и. Шена тIе тидам бохуьйтуш ду «юрт» боху дош «юьрташ» аьлла дукхаллин терахьехь далор а. Дукха хан йоццуш «юрт» аьлла тIеэцна дош хIетахь гулдаран маьIнехь лелаш цахилар го вайна. Хууш ма-хиллара, нохчаша юьртан цIе «пхьа» олий йоккхуш хилла. Цунах схьадаьлла

«пхьоьхана» бохург а – юьртара бахархой цхьаьнакхета, я гуламехь цхьацца дийцаре дан гулло меттиг. Оццу муьрехь тIеэцна «кIотар» боху дош а. И нохчийн маттахь билгалйоккху «кхаьлла» бохучу дашо.

Дуьххьара юрт йиллинчохь ваьхна хилла аьлла хета Туьнан Виса, хIунда аьлча оцу муьрехь жигара баьлла хилла Мехк-Кхиэлан болх а. ЦIоьнтара къаночо Ташаев Сайдас дийцарехь, Мехк-Кхиэлан кхеташонаш масех батте а йовлуш хилла, цуьнан декъашхой шайн доьзалшца богIуш хилла цига. Мехк-Кхиэлан болх чекхбаллалц уьш хьеший хилла бехаш хилла ЦIоьнтарахь. Кхеташонаш дIаяхьалур а яцара, нагахь Кхеташ-Корта юьртана генахь хиллехь. Ташаев Сайдас тIечIагIдарехь, Кхеташ-Корта латта кхечанхьара схьа а кхоьхьуш бина барз бу. Цу барза гонаха хилла тIулгIийн гIапташ. Мехк-Кхиэлана уггар лекха меттиг билгалъяьккхина хир ю аьлла хетахь а, Кхеташ-Корта массарел лекха бохь бац ЦIоьнтарахь. «Баьрча-эвла» олу меттиг цул лекха ю. Цуьнан «баьрча» боху цIе а – лекха, гум болу – цунна тоьшалла ду, и гу юьртана кхин а гергахь бу. Мехк-Кхиэлана болх бан меттиг уггаре лекханиг а ца хоржуш, бегIийлонаш ерг хаьржина хилар гуш ду.

Вай дийцинчунна тIедоьгIча, Кхеташ-Корта юьрта чохь хилла хила а тарло, я цунна юккъехь.

Тхуна хетарехь, цIонтаройн кхо юрт хилар кхетадо ЦIоьнтара Яьссан йистехь йиллинчул тIаьхьа бахархойн терахь лакхадаьлла хиларна, ткъа цуьнан бахаме тIаьхьало йицъяла а йоьлча бахархой юхабаьхкина шаьш дIатесначу меттигашка.

Теза-Кхаьлла юрт ЦIоьнтаран кIотар хилла дуьххьара. Цундела цIонтарой арен тIера нохчийн ширачу ярташкахь (масала, Чечанахь) бовзуьйту тайпанан гарашкахь. «Теза-кхаьлла – цIонтаройн тайпанан, Гумс хи йистехь. Юрт йиллина 500 шо хьалха ЦIоьнтарара цига дIаваханчу Тезас; кхаьлла кIотар ю [2, 17 агIо].

Теза ваха охьахиъна меттиг хьалха юрт хиллачохь ю. «Эвла» аьлла йолчу топонимо и хетарг тIечIагIдо. «Эвла» юьрта юккъехь ю, ширачу хабарша дийцарехь, цигахь дуьххьара ваха вахана, шен шина вешех дIа къаьстина, Теза, тезакхаьллойн тайпанан бухбиллархо ЦIоьнтарна юкъахь. Теза – долахь цIе [1, 295 агIо].

Дуьххьара ЦIоьнтара йиллинчу меттига юххехь кхи цхьа кIотар йиллинарг ву Iаьлбаг. Iаьлбаг-эвла аьлла цIе яхана цу кIотаран. Цул тIаьхьа цига баха дIабахана цуьнан юххера гергара нах а. Цхьа зама яьлча царах Тези-некъий, Iаьлбаг-некъий ала долийна.

ШолгIа йиллина юрт, хетарехь дукха ца лаьттина, хIунда аьлча цигахь кешнаш дац. И жима юрт хиллачух тера ду, цундела дукха а ца лаьттина Тези а, Iаьлбаг а, Иэжа а кхечанхьа дIакхалхар цхьана хенахь хилла хир ду, цундела уьш вежарий хилла олу. Цо гойту, уьш гергара хилла ца Iаш, цхьана заманахь баьхна хилар. «Юрт» боху топоним бен яц мацах цигахь юрт хилла бохург юхакарладоккхуш.

Заманаш дIаэхарца бохам беана ЦIоьнтара: нуьцкъалчу токхамаша юрт йохийра, цIонтаройн цигара дIабовла дийзира. Цул тIаьхьа бисинчу бахархоша, схьахетарехь, царах дукххаберш Иэжинекъий хилла, кхечу меттехь керла юрт йиллина, жимачу Iоме лакхарчу маьIехь – хIинцалерчу ЦIоьнтарна къилба-малхбузехьа (А.А., А.С.). Динан Iилманчас, юьртан истори дика хууш хиллачу Мусхаджиев Къабила (1892–1983 ш.ш.) дийцарехь, юрт йилла меттиг хоржуш къаноша коьрта тидам тIебахийтина хилла гIу яккха бегIийла йолчу меттигна. ХIетахь яьккхина и гIу карарчу хенахь йолуш ю. АльтемировгIеран а, БарзанукаевгIеран а ков-кертийн дозанахь ю и. Схьагарехь, гIу хиларо юрт юха а такхарна кхерамазалла луш хилар хир ду цара хьесап динарг. И мухха хиллехь а, 1989-чу шарахь токхамаш хилча, кхоалгIа юьртан шира дакъа меттах а ца делира. ХIетахь ЦIоьнтара баьхкина хилла геологаш цецбуьйлура, юьртан маьждиг доьгIна меттиг мел аьтто болчохь билгалъяьккхина а хилла бохуш. Къаноша Мусхаджиев Къабила, Чумаков Салмана, Абумуслимов Сайд-Мохьмада а дийцарехь, кхоалгIа юрт йилличхьана юьртан рузбанан маьждиг тахана и лаьтташ долччохь хилла. 1927-чу шарахь маьждиг юхатодина, ма-дарра аьлча, ширачу маьждиган бух тIехь дуьйгIира керланиг. Маьждиган арахьарчу пенаш тIехь ю и догIа яккхий харжаш сагIина еллачийн цIераш.

Кхузахь ала догIу вайзаманан ЦIоьтаран кешнех лаьцна а. Кхузара къаноша бечу хаамашца, карарчу хенахь Iаьлбаг-эвлахойн олуш долу кешнаш юьртан дуьххьарлера кешнаш ду, шолгIа кешнаш царна тIехIоьттина ду – цхьа некъ бац уьш дIасакъастош. Тахана коьрта кешнаш долчохь цIонтаройн ялтийн а, бошмийн а кхаш хилла. ТIаьхьо, кешнаш шордан дезча, шайн кхаш сагIина дIаделла уьш долахь долчара. Церан цIераш хIинца а баркаллица дагалоьцу цIонтароша. Цу кешнашкахь дIабоьхкина бу Iаьлбаг-эвлара Хунин къентий – Муслов-Хьаьжа а, Ислам а (цIонтаройн командир, вийна 1921 шарахь большевикашца хилла тIамехь).

Сатун кешнех дерг аьлча, уьш 1904-чу шарахь дIадолийна ду цу чу дуьххьара дIавоьллинчу

Сатун цIарах. Сату боху цIе (Сатав Маштыев) яьккхина «Посемейные списки жителей Ичкеринского округа» книги тIехь [13, 474 агIо, № 26].

И дерриге а дIасакхалхарш ЦIоьнтаран маххахь хилла. Нохчийчоь Россех дIатохале хьалха а Теза-кхаьлла, Иэжа-эвла, 1ьлбиг-эвла а ЦIонтара эвлан хилла. Цунна тоьшалла до И. Поповн хIокху хаамо: «Нажи-ЦIонтаройн фамилех. ЦIоьнтарара масех стаг 50 итт шо хьалха Гумс хи йистера Нежнийн хьун йолчу веана, пежкаш дIа а хьаькхна юрт йиллина цара» [2, 17 агIо].

1817-чу ш. йиллина йолу Ножи эвла «Посемейные списки Ичкеринского округа» книги тIехь шакъаьстина юрт санна гайтина ю. 1867-чу ш. цигахь 59 ков-керт хилла [13, 544–548 агIонаш], ткъа Теза-Кхаьллахь 103 ков-керт хилла [13, 517–544 агIонаш].

ТIаьхьо Ножи эвлах Теза-Каьллан куп хилла. «Теза-Каьлла юрт пхеа куьпах льатта: Борзе, Кхашка-ара, Юккъерчу гIоне, Ноже, Жанин-Ведана» [1, 295 агIо].

Дийцинарг тIечIагIдеш бакъдерг ду XVIII бI. юккъехь йиллинчу Чечанахь бехаш Иэжи-некъий, Тези-некъий, Iаьлбиг-некъий болу цIонтарой хилар.

Карарчу хенахь Иэжа-эвла а, Iаьлбиг-эвла а ЦIоьнтара юьртан каппаш ю, ткъа Теза-Кхаьлла юрт юкъайогIуш ю Нохчийн Республикин Веданан районна, иза малхбузехьа, Гумс хи йисте охьаяьхьна.

Оцу хенахь хIинца йолчу юьртан лахара дакъа хьаннаша дIалаьцна хилла. Иэжи-некъийн юьртара бахархойн терахь лакхадаларе хаьжжина дIахьокхура хьаннаш, кхоллалора кIотарш, ирзуш. Уггар хьалха баха хевшира юкъа хьун яьлла долчу юьртан лакхарчу маьIIехь.

XIX бI. шолгIачу эхехь Иэжин тIаьхьено юьртан лакхарчу декъехь ков-керташ йира «Iомечу» олучу меттигна тIекхаччалц (БелгIата юьртан дозанехь), токхамаш хилла дIатесначу «Юрт» олучу меттехь юха а баха охьаховшура. XIX бI. чаккхенехь – XX бI. юьххьехь ГIоьрдала юьртан дозанца йолчу «Охкучу» цIе йолчу меттехь а баха хевшира.

Керла меттигаш дIалецар кхочушдора нохчийн ламасташца нийса а догIуш: цига дIабохуьйтура ханна баккхий болу кIентий; керла меттигашка охьаховшура ЦIоьнтара эвлахь, цIонтаройн генарчу мехкаш тIехь кIотарш йоххура.

Бахархой барамна совбовларца льаттан къоьлла хIотта йоьлча, цIонтарой арен тIе охьакхелхара, цигахь ярташ а, кIотарш йоххура, ткъа уьш шаьш санна нохчийн кхечу тайпанаш кхоьллинчу кIотарех дIаоьра, шайн ярташ а хуьлуш. Ширачу хабарша дийцарехь, Дади-Юрт, Ойсхара, Чечана, кхин а ярташ цIонтароша ехкина.

ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА


1. *Сулейманов А.* Топонимия Чечни. Грозный, 2006. 711 с.
2. *Попов Ив.* Ичкерия, Октябрь 1869 г., Укр. Веден. «Сборник сведений о кавказских горцах», вып. IV. Тбилиси, 1870.
3. Русско-чеченские отношения. Вторая половина XVI–XVII в. Сборник документов. М.: Издательская фирма «Восточная литература» РАН, 1997. 416 с.: карты.
4. *Умаров С.Ц.* Новые археологические памятники эпохи позднего средневековья в нагорной Чечено-Ингушетии. Археолого-этнографический сборник, т. II, 1968. С. 68–79.
5. *Умаров С.Ц.* Материалы по археологии юго-восточной части горной Чечни. Археолого-этнографический сборник, т. III, 1969. С. 223–251.
6. *Саидов И.М.* Общественный быт вайнахов XX – нач. XX века (историко-этнографическое исследование) // Автореф. канд. дис. Тбилиси: АН Груз. ССР, 1972. 21 с.; *Семенов Н.* Туземцы Северо-Восточного Кавказа (Рассказы, очерки, исследования, заметки о чеченцах, кумыках и ногайцах и образы поэзии этих народцев) / Н. Семенов. СПб.: Тип. А. Хомского и К, 1895.
7. *Берже А.П.* Чечня и чеченцы. Грозный: Издательство «Книга», 1991.
8. *Прозрителев Г.Н.* Военное прошлое наших калмыков. Ставрополь, 1912.
9. *Брокгаузъ Ф.А., Ефронъ И.А.* Энциклопедический словарь (Чеченцы). СПб., 1890–1907.
10. Очерки истории Калмыцкой АССР. М.: «Наука», 1967.
11. *Потто В.А.* «Кавказская война». Т. I. Ставрополь, 1994.
12. *Цалаев ИбрахIим* «Дозуш доцу къам». Грозный, 2003. 41 с.
13. Посемейные списки жителей Ичкеринского округа. Нальчик: Издательский центр «Эль-Фа», 2010. 787 с.


*Оьрсийн маттара гочдинарг Бурчаев Х.Х.*

УДК 32С (Чеч)

# НОХЧИЙН КЪОМАН ИДЕОЛОГИ КХИАР (XVIII БІ. ЧАККХЕ – XX БІ. 50-ГІА ШШ.)

© В.А. АКАЕВ

Идеологи а, философи а билгалйоккху вовшашца боьзна болчу хьежамийн а, коьрта ойланийна къепе санна, цушимма маьІна а до, мах а хадабо адамийн юкъаметтагийн а, церан билгалдолчуьнца йолчу зІенийн а. Цара гойту юкъараллин проблемаш, уьш тІехьажийна ю йолуш йолу юкъараллин юкъаметтигаш тІечІагІъярна а, кхиарна а, цара гойту тобанийн а, классийн а дахаран хьелаш, иштта церан сатийсамаш а. Идеологи билгалйолу политикин, бакъонийн, этикин, эстетикин, философин а хьежамашца. Идеологин долушдолчуьнца юкъаметтигаш, цхьана адамехь хилла ца Іаш, амма цхьана тобанан я дийнна къоман а хила тарло. Къоман тобанийн хьежамаш тидаме эцча, идеологи екъа тарло буржуазин а, пролетариатан а аьлла, йийца тарло къоман а, динан а идеологеш. Цуьнца доьзна хІокху балха тІехь кесткестта балор бу «къоман идеологи» боху кхетам, цо шена чулоцу адамийн юкъара мехаллаш, ткъа иштта шатайпанара къоман идейш, цара кхуллу дуьненца шатайпа юкъаметтигаш. Историра долчун, хиламийн, историн а, динан а гІуллакххойн талламийн бух тІехь билгалъяккхалур ю нохчийн идеологи, цуьнан чулацаман агІонаш а гайталур ю. Нохчийн идеологи дІахІоттар – беха, чолхе, дуьхь-дуьхьал болчу хиламийн мур бу, Нохчийчохь а, иштта Кавказан регионехь а социальни а, культурин а дІадаханчуьнца боьзна а болуш. Нохчийн социальни дІахІоттамо, церан вовшашца а, кхечу халкъашца хиллачу юкъаметтигаша бух кхоьллина церан дуьнене хьежамаш. Іилманан хаарш кхиорехь XVIII бІешернан тІаьххьара дакъа уггаре чолхе мур хилла нохчашна, хІетахь Россин пачхьалкхо шен дар-лелор дІадолийна Къилбаседа Кавказера къаьмнаш къардар, иштта Россина дуьхьал боламаш дІаболийна ламанхоша а. Вай билгалъяьккхинчу хенахь дІадахна Нохчийчохь бусулба дин тІеэцар а, амма нохчаша лардина шайн ламасташ а, Іадаташ а. Нохчийн халкъ декъаделла хилла тукхамашка, тайпанашка, вовшашца гІоьртина хьал а хилла царна юкъахь, Кавказера дукххадолчу къаьмнашна юкъахь санна. Нохчаша къобал ца дина, цул сов тІе а ца эцна феодалийн-элийн урхалла. Шаьш кхайкхина балийна элий а цара дІабахийтина шайн махкара, цара хІоттийна ясакх дІаялар тІе ца лацархьама. Тайпа-тукхамийн Іадатийн бух тІехь юкъаметтигаш лелочу хенахь Кавказерачу ламанхошна юкъахь къаьмнийн юкъара, къаьстина Іаш долчу тукхамех цхьа къам деш, цхьаьнатохаран идейш ца кхоллаелла. Билгалдаккха деза, Кавказера дуккха а халкъашна юкъахь дІахІотта доьлла феодалийн, элийн Іедалш, юкъараллашкахь декъадаларш а, классаш а къестайоьлла.

Нохчий а, царна гонахара халкъаш а социальни-экономически агІор тайп-тайпанчу тІегІанашкахь хилла. Масала, луларчу Суьйлийчохь маьрша юкъараллаш ехара Іадатийн бух тІехь урхалла деш шайн элий а болуш, цуьнца цхьаьна шарІан урхалла а лелош. Дуккха а бІешерашкахь дехира цигара тукхамаш вовшехкъаьстина, Ислам-дина уьш цхьаьнатохарна хьелаш кхоллалц, и халкъаш цкъа а дацара арахьара мехкашдІалецархойн а, меттигера элийн а кога кІел Іен лууш. Нохчийчохь феодализм кхоллаялар кхин чІагІ а ца делира, боху историкаша, тайпанийн-тукхамийн кепара урхалла чІагІделла лаьттира кхузахь Шайх-Мансуран зама тІекхаччалц. 1785-чу шарахь дІаболало Шайх-Мансур коьртехь волуш ламанхойн Россин мехкашдІалецархошна дуьхьал болам. Нохчийн-оьрсийн чолхе, Іот-баккхаме юкъаметтигаша кхоьллина а бара и. Иштта, пачхахьан Іедало нохчашна дуьхьал таІзардаран экспедицеш йина хІокху шерашкахь: 1722, 1732, 1758, 1770, 1774, 1783, 1785. Оцу муьрехь ислам дин Нохчийчохь чІагІделла дацара, нохчийн тайпанашна юкъахь а яцара цхьаалла. Шен дар-лелор Мансура цкъа дуьххьара политикица дІадолийна дацара, цуьнан лаам бусалба дин Нохчийчохь дІахІотторна, ислам-динан мехаллийн буха тІехь халкъ цхьаьнатохарна тІехьажийна бара, цу тІехь иза кхиамашка а кхечира. Цуьнан хьехамаш вовшашна чІир екхарна, латтанаш къийсарна, зуламе Іадаташ юкъара дІадахарна, халкъалахь шар1 даржорна тІехьажийна бара: цІеначу ислам-дине юхадерзар, маларш цамийлар, томка цаозар, оьздангаллах цабохар, чІираш йитар, шар1 юкъадаккхар, динах юхабевллачаьрца къийсам латтор, кхидерш а дара цо шен Іалашоне хІиттийнарш. Шеко йоцуш, Шайх-Мансура хьалхатеттина идеологин программа ламанхоша кхидІа а яьхьира Кавказан

тIеман хенахь. XIX бIешеран юьххьехь паччахьан Iедало кхидIа а кхочушдан доладо Кавказ дIалацар, къаьмнаш шен олалли кIел далор, Хьалха Кавказе шайн бахархой охьаховшор, тIеман чIагIонаш яхкар, Россин мохк, кхечу халкъийн латтанаш дIалоьцуш, шорбар. Цунах лаьцна яздо Н.И. Покровскийс: «Ши Iалашо юьхьарлаьцна деара Кавказе Россин Iедал: оьрсийн хьолахочунна Кавказера тоьлла латтанаш схьадаха а, оьрсийн совдегарна йохк-эцаран некъаш схьаделла а». Цу кеппара шен политикин Iалашоне кхачархьама оьрсийн паччахьо шайн маршонна а, дозуш цахиларна а тIе куьг кховдаро карзахаллаш кхуллура Кавказан халкъашлахь. Къоман баьччанаша а, динан дайша а къобалдора иштта дуьхьалонаш яр, цул сов цу къийсамехь шаьш хьалха а бовлура, къоман я динан-политикин идеологи кхуллура. И къеггина гуш дара Шайх-Мансуран идеологин программехь а. Мансуран гIаттам хьаьшначул тIаьхьа оьрсаша Кавказехь дIахьошйолчу политикина дуьхьалвелира гIараваьлла нохчийн динбере Таймин Бийболат, цо тIелатарш дора паччахьан чIагIонашна, гIаланашна, ярташна. Къаьсттина жигарабаьккхира Таймин Бийболата шен къийсам Ермолов Кавказехь сардал волчу муьрехь. ГIебарта, Нохчийчоь, Суьйлийчоь къаръярна тIехьажийна хилла йолчу Ермоловн политико гIовттийра халкъаш. Ламанхой, къаьсттина нохчий арентIера лаьмнийн чIажашка хьалалахкар, лаьмнийн когашкахь тIеман чIагIонаш яхкар, меттигерачу бахархошна мацалла хIоттор уьш къарбарехь коьрта ницкъ хетара сардална, бохуш яздо Ш.А. Гапуровс. Ермоловс дагалаьцначех дара Суьйлийчуьра элийн урхалла дIадаккхар, Къилбаседа Кавказан латтанаш империн чоьхьарчу губернешкара ахархошна дIадалар, махкахь керлачу кепара урхалла хIоттор, регион Россих дIатохар а. Ермоловн тIеманполитикин Iалашонаша, Р. Фадеевс тIечIагIдарехь, кхузткъа шеран тIаме кхоьссира Кавказ. Политикехь шен дар-лелорехь Бийболата машаре некъаш лоьхура оьрсийн Iедалца, нохчий цхьаннех бозуш цахиларан некъ лийхира цо дуьххьара, ткъа цул тIаьхьа Нохчийчоь автономин бакъонаш йолуш Россина юкъаяххийта а гIиртира. Цу тIехь Ермоловца а, цуьнан урхалчашца а бартбаран юкъаметтигаш а лийхира цо, амма, Нохчийчоьнан дега юккъехь Соьлжа-гIап ян йолийча, дуьхьал а велира. Ермоловн а, цуьнан инарлийн а политико цхьаьнатуьйхира нохчий а, суьйлий а, ницкъана чIогIачу мостагIчунна дуьхьало ярехь шайн цхьа барт хилла безарх кхийтира уьш. Таймин Бийболатан идейни а, идеологин а хьежамаш буьйцуш, тидаме эца дезаш ду: иза динан гIуллакххо ца хилла, Суьйлийчуьра, ГIалгIайчуьра, ГIебартара бевзашболчу нахаца зIенаш йолуш хилла иза, уьш шайн халкъийн лехамаш кхочушбеш, регионехь мохк дIалацаран политика дIахьош долчу паччахьан Iедална дуьхьал къийсамхой бара. XVIII бIешеран чаккхенехь а, XIX бIешеран юьххьехь а колониальни идейшна дуьхьал политика лелайора меттигерачу элаша а, ханаша а. Цара кест-кестта къийсамна гIиттадора шайн халкъаш. Социальни-политически хьал кегари хилла дIахIоьттира, тIаккха кхоллаелла юьйлира идеологи а, и кхолларехь дакъалоцура бусалба динан гIуллакххоша, тайпанийн баьччанаша, гIарабевллачу динбереша, обргаша, халкъан илланчаша, къамелан говзанчаша, ма-дарра аьлча, ламанхойн къаьмнийн интеллигенцино, халкъан олалла дерзо, царна ницкъбан, уьш дацо тIегIертачу ницкъашна дуьхьал болчу. Таймин Бийболатан дуьхьалояран идеологин программин башхаллаш билгалйохуш, ала догIу, 1825-чу шеран гIаттам хиллалц иза билггалболу цхьа некъ хьаржина ваьлла вацара. 1816-чу шарахь Георгиевск-гIопехь Ермоловца шен цхьаьнакхетар хиллалц иза жигара тIелетарш деш лелара оьрсийн чIагIонашна, обаргийн некъ дIакхоьхьуш, мехкаш дIалецархошна дуьхьал беккъа шен къийсам дIахьош. Цул тIаьхьа оьрсийн паччахьан эскарехь гIуллакхдан резахиллачу цо Россина дуьхьал шен дар-лелор сацадо. Нохчийчоь Ермоловс гуона юкъаIовдаро, Соьлжа-гIап йилларо, ярташна таIзарш даро, адамаш дайъаро тIеттIа чIагIйора ламанхойн дуьхьалоян дог-ойла, жигарчу къийсамна гIиттабора уьш. Паччахьан эскарехь гIуллакхдеш волчу Таймин Бийболата тIе ца лоцура мехкаш дIалецархойн политика, Iедалца бартбан гIерта иза, нохчийн ярташ хIаллак ца яйта лаамца, шен халкъана бегIийна некъаш лоьху цо. Амма паччахьан инарлашна иза Нохчийчоь къаръярехь шайн гIуллакххо санна бен ца го. Ткъа Бийболат иштганиг тIелоцур долуш вацара, цо суьйлашца цхьана тIелетардо Соьлжа-гIопана, дерриг нохчийн халкъ гIаттамна кечдо, суьйлийн элашна а, динан гIуллакххошна а юкъехь шена бартахой лоьху. Паччахьан эскаршна дуьхьал тIемаш беш ша эшийначул тIаьхьа Россин империюкъайогIуш Нохчийчоьнан автономи кхолларна тIе а воьрзу иза. Амма Бийболатан иштта идея цхьаьна ца йогIура мохк къизаллица караберзоран некъ хьаржинчу Ермоловн дагахь долчуьнца. XIX бIешеран 20-чу шерийн юьххьехь Бийболатан дар-лелорехь керла агIо а гучуйолу, хIинца цо шена юххейийзабо бусалба динан гIуллакххой а. Иштта дIакхета цунах гермачигхойн къеда Iабдул-Къедар. Бийболат кхета нохчийн а, орстхойн а,

гIалгIайн а цхьабарт барехь юкъара цхьа идеологи хила езарх, ткъа иштттаниг цу заманахь исламдин бен дацара. Цундела 1825-чу шарахь хиллачу гIаттамехь и вовшахтоьхначарна юкъахь бара имамаш Iавка а, Кхудукълойн Махьма а. 1823-чу шарахь кхоллало Суьйличохь накъшбандийхалидийан тIарикъат. Цу тIарикъатан хьалхара муьршид хуьлу лаьзгойн Вины-ЯрагI юьртара Мухьаммад. И тIарикъат дIакхайкхо векал во цо вевзашволу Iеламстаг ГIазгIумкийн Джамаьлда, шен секретарь ГIазгIумкийн Аслахан а. Цуьнан мурдаш хуьлу хинболу имамаш ГIеза-Мохьмад а, Шемал а. Джамаьлдин хьехамашка ладоьгIа оьхура бIеннаш адамаш, царна юкъахь нохчий а. ГIеза-Мохьмадна а, Шемална а дагадогIу бусалбанашна юкъахь Ермоловн къизачу политикина дуьхьал гIазот кхайкхо. Билгалдаккха догIу юха а, иштта идея кхоллаяларна бехке меттигера элий а, Кавказ къаръярехь къизаллаш лелошйолу оьрсийн паччахьан администраци а хилар. Джамаьлда дуьхьал вара гIазотна, амма ЯрагIерачу Мухьаммада къобалдо и дIадолор. Цу кеппара идеологин бух болуш колониальни политикина дуьхьал болам кхоллало Суьйличохь а, Нохчийчохь а, и къийсам 30 шарал сов бах а ло. Оцу тIамехь Iаламат даккхий дараш хуьлу шина а агIорхьарчарна юкъахь, къаьсттина чIогIа халонаш а, баланаш а лан дийзира нохчийн, дийнна къам дуьнен тIера а дIадаларан кхераман сиза тIе хIуттуш. И тIом, шина-кхаа тIаьхьене болуш, дIахьо ламанхоша. Паччахьан политикина дуьхьал гIазотан тIом баре кхойкхура гIазотан идеологис, хийла бакъ динехь болу бусалбанаш кхелхира цу къийсамехь, царах дукхахберш цу тIамна реза ца хиллехь а, царна маьрша, къинхьегамехь шайна рицкъа доккхуш баха лууш хиллехь а. Нохчашна юкъахь Шемалан политикина резабацарш а кхолладала дуьйлира, уьш дуьхьал бара бахархошкара йоккхучу ясакхна, нохчийн наибийн метта суьйлийн наибаш хIитторна, кхидолчунна а. Церан Iотбаккхамаш цкъацкъа вовшийн цIий Iаноре а бовлура. Шемалан ницкъ ца кхечира нохчий паччахьан эскарех ларбан, нохчийн ярташ, бахархой хIаллакбарх кIелхьарбаха. Арен тIехь ялташ кхио-дерзо аьтто бохийна нохчий мацаллин тIегIане кхечира. Царна гора оьрсашца йохк-эцаран юкъаметтигаш шайн пайдехьа хилар. Шемалан имамат йоха йолаелира нохчий мюридизман идеологина херабовла боьлча. Кавказан тIом чекхбала гергабахча, нохчийн къомана дерриг хIаллакьхиларан кхерам тIехIоьттира. ТIаккха гучавелира нохчийн къона Iелам стаг Кишин Кунта-Хьаьжа, Нохчийчохь къадирийн тIарикъатан бух биллинарг а ву иза. Цо кхайкхамаш бора ламанхошка тIом сацабе, машаре некъ леха, вовшашца вежаралла чIагIде, гIийламискачеран дола де бохуш. Къадиририйн тIарикъатан идеологи нийсса дуьхьал яра Шемалан мюридизман идеологина. Цундела имама махках ваьккхира Кунта-Хьаьжа. XIX-чу бIешеран 60-чу шерийн юьххьехь Даймахка юхавирзинчу Кунта-Хьаьжас юха а дIаболабо шен тIамна дуьхьал берзийна болу хьехамаш, оьрсашца машаре Iе, дийнна халкъ хIаллак ма де бохуш. Паччахьан инарлаша цуьнан хьехамаш машаре хилар къобалдора, шайн политика нохчашна юкъахь чIагIъярехь цунах пайда а оьцура цара. Амма и машарехьа хьехам цхьаболчу мурдаша паччахьан Iедална дуьхьалбоккху. 1862-чу шарахь дуьйна Кунта-Хьаьжин лаамза къадирийн тIарикъат политикица дозало.

И цу тIе даьккхинарш бара паччахьан эскаршна дуьхьал тIом бинарш, цул тIаьхьа а обаргалла дIахьошберш, цара оьрсийн эпсарш, чиновникаш бойура. Цундела Нохчийчохь юха а гIаттам хиларна кхераеллачу паччахьан администрацис лоций, ссылке вохуьйту Кунта-Хьаьжа шена юххерчу бартахошца цхьаьна. И бахьанехь 1964-чу шеран 18-чу февралехь гIаттам ойу мурдаша, и гIаттам къиззалица хьошу паччахьан эскарша.

Шемаллий, Кунта-Хьаьжий суфизман некъа тIехь вогIура, цхьаъ – накъашбандийн, важа – къадирийн тIарикъаташкахь и шиъ хиллехь а, цара шайн динан-политикин хьежамашкахь суфийн идеяш тайп-тайпана кхочушъеш хиллехь а. Паччахьан олаллех ламанхой кIелхьарбовларан некъ толаме кхаччалц тIом барехь гора Шемална, ткъа Кунта-Хьаьжина – тIом сацорехь а, хIоьттинчу хьолана къера хиларехь а. Кавказан тIеман хьелашкахь кхоллабеллачу оцу шина динан-философин хьежамо, и шиъ цхьаьнабогIуш бацахь а, гойтура Кавказера ламанхошка хIоьттина хьал. Нохчаша юха а гIаттам айарна кхераделлачу паччахьан Iедало цхьаберш кхерамаш тийсарца, вуьйш Iехорца, Хонкара (Турце) дIабохуьйту нохчийн 5 эзар сов доьзал (25 эзар сов адам). Бисинарш а царна тIаьхьа дIа ца бахийта йолчу Iалашонца гIаттам ойу Акхмирзин Тазас (1865 шо), боццa хиллачу тIамехь гIаттамхой эшабо паччахьан эскарша. Кавказан тIом чекхбаьллачул тIаьхьа Суьйлийчуьра а, Нохчийчуьра а накъшбандийн тIарикъатехь болчу шайхаша кхечу кепара некъ хоржу. Иэшамна къерахиллачу цара зIенаш тосу меттигерачу тIеман администрацица, уьш эскарехь гIуллакхдан дIаоьцу, эпсарийн даржаш ло царна, дика алапаш а хIиттадо. Цуьнца цхьаьна цхьаболу накъашбандийн тIарикъатехь берш паччахьан Iедална дуьхьал бу, уьш Мухьаммад

ЯрагIин некъана тешаме бисинарш бара. Иштта, накъашбандийн шайхан Iабдурахьман ас-Сугурин кIант Мухьаммад коьртехь а волуш колониальни Iедална дуьхьал гIаттам хуьлу 1877-чу шарахь Суьйлийчохь. Оццу хенахь иштта гIаттам ойу Нохчийчохь а, зандакъойн къона Iелам стаг Iаьлбаг-Хьаьжа коьртехь а волуш. Нохчийн гIаттамхошна юкъахь бара накъашбандийн тIарикъатехь берш а, Дуин Iумица баьхкина къадарийн тIарикъатхой а. И ший а гIаттам иэшамца чекхболу ламанхошна. Цул тIаьхьа XIX-чу бIешеран 80-гIа шераш чекхдовллалц Къилбаседа Кавказера динан-политикин хьал кхин карзахаллаш ца хуьлуш лаьттира. Паччахьан Iедало говза пайдаоьцура меттигерачу тхьамданех, динан гIуллакххойх а, уьш шайна гIуллакхдан тIеийзош, царна комаьрша алапаш дIалуш. Амма Iедалан ницкъ ца кхочура къадарийн тIарикъатхойн-зуькархойн болам шен орамашца дIабаккха, хIунда аьлча цу боламан юкъара цхьа куьйгалла дацара. Шайн хьехам дIа ца балийта Iалашонца уьш вирдашка бекъабелира, хIора тобанна коьртехь бара Кунта-Хьаьжин хилла болу мурдаш.. Иштта, XIX-чу бIешеран 80-чу шерийн юьххьехь, кхолладелира Баммат-Гири-Хьаьжин, БатIал-Хьаьжин, Чиммирзин а вирдаш. Цу кеппара зуькархой кегийчу тобанашка бекъабаларо, цхьана агIор, шайн хьехам буьззина дIабаларх ларбира уьш, вукху агIор, царна юкъа баккхий Iотбаккхамаш а балийра, уьш дукха хьолахь меттигерачу тIеман чиновникаша кхуллуш а бара. XIX-чу бIешеран чаккхенехь Нохчийчохь уггар лараме зуькархойн баьчча хилла дIахIоьттира шайх Баммат-Гири-Хьаьжа (Эвтархойн Iовда). Цо къайлах гIо дора гIараваьллачу обаргана Харачойн Зеламхина, иза къийсам латтош вара къехошна тIехь къиззалаш лелочу Iедалца. Шена диначу зиэнна дуьхьал зиэн дар – иштта яра цушиннан дахаран философи. Зеламхина гIо деш Нохчийчуьра а, ГIалгIайчуьра а бевзашболу динан дай мел бу, иза шайга схьалацалург цахиларх кхеттачу тIеман адмиистрацис нохчийн а, гIалгIайн а дуккха а динан гIуллакххой, иштта Къилбаседа Кавказера кхечу къаьмнех болу Iеламнах а, ссылке дIахьовсабо, уьш дукхахберш цигахь кхалха а кхелха. Къилбаседа Кавказера юкъараллин-политикин а, динан а хьал чIогIа чолхечу хьоле делира февраль беттан революци хиллачул тIаьхьа. Тайп-тайпана, цхьаъ вукхунна дуьхьал юкъараллин-политикин а, динан а идеяш яра дIакхайкхош: монархистийн, национал-политикин, социал-демократин, динан а, кхузара къаьмнийн Iер-дахаран хьелаш тодаран кхайкхамаш бо шаьш бохуш. Ламанхойн тхьамданийн коьрта идея яра цхьааллехь екъацалун Росси юхаденъяран идея, уьш дукххаберш инарлашший, эпсаршший бара. Уьш бара Гейдар Баммат – Суьйлийчохь, Чермоев Тапа – Нохчийчохь, В. Джабагиев – ГIалгIайчохь, ХIирийчохь – Цаликов Ахмед. Ламанхойн интеллигенцина юкъахь национал-патриотически идеяшца цхьаьна социал-демократически идеяш дIакхайкхош нохчий Эльдерханов Таьштамар, вежарий – Мутушев гIар: Ахьмадхан, ИсмаьIал. ТIаьхьо Таьштамаррий, Ахьмадханний большевикех дIакхетар ву. Царал хьалха цIераш яьхна инарлашший, эпсарший Кавказан ламанхойн пачхьалкх кхолла гIертара. Оцу хьелашкахь доккхачу маьIнехь дара динан гIуллакххойн дар-лелор, уьш бара: Арсанов Дени, Гойсумов СухIайп, Таьшкичуьра Iабдул-ВахIаб – накъашбандин тIарикъатIехь болу, цара нохчийн халкъан гулам (съезд) а вовшахтуьйхира. Политикин ши агIо яра цигахь дуьхь-дуьхьал нисъелларг. Къоман интеллигенцис светски демократически пачхьалкх кхоллар хьалхатоьттура, ткъа динан дайша шарIан буха тIехь пачхьалкх йилларан идея къобалйора. Иштта хьелаш дара гондIарчу халкъашлахь а, и къовсамаш генна дIагIур бу цул тIаьхьа а. Ламанхойн юкъара светски пачхьалкх кхолларан идея тIечIагIъярехь барт хуьлу къоман буржуазин а, интеллигенцин а, Къилбаседа Кавказан динан гIуллакххойн а. ШарIан пачхьалкх кхолла Iалашо йолчара а дIахьо шайн гулам. И идея дIакхайкхош болу суьйлий Н. Гоцинский а, шайх Узум-Хьаьжа а Къилбаседа Кавказан имамат кхолла лууш бара. Советийн Iедал дIахIотто лаам болу суьйлийн интеллигенташ, гулам дIабахьарна реза а ца хилла, цигара дIабахара, цу кеппара съездан болх а сацош.

Узум-Хьаьжин кхетамехь кIайгвардейцаш паччахьан Iедалехьа бара, цундела цо шен къоманреволюцин болам деникинхошна дуьхьал баьккхира. Ткъа Гоцинский кIайчу инарлица Бичераховца бертахь вара, цу тIехула цаьршиннан барт ийгIира. Нохчий Деникинна дуьхьал гIевттира, паччахьан Iедал юхадIахIотто лаам болчу цу инарлина хьалха Узум-Хьаьжа ша а, цуьнан бIо а талорхой бара. Деникинна дуьхьал цхьана ханна бертабахара Узум-Хьаьжица большевикаш а, шаьш къехойн Iедал дIахIотто гIерта боху кхайкхамаш беш болу. Узум-Хьаьжас кIайчарна дуьхьал гIазот кхайкхадо.

Советийн Iедал чIагIделча, Нохчийчуьра цIен партизанаш хилларш, динан, политикин гIуллакххой а хIаллакбира. 20-чуй–30-чуй шерашкахь а Нохчийчоххьий, ГIалгIайчоххьий тоьпаш туьйхира уггаре лоруш болчу динан гIуллакххошна, къоман интеллигенцина, полити-

кин гӀуллакххошна, уьш Советийн Ӏедал долуш кхиъна бара, шайх дукхахберш суфийн вирдашкахь а болуш. 1937-чу шарахь Юккъерчу Азе кулакаш бина дӀабохуьйту 1 эзар сов нохчийн доьзал, царна юкъехь бара бевзаш болу Ӏеламнах а. Оццу шарахь лецира 14 эзар стаг, царах дукхахболчарна тоьпаш туьйхира. Къаьсттина дукха лийцира Кунта-Хьаьжин вирдехь берш. Адамаш хӀаллакдина ца Ӏаш, ламанхошна юкъадаржо гӀертара царна хийра ламасташ, гӀиллакхаш, лерамечу Ӏеламнехан цӀераш сийсазйора. Оцу дерригено резабацарш кхуллура халкъалахь. СССР-н Германица тӀом балале Нохч-ГӀалгӀайчохь адвокат Исраилов Хьасан коьртехь а волуш гӀаттам хилира. Цуьнан декъашхой Ӏедало харц цӀераш техкина обаргаш бара дукхахберш, царна коьртехь волу Исраилов Хьасан а, Шерипов Майрбек а цхьаьна. 1941-чу шеран 28-чу октябрехь гӀаттам айа аьтто болу цушиннан ГаланчӀожан, Итум-Кхаьллан, Шаройн, Шуьйтан а районашкахь. Амма цу боламна юкъа меттигера бахархой озо ницкъ ца кхечира церан, оццу шеран 3-6-чу ноябрехь эскаро иэшийра гӀаттамхой. Исраилов юххера накъост – бартахо вара молла Муртазалиев Джаватхан. 1944-чу шеран февралан 23-чу дийнахь дерриг нохчийн халкъ Юккъерчу Азе дохийна дӀадигира. 30% сов адам делира цигахь мацаллина, шелонна, махкалладарна а. Оцу луьрачу 13 шарахь вайн халкъ дуьззина хӀаллакьхиларх кӀелхьардаккхарехь доккха дакъа лаьцнарш нохчийн вирдийн вежарий бу алар нийса ду. Декъазчу адамийн дегнаш чу АллахӀ-Дала шаьш Даймахка цӀадерзор ду боху тешам боссабора цара. Шайн гӀиллакхаш, ламасташ, мотт биц ма белаш, кхечу къаьмнех дӀа а ийна, халкъ хӀаллак ма хилийталаш, бохуш, кхайкхамаш а бора цара. 50-чу шерашкахь Казахстанехь кхолладелира Загиев Вис-Хьаьжас дӀакхайкхина керла вирд, шайхан Чиммирзин вирдан цхьа га ду и. И нохчийн керла вирд кхолладалар муха хилла боху хаттар хӀинца а таллаза ду. Делах тешачарна новкъарлонаш яр ца сацийра нохчий ссылкехь болуш а, цӀа бирзинчул тӀаьхьа а. Иштта хилла нохчийн къоман идеологи кхоллаяларан некъ. XVIII бӀешеран кхоалгӀачу декъера дуьйна XX-чу бӀешеран 50-гӀа шераш тӀекхаччалц болчу муьрехь. 170 шерийн нохчийн экономикин, политикин, оьздангаллин кхетамехь бозушцахиларан, маршонан, ислам-динан мехаллаш лелоран, халкъан дахаран хьелаш лехаран идеяш дӀа ца евлла, хӀинца а шайн бух тӀехь льтташ ю уьш. Россин историн а, политикин а декъахь кхиаран халкъаш а санна, хийла чекхбевлла бохамех, иэшамех, ницкъбарах, сийсазбарх а, хӀаллакбарх а. Цара ларъеш ерг шайн культура яра, дуьнене хьежамаш а, Ӏер-дахаран хьелаш а, юкъаралла хилар а. Кест-кестта нислора цара Россин Ӏедална, цуьнан политикина, идеологина дуьхьало еш, шайна хийра кхетамаш, культура, гӀиллакхаш, ламасташ а кочатетта долийча, луьра дуьхьалояр. Цунна масалш кӀезиг а дац, СССР йохаран а, цул тӀаьхьа нохчийн декъазчу халкъана харцонций, ямартлонций кочатеттина ши тӀом а, цуьнан ирча тӀаьхьалонаш а. Дукха хьолахь Ӏотбаккхам хилла оьрсийн-нохчийн юкъаметтигаш геннара дуьйна схьайогӀуш ю, уьш хӀинца а ю дӀайовлаза. Вайн тӀаьхьенна доккхачу маьӀнехь ду и Ӏотбаккхамаш, цакхетарш кӀаргцадар, дуьхьдуьхьал цалаттар, вовшашца цаэгӀар а. Оцу декъехь нохчийн политикин а, идеологин а кхиар коьртехь долчу Ӏедалца бертахь дӀадоьдуш хилар нийса хир ду, лулахь дехачу къаьмнашца вежараллин зӀенаш а чӀагӀъеш, къоман дог-ойла Россин пачхьалкхан идеологица нийсачу новкъа а юьгуш. Нохчийн хиндерг, кхидӀа а кхиар иштта гора вайн хьалхарчу президентна Кадыров Ахьмад-Хьаьжина, шен ден иштта политика дӀахьош ву тахана Нохчийчоьнан Куьйгалхо Кадыров Рамзан.

*Оьрсийн маттара гочдинарг Бурчаев Х.Х.*

УДК 9 (С166)

# ВАЙН ИСТОРИН ЛАЗАМЕ АГӀОНАШ

© Ш.А. ГАПУРОВ

Нохчийн къоман чӀогӀа йоккха а, сийлахь а истори ю. Амма вайн историехь дуккха а хӀуманаш ду шайн мах хадор а, шайх лаьцна хеташдерг а тайп-тайпана хиларна къийсамаш болуш. Схьалоцур вай, масала, имам Шемалца а, цуьнан ненахь ламанхоша маршонехьа бинчу тӀамца а доьзнадерш. Вай дохадаллалц (1944 шо кхаччалц) Советан маршо ларъеш, Къилбаседа Кавказехь XIX-чу бӀешарахь Россин паччахьан эскаршна дуьхьала бина тӀемаш «народно-освободительное движение» аьлла билгалбохуш, цуьнан коьртехь хилла имам Шемал турпалхолорура. Амма оцу тӀамехь уггаре жигара а, доккха а дакъалаьцнарг нохчийн халкъ долу дела, шовзткъе доьалгӀачу шарахь, вай дохийначул тӀаьхьа, «нохчий» бохучу цӀарца доьзна дика мел дерг историера дӀадайа деза аьлла хилла хӀетахьлерачу Ӏедалан идеологи а, политика а дӀакхоьхьучу лакхарчу органийнсацамца. Цундела Шемалан мах хадор кхечу агӀор дерзийна – Шемал туркойн а, ингалсхойн а агент ву, дерриге а цу хенахь лелийнарг – реакционни гӀуллакхаш ду аьлла. … КПСС -н XXII-съезд хиллачул тӀаьхьа, Шемал юха а диканиг вина, хӀетахьлера тӀом – маршо къуьйсуш хилла а бу аьлла схьадогӀуш дара, амма 70-чу шерашкахь юха а вукху агӀор (вочу агӀор) керчо долийра. ДӀадаханчу бӀешеран 80-чу шерийн чаккхенехь Шемал юха а дика хилла ву аьлла дийца долийра. Ткъа тахана юха а хийцадала гӀерташ ду XIX-чу бӀешарахь нохчаша, дегӀастанхоша, чергсаша а бинчу шайн маршо ларъеш бинчу тӀамах лаьцна дуьйцург. Амма хила муха хилла те и? Мичахь ду бакъдерг?

Шемал вуьйцучу хенахь ши агӀо ю нохчашна юкъехь къуьйсуш хуьлуш – иза дика хилла я вон хилла бохуш. Шина агӀоно дика талла дезий те и хаттар? Нийса дерг "дашочу юккъехь" дуй-те, аьлла хета. Айдамиров Абузара муха мах хадийна вай дуьйцучун эр дар ас. Шемал, цхьана агӀор, майра стаг, хьекъал долуш стаг хилла, пачхьалкх кхоьллина, тӀеман говза баьчча а хилла. Амма вукху агӀор, ша аьлларг хададо Абузара: «ямарт, къиза» хилла, аьлла. Бакъ долуш, иттанаш шерашкахь и тӀом дӀабоьдуш, адам кхачош лаьтташ долу нохчийн халкъ, кхин и тӀом бан ницкъ боцуш дисча, вайн къомах болу нах, хӀара тӀом сацо безара вай, Россин Ӏедалца бертахь Ӏад Ӏан дезара вай баьхкича, Шемална тӀебаьхкича, уьш Шемала бойуьйтуш хилла. И бакъдерг ду шуна. ТӀаккха, шуна дуьйцуш хезна хила там а бу, иза исторически хилла хӀума а ду, нохчий, вай хӀун дийр ду кхидӀа, ницкъ бац вайн, халкъ хӀаллак хуьлуш ду вайн аьлла, шовзткъе цхьайтталгӀачу шерашкахь Шемалан нанна тӀе а бахна, цуьнга аьлла, нах хӀаллак хуьлуш лаьтта вайн, хьайн кӀанте Ӏад Ӏе алахь, тӀом сацо безара, аьлла. Нанас и шен кӀанте дӀааьлча, имама Шемала спектакль йина цунна гондахьа. Цкъа чувоьлла иза, цкъа ойла ян езаш ву ша, аьлла, юха кхано ара а ваьлла, тӀом сацо йиш яц ша, тӀаккха иза аьлла йолу шен нанна бӀе гӀаж тоха еза, аьлла. Пхи гӀаж тохийтина цо шен нанна. Цул тӀаьхьа, йисина йолу гӀожмаш шена тохийтина. Вайн нохчийн цхьа дакъазалла ю: ваьш хастийчахьана – хӀуъу а дийр долуш ду вай. Иза схьавеанчу цхьа эзар бархӀ бӀе шовзткъалгӀачу шарахь дуьйна и тӀом чекхбаллалцНохчийчохь имам лаьттина, цунна нохчий чӀогӀа дика бевзаш хилла, хастийчахьана, нохчаша хӀуъу а дийр ду, бохуш. Нохчий шу майра нах ду, нохчий – шуьга кхочуш хӀокху Къилбаседа Кавказехь цхьа а къам дац, бохуш, хеста а беш, тӀамна гӀиттш, нохчий хӀаллакбина цо. Амма Гунибехь, Ӏожалла шена гонах хьийза йоьлча, оццул нохчий хӀаллак байтина волу имам ша кара хӀунда вахана? ГӀазотехь вала хӀунда ца велла?

Вайн нохчийн турпаллин иллешкахь буьйцуш берш муьлш бу? Таймин Биболт, Мадин Жаьммирза, Адин Сурхо, Эвтархойн Ахьмад. Амма вайн цхьана а иллехь Шемал хӀунда вац вуьйцуш? Шемалан наибаш хӀунда бац буьйцуш? Царна юккъера цхьа бенойн БойсгӀар ву дика цӀе йоккхуш, халкъо вуьйцуш. Дера бац царах дуккхахболчара халкъан иэсехь вуон лар (негативни) лар йитина дела. Наибех дукха хьолехь зенаш дийлина нохчийн нахана. Бакъдерг ма ду и. Нах кхьоьруш хилла царах.

Историн агӀонаш, хене хьаьжжина, долуш долчу Ӏедалан идеологига хьаьжжина, хийла хуьйцуш хилла. Вай а, кхин къаьмнаш а дохорах лаьцнадерг а, Дуьненаюкъара шолгӀа тӀом болчу хенахь йолу истори а ю иштта тайп-тайпана хьежамаш болуш, дуккха а хаттарш къуьйсуш долуш. Цхьана агӀор Ӏилманчаша бу: Николай Федорович Бугай, Лелец кхи а, кхин а. Цара боху, нохчаша Сийлахь-боккхачу Даймехкан тӀам тӀехь кхин башха хӀума дина а дац, дуккха

а нохчаша, немцошкахьа а бевлла, царна болх бина. Оцу Іилманчийн статьяш тІехь яздина ду «небезосновательна массовая депортация чеченцев» бохург. Амма важа агІо а ю, нохчаша цхьа а бахьана далийтина а дац шаьш цІера бахийта, бохуш. ХІоккхехь а бакъдерг юккъехь дуй-техьа, цхьа бахьанаш далийтиний техьа аьлла нохчаша аьлла хета. Вай ткъе кхоалгІачу февралехь дохор халкъана тІебеана боккха бала хилла. Амма вайн республикин куьйгалхочо Рамзана Ахматовичан указца, вай и баланаш 10 майхь буьйцур бара аьлла, цу хене дІадаьхьна ду, хІетахь дуьйцур ду вай и хІунда хилла, муха беъна и бала бохуш. Оцу хиламна гондахьа дерг хІунда хилла, аьлла дийца гулделла ду вай. 23-гІа февраль "Даймохк ларбечун де" аьлла билгалдина ду. Ткъа биний нохчаша вайн Даймохк ларбеш тІом? Дера бина. ДІадаханчу бІешарахь бина ца Іаш, ткъаяссалгІачу бІешарахь дуьйна схьабогІуш бу нохчийн Россин пачхьалкх ларъечарна юкъахь дакъалоцуш. Цхьа эзар бархІ бІе кхузткъе вуьрхІитталгІачу – берхІитталгІачу шарахь Россин а, Турцин а юкъехь тІом хилла. Цу хенахь оьрсийн эскарехь нохчийн полк хилла тІом беш. Цхьа эзар исс бІе пхоьалгІачу шарахь хилла болу Россин, Японин тІам тІехь, масех нохчийн сотня хилла, коьртехь инарла Э. Алиев а волуш. ХІетахь дуьйна оцу тІамехь «Дикая дивизия» олуш нохчийн кавалерийски полк хилла, оццул йоккхачу Россин эскарехь и санна чІогІа тІамна кайолуш, немцошна зенаш дина тІеман соединени ян а яц. ШолгІа дуьненан тІом болабелча, эскарехь гІуллакхдеш 9 эзар нохчийн тІемало хилла. И тІом болабелча, 1943-чу шарахь 18 эзар нохчо тІам тІе вахана. 1941-1942-чу шерашкахь мостагІчунна дуьхьалояран оьрнаш дохуш, цигахь болх беш хилла эзарнаш нохчий. Вайн грозненски бензин, керосин ца хиллехь, дукхах йолу Россин авиаци стигла яла дан хІума а доцуш а, танканашна а чу йотта ягориг а йоцуш йисина хир яра. Иза нохчийн къомо лаьцна дакъа ду. ХІумма а кІезиг а дац. Схьалоцур вай карара зама, тІаьххьара ткъа шо. ХІара шолгІа тІом дІабоьдуш,террористашна дуьхьал тІом беш уггаре а алсам дакъалоцуш берш вайн нохчий бац ткъа? Вайн коьрта маьждиг дуьхьал чурташ тІехь язйина цІераш ю, бІенаш цІераш, Россин пачхьалкх ларъеш террористашна дуьхьал тІом беш белларш бу уьш. … «Восток» батальон санна чІогІа тІом беш цхьа а ян а яцара бохуш, махкахь а дуьйцуш хезна хир ду шуна. Вайн Россин пачхьалкх, вайн Даймохк Іалашбеш дукха, дика нохчийн кІентий дІабевлла. Вай, махкана даиманна вон тІедеанчу хенахь, дІахІиттина хилла ду. И мелла дІадайа гІиртича а, цхьаьнгге а дІадайалур доцуш ду. Вай тахана халкъ дохорах дуьйцуш, шу нийса кхеталаш, вайнхалкъ дохорна бехке ду бохург дуьйцуш дац шуна. Халкъ-ма цкъа а бехке хилла а дац. Халкъо цхьа хІума дича а, халкъ шен махкара даьккхича, иза закон талхор ду, адамна дуьхьал дина доккха зулам ду. Амма халкъ бехке дан и бахьанаш а дийлийта ца дезабоху вай. Оцу Сталинна хьалха дуккха а бахьанаш охьадехкина ца хиллехьара, кхечу тайпана хилла хила а мегаш ма дара иза. Вай махкахь дикавевзаш а, везаш а ву Айдамиров Абузар (Дала иза декъалвойла). Цо нохчашна вуон дош эр доцийла а хаьа вайна, нохчийн яхь, нохчийн эхь, нохчийн оьздангалла ларйо аьлла цІе яхана стаг хилла и. Амма Дудаев, Масхадов Іедалехь болчу хенахь хІокху вайн махкахь хуьлучу хІуманаш дукха цец ваьккхина Абузар. Хьовсал, вай массо а хенахь даима дуьйцуш дара, нохчийн стагазудчунна тІе цкъа а куьг кховдор дац, кховдийча и вуьйр ву бохуш. Дагадаийтиша, базара юккъехь зуда схьа а лоций, бер схьа а лоций, цунна гІийло йора. Гондахьа шортта нах а болуш. Цхьаммо а ца олура, и гІийло ахь йийр яц со дийна а волуш. Оцу тайпанчу хІуманех а, дуккха а кхечу тайпанчу а, нохчашца хир дац моьттинчу сакхтех дукха цецваьлла, язйина Абузара «Вайн амалш». Цул хьалха цо язйинчу книшкашца йогІуш яцара иза. ХІинцалц нохчийн майралла а, доьналла а гойтуш хилла цо. Амма хІара нохчашца нислучу сакхтех, ледарлонех, кхачамбацарех, сиркхонех ца дийцича ца Іало аьлла, шен дагчуьра мохь бу цо тоьхнарг. ХІун боху Абузара цу тІехь? ДІадаханчу бІешеран 90-чу шерашкахь нохчийн къоманна тІехІиттинчу бохамаша дуккха а ойланаш йойту нахе. Оцу бохамийн бахьанаш а, бехкениш а лоьху. Бехке ду оьрсийн пачхьалкхийн коммунистийн Іедал. ХІокху тІаьххьарчу шерийн нохчийн къоман тІехІиттинчу бохамашна бехке ду иза а, важа а. Амма царна и бохамаш шайгара хилийта дуккха а бахьанаш, гІалаташ дийлийтина нохчийн къомо, оцу бохамах лардала хьекъал, кхетам ца тоарна, вешан бохамашна бахьанаш вай ваьшша кхуллу. Цхьаболу бохамна вай бехке а хуьлу. И бохамаш хилийта вай дуккха а бахьанаш леладо, гІалаташ дуьйлуьйту. Шайна кхетта цамгар нахана хиъча эхь ду моьттуш, и хьулъян, къайлаяккха гІерташ, лоьрашна тІе ца боьлхуш, дарбанаш ца лелош, кІелбуьсуш леш нах хуьлу. Амма цомгаш стаг шен цамгар мел лечкъо гІертарх а, нахана дукха хьолахь гуш хуьлу и цомгаш хилар. Ишттачу цомгашчу стагах тера ду нохчийн къам. Вайн ца лаьа вайн сакхаташ, гІалаташ, къинош дийца а, царах дІакъаста а, цІандала а хьовса а. Даима а диканаш дуьйцуш, оьздангалла, доьналла дуьйцуш. Амма

вешан сакхаташ, сиркхонаш, къинош, гӀалаташ, царах цӀандала а ца гӀерташ, дӀалечкъош хилча, вай къоман барт хир бац, вайн махкахь иман, беркат хир дац я кхечу къаьмнашна хьалха вайн сий хир дац. Хилий-техьа вайн къам дохочу хенахь бахьанаш ца боху шуьга? ТкъаяссалгӀачу бӀешарахь дуьйна схьадогӀуш обаргалла хилла. Обарг хьанах олуш хилла? Халкъан дуьхьа ара а ваьлла, хьуьнах вахна, Ӏедалехь болчу нехан харцонца къийсам латточух, шен ойланехь, нахана дикачу балхана араваьллачу стагах. Вайн иллешкахь вуьйцуш ву обарг Зеламха. Бакъволу обарг и хилла. Солжа-гӀала кӀиран дийнахь базар баьхкина болчу вуьрхӀитта стаг эгшӀалгӀазкхашца даьллачу девнехь вийна хилла. Зеламхас шен накъосташца, Хасавюрт боьдуш болу цӀерпошт саца а йой, вуьрхӀитта эпсар охьа а вокккхий, тоьпаш туху.

Бекхам оьцуш. Амма оцу вайн дохадалал хьалхарчу шерашкахь обаргаш ду шаьш бохуш леллар, цхьа цӀе бен йоцуш нах хилла. Базара йоьду зуда саца а йой, цуьнгара хӀума схьа йоккхуш, гӀийла верг, миска верг хьийзош, нахана къоланаш деш лелаш зуламхой хилла. Вай баккхийчу нахана гина а, цара дуьйцуш а хӀуманаш ду шуна уьш. Тайпа а, верас а, гӀо даккха стаг а воцуш верг мила ву а хьовсий, цунна буса чу а боьлхий, цуьнан жимма бегӀийла йолу хӀума дӀахьуш хилла. Я баха а боьлхий, эцца милцо я Ӏедалан кхин белхало хуьлийла иза, я юьртда вуьйш хилла цара. Иза тайпа хӀумнаш гулдой, цхьана а тохий, дахьа хьой Москвахь охьадуьллуш хилла. Нохчий совцалуш а бац, уьш берриш банданаш бу олий. Ткъе ткъаяссалгӀачу шарахь хилла ду и, … суьйлийн махкахь. Суьйранна балхара цӀавогӀуш суьйли цхьа жима къонахобаргаш бу бохучарна тӀеӀоттавелла. И суьйли ву аьлла, схьа а лаьцна, когаш кӀел топ етташ, хьийзийна цара. Юха иза Нохчийчу волчу дӀа а вуьгий, буьйса а йоккхий, дӀавохуьйту. Ша цӀа кхаьчча, цо и дерриге дӀа а дуьйций, нийсса ши кӀира далале, эскар даладо. БӀе сов стаг вийна хӀетахь бехке боцучу нахах. Амма оцу обаргех цхьа а дуьхьал ца волу, салташна цхьа а топ а ца кхуссу. Шовзткъе шолгӀачу шарахь Махка тӀехь хилла тӀом. Веданарчу баккхийчу наха дуьйцур ду шуна, ши-кхоъ политикаша охьаХӀоьттина, тӀаккха царна тӀе обаргаш нисбелла. Цаьрца тӀом болийна. Гондахьара нах тӀебаьхкина. ТӀаккха къиза тӀом хилла, кемнашца бомбанаш а етташ. Нохчийчохь боккха гӀаттам бу аьлла, боккха тӀом бина шаьш аьлла, дӀа а яьхьна Сталинна хьалха отчет охьайиллина. И тайпа хӀуманаш ду вай дохо бахьанаш хилларш, вай кхин къарлур долуш дац аьлла. Вай ткъаяссалгӀачу бӀешарахь дуьйна къарлуш дац бохуш вайна тиллина цӀе яьржина хилла. Паччахьан заманчохь мел лелийнарш а, 30–40-чу шерашкахь обаргаш бу бохучара лелош долу галдевлла хӀумнаш хьесапе оьцуш, нохчий мегар болуш бац аьлла, дохо бахьанаш карийна...

1999-чу шарахь боккха бала тӀебеара вайна – шолгӀа тӀом. Цуьнан бахьанаш – дезткъе цхьайтталгӀачу шарахь гӀаларчу коьртачу майданехь дӀа а хӀиттина, "маршо я Ӏожалла", "лийр ду вай я маршо хир ю" бохуш хьекхна маьхьарий бара. Ткъа хӀун маршо кхечира къомана? Цу майданехь митингехь лаьттинарг дерриг къам а дацара. Итт проценте а кхочуш хир бацара, ара а бевлла, маьхьарий хьоькхуш леллачийн барам. Дагадаийтиша шайна, дукха генара хӀуманаш а дац уьш. «Цхьа а керста вер вац Нохчийчьонан дозанал чоьхьа»,- бохуш, шайна дагадеънарг дуьйцуш, баккхийчу нехан тоба хуьлура. Нохчийн халкъ хӀаллак ма дайтахьара, ӀадӀахьара баьхча а, аьттехьа а ла ца дугӀуш, мелла боккха бала беара вайн махка. Вайн къам дохийна, Сибрех дӀадигча, цигахь цхьа бӀе ах бӀе эзар стаг хӀаллакьхилира нохчех. Ткъа вай лайначу шина тӀамехь ши бӀе эзар сов адам хӀаллакьхилла. 1944-чу шарахь дохийна махкахдаьхча беллачарал дуккха сов адамаш хӀаллакьхуьлуш, боккха бала бара вайна тӀебеанарг. Вайн къомах болчу зуламечу наха и хӀумнаш ца лелийнехьара, ӀадӀийнехь арабогӀур барий и бала вайна тӀе? Кадыров Ахьмад-Хьажа (Дала декъалвойла иза!) дуьненна а вевзаш политик а, пачхьалкхан деятель а, нохчийн къоман хьекъале баьчча а, къонах а вара. Цо ша вайн республикин коьрта хӀоьттича, ши эзар цхьолагӀачу шарахь, нохчийн халкъе кхайкхам бира. Цу тӀера цхьа дакъа деша луур дара суна, хӀунда аьлча, вай тахана дуьйцучуьнца нийсса цхьанадогӀуш ду иза: «Махкахой! БӀешерашкахь вешан тӀаьхьенашка дозаллица дуьйцура вай къоман маршонехьа дӀабаьхьначу тӀамех лаьцна. Вайн наноша аганан иллешкахь дуьйцура вайна сийлахьчу Шайх-Мансурах, майрачу Бийболатах, кхерам хӀун ю ца хуучу Ӏаьлбагах, дог майрачу Шихмарзех, нийсо езаш хиллачу Адин Сурхон доьналлах лаьцна. Харачойн Зеламхин, бенойн БойсагӀаран, иштта гӀарабевллачу дуккха а нохчийн цӀераш тохкура вайна, цара халкъан иэсехь йоврйоцу лар йитарна. Вайн даймехкан истори юьзна ю тӀаьхьа-хьалха хиллачу гӀаттамех, халкъан боламех, тӀелетарех, цӀий Ӏаночу тӀемийн тасадаларех. Вайн дайн хьуьнарш тӀеман Ӏилманан, исбаьхьаллин говзарийн, фольклоран тептарийн агӀонаш тӀе дӀаяздеш дацара. И дерриге иштта ду. Вайн дайн, дедайн бӀаьхаллин сий шеконе дилла ца гӀерта со. Церан масалшна тӀехь хьалакхиъна

вайн хилла тIаьхье, церан могIаршкара ву со а. Историно голатухучу хенахь, нохчийн къам хир ду я хир дац боху хаттар къасточо Делан лаамца нохчийн халкъан коьрте хIоьттинчу сан декхар ду аьлла хета суна масех хаттар дала. Хьалхара хаттар: тIемаш бича вайна нохчашна хIун пайда баьлла царех – доза доцу баланаш, лазамаш, иэшамаш, цара карарчу хенахь а тIеIаткъам бо вайна? ШолгIа хаттар: дозалла дан хьенан йиш ю вайн, шена вайн къоман турпалхойн кешнаш мичахь ду хаьа аьлла, цара халкъан дуьхьа динчунна дуьхьал царна баркалла ала, хастаме дешнаш баха, церан сийлахь гIуллакхаш бахьанехь?

Вайн сийлахь махкахо Авторханов Iабдурахьман немцойн лаьттан кийрахь Iуьллуш ву. ХIинца кхоалгIа хаттар а: вайн дайша бIешерашкахь сатийсина халкъан маршо а, паргIато а яккха везачу Дала а, историс а ваьшна аьтто бича, АллахIан къинхетаман а, нохчийн тоьллачу кIентийн къонахаллин а хIун пусар дира вай? Суна хаьа, цхьанне а луур дац оцу хаттаршна жоьпаш дала, хIора а декхарехь хир ву тIаккха бакъдерг ала, къаьхьа бакъдерг. И ду тахана вай вешан баьччанийн, тхьамданийн, куьйгалхойн бIаьрзе политика бахьанехь халкъе хIоьттина луьра хьал, цхьане а кепара жоьпалла доцуш, ойла ца еш, уьш герзан гIоьнца къасто гIоьртира чолхе хьал, шайн халкъана ирс цIийх юьзначу шаьлтанан юьхьига тIехь схьадала гIерташ. Юкъараллехь кхайкхамаш бора, герзана, ницкъана, майраллина хастамаш беш. Халкъо массарел чIогIа лоруш болу нах хуьлура тIемалой, тIахьаьлла динберий. Иштта цIе йолуш юкъадахана вай дуьненан историна. Философаш, хьекъалчаш, пхьераш, куьгговзанчаш, керланиг кхоллархой аьлла ца девзина, иштта нах вайн дуккха а хиллашехьа. Нохчаша Захаровс, Эсамбаевс, Магомаевс дуьненан културин хазна тIеюьзна шайн юьхькIам болчу похIмаца. Амма царна кхолларллехь шайн дайн тIеман хьуьнарш гайтар бен магош дацара. Вешан ледарчу политикица, кхечу халкъашца цхьаьна дIадаха реза цахиларца дозуш цахиларан идея дIакхайкхош къамелашца вешан халкъ кIоргачу Iина йисте диги вай. Чевнаш хиллачу, деринчу, хьешначу нохчийн лаьттан иэсехь йисина адамийн цIийн хьожа. Вайн ярташ, гIаланаш херцаршлахь Iоххуш ю. Кхелхинчийн, чевнаш йинчийн терахь эзаршка даьлла. Адамийн яххьаш тIера дIадайна белар, церан бIаьргаш чохь меллаша дIайовш ю кханалерчу дийнах тешаран цIе. Къоман трагеди яц вайна тIехIоьттинарг. Къоман ирча бохам бу вайна кхаьчнарг. Маьлхан гIала йогIалур яц адаме. Ткъа вай хIинца а тешаш ду керлабевллачу элаша дуьйцучу хабарех. Дала хала зиэраш делла вайна. Вайна хIоранна а хаа деза, Дудаевс, Масхадовс, я Хаттаба диканиг доьхьур дац, халкъан кхоллам церан буйна бала ца беза. Даккхий хабарш а дуьйцуш, вешан лаьтта тIехь зулам даржош берш дIатаса беза вай, бандитийн карах леш бу юьртдай, имамаш, иттанашкахь дебаш ду буобераш, кхидIа вайн лаьтта ницкъбар сацо деза вай».

Вай иштта до сий. Iедалца болийна тIом бу. Асад волчу хенахь муха пачхьалкх яра Сири. Тахана аьтта охьайиллина иза. ХIун дика болх хилла. Бусалбанаш бу бусалбанаш бойуш. ТIаккха хIун тIом бо вай цигахь. Вайн кIентий цига а оьхуш, хIаллак ма хуьлу. Цуьнан ойла е вай. Вай дохор дуьйцучу хенехь олуш ду: Делахь, хIетахь Нохчийн Республикин коьртехь халкъан вевза а вевзаш, Москвахь лара а лоруш халкъан да хиллехь, махках ца даха а мегар вай. ДегIастанан коьртехь ма вара Даниялов, ГIебарта-Балкхаройн а хилла Каблуков. Уьш Москвахь а бевзаш хилла, Сталинна а бевзаш хилла. Шайн халкъийн тхьамданаш хилла уьш. Айдамиров Абузара аьлла: «Дала уггар даккхийчу къинойх лерина хьагIгамо ю вайна юкъахь лелаш. Генара схьадогIуш цхьа кица ду вайн. Къечу къомах цхьамма хаьттича: «Шун элий муьлш бу», аьлла, жоп луш хилла боху «Тхан элий бац, тхо деррише а элий ду, олий». Цуьнан кIорггера ойла а ца еш, вай хIинцца а дозаллийца олу: «Нохчийн къоман элий, лайш ца хилла, массо а цхьатерра бакъонаш йолуш хилла». Цуьнан боккъала а долу маьIна хIун ду аьлча, оха тхайн къонахий цкъа а къоман коьрте а ца хIиттийна, церан сий а ца дина, лерина а бац, тхан цкъа а цхьа а Iедал а ца хилла, тхо анархисташ хилла бохург ду иза. ХIокху тIаьххьарчу кхаа бIешарахь нохчашна тIехь олалла деш элий хилла, нохчийн къомах боцурш. Шайн хьекъале, доьналле нах къоман коьрте а хIиттина шайн кхоллам церан кара дIа ца балла, нохчаша шайн тIехь Iедал латто гIебартойн, гIумкийн, суьйлин элий балабой дIахIиттош хилла. Царна шортта ял, тоьллачух бIенаш, эзарнаш латта а луш. ТкъаяссалгIачу бIешарахь нохчий Россин олалла кIел бахчи ур-аталла пристав даржехь ши-кхоъ бен нохчо вацара, округи хьаькамаш, кIошти приставаш, берш чиновникаш оьрсий, эрмалой, гIумки, гуьржий, дегIастанхой, кхечу къамнех нах бара. ТIаккха Совет Iедал тIедеъча нохчашна тIехь куьйгалла динарг вайн хууш ду мила вара. Нохчийн къомана дIаяханчу заманахь ца хитна я ца лиъна шен хьекъале, кхетаме, оьзда, доьналла долу къонахий къасто а, уьш коьрте а хIиттийна, шайна кхоллам цера кара а белла, кхидолу къаьмнаш санна баха. Ткъа къомана тIе цхьа бохам беъ-

ча, иштта къонахий ша коьрте нисвелчи лера а, ларба а ца дитна, я ца лиъна. ЯлхийтталгӀачу бӀешарахь нохчашна юкъахь йоккха авторитет а йолуш архивни документаш тӀехь юкъавахна Ушурма, цуьнан кӀант Шейх, цуьнан вешин кӀант Бата, Москвахь посольстваш а оьхуьйтуш. Къилбаседа Кавказехь болу политикаш шайх дага а бовлийтий бен Москвахь дӀа а ца хьуш. Амма уьш дӀабевллачул тӀаьхьа вуьрхӀитталгӀачу-берхӀитталгӀачу бӀешарашкахь хилла вац Нохчийчохь вевзаш волу стаг цхьа а, жим-жима Ӏедал долчохь тхо дӀа а .дар ма дацар гӀебартой а, суьйлий а, гӀумкий а церан элий тӀеоьцуш хилла. Амма нохчий берхӀитталгӀачу-ткъаесналгӀачу бӀешерашкахь Таймин Бийболт санна цӀе йоккхуш стаг ца хилла. ТӀемало, тӀеман баьчча, амма уггар коьртаниг и политик хилла. Цо Кавказехь боьдуш Турцийн, Иран, Российн юкъехь къийсам буй а хууш, оцу къийсамехь кегийн къаьмнашна маршо йоций а хууш, вайн Россин тӀетевжича тоьла аьлла, тешна хилла. Оцу нохчаша Россин пачхьалкхан юккъехь меттиг хир яцара техьа бохуш Кавказе беана болу наместникашца цхьаьна а ветталуш, нохчий шай цхьа автономи йина шайна чубаийтахьара бохуш. 1829 шарахь кхаа баттахь Паскевичаца переговораш йо, тхо оьрсийн пачхьалкхана юкъа дахка реза ду, амма тхайн гӀиллакх-оьздангалла латта дитта, аш хьа а ца деш. Автономи лур ю олий дуьххьарлера цхьа кехат лой схьавоуьйту, амма 1831 шарахь Бийболат воь, Паскевич Польше дӀавохуьйту. ТӀаьхьа баьхкина болу наместникаша, хӀан-хӀа вай ницкъаций бен совцалур бац олий, дӀаболабо и Кавказски тӀом. Цул тӀаьхьа ткъаяссалгӀа бӀешершкахь орций … хилла. Делахь а иза генерал ву. И политик ца хилла, государственный деятель ца хилла. И шолгӀа тӀом болалучу хенахь вай хиллехьара нохчашна халкъо хьалха а теттина, массара лара а лоруш, Москвахь вевзаш а волуш хиллехьара и хӀума ца хила там бара. ТӀаккха дӀаболабелира вайна шолгӀа тӀом. Нохчийн коьрте Ахьмат-Хьаьжа ца хӀоттийнехь и тӀом гена бала там бара, нохчий дукха гена дӀабаха там а бара. 2009 шарахь со а, Дадашев Райком а вара Казане Академе Исламского мира кхайкхина. Цигахь Сулумбек Хаджиев а вара. Май баттахь 2000 эзар шарахь Путина стаг ваийтина бахара Москвахь хилчу нохчийн гуламе республикин корте хӀоттийначарна. Дуккха а дийцира бохура, ша коьрте хӀуттуш волу стаг мила хилла веза. Доьналла, майралла, хьекъал, амма оцу нохчаша тӀелоцур волуш, аьлларг дийр долуш, уггар коьртаниг шена тӀе ответственность тӀелаца де а долуш хила веза. Мила ву иштта аьлча, ша элира бохура, шена Ахьмат-Хьажа Кадыров бен ца го иштта, аьлла. Дукхах берш цу чохь реза а хилира. Иштта хьалха Дела къинхетам, шолгӀа Путинан указ а долуш коьрте Ахьмат-Хьаж веара. Цо дуккха а хӀума дитина вайна, тӀом сацийна, нохчашна юкъахь барт бира, амма цо лелийначу дуккха а дикачу хӀуманашна тӀехь хиира нохчийн къам бехке доцийла цу шинна а тӀамехь. Иза Путинна а кхетийра цо. Халкъ Российгахьа а дара, халкъ хьекъале а дара. И хӀума корт чу а диллира цо. ШолгӀа – ши эзар доьалгӀачу шарахь Путинан дешнаш дӀаала луур дара суна, хӀунда аьлча хӀетталц Россехь хьийзош хилла болу нохчаша, цаьргахьа йолу отношени хийца яла йолаелира: «Дукха яра харцонаш советийн заманахь, адамийн бакъонаш дукха талхайора, иштта Кавказехь а, нохчийн халкъан а. Кху чохь болчарна хууш хир ду дуьненан ШолгӀа тӀом болуш Брест-гӀопехь турпаллица дуьхьало муха йина. Дуьненан шолгӀа тӀом чекхбаьлла 60 шо кхочуш ду. Эзар исс бӀе шовзткъе хьалхарчу шарахь фронт генна малхбалехьа дӀаяхнера, ткъа СССР-н малхбузера дозанехь йолу Брест-гӀап тола, дийна йиса цхьа а некъ болуш яцара. ГӀап ларъярхой тӀаьхххьара патармина, тӀаьхххьара цӀийн тӀадамна тӀехӀотталц тӀом ца сацийра. Инзаре доккха турпалаллин масал ду иза. Амма кӀеззиг болчарна бен ца хаьа, и гӀап ларъярхойн кхоалгӀа дакъа нохчий хиллийла, Нохчийчуьра бахархойн бараме диллича, Советски Союзан Турпалхойн терахь, билггал, массарел лакхара хир дара. ХӀетте а Сталина къиза сацам тӀеийцира Кавказера халкъаш махках даха, цаьрца цхьаьна Сибрех, Казахстане, кхечанхьа а дӀахьовсийра нохчий а. Харцонан луьрачу хьелашкахь кхелхира эзарнаш адамаш. Къилбаседера цхьайолчу лагершкахь хилла со. Тахана а ирча суьртахь го цигара хьелаш. Оцу а, кхечу а харцонаша кхоьллира халкъашна юкъахь цабезамаш, Ӏотбаккхамаш Советски Союз йоха а йоьхна, Росси пачхьалкх дӀакъаьстинчу муьрехь. 90-чу шерашкахь хиллачу куьйгаллина хӀума ала ца лаьа суна, цара Нохчийчохь диначунна, хӀунда аьлча ца хаьа, церан метта хилча, айхьа хӀун дийр дара. Ас а даха тарлора иштта гӀалаташ, ца даха а мегара. Амма хӀуъа делахь а мукӀарло дан догӀу, гӀалаташ довлийтира, уьш бахьанехь нохчийн хьалхара тӀом а хилира». Ши эзар кхойтталгӀачу шеран 7-чу сентябрехь В.В. Путина Петербургский форум чекхйолучу хенахь дина къамел ду хӀара: «Чеченцы, во-первых, пострадали во время репрессий, но чеченцы и ингуши очень много сделали для победы в Великой Отечественной войне. Вели себя исключительно мужественно, проявили себя как храбрые воины

и защитники Отечества. Это очевидный факт, чему есть многочисленные документальные подтверждения. Чеченцы – героический народ по менталитету. Так себя и вели в условиях, когда пришла беда в наш общий дом». Цул тIаьхьа, Ахьмат-Хьажа гIазотехь дIакхелхинчул тIаьхьа, Дала гечдойла цунна, цуьнан кIант Кадыров Рамзан вайн республикехь динарг а гуш ду вайна. Со а, сан хенара болу нах а тхайн оьмарехь Нохчийн Республика меттахIоьттина гур юй-те бохуш бара. Деа шарахь меттахIоттийра. ШолгIа кхин цхьа хIума а ду ала дезаш. Уггар луьра тIом хилла хIокху Нохчийчохь, ткъа тахана машаран гIароле дIахIиттина вайн кIентий. Тахана теракташ, адамаш дайар, спецоперацеш сих-сиха хуьлуш хьал ду ДегIастанехь, ГIебарта-Балкхаройчохь а, ГалгIайчохь а. ХIунда ду? Уггар коьрта бахьана суна хIун го. Кадыров Рамзана Нохчийчохь дуккха а нохчийн тIеман соединениш йира: батальон «Восток», батальон «Юг», А-Хь. Кадыровн цIарах йолу полк, иштта дIа кхин а. Царна хьалха а волий, ша а тIемалочун духарехь волуш, хьаннашкахь операциш еш, лелаш ву и. Гиний вайна цхьа а Магомедов, я гIебартойн куьйгалхо иштачу хьолехь хьалхаваьлла, Цхьа а куьйгалхо ма вац, тIеман подразделенеш а йина, ша царна хьалха а ваьлла, оцу Делан мостагIашца тIом беш. Вайна оьшург хIун ду тахана? Уггаре хьалха, Делан къинхетам хилла, вайн республикехь дIахIоьттина волчу куьйгалхочо бохург дар, цуьнан сий дар, тIаккха шолгIа, и вайх хьалха йийлина хилла йолу гIалатлонаш юха кхин ца йовлийта хьовсар, исторера урокаш эца хаар. Дала мукъалахь, вайн къоман хьекъал тоьур ду ша кхин Iеха ца дайта а, шен машаре дахар лардан а. ТIаккха вай хьехийначу тайпана баланаш кхин цкъа а вайна тIе а богIур бац.

*Оьрсийн маттара гочдинарг Бурчаев Х.Х.*

УДК 295

# КУНТА-ХЬАЬЖА ГУЬНА ВАРАХ А ЛАЬЦНА

© МОВСУР М. ИБРАГИМОВ

*Ша баккъал а къобалвинчу муридан ІиндагІал цунна генахь хир вац ша аьлла, Кишин Кунта-Хьаьжас*

Ша яздеш долу хІума литературан я историн цхьана буха тІехь яздан Іеминчу стагана хала ду цхьана наха дуьйцуш (уьш мел лераме нах белахь а) шена хезнарг халкъе дІакховдо. Амма вайна хууш ду нохчийн къоман истори дукхах ерг халкъан бартакхолларалица вайга схьакхачар. Цундела тхайн дайшкара хезнарг а, кхин болчу Іеламнаха йозанца дитинарг адарна кхерарна шун кхиеле кховдадо оха. И ду Кишин воІан Кунта-Хьаьжин дай (Киши, Шовхал, Ама) вайн махка кхачар а, царах вайн къомана а, кхидолчу къаьмнашна а хилла доккха беркат а.

Оцу нахера вайга схьакхаьчнарг ду Хьаьжин дай Іаьрбийн махкарчу Макка шахьарара схьабевлла хилар а, Делан а, Пайхамаран а «мухІажарш» хилла уьш ДегІастана бахкар а.

Церан некъ кху тайпана хилла: ГІирмехула (Крым) Абзахе (Абхазе) баьхкина, цигара ГІумхе (Суьлийн мохк) кхаьчна, цу меттигера схьабевлча ГІоьрдала биссина. ГІоьрдалахь велла, дІавоьллина ву Кишин денда Ама. Ама дІаверзийначул тІаьхьа Шавхалан доьзал Мелчахе охьабеана. Мелчахехь цхьа хан а яьккхина Иласхан-Юьрта схьакхелхина Киши-Хьажин доьзал.

Вайн махкахь яьккхинчу хенах дукхах ерг Кишин доьзало Иласхан-Юьртахь яьккхина, цундела цуьнан мурдаша Кунта-Хьаьжех Иласхан-Юьртара хьаьжа олу.

Амма, Кишин-Хьаьжас а, цуьнан гергарчу наха а кІеззиг хан ца яьккхина Гуьнахь (Хьаьжин-Эвлахь).

Муха тасаделла хилла Хьаьжин доьзалан гуношца гергарло? Гуьнарчу Даков-Хьаьжис дийцарехь Кишин денда Ама а, Воккхачу Кериман денда ГІирма-Хьаьжа а, Гуьмсал дехьара кхин цхьа стаг а (цуьнан цІе ца хаьа) Макка ХьаьжцІа воьдуш ГІирмехь цхьана нахехь буьйса йоккхуш сецна. Уьш Хьаьжин дай хилла, шайца Ама а волуш. Шаьш охьахевшинчу махкана реза боцуш болчу цара ГІирма-Хьаьже хаьттина шу дехаш долу мохк муха бу, аьлла? ГІирма-Хьаьжас чІогІа хастийна вайн мохк. Лаьмнаш а, шовданаш а, шорттадитташ а долуш бу тхан мохк, аьлла. И тайначу АмагІара ГІирма-Хьаьже дехар дина, шаьшшиъ юхавогІуш чуверзахьара, шаьш шуьца шун махка догІур дара, аьлла. Оцу тІехь барт а хилла, АмагІар ГІирма-Хьаьжица вай долчу богІуш ГІумхахь кІеззигчу ханна севцца.

Марзойн-Махкара Дилин Мохьаммад-ЯрагІис кху кепара дуьйцу и.

ГІирма-Хьаьжис Макка хьаьжийн цІа ваханчохь ворхІ шо хан яккхина. ХІора шарахь хьаж а деш. И хан йоккхуш вевзина хилла ГІирма-Хьаьжина Кишин денда Ама. Оцу гергарлонашна тІетевжина баьхкина АмагІар ДегІастана.

Цу хенахь тасаделла хилла Кишин Кунта-Хьаьжин дайн а, Вокхачу Кериман дайн а гергарлонаш. ГІирма-Хьаьжи Вокхачу Кериман денда хилла, уьш Гуьнахь бехаш а хилла.

И юкъаметтиг ларийна церан бераша а, берийн бераша а. Шайн дайша лелийна доттагІалла хилла Кишин Кунта-Хьаьжас а, Воккхачу Керима а лелийнарг. Кишин-Хьаьжера каламаташ а, Дала цунна дина дики а, шайна доьвзийнчултІехьа Зандакъара Хьаьжи а (гуной цу хенахь Зандакъара Хаьжис хьехна вирд а доккхуш и устаз лаьцна хилла) Сесанара воккха Хьаьжи а Кишин-Хьаьжица Гуьна а веана маьждига юххехь чардакх а доьгІна цу тІе а боьвлла гуношка кхайкхам бинера. ХІинцалц Зандакъахь вирд долуш дара шу тахана шун юьртахь устаз кхиъна, цундела тхан дехар ду шуьга Кишин-Хьаьжин вирде дерзар. Оцу дехарца, хазахетарца гуной Кишин-Хьаьжийн вирде бирзира цхьа Керим воцург. Шаьшшинна доттагІалла бахьана долуш Кишин-Хьаьжис Кериме ша устаз а ца лацайтина, ши доттагІ цхьаъ устаз важа мурид а хуьлийла дац аьлла. ТІаккха холча ваьллачу Керима хаьттина бахара Кишин-Хьаьже ша цхьаъ Зандакъахь вирд долуш висича кхиберш ахь хьехна вирд доккхуш хилча шена хІун хир дуте аьлла. Хьуна шина жих бекхначу Іахарна хилларг хира ду аьлла жоп деллера Мубарик Хьаьжис. И цара шайн тІаьхьенашна дитар

бахьана долуш доккха беркат кхаьчна гуношна. И беркат тахана а совдуьйлуш лаьтташ ду.

И шиъ цхьана хеннара хилла, (Посемейный список Ичкерийского округа 15.03.1867 г. Ф. 11, оп. 52, д.2 – кху тIехь Керима а 52 шо ду Хьаьжин йишин Хьаптийн 42 шо ду), цундела вовшашна тIекхачар цаьршиннан алссам хилла жима волуш дуьйна. Цхьацца болчу Iилманчаша а, Iелимнаха а яздарехь Кишин-Хьаьжи дуьнентIе ваьлла 1830 шарахь. И терахь цара архивехь долчу кехаташ (документаш) тIера схьаэцнехь а кьовсаме хета суна. Хьалхара: Вайна хууш ду Сесанара Воккха-Хьаьжа а Кишин-Хьажа а цхьаьна диване хийжар. Цул сов хаьа вайна и цхьана а волуш Зандакъара Хьаьжис гуной Киши-Хьаьжига «дIабалар». Кхин а хаьа вайна Сесанара Воккха-Хьаьжи дуьнентIера 1841 я 1843 шарахь дIавахар. И терахь (1830) нийса делахь Кунта-Хьажашен 12–13 шо долуш хийжина Воккхачу-Хьаьжица диване. И хуьлийла дац, хIунда аьлча шен 18 шо кхаччалц ша «мила» ву хаайтина вац Кунта-Хьаьжа. ШолгIа: 1867 шарахь кечйинчу Посемейный список тIехь Хьаптин 42 шо ду аьлла яздина ду. Вай лакхахь бийцинчу Iилманчаша дийцарехь 1867 шарахь Кунта-Хьаьжин 36-37 шо хуьлу. ТIаккха иза Хьаптел жима нисло. Вайна хаьа Кунта-хьаьжа Хьаптел воккха хиллий. КхоалгIа: Iилманчаша Мальсаговс а, Албагачиевс а, кхиболчара а, вайна хаарехь а Кунта-Хьаьжи Несиркоьрте гIалагIашка имане бахкар деха 1847 шарахь вахана. 1830 шарахь Кишин-Хьаьжи дуьнентIе ваьлла хилча шен 17 шо долуш бина цо и кхайкхам, оцу ханчохь а волуш исторехь цу тайпа кхайкхамш бина бац. ДоьалгIа: Гуношка, бартакхолларалехь а (дегара кIанте кхочуш) йозанца а схьадеанарг ду Кишин-Хьаьжа а Воккха Керим а цхьана хеннара хилар. И шиъ цхьана хенара а хилча, Керима 1867 шарахь йинчу Посемейный список тIехь 52 шо а хилча, Киши-Хьаьжин тхуна хетарехь дуьненатIевалар 1815 шарахь хилла. Оцу хено дукхохдерг дIанисдо. Воккхачу-Хьаьжица диване а шен 25–26 шо долуш хийжина хуьлу и. Гуьна кхо устаз веана хан а шен мета хIутту. Хьаптелвоккха хилара а дIанисло. Керим а Киши-Хьаьжа а цхьана хеннара хилар а чIагIло. Несере а шен 32 шо долуш вахана хуьлу. Оцу лаькхахь вай дийцинчо гойту 2015 шарахь Кишин-Хьаьжи дуьненатIеваьлла 200 шо кхачар. И хан вай тIеэцахь вайн йиш хир ю кху шарахь Кишин-Хьаьжин 200 шо кхачарна лерина цхьанакхетарш дан.

Хьаьжина хьала Гуьна ван лаьий хеъча шен нахаца дага а ваьлла Воккхачу Керима шен ворданахь цуьнан бахам а бохьуш, берийн ага шен белаш тIе а диллина Курчалой-Эвлахула ша волчу хьала валайна. ВогIуш-воьдуш Гуьнахь цхьайолу хан яккхина Хьаьжас. Цул тIаьхьа шена Гунойн лаьтта тIехь ваха пурба а даькхина хIинца йолу Хьаьжин-Эвла йиллина. И юрт юьллу меттиг Хьаьжис билгалъяькхича Керима аьлла хиллера: «Кхузахь муха ховшу шу охьа, кхузахь хи а ма дац». ТIаккха Хьаьжас хIинца Къулло долчу Iаса а Iоьттина элира боху – хи-м кхузахь хир дара аьлла. Иштта даькхина ду хIинца Хьаьжин-Эвлахь долу «Хьаьжин Къулло».

Цу заманчохь Кунта-Хьаьжин лаамца дина ду Хьаьжин йишин Хьаптин а, Воккхачу Кериман вешин Везин а захало. И захало дан Кишин-Хьаьжис Воккхачу Керимна тIедиллина хилла. И декхар шена кхочуш дан чIогIа хала хир дуйла хаайтина Керима Кишин-Хьаьжина, Хедех болчу бехкана. ТIаккха Кишин-Хьаьжа ша хьалха а ваьлла Воккха Керим а Гехай (имам Шамилан наиб хилла ву Геха) йоI Поха тIехьа а хIоттина Иласхана юьрта а вахана хьала ялайна шен йиша Хьапта Керима вешина Везина. Церан тIаьхьенаш тахана а Гуьнахь а, Хьаьжин-Эвлахь а, Марзойн-Махкахь а, кхечу ярташкахь а ехаш ю. Шен йиша Мата а елла Хьаьжас Эвтарарчу гуночуьнга Атабига.

Гуьнарчу наха доккха дозалла до Кишин Кунта-Хьаьжа шайн юьртахь Iар-дахар долуш хилла хиларх а, ша шен муридашна юкъа даьккхина долу чIагаран зуькар цигахь долорна а.

ХIинца а билгал ю Хьаьжин-Эвлахь (кегийчу кешнашкахь) устаза шен мурдаш вовшах а тоьхна дуьххьара чIагаран зуькар дина меттиг. Гоубаькккхина гIожмаш а йоьгIна, гуо ларбайта цунна гуонаха хайохур а тесна, долийра бохуш дуьйцу гуношца Iола-лахI, IуьлиллахI олуш долу чIагаран чехка зуькар. И зуькар Хьаьжигахула вайн дайшкара схьадеана доллушехь, тIе тоха а, дIадаккха а хIума а доцуш,цхьаболу цIе езаш болу нах и хийца гIерташ лела. Ас чIогIа тамаш бо оцу «муридех».

Хьаьжин муридашна боккха кхаъ хилира шен нана Хеда (Чартойн тайпана йолчу) дIакхелхича и дIайолла меттиг шайн лаьтта тIехь билгаляькхича. Хеда дIакхалхале Хьаьжис аьлла хиллера шен нене, меттиг а гайтина, хьо кхузе дIаерзо дагахь ву ша, аьлла. Баба-Хедас аьлла хиллера, ахь муха юллу ша кхузахь дIа, хIара чораш а евлла, бежнаш а лелаш, цхьа а каш а доцуш хьуьнаюкъ ма ю. Ша елча Иласхан-Юьртахь дIайолла, я Веданахь биэ шена кошан барз. Кишин-Хьаьжас шен нене аьлла хиллера, Маккахь-Мединатехь йолу еза меттигаш дIаевлча еза меттиг ю хIара. Хьан коша тIехь зиярат а хир ду, кхузара адам а хедар дац, хазъелла, тоелла дIахIуттур ю хIара.

Делан лаамца, Кадыров Рамзанан омрица и дерриг а вайна тахана гуш ду. Хьаьжин-Эвла

кхаччалц асфальтан некъ билийтина, некъаца чиркхаш а туьйсуш. Хьаьжа Іийна а, цо Іамалш йина а метигаш, зиярат, чІогІа исбаьхьа тодина. Хьаьжин а, цуьнан ненан Хедин а сийнна юртахошна газ йиллийтина, хиш а даладайтина. Оцу белхашна доккха баркалла олу Хьаьжин муридаша а кхиболчара а Кадыров Рамзанна.

Хеда дІакхелхинчул тІаьхьа а дикка Іийна Хьаьжа а, цуьнан доьзал а, хІинца йолчу Хьаьжин-Эвлахь. Шена детташ долу меттанаш совдевлча, Россин паччахьан Іедало ша лаца герга вахча, Гуьнара Иласхан-Юьрта охьа вахана Кишин Кунта-Хьаьжа, гуной ша лацарна тІаьхьарчу тІаьхьенашка бехке ца байта.

Цхьа эзар бархІ бІе кхузткъе доьалгІачу шеран кхоалгІачу январехь Кунта-Хьаьжа, Мовсар, Коврнакъа, Іалхан-Юьртара Тутгиреев Іабдусалам (Хьаьжин йозанча), ТІалиб Іедало схьалецна.

Оцу шеран ялхолгІачу январехь уьш Соьлжа-ГІаларчу набахтера Буру-ГІала дІабигна. Ткъа цигара Ставрополехула, Екатеринодарехула Новочеркасске бигна. Цигахь шен муридашца ялх бутт баьккхина Хьаьжас. Цул тІаьхьа Хьаьжа «даиманна а хан яккха» Новгородски губернин Устюжина гІала хьажийна. Іабдусалам, Коврнакъа, ТІалиб Смоленски губерни вигна. Мовсар Выборгски гІопе вуьгуш новкъахь Іедалан карара ваьлла, къайлах Уьстамала (Стамбул) дІавахна. Хьаьжас Устюжинехь ши шо сов хан яьккхина, цигара къайла ваьлла 1867-чу шеран 19-чу майхь. Дала къайле цІинйойла цуьнан. Хьаьжас махках волуш аьлла боху: «Шайга килсаш чу гІо бахахь, цу чу гІолаш, уьш гІишлош бен яц шуна, шун дегнаш цІена хилчахьана. Шайга коча жІараш охка бахахь, дІаохкалаш, иза эчиг бен яц шуна, ойла а, синош а бусулба хилчахьана.

Хьаьжин весеташца вай дахахь, вайн дахар маьрша а, хаза а, беркате а, токхе а хир ду.

Дала адамашна елла йолу цхьатерра бакъонаш чІагІъян пурба лойла вайна.

Кху балха тІехь ас яздинарг суна дийцинарш хІорш бу: Гуьнара Воккхачу Кериман кІентан ТІушалан воІ Сайд-Іаьлви (шен 86 шо долуш кхелхина 1978-чу шарахь). ТІушалан Дилин кІант Мохьмад-ЯрагІи (90 шо ду). Гуьнара Бугаев Даков-Хьаьжа (87 шо ду). Гуьнара Илесан кІант Увайс (75 шо ду). ТІушалан кІентан ИбрехІиман кІентий Сайд-Ахьмад а (шен 84 шо долуш 1994-чу шарахь кхелхина) Муьсли а (шен 82 шо долуш кхелхина 2000-чу шарахь).

УДК 4С (Чеч)

# НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРНИ МЕТТАН ЛАРД КХОЛЛАЯЛАРАН ЭТАПАШ

© Н.Н. АЛЬБЕКОВ

«Литературни мотт къоман юкъараллин дахар кхиоран, цуьнан материальни а, син-бахаман апрогрессанкоьрта гIирс бу, халкъо социальни нийсо хIотторан некъахь бечу къийсаман а, халкъ кхетош-кхиорехь а, иза культурин а, техникин а, Iилманийн а хиллачу баххьашка боккху гIирс а бу», – боху оьрсийн гIарваьлла вевзашволчу меттан Iилманчас В.В. Виноградовс [1].

Iилманан барамца дуьстича, халкъан литературни мотт кхоллабалар масех а этапе декъалуш ду. Хьалхара этап оцу халкъо шел а кхиънадолчу халкъан йозанан литературни мотт лелабар ду. Масала, Европехь иштта мотт латинийн мотт хилла, Азехь, ширачу хенахь, – китайски мотт, ткъа Къилба-Азехь – Iарбойн мотт хилла иштта кх. дI. Вайн махкахь а лелла Iарбойн мотт цхьана хенахь йозанан литературни меттан функцеш кхочушъеш.

ШолгIа этап – халкъан меттан диалекташ юкъахь цхьа диалект юкъараллин-политически а, культурно-экономически дахарехьвукхарел а жигараяларца йоьзнаю. Диалектан жигаралла алсамъяларан коьртачех бахьанаш оцу диалектехь къамел деш долу халкъан дакъа кхечарел дуккха а доккха хилар а, экономически гIолечу хьолехь хилар а, кхечу къаьмнашца йолу культурни зIенаш а, уьйраш а алсамйийлар аиштта кх. дI. а ду.

Нохчийн хIинцалера литературни мотт кхоллабаларан шолгIа йолу этап вайн къоман уггаре а даккхий тайпанаш Нашхара мацах цкъа шаьш даьхначу Нохчамохк олучу территори тIесехьа а девлла (Нажи-юьртан, Веданан, Куршлойн, Гуьмсен, Шелан кIошташ), цигахь шолгIа а чIагIделла, дахаховшар ю. И мур 10-чу бIешерера 15-чу бIешере кхаччалц бахло, цхьаццадолу тептаршца дуьстича [2]. Нохчамохк шен ландшафтни хьолаца а (ялта а, даьхни а кхио аьтту хиларца), гондIа дехачу къаьмнийн латтанца долу доза деха хиларца а (цуьнга хьаьжжина, цаьрца йолу уьйраш а) дуккха а гIолечу позицехь хилла ламанца йолчу вайн кхечу территорел. Цундела кхузахь сихха кхоллало мехкан политически а (Мехк-кхиэл гулло Кхеташ корта – ЦIоьнтарахь), экономически а центраш. И хьелаш бахьана долуш къам диэбаран барам а алсамболу. 16-гIа чакхдолуш, 17-гIа бIешо долалуш оцу территори тIехь, лаххара дуьстича а, халкъан 70% дакъа деха. Нохчийн халкъан оццул доккха дакъа Нохчмахкахь дехаш хиларе терра, кхузахь буьйцучу меттан (диалектан) фонетически, морфологически, синтаксически норманаш мелла а цхьатера хилар бахьана долуш а, халкъан дуккхахйолу фольклоран произведенеш (иллеш, кицанаш, хIетал-металш иштта кх. дI.) оцу диалектехь хилар бахьана долуш а, оцу диалектан лексически а, грамматически а хьал мелла а туоло.

Монголаш а, тюркски цхьадолу къаьмнаш а тIелатале хьалха шен хиллачу махканохчийн халкъ юхадоьрзуш (нохчийн аренга), уггаре хьалха а, уггаре дукха а аренга бевлларш нохчмахкара нах хилла (Беной, Билтой, Гедарганой, Гуной, ГIоьрдалой, Зандакъ, Ишхой, Шоной, Сесаной, Харчой, ЦIонтарой, Iаларой, Энганой, Эрсаной иштта кх. дI.). ХIунда аьлча, цкъа-делахь, адам ломахь дукха гулдаларна, шолгIа-делахь, шайгара нуьцкъаха схьабаьккхина мохк юхаберзо хIинца шайгахь хьал хиларна а. Оцу аренга охьадолучу адамах доккхах долу дакъа хIинцалерачу Нажи-юьртан, а Веданан а кIошташкара хиларе терра, цигара диалект нохчийн аренан юкъара мотт а хилла дIахIутту хан нохчийн литертурни меттан кхоалгIа этап ларало. Цуьнца дуьстина ала догIу С.М. Джамирзаевс шен Iилманан кандидатски диссертаци тIехь билгалдоккхург: «Фонетически а, морфологически а, синтаксически а исторически-дустаран анализ яро гойту Нажи-юьртан матто, цуьнан статусан хьесапдича, хIинцалерачу литературни а, ламаройн а (чIеберлойн, шаройн иштта кх. дI.) метташийн юккъера кеп дIалоцуш хилар» [3]. Вайн махкахь а, цул арахьа а вевзашволчу мотт талламхочо К.З. Чокаевс а боху: «Нажи-юьртан кIоштан мотт арарчу диалектан лард лара мегар ду» [3, 4]. Амма, ерриге а диалектах лаьцна аьлча, цуьнан доза цхьана Нажи-юьртан кIоштаца кхача-

луш дац. Веданан а, Нажи-юьртан а кIошташкара диалект цхьаъ лара мегар ду, оцу меттан синтаксически а, морфологически а, лексически а форманийн анализ йича. Вайна цу юкъахь билгалйовлу башхалонаш кхин дIора классификационни маьIна долуш лара мегар яц, хIунда аьлча, ур-атталла дозанца цхьана хоттаелла йолчу шина юртахь а карайо и тайпа башхалонаш. Цундела билгалдаккха мегар ду, нохчийн литературни меттан лард билгалъеш, Iора йолург берриге а нохчмахкхойн диалект ю. Я.З. Ахмадовс шен балха тIехь а чIагIдо иза: «Нохчамохк нах уггаре а луьста бехаш меттиг хилла Нохчийчохь, цу тIе, политически агIор дуьстича, уггаре нуьцкъала а. Цхьа ша-тайпа – ахархойн республика. Оцу мехкан бахархоша цхьана нохчмахкхойн диалектехь мотт буьйцу. И мотт нохчийн литературни меттан лард ю.» [5, с. 164].

Кавказан тIом чекх а баьлла, адам, тIеман хеннаца дуьстича, мелла а даха маьрша дисича, Шелан а, Хьалхара-Мартанан а кIошташкахь хеневала ломахьчул бегIийла хьал долу дела а, нагахь тIом юха а балахь, лома юхахьалаваха уллохь долу дела а вайн халкъан экономически коьрта центраш оцу шина юртахь дIахIуьтту. И бахьана долуш оцу ярташка а, царна гондIа а дахавайн мехкан тайп-тайпана маьIIера адамаш кхалха долало. ХIинццалц кхузахь буьйцучу нохчмахкхойн маттанакхечу диалекташкара дешнаш а, церан классификационни цхьацца форманаш а юкъаяхка юьйлало. Амма билгалдаккхa деза, оцу керла юкъакхеттачу меттан гIирсаша ша и нохчмахкхойн диалектан лард хийцаяллал тIеIаткъам бина цахилар. Делахь а цхаццадолу дешнийн синонимически а, классификационни а варианташ кхузахь олуш йолчуформанашца маттахь чIагIло. Масала, нIаьна – боргIал, тезет ду – тезет ю иштта кх. дI. И хан нохчийн литературни меттан йоьалгIа этап лара мегар ду.

Советан Iедал а хIоьттина, нохчийн йозанан бух а кхоллабелла, вайн къоман литературин а, культурин а, дешаран а кхиар дIадоладеллачу шерашкара (XX бIешеран хьалхара дакъа) дуьйна таханалерачу дийне каччалц йолу хан вайн литературни меттан пхоьалгIа этап лара мегар ю.

Мотт даимна а кхуьуш, къоман исторически а, политически а, культурни таханалерачу хьолаца нислуш йолу цхьа ша тайпа система ю. Амма иштта кхечу, мелла а политико-культурни хьал тоьлашдолчу къаьмнаша а бо нохчийн маттана боккха тIеIаткъам. Цуьнца доьзна гучудолу дуккха а кхачамбацарш. Цул сов, тахана нохчийн йозанан орфографехь а карайо цхьана дешантайптайпа язйина варианташ. И кхачамбацарш дIа а дохуш, меттан цхьа стандарт хIотто еза хан тIекхаьчна.

ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА


1. *Виноградов В.В.* Избранные труды. История русского литературного языка. М., 1978. С. 288.
2. *Исраилан Джабраилан тептар*. ДегIастанехь хиллачийн хронологи.
3. *Джамирзаев С.М.* Ножай-Юртовская речь в ее отношении к чеченскому литературному языку (историко-сравнительный анализ). Дис. на соискание к.ф.н.
4. *Чокаев К.З.* Нохчийн халкъан юкъара мотт а, литературин мотт а // Материалы Региональной научно-практической конференции «Чеченский язык: проблемы и перспективы развития», посвященной Дню чеченского языка. Грозный, 2012. С. 3.
5. *Ахмадов А.З.* История Чечни с древнейших времен до конца XVIII века. С. 164.

УДК 4С (Чеч)

# КОМПАРАТИВИСТИКИН КЕРЛАЧУ КХИАМАШКАХЬ НОХЧИЙН МОТТ КХОЛЛАБАЛАРХ ЛАЬЦНА

© И. БЫЗОВ

Къилбаседа Кавказан меттанийн, фонетикин башхаллаш тидаме а оьцуш, Кавказан меттанийн Іилманехь мехала белхаш дуьххьара бан болийна лара мегар ду XX-чу бІешеран 20-чу шерашкахь, эмиграцехь волчу оьрсийн лингвиста-Іилманчас Н.С. Трубецкойс шен хьалхара Іилманан болх зорбатоьхначу хенахь. Ф.Ф. Фортунатовн школин буха тІехь язбина и болх Кавказан Іилманехь боккха кхиам бара, и карарчу хенахь а хаарийн лаккхарчу тІегІан тІехь бу. Н.С. Трубецкойс билгалдаьккхина малхбале-малхбузе Кавказан меттанашкара бІеннаш дешнийн-лардийн гергара хилар, цуьнан и билгалдахарш къобалдина ду цул тІаьхьа а мел бинчу талламашкахь. Дуьззина аьлча, шен исторехь меттан Іилмано Кавказан а, ТІехьа-Кавказан а ширачу меттанийн гергара хиларан билггалдолу суртхІоттийна, тоъал тІе а чІагІдина церан гергарлонан тІегІе.

Мацах цкъа Кавказан-иберийски меттанаш цхьана бух тІера хиларан хьокъехь дуьххьара теори хьалхатеттина 1895-чу шарахь Австрерачулингвиста Р. Эркерта. 1929-чу–1930-чу шерашкахь линвгвисташа Р. Лафтана а, Н.С. Трубецкойс айина, К.В. Ломтатидзес а, А.С. Чикобавас а къобалйина йолу и теори (Къилбаседа Кавказан меттанийн доьзал гергара бу картвельски меттанийн доьзалца (гуьржийн, менгрелийн, лазийн, сванийн) бохург шех тешош бух болуш цахилар гайтина замано (Климов). Ф.Ф. Фортунатовс XIX-чу бІешеран чаккхенехь Кавказан регионера меттанаш къастадора къилбаседа-къилбакавказан меттанаш санна. Церан гергарло хилар тІечІагІдеш дуккха а шерашкахь къийсамаш биначул тІаьхьа, церан жамІ деш тІаьххьара язбина Іилманан болх бара С.А. Старостинан статья, цо глоттохронологин методан бух тІехь билгалдаьккхина билггалйолу корреспонденцеш картвельски ширачу меттанийн, цхьана агІор, малхбузе-малхбалекавказан – вукху агІор а. Іилманчас ша ма-аллара, дуьззина схьаэцча, фонетикехь а, лексикехь а цхьаьнадараш нисделла дуккха а хьалха, мел кІелхьара 6-7 эзар шодуьйна, къилбаседа-къилбакавказан вовшашца зІенаш хилар бахьанехь. Шел хьалхарчарал кхидІа а вахана Карл Боуда, къилбаседакавказхойн а, картвелийн гуонера меттанаш баскийн маттаца дуьстина цо. Вайзаманан компаративисташа (меттанаш схьадовлар дустархоша) оцу меттанийн гергарло хилар къобалдо дене-синокавказхойн гонехь, картвелийн меттанаш царах дІа а къастош. О.С. Широковна хетарехь, хІара ду аьлла гуш гергарло дац къилбаседакавказхойн меттанийн. Цу Іилманчас бахарехь, меттанаш кхолладаларан кхоъ туш ду, цуьнца доьзна, кхоъ шира мотт а болуш: малхбалекавказхойн, малхбузекавказхойн, къилбакавказхойн. ХІетте а иштта хетар къобалдешберш дукха бац, ткъа къилбаседакавказхойн меттанийн гергарло хиларан теори вайзаманан компаравистикехь айина ю. Кавказера меттанийн Іилманехь къахьоьгучех билгалбаха богІу: Алексеев М.Е., Бокарев Е.А., Гигинейшвили Б.К., Гудава Т.Е., Климов Г.А., Старостин С.А., Халилов М.Ш. Нахийн меттанашкахула къахьоьгуш болу Іилманчаш билгалбохур бу вай: Алироев И.Ю, Альмурзаева П.Х., Арсаханов И.А., Арсемикова Б.С., Вагапова Т.М., Гиреев В.Ю., Дешериев Ю.Д., Долакова Р.И., Имнайшвили Д.С., Карасаев А.Т., Магомедов А.А., Мациев А.Т., Оздоева Ф.Г., Сельмурзаева Х.Р., Старостин С.А., Султыгова М.М., Чапанов О.В., Чокаев К.З., Яковлев Н.Ф. Малхбалекавказхойн доьзалера нахийн тобанера вайнехан меттанийн ганахбу нохчийн мотт, дукхахболчу талламхошна хетарехь, къилбаседакавказхойн сино-кавказхойн я дене-сино-кавказхой меттанийн тобанехь бу, цу юкъабалабо сино-тибетхойн макродоьзал (китайхой, тибетхой меттанаш), баскийн, енисейхойн меттанаш, бурушаски, дене меттанаш а (индейцийнметтанаш: апачи, навахо, тлинкиташ, эякийн, кхиберш а). И классификаци массара къобалйина яц, цу тІехь кІоргене ца гІертар вай. Билгалдаккха деза, сино-кавказхойн дІасакъестар лору герггарчу хьесапехь 10660 шо вайн шоІарал хьалха, шина гене – кавказхойн-енисейхойн-баскийн-бурушескийн, дене-сино-тибетхойн а. Шен рогІехь вайн шоІарал хьалха 8330 шарахь хьалхарчу тобанах дІакъаьстина баскийн-кавказхойн тоба, вайн шоІарал хьалха 6880 шарахь башхаллаш кхоллаелла къилбаседа-кавказхойн а, баскийн а меттанийн доьзалшкахь. Талламаш беш карийначух вай билгалдоккхурду и терахьаш цхьана билгалоне далош хилар, хьунда аьлча, мотт – чохь са долуш бу. Юха а

билгалдаккха догӀуиштта терахьаш билгалдахарна тӀехь цхьабарт бац Ӏилманчийн. Лакхахь дерг хьесапе а оьцуш, пайдаоьцур бу тӀаьххьара далийначу терахьех, уьшэнеолитан а, борзанан хьалхара муьран а тӀегӀанехь ду. Къилбаседакавказхойн меттан Ӏилманехь массарел адукха теллинарг нахийн меттанаш бу, и доьзна ду нохчийн Ӏилманчас Ю.Д. Дешериевс цу тӀехь къахьегарца. Ӏилманчас Сводеша глоттохронологин метод хьалхатеттина, и массара бохург санна къобал а йина. Цул тӀаьхьа иглоттохронологин кеп тоеш, тӀеюзуш Ӏилмане ялийна С.А. Старостина, керла логарифмически гӀирс а бохьуш, цо 90–95% гойту меттанистори, йозанан бух тӀехь тӀечӀагӀйина а йолуш. Иштта, малхбалекавказхойн меттанаш дӀасакъастаран терахь масийттаза дийцаре дира Ӏилманчаша. Масех вариант а хьалхатеттира. Массарел евзаш йолчех цхьаъ билгалйоккхур вай: Бокарев, Касьян А. И таллам Ӏилмано дуьненна бовзийтира 2009 шарахь, и къобал цаешберш а бара, цуьнан жамӀца, къилбаседакавказхойн метанийн доьзал дӀасакъастаран хан лерина вайн шоӀарал хьалха 3800 шо. Оха а талламбира глоттохронологин, малхбалекавказхойн меттанийн базисан лексикехь цхьанадогӀурш а карийра, С. Старостинан методикица вайн шоӀарал хьалха 3600-3100 шераш билгал а дохуш. И тӀегӀанисло Майкопан археологин культуран муьран юьххьехь. Эдагийн дуьххьарлера мотт малхбузекавказхойн меттанех дӀакъастар герггарчу хьесапехь в.ш.хь. 640 шо лору. М.В. Андрееван талламаша аьтто бира цуьнан лаххара терахь къасто – в.ш.хь. IV эзар шо. Майкопера керамика терайогӀу Малхбале Анатолин Арслантеперчуьнца, оцу культурин ХӀирийчуьра, Нохчийчуьра, ГӀалгӀайчура а керамика Галюгай юьртахь карийна, Р.М. Мунчаевс бахарехь, иштганиш карийна Урукехь а, Месопотамехь а. Царах тера кепаш карайо Шемера Телль Хазин I юьртахь. Малхбалекавказхойн меттанаш Юххерамалхбалера схьабевлла хилар дийцаре деш, билгалдоккху нахийн тоба нахийн-дегӀастанхойн цхьааллех къастар Сири-Месопотамо-Анатолийн регионера мехкаш тӀехь уьш Ӏаш болчу хенахь аьлла.

Цу кеппара, глоттохронологин гайтамашца, нахийн тоба дӀакъастар борзананмуьран юьххьехь хилар лору. А. Касьянан хьесапашца, малхбалекавказхойн меттанаш дӀасакъастар дӀадоладелла в.ш.хь. 3270 шарахь лаьзгийн тоба дӀакъастарца, в.ш.хь. 2760 шарахь дӀакъаьстина нахийн га. Вайн шоӀарал хьалха 150 шарахь нахийн тоба екъаелла вайнехан а, бацойн а гаьннашка. Къилбаседа Кавказехь аланийн культура кхиа йолало мур бу и. Ширачу тептарша бахарехь, 49-чу шарахь аорсаш бехаш бу Къилбаседа Причерноморьехь. Аланаш иранхойн мотт буьйцуш хилла боху концепци юху, аланийн этногенез талла йолийча. Аланийн полиэтничность бух болуш ю, Алани-пачхьалкх ДегӀастанера дӀа Кубане кхаччалц хилла хилар аьлча.

XVI-чу бӀешарахь бацой Владикавказан арентӀера Малхбале Гуьржийчу дӀабахна. Цуьнан бахьана хилла хӀирийн шира дай боккхачу барамехь арентӀера лома дӀакхалхар, и билгалдаьккхина ду краниологин талламийн материалаш тӀехь. Шакъаьстина хаттар ду нахийн-хурритийн-урартхойн гергарлонах дерг. Стенан буха тӀехь ду и? Хьан тӀечӀагӀдина, мичахь билгалдаьккхина? ТӀечӀагӀдина ду хурритийн-урартийн изоглоссаш нахийн-дегӀастанхойнчарна гергара хилар. Ткъа изоглоссаш гергара хиларома ца боху меттанаш гергара ду, оьрсийн маттехь дукха тюркизмаш хиларо ма ца боху и тюркийчунна гергара бу. Гергарлонан тӀегӀа къастош базисан лексиках пайдаэца беза. Лексико-статистикин къастар а, хурритийн-урартийн-глоттохронологи таллар а дӀадаьхьна Россера лингвиста А. Касьяна. Хурритийн-урартийн меттанаш дӀасакъастар в.ш.хь. 2500 шо лору А. Касьяна. Шайна тӀе тидам бохуьйтуш ю нахийн-хурритийн-параллелаш, уьш базисан лексикера ду: нах. хаç̃a = ХУhaš – «хаза», нах. ur = хурр. hiuri – кӀур, нах. ši□ = хурр. šini – шиъ. Оцу дешнийн параллелаш яц кхечу меттанашкахь, уьшнахийн – ХУ изоглоссаш ю. Цукеппара, нагахь хурритийн – урартийна, кавказхой а меттанийн юкъахь гергарло делахьа, и енисейн-кавказан цхьааллин муьрера ду, в.ш.хь. 10660–8330 ш.ш., енисейски а, къилбаседакавказхойн а меттанашкара изоглоссаш цхьанайогӀуш хиларца билгаладолуш. Уггар а чӀагӀъеллачу лексикин масалш далор вай хурритийн-урартийн а, нахийн а меттанашкара:

бӀаьрг – хурр. ši/ šihi = нах. в □ari□
шиъ – хурр. šini = нах. ši□
цӀе – хурр. tije - нах. цӀе
тӀулг – урарт. ka□uli = нах. qera
мила – хурр. awi / abi = нах. мила
вай – хурр. šattilla / šieš- /šaš = нах. waj / тхо
цӀе (огонь) – хурр. tari = нах. цӀе
хьо – хурр. fe = нах. huo
со – хурр.is / šu, урарт. ištidi / ieši = нах. со

УДК 4С (Чеч)

# ТЕРАХЬ ДЕШНАШ ЯЗДАР КЕПЕ ДАЛОРАН КРИТЕРИЙ

© А.Д. ВАГАПОВ

Массаллин терахьдешнаш

Таханлера нохчийн коьрта массаллин терахьдешнаш иштта ду:

*цаI//цхьаъ*
*шиъ*
*кхоъ*
*диъ*
*пхиъ*
*ялх* [*йалх*]
*ворхI*
*бархI*
*исс*
*итт*
*ткъа*
*бIе*
*эзар*

Вайна ма-гарра, орамехь тахана тайп-тайпана аьзнаш ду – *а, и, о, э*. Этимологин талламо гойту, оцу кхойтте а терахьдешнийн орамехь хьалха деккъа цхьа а-аз бен хилла цахилар, ткъа кхано иза и-не, э-не, о-не дерзар. Масала:

*цаI//цхьаъ*<цхьа<ца ‘церг, ира хIума, кIохцал’

*ши*<ша (хьовса: *ша* ‘ге, гулчI’, *шала*, *шалха*)

*кхоъ*<кха(хьовса: *кхаанна*, *кхаамма*)

*диъ*<дакъ‘еакIов дакъа’ (хьовса: *дакъа*, *диекъа*)

*пхиъ*<пха‘пхи пIелг болу куьг’, пха, пхьа.

*ялх*<йалх ‘(пхеаннал) сов, тIех, дуккха, алсам’

*ворхI*<вархI ‘ворхI седа’, ср. хурр. wairh ‘семь звезд, Плеяды’

*бархI*<бархI‘бархI цифрех тера болу *бера*, беха (8-гIа) пIелг’

*исс*<*асс ‘исс бутт, керла *са* дуьнен тIе долу хан’

*итт*<*атт ‘(кхин а) аьтту куьг, аьтту пхи пIелг’

*ткъа*<ткъа // тIа ‘диъ тIа, еэ а тIаьрзе’

*бIе*<беIе < баIе ‘несметное число, полчище; множество колючек на чертополохе, столетнике; войсковая сотня’, хетарехь, фонетически хийцамаш хилла *баIар* > *бIара, даIам* > *дIама, дахьа* > *дIа* санна.

*эзар*<азер // азир. ХIара дош тIеэцна лору, хьовса: дарг. *азир*, рутул. *аазыр*, арчин. *гIазыр*; венг. ezer, курд. һezar, кафир. azar, һezar ‘тысяча’.

Массаллин терахьдешнех -*алгIа* суффикс тIекхетарца рогIаллин терахьдешнаш кхоллало аьлла ду вайн Iаматаш тIехь. Амма, цкъа-делахь, этимологически (исторически) иза -*алгIа* а йоцуш, -*улгIа* // -*уолгIа* суффикс хилла. ШолгIаделахь, иза таханлерчу массаллин терахьдешнийн форманашна тIекхеташ яц, амма хьалхалерчу орамехь а, ие хиллачу форманашна хIокху кепара тIекхеташ ю:

*цхьа* >*цхьа-улгIа // цхьа-уолгIа*>*цхьаолгIа // цхьоалгIа // цхьолгIа* (диалекташкахь), лит. *хьалхара*

*ша*>*ша-улгIа // ша-уолгIа*>*шолгIа*

*кха*>*кха-уолгIа* > лит. *кхоалгIа*> диал. *кхолгIа*

*дие*>*дие-уолгIа* > *дуоьалгIа* (хьовса: *диеанна, диейтта*)

*пхие*>*пхие-уолгIа* > *пхуоьалгIа* (хьовса: *пхиеанна, пхиеамма*)

*йалх*>*йалх-уолгIа* > *йолхалгIа* (цундела *ялхалгIа, ялхолгIа* яздар нийса дац)

*вархI*>*вархI-уолгIа* > *ворхIалгIа*

*бархI*>*бархI-уолгIа* > *борхIалгIа* (кхузахь го *бархIолгIа* «промежуточный вариант» хилар)

*исс*>*исс- уолгIа* > *уьссуолгIа* > *уьссалгIа*

*итт*>*итт-уолгIа* > *уьттуолгIа* > *уьтталгIа*

Схьакхетарехь, *уьссалгIа,уьтталгIа* ши терахьдош орамера а > и -не дирзанчул тIаьхьа кхолладелла.

Изза горгдаларан ассимиляци хуьлу иттанал сов долчу рогIаллин терахьдешнашкахьа:

*цхьайтта* > *цхьайтт-уолгIа* > *цхьойтталгIа*

*шийтта* > *шийтт-уолгIа* > *шуьйттуолгIа* > *шуьйтталгIа*

*кхуойтта* > *кхуойтт-уолгIа* > *кхуойтталгIа*

*диейтта* > *диейтт-уолгIа* > *дуоьйттуолгIа* > *дуоьйтталгIа*

*пхийтта* > *пхийтт-уолгIа* > *пхуьйттуолгIа* > *пхуьйтталгIа*

*йалхитта*>*йалхитт-уолгIа*>*йалхуьттуолгIа* > *йолхуьтталгIа* (хьовса: Абу Исмаилов «Дош», *йолхуьйтталгIа*, 538 агIо; Эсхаджиев, 2010: 80)

*вуьритта* > *вуьритт-уолгIа* > *вуьруьтталгIа // вуьритталгIа*

*беритта* > *беритт-уолгIа* > *боьруьттуолгIа // боьритталгIа*

*ткъоьсса(на)*>*ткъоьссалгIа // ткъоьссаналгIа*

*ткъа>ткъа-уолгIа > ткъуолгIа*
*шовзткъа >шовзткъуолгIа >шовзткъалгIа*
*кхузткъа >кхузткъуолгIа >кхузткъалгIа*
*дуоьзткъа>дуоьзткъуолгIа>дуоьзткъалгIа*
*бIа >бIа- уолгIа > бIуолгIа*
*эзар>эзар-уолгIа > уоьзаралгIа* (хьовса: Абу Исмаилов «Дош», *оьзаралгIа*, 540 агIо)

Хенан йохалла -*улгIа*//-*олгIа* суфиксера горга аз, гIел а делла (= редукци а хилла), *а*-не дирзина. Цундела тахана рогIаллин терахьдешнийн суффикс -*алгIа* лору вай. И ю *миллион, миллиард* дешнашна тIекхеттарг а, уьш маттана тIаьхьа юкъадахкарна: *миллионалгIа, миллиардалгIа*.

Эцаран терахьдешнийн (я царах хиллачу куцдешнийн) суффикс -*зза* олий къастайо вай тахана. Амма кхузахь а вайна хаа деза исторически иза -*узза* хиллий. Орамера аз горгадаларна бехкениг суффикс юккъера горга -*у*- ду. Масала:

*цхьа >цхьа-узза>цхьаозза* (мотт дика ца хууучеран маттахь, вуьшта –*цкъа*)
*ша>ша-узза>шозза*
*кха>кха-узза > кхоазза>кхузза*
*дие>дие-узза > дуоьазза*
*пхие>пхие-узза > пхуоьазза*
*йалх>йалх-узза > йолхазза*
*вархI>вархI-узза > ворхIазза*
*бархI>бархI-узза > борхIазза*
*исс>исс-узза > уьссазза*
*итт>итт-узза > уьттазза*

*цхьайтта > цхьайтт-узза > цхьойттазза*
*шийтта > шийтт-узза > шуьйттазза*
*кхуойтта > кхуойтт-узза > кхуойттазза*
*диейтта> диейтт-узза > дуоьйттазза*
*пхийтта > пхийтт-узза > пхуьйттазза*
*йалхитта> йалхитт-узза > йалхуьттазза > йолхуьттазза*
*вуьритта > вуьритт-узза > вуьруьттазза*
*беритта > беритт-узза > боьруьттазза*
*ткъоьсса(на)>ткъоьссазза // ткъоьссаназза*
*ткъа>ткъа- узза > ткъуозза*
*шовзткъа >шовзткъузза >шовзткъазза*
*кхузткъа >кхузткъузза >кхузткъазза*
*дуоьзткъа>дуоьзткъузза>дуоьзткъазза*
*бIа >бIа-узза > бIуозза*
*эзар>эзар-узза > уоьзарзза*

*дуьххьара*
*шозза* – шозлагIа
*кхузза* – кхозлагIа
*дие>дие-узза > дуоьазза*
*пхие>пхие-узза > пхуоьазза*
*йалх>йалх-узза > йолхазза*
*вархI>вархI-узза > ворхIазза*
*бархI>бархI-узза > борхIазза*
*исс>исс- узза > уьссазза*
*итт>итт-узза > уьттазза*

*цхьайтта > цхьайтт-узза > цхьойттазза*
*шийтта > шийтт-узза > шуьйттазза*
*кхуойтта > кхуойтт-узза > кхуойттазза*
*диейтта> диейтт-узза > дуоьйттазза*
*пхийтта > пхийтт-узза > пхуьйттазза*
*йалхитта> йалхитт-узза > йалхуьттазза > йолхуьттазза*
*вуьритта > вуьритт-узза > вуьруьттазза*
*беритта > беритт-узза > боьруьттазза*
*ткъоьсса(на)>ткъоьссазза // ткъоьссаназза*
*ткъа>ткъа- узза > ткъуозза*
*шовзткъа >шовзткъузза >шовзткъазза*
*кхузткъа >кхузткъузза >кхузткъазза*
*дуоьзткъа>дуоьзткъузза>дуоьзткъазза*
*бIа >бIа-узза > бIуозза*
*эзар>эзар-узза > уоьзарзза*

Оцу вай ялийначу аьзнаш хийцадаларан процессех шекволчо диалекташка ладугIийла.

Нагахь санна рогIаллин, эцаран терахьдешнаш яздарехь этимологина тIе ца товжахь, кхин тIетовжа бух ца хуьлу вайн. Хиллачу -*улгIа* суффиксан тIеIаткъамца орамера аз горгдалар вай къобалдахь, юьхьарлаца орфографин цхьа принцип хир ю вайн, къобал ца дахь, орфографин цхьа а принцип йоцуш дуьсур ду вай, хIораммо шена хет-хетарш а яздеш.

Лакхахь вай массанхьа а дифтонгаш язйинера, аьзнех нийса кхетийтархьама. Амма иза аьттехьа йозанехь вай дифтонгаш лело еза бохург дац. Аьллачух цхьаьнгга а шалхо ца яйта, оха терахьдешнийн тхаьш магош йолу кеп ялайо юьззана:

Масаллин: цаI // цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ, ялх, ворхI, бархI, исс, итт, цхьайтта, шийтта, кхойтта, дейтта, пхийтта, ялхитта, вуьритта, беритта*, ткъоьссана, ткъа, ткъай цаI, ткъай шиъ… ткъай итт… шовзткъа, кхузткъа, доьзткъа, бIе, эзар.

РогIаллин: хьалхара, шолгIа, кхоалгIа, доьалгIа, пхоьалгIа, йолхалгIа, ворхIалгIа, борхIалгIа, уьссалгIа, уьтталгIа, цхьойтталгIа**, шуьйтталгIа, пхуьйтталгIа, йолхуьтталгIа, вуьруьтталгIа, боьруьтталгIа, ткъоьссалгIа//ткъоьсналгIа, ткъолгIа, шовзткъалгIа, кхузткъалгIа, доьзткъалгIа, болгIа, оьзаралгIа, миллионалгIа, миллиардалгIа.

Эцаран: цкъа, шозза, кхузза, доьазза, пхоьазза, йолхазза, ворхIазза, борхIазза, уьссазза, уьттазза, цхьойттазза, шуьйттазза, кхойттазза, доьйттазза, пхуьйттазза, йолхуьттазза, вуьруьттазза, боьруьттазза, ткъоьссазза, ткъозза, шовзткъазза, кхузткъазза, доьзткъазза, бIозза, миллионазза, миллиардазза.

Вай дийцинчунна жамI деш, таблица хIоттийча, дика хир ду.

***Терахь дешнаш нийса яздаран таблица***

| *Массаллин* | *РогIаллин* |
|---|---|
| *цхьаъ* | *– хьалхара* |
| *шиъ* | *– шолгIа* |
| *кхоъ* | *– кхоалгIа* |
| *диъ* | *– доьалгIа* |
| *пхиъ* | *– пхоьалгIа* |
| *ялх* [йалх] | *– йолхалгIа* |
| *ворхI* | *– ворхIалгIа* |
| *бархI* | *– борхIалгIа* |
| *исс* | *– уьссалгIа* |
| *итт* | *– уьтталгIа* |
| *цхьайтта* | *– цхьойтталгIа*** |
| *шийтта* | *– шуьйтталгIа* |
| *кхойтта* | *– кхойтталгIа* |
| *дейтта* | *– доьйтталгIа* |
| *пхийтта* | *– пхуьйтталгIа* |
| *ялхитта* | *– йолхуьтталгIа* |
| *вуьритта* | *– вуьруьтталгIа* |
| *беритта* | *– боьруьтталгIа* |
| *ткъоьсса(на)* | *– ткъоьссалгIа* |
| *ткъа* | *– ткъолгIа* |
| *шовзткъа* | *– шовзткъалгIа* |
| *кхузткъа* | *– кхузткъалгIа* |
| *доьзткъа* | *– доьзткъалгIа* |
| *бIе* | *– бIолгIа* |
| *эзар* | *– оьзаралгIа* |
| *миллион* | *– миллионалгIа* |
| *миллиард* | *– миллиардалгIа* |

*Эцаран терахьдешнаш*

| | |
|---|---|
| *шиъ* | *– шозза* |
| кхоъ | – кхузза |
| *диъ* | *– доьазза* |
| *пхиъ* | *– пхоьазза* |
| *ялх* | *– йолхазза* |
| *ворхI* | *– ворхIазза* |
| *бархI* | *– борхIазза* |
| *исс* | *– уьссазза* |
| *итт* | *– уьттазза* |
| *цхьайтта* | *– цхьойттазза* |
| *шийтта* | *– шуьйттазза* |
| *кхойтта* | *– кхойттазза* |
| *дейтта* | *– доьйттазза* |
| *пхийтта* | *– пхуьйттазза* |
| *ялхитта* | *– йолхуьттазза* |
| *вуьритта* | *– вуьруьттазза* |
| *беритта* | *– боьруьттазза* |
| *ткъоьсса(на)* | *– ткъоьссазза* |
| *ткъа* | *– ткъозза* |
| *шовзткъа* | *– шовзткъазза* |
| *кхузткъа* | *– кхузткъазза* |
| *доьзткъа* | *– доьзткъазза* |
| *бIе* | *– бIозза* |
| *эзар* | *– оьзарзза* |
| *миллион* | *– миллионазза* |
| *миллиард* | *– миллиардазза* |

*Эцаран-рогIаллин терахьдешнаш*

| | |
|---|---|
| | *– дуьххьара* |
| *шозза* | *– шозлагIа* |
| *кхузза* | *– кхозлагIа* |
| *доьазза* | *– доьазлагIа* |
| *пхоьазза* | *– пхоьазлагIа* |
| *йолхазза* | *– йолхазлагIа* |
| *ворхIазза* | *– ворхIазлагIа* |
| *борхIазза* | *– борхIазлагIа* |
| *уьссазза* | *– уьссазлагIа* |
| *уьттазза* | *– уьттазлагIа* |
| *цхьойттазза* | *– цхьойттазлагIа* |
| *шуьйттазза* | *– шуьйттазлагIа* |
| *кхойттазза* | *– кхойттазлагIа* |
| *доьйттазза* | *– доьйттазлагIа* |
| *пхуьйттазза* | *– пхуьйттазлагIа* |
| *йолхуьттазза* | *– йолхуьттазлагIа* |
| *вуьруьттазза* | *– вуьруьттазлагIа* |
| *боьруьттазза* | *– боьруьттазлагIа* |
| *ткъоьссазза* | *– ткъоьссазлагIа* |
| *ткъозза* | *– ткъозлагIа* |
| *шовзткъазза* | *– шовзткъазлагIа* |
| *кхузткъазза* | *– кхузткъазлагIа* |
| *доьзткъазза* | *– доьзткъазлагIа* |
| *бIозза* | *– бIозлагIа* |
| *оьзарзза* | *– оьзарзлагIа* |
| *миллионазза* | *– миллионазлагIа* |
| *миллиардазза* | *– миллиардазлагIа* |

***Билгалдаккхар.***

**Вуьритта, беритта* бохучу (царах схьадойллачу а) терахьдешнашкахь *хI* яздар, мотт кагбаран Iалашонца и яздеш дацахь, кхин цхьа а бахьана долуш яздеш ца хета тхуна.

***ЦхьойтталгIа* дашехь *о* хезча цхьаболчарна жимма тамашийна хета тарло, цунна бахьана ду хIинццал дукхахдолчохь, цхьа а теоретически бух боццушехь, *а* яздеш хилла дела. Изза ала догIу *цхьойттазза* дашна а.

ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА

1. *Исмаилов А.* «Дош». Соьлжа-гIала, 2005. 928 а.

2. *Джамалханов З.Д.* Нохчийн меттан нийсаяздаран дошам. Соьлжа-гIала, 2009. 304 агIо.
3. *Мациев А.Г., Джамалханов З.Д.* Нохчийн меттан орфографически словарь. Грозный, 1961. 280 агIо.
4. *Мациев А.Г.* Нохчийн-оьрсийн словарь. М., 1961. 629 агIо.
5. *Эсхаджиев Я.У.* Юккъерчу школехь нохчийн меттан орфографи а, пунктуации а Iамор (5–11 классашкахь). Соьлжа-гIала, 2010. 220 агIо.

УДК 4С (Чеч)

# НОХЧИЙН МОТТ

© А. ГАЗИЕВА

Нохчийн мот – ненан мот, доза доцу шорто ю цуьнгахь. Нохчийн воккхачу поэта Арсанукаев Шайхис аьлла, «йист йоцу хIорд санна, бу хьуна шорта, ша хууш волчу вайн нохчийн мотт». БIешерийн кIоргенера вайн дайша ларош схьабеана нохчийн мот, Iер-дахарехь юкъаметтигаш кхио а, ларо а гIирс бина. Муьлхачу а маттахь санна, нохчийн маттахь а безам балхало. Мел луьра а дов дерзало. Къона чкъор кхетош-кхиоран болх дIабахьало, лаккхарчу тIегIанехь. ТIейогIучу тIаьхьенашна оьзда весеташ буха а дитало. Ишта хилла эзарнаш шерашкахь. Амма тIаьхьарчу хенахь мелла сиркхо кхетта хетало нохчийн маттах. Ма дарра дийцачи, маттаха кхетта-м хир яцара иза, мот-м хIинца а басах а, чомах а ца телхаш болуш бу. Мел халахеташ делахь а, вайна ца лаьакх нохчийн мот бийца а, иза кхио а, хIайкал санна иза Iалашбан а. Хаа суна, цуьнан дийцина ца валлал алсам бахьнаш дуйла. Масала, царах цхьаъ ду; чекхдаьллачу ХХ-чу бIешерийн юккъехь вайнах лаамаза махкаха бахар. Къинхетамза ворхIе дайн орамех хедош, дуьне ма-дду пана махкахула дIадигина хьийзина нохчийн къам. Ткъа са кIезгачу нахана «валарни-висарни» цIе йолчу зоьпаршна юккъе нисбелчи къам, мохк, мот боху кхетамаш мехала ца хета. Вай царна бехк буьллуш дац! Хастам хиларо АллахI-Дала уггаре а мерза кхоьллинарг СА ду. Мацаллех а, гIелонах а, шелонах а и мерза СА кIелхьардаккха, цхьа йолу мехаллаш дIатосу адмаша, я цаьрга болу лерам гIелбо. Бакъдерг билгалдаккха догIу, чекхдаьллачу ХХ-чу бIешерийн юккъехь нохчийн къам махкаха даккхаро маттана йина гIело, ца хааяла там бара, кхин дIаIолчу ханна, вешан маттана дола дан къоман ницкъ кхаьчнех. Кхузахь билгалдаккха догIу, советан замано и бегIийлаш вайна кхоьллина ца хилар. ХIора къоман шатайпаллин хатI хьулдеш, деригге а адмаш советски хила деза бохуш, дIакхехьначу пропагандо йина нохчийн маттана Iаламат йоккха чов. Хууш ма хиллара, еригге Советан пачхьалкхан ненан мот хилла баьрче баьккхина бара оьрсийн мот. Оьрсийн мот хууш воцург шен заманца вогIуш ца хетара. Стеган хьекъалца кхиар а цунна оьрсийн мот хараан тIегIанца дустуш дара. Цундела веригге а, са а, пха а хадийна оьрсийн мот Iамош вара, коммунизман бIарлагIех къилба дина, Дела воцчу дикане сихъеллачу тобанал тIаьхьа ца виса гIерташ. Кхеташ ду цу инзаре ирчачу хьелашкахь нохчийн мот меран бер санна, наьIара кIажехь латтийна хилар. Бара дера цу хенахь а, нохчийн мот а, йоза а деза дезаш, и кхиаре болу сирла сатийсам шайн дагахь сецош, оцу меттан беркатечу хьаьттахь хьанала къахьоьгуш нах. Дешериев Юнус, Джамалханов Зайнди, Чокаев Кати, Джамбеков ШаIрани ишта кхин дIа а масех стаг. Делахь а, оьрсийн маттах моз тарделлачу адмашна, церан цIерш, цхьана генарчу седанин цIерш хетар-кх… Дйцина ца валлал, онда тохар дира нохчийн маттана, ХХ-гIий ХХI-гIий бIешераш хотталучу муьрехь, вайн махка, къаьхкинчу реманах тарбелла хьоьвзинчу бохамаша. Мохк а мот а дагадогIучохь ца дитира нохчийн къам зуламечу наха даржинчу питано. Дуьне ма-дду шайн некъан баккхалш, кегийра доьзалш эцна юха а махкаха делира нохчийн къам, мерза са дадийна. Кхеташ ду цигахь вайн махкахошца нохчийн мот бийца кечвелла Iеш цхьа а ца хилар. Вай бохура-м дера ду, доьзалехь шайн берашца нохчийн мотт бийца безара, къоман гIиллакхаш Iамо дезара… Дезара, аьлча а, бийцанехь а, Iамийнехь дика хир дара. Делахь а дагадаита вай, бераш дукха хьолахь арахь, урам-новкъахь хуьлуш хилар. Церан кхиаза долчу хьиеша шайна алсам гушдерг схьалоцу, цIийх дIахуду. Ткъа цIийнах-цIарах бевлла хьийзачу дайшни-наношни и бераш хьаста а, церан догэца дага ца догIу. Делан къинхетамца дIабирзи тIом. Дала гIазот къобал дойла цуьнан, мехкан къонахчо, Нохчийн Республикан дуьххьарлерачу Президента Кадыров Ахьмад-Хьажас шен беркате куьйг кховдина машаречу харша дерзи, Iинах доьдучуьра кIелхьарадоккхуш нохчийн къам. Чуьозначу чиркхан милт санна гIийла детталуш дара цу хенахь нохчийн къоман са. Таханлерачу зовкхе вай кхочура ду аьлла цхьанни а дагахь дацара. Ша мехка куьйгалле хIоьттиначу хьалхарчу сахьташкахь дуьйна, нохчийн къоман Iер-дахаран хьелаш юхуметтахIотто некъалар лохуш дIаволавелира Дала декъал войла иза Кадыров Ахьмад-Хьажа. Уггаре а хьалха юху меттахIттийначарех бара Нохчийн Республикан шуьйрачу хаамийн гIирсаш. 2000 шеран вуьрхIитталгIачу февралехь, инзаре халчу тIеман хьелашкахь болх бан Лаккхар йолаелира «Вайнах» телевидени. Ши эзар цхьолгIачу шеран июнь баттахь араделира оьрсийн маттахь долу «Вести Республики» цIе йолу республикан-

ски газета. Ши эзар шолгIачу шеран январь баттахь арадала долало кхин долу газеташ а, журналаш а. Шайна юкъахь нохчийн маттахь зорбане долу «Даймохк» газета а, «Орга», «СтелаIад» журналаший. Уьш зорбане довлар мерза кхаъ бара нохчийн йозанан хьаькаш мел езачунна. ГIалаташ… хилла хир ду дера. Охаа гIант дацара, хетарг дIаязда кехат къолам бацара, стол вай юьйцура яц. Суна дика дага догIу, газетан белхалой ду аьлла, дуьххьара цхьана диттакIел тхаьш гулделла. Чудаха тховкIело хир ю аьлла тхуна дагахь а дацара. Вай Дела цхьаъ хилара санна, гуш, хууш цхьаъ дара; нохчийн маттахь газета зорбане даккха дезаш хилар. Дегайовхо а, онда тешам а бара и тхаьш зорбане доккхург хиларх. Цуруев Шерип вара коьрта редактор, тхо, масех стаг могIарера корреспонденташ дара. Бакъду цу хенахь и къестамаш тхуна дага-м ца богIура. ТIамо Iовжийна, чахчийна, мерцина заьIап динчу къомана, тхайга далучу кепара гIо-накъосталла дан лааро вовшахтоьхна тоба яра тхо. Цундела кхин цхьа кIира даьлча, язйина материалаш яхьаш даьхкина, кхин цкъа а вовшахкхитира, цхьана петарчу нисделла, кораутIехь верстка йира. И кехатийн бохча эцна Цуруев Шерип, масийтта блокпостах чекхваьлла Махачкала вахара, газета дан воьду ша аьлла. Изза хьал массо а редакцехь дара. Алапа доцуш шина-кхаа батте довлура. И деригге ас дуьйцу хиллачуьнан цхьа эгIаза сурт хIотто гIерташ. Лаккхра кормталла йолу журналисташ тIамо дIасхьа баьхнера. Редакцехь догIучу алапах доьзал хене баккхалур бацара. Иза дара цхьа бахьна. Цу тIе оьрсийн газеташкахь долчу хьолал а ледара дара нохчийн редакцишкара хьал. Советан заманахь кхоллаелачу системан гурашкара бовла ца лаара чиновникашна. Цундела нохчийн мот а, литература а сил дукха езарш, цуьнан гIелбаларо догэщийнарш бен цкъа ца совцу нохчийн редакцишкахь балхахь. ТIечIагIдан луура дара, тахана а изза хьал нохчийн маттаца массо а редакцишкахь хилар. Дера хIора шеран апрель баттахь карла довлу нохчийн маттаха долу къамелаш ткъе пхоьалгIа де тIекхаччалц. Бакъду ткъе ялхалгIачу апрелехь юху а оьрсийн мот бийца дIа-м дуьйлало вай, мел халахеташ делахь а…

Вайн дайша «нохчийн мот хууш ву» бохучу маьIне адмийн мот хууш ву бохург дуьллуш хилла. Ткъа «адмийн мот» наггахь кIоршаме хуьлу, кIеда-мерза хуьлу, къинхетаме, дог оьцуш а хуьлу. Доцца аьлча шен чулацамца а, доза доццу таронашца исбаьхьа бос керчаш бу нохчийн мотт. Бакъду таханлерачу Нохчийн Республикан шуьйрачу хаамин гIирсашкахь болчу маттаха Iаламат хала ду и ала. Хьалха нохчийн маттахь говза яздеш хиллачу журналистин могIарш, мел халахеташ делахь а, нилха девлла. ТIекхуьучу чкъурана иза Iамош стаг вац аьлча-м нийса хир дацара, делахь а кхачо йолуш Iамош-м бац иза. Кхин хIумма ца хилча а юккъерачу школашкахь и нохчийн мот Iамо дехкина сахьташ а ду, Iаламат кIезга хиларца дог шелдеш. Уггаре а луьра Iедал ларалуш хиллачу советан заманахь, хIора шарахь нохчийн мот а, литература а Iамо кхузткъе пхиъ стаг дIаоьцура лаккхарчу дешаран кхерче, ткъа тахана и терахь кхузза лахделла. Бакъду и Iамош болчарна а кхин кхоьллина бегIийлаш яц, я цуьнца болх беш болчарна совдаькккхина алапа дац. Уггаре а коьртаниг кегирхошна ненан мот марзбан карийна гечо дац. Цундела басадевлла вайн газеташ а, журналаш а. Да воккхавийра волуш хьал дац радиохь а телевиденехь а. Дукхаха йолу передачаш оьрсийн маттахь ю, уьш тохара санна коьрта а лору. Къоначарна юкъахь, еригге Нохчийн Республикехь «Грозный» каналера цхьа Садаева Раиса ю кхоччуш нохчийн мотт хууш, шийла хьал ду иза, дуьнене орца даккхал! Кегирхоша буьйцачу а, яздечу а маттахь олалла деш калька ю. Иза, кегирхойн ойлаяр оьрсийн маттахь долу дела а ду аьлла хета. Хьалха заманахь оьрсийн мот дешаран кхерчашкахь я Iедалан кхерчашкахь бен ца хиллехь, тахана иза нохчийн доьзалашкахь а тIехь баьрче баьккхина, цундела ду аьлла а хета дукха хьолахь ишта дастаме сурт ненан мот бийцарехь. Лакхара дешаран кхерчаш чекхбаьхна балха богIучу кегирхошна дозалла хета шайна нохчийн мот ца хаа алар. Ишта ирча хьал Нохчийн Республикан шуьйрачу хаамин гIирсашкахь хилла а ца Iа. Кхин даладелла хьал дац нохчийн эстрадехь а. КIорггера нохчийн мот бевзачо, цкъа а лоькхур яц масала хIара дешнаш юкъахь долу эшарш, «Йогу со, йогу со», «Мазал мерза везар», «Сан веза йищ йоцу везар», «Iехийна, тилоръю», «Хьо йоцу буьйса буьрса ю», «пхи минот тоьура ю хьуна со йовзийта, пхи минот тоьура ю безам чам бовзийта», «Iадатан оганаш херцош, лаьаркх хьан безам бовза», «мела ладара хилла воьлху со хьан безамах ваьлла» ишта дIа кхин а. ХIунда аьлча, кIорггера ненан мот хааро тIеIаткъам бо мел аьртачу синкхетамна а. Кхачам болуш ненан мот хуург даима синоьздангаллийн гурашкахь сецара ву, олучу дашцa, леларца, духарца а эвхьазаллийна мелла юьстаха вуьйлуш. Ткъа вай дуьйцачо билгалдоккху къоначу чкъурана и нохчийн мот хууш цахилар и Iамо саготта, иза цкъачунна цахилар а. Мел халахеташ делахь а, таханлерачу дийнан къаьхьа бакъдерг ишта ду аьлла хета суна.

УДК 4С (Чеч)

# НОХЧИЙН МОТТ КХИОРЕХЬ «ДАЙМОХК» ГАЗЕТАН МАЫНА

© С. ДАДАЕВ

Дерриге а дуьненахь цхьаъ бен дац нохчийн маттахь арадолуш долу газет. Иза, вайна махаъара, «Даймохк» ду. Оцу цIаро, халкъе шен ненан маттахь къамел деш дерг ша цхьаъ бен ца хиларо доккха жоьпалла хьалха хIоттадо газетана, цуьнан кхолларалин коллективана. Оцу жоьпаллех кхетарца къа а хьоьгу цо. ХIокху шеран 23-чу апрелехь 90 шо кхечи нохчийн къоман газетан хьалхара номер араяьлла. «Серло» яра хIетахь цуьнан цIе. Ларамаза дацара иштта цIе цунна тиллар. ХХ-чу бIешерийн юьххьехь Россехь буьйлабелла хилла революцин боламаш 1917-чу шеран октябрехьлерчу гIаттамашца а, карчамашца а, тIеман кIуркIаманешца а бирзинчул тIаьхьа, паччахьан Iедало лоллехь латтийна халкъаш йоза-дешар хууш дацара. Уьш боданера серлоне даха дезаш дара. Нохчашна юкъахь а вуно кIезиг бара йоза-дешар хууш берш, делахь-хIета, кхолладеллачу хьолах кхеташ, оцу хьолехь шаьш хIун дан деза хууш берш дукха бацара. Цундела, «Серло» цIарца арадолуш хиллачу нохчийн къоман газето юьхьарлаьцнарг халкъ шен амалх ца дохийтаран, цунна шен ненан (йозанан) мотт Iаморан, шарбаран Iалашо яра. Юьхьанца газет оьрсийн, Iаьрбийн, нохчийн меттанашкахь арадолура. ХIунда аьлча, оцу шерашкахь Нохчийчохь йоза-дешар хууш берш кхаадекъе бекъалуш бара. Хьуьжаршкахь дешна берш деккъа Iаьрбийн элпаш бен девзаш бацара. Цхьаберш дуьхххьалдIа – латиница, вуьйш – кириллица. Цаьрга газет дешийтархьама арадолуш дара газет цу кепара. Бакъду, иштта хьал деха ца лаьттира. Кхо-диъ шо даьлча газет дерриге а нохчийн маттахь арадолуш дара. Оцу муьрехь редакцица юххера зIе йолуш хиллачу вайн яздархоша, царна юкъахь уггаре а хьалха Арсанов СаьIидбейс, Мамакаев Мохьмада, Дудаев Iабдис, Бадуев СаьIида, цхьамогIа кхечара доккха маьIна лелийра нохчийн йозанан мотт кхиорехь. Мамакаев Мохьмада аьлла махиллара:

«1923-чу шарера 1932-чу шаре кхаччалц нохчийн къоман газетехь болх бира республикерчу тоьллачу 30 литератора. Берриге а бохург санна поэташа а, яздархоша а шайн къинхьегаман йоккха хазна юкъайиллира нохчийн къоман газет кхиорна. Ткъа газето литераторш а, ненан мотт а кхиабора». Газетан агIонаш тIехь билла болабо нохчийн меттан Iилманан а, литературин а бух. Дукха хан ялале стамдала дуьйлало нохчийн Iилманчийн яздархойн могIарш. Царах хуьлу дуьхххьарлера журналисташ а.

Газетан агIонашкахь зорбатухучу церан говзарех, Iилманан белхех шуьйра пайдаоьцу школашкахь дешархой Iаморехь, царна нохчийн мотт а, литература а хьехарехь. Хьехархошна а доккха гIо хуьлу газетах, цуьнга доккха хьаштдезар а кхоллало. Цхьайтта шарахь «Серлонан» цIарца арадийлинчу газетана, большевикийн Iедалан тIедиларца, «Ленинан некъ» цIе туьллу. Амма цIе хийцарх хийца ца ло газетан къилба, Iалашо. Нохчийн йозанан мотт кхиоран бакъонца пхьалгIа хуьлий дIахIутту иза. Вайн меттан массо а бохург санна Iилманча, яздархо кхуьнца ондда уьйр йолуш, кхунна гуонаха хуьлу. Халкъан дахаран куьзга хилла ца Iаш, оцу халкъан хьехамча хуьлий дIахIутту. Iедало бинчу бехкамашна, цара диттинчу дозанашна юккъехула нохчийн меттан, гIиллакхийн, эхь-бехкан марзо йовзуьйту халкъана. Берриге а нохчашца цхьаьна, цара беш боллу некъ беш схьадеана газет. 1944-чу шарахь вайн халкъ махках даьккхича юкъахбелира «Ленинан некъан» болх. Советан Iедал тIедале хьалха вайн халкъо кхоьллина жайнаш, тептарш санна, хIаллакйира хIетахь газетан архиваш. Къам хIаллакдан, шен иэсах дохо арабовлучара уггаре а хьалха цуьнан бакъ истори, мотт, йоза хIаллакдо. Изза дара вайн маттаца динарг а. Сталин а, цуьнан цIуьхIарш а беллачул тIаьхьий бен цхьана а меттехь нохчийн маттахь зорбане дош ца делира. Казахстанехь, 1955-чу шарахь араделира «Къинхьегаман байракх» цIе йолу нохчийн газет. Вайн дайша, баккхийчу вежарша дийцарехь ма де хилла цуьнан хьалхара номер араяьлларг. Къоман байракх, къам дийна дисаран бIаьрла билгало хилла иза. Цо ир-кара хIиттийина нохчийн дегнаш. Халкъана тIера бала дIаайлург хиларна тоьшалла а хилла иза.

Цул тIаьхьа ши шо даьлча вайн Нохчийчоь меттахIоттийча, хьехархойн институтехь (хIинцалера университет) филологин факультетехь къоман отделени схьаеллар а, «Ленинан некъ» газет юха а арахеца долор а вайн мотт кхиорехь мехала гIулч яккхар дара. Оцу бакъдолчо баккъал а доккха маьIна лелийра вайн ненан мотт денбарехь, кхиорехь, баржорехь, марзбарехь. Ала дашна хIетахь Iилманан новкъа хIиттинчу

Iилманчех а, нохчийн журналистикин новкъа хIиттинчу журналистех а вайн республикехь а, ерриге а Россехь а бевзаш болу Iилманчаш а, журналисташ а кхиъна.

Советийн Iедал, доха карзахдаьлла, леста доладеллачу муьрехь, къоман зорбанна яьллачу кIеззигчу маршонах пайда а эцна, редакцин коллективо сацам бира къоман газетана вайна еза а, сийлахь а йолу цIе тилла. Оцу Iалашонца кхайкхам бира халкъан интеллигенцига: яздархошка, Iилманчашка. Царна и дIа а хезира. Мехкан патриот, къонаха, похIме яздархо волчу Сулейманов Ахьмада тхан кхайкхамна жоп луш, оха хаьржина «Даймохк» цIе къобалъеш иштта кехат-весет дира редакцин коллективе, нохчийн къоман газетан берриге а векалшка: Цуьнан цхьа кийсиг яло, лаьа суна. Сулейманов Ахьмада бохура:

«Даймохк»! Эзарнаш вайн дайх бисина кхерчаш бу хьуна, дIабайна лаьтташ. БIеннаш ярташ ю хьуна ломахь елла а, яйна а Iохкуш. Шелбелла лаьтта вайн дайх бисна кхерчаш хьалагIитто гIорталахь! Уьш хьалагIиттош къахьегалахь хьайн дог бIаьргийн-цIийх делхха лц! Вайнехан елла а, яйна а Iохку ярташ денъян гIорталахь хьайн хьацарций, бIаьрхишций!». Уьш бIеннаш ю хьуна. «Даймохк»! ЙоI-бIаьрг санна ларбелахь вайн ненан мотт. Деша дезачохь «бисмилла» а вайн ненан маттахь дешалахь, хьо Дуьнен чохь мел деха. Лечу сохьтехь «Ясин» а нохчийн маттахь деша Iамавелахь массо а.

Амма:

*«ЦIийца цхьаьний бIаьрхиш ийна,*
*Весет ду сан, кхана лахь:*
*ЦIий хуьйдинчу вайн Даймахкахь*
*ЦIий ма Iанадайталахь!»*

Цуьнан и весет кхочушдан гIерташ къахьийгира газето Нохчийчохь «Маршонан кIуркIамани» гIаттийначу шерашкахь а. Вайна дагадогIуш ма-хиллара оцу шерашкахь вайн цхьаболчу Iилманчаша къахьийгира латиница юкъаяккха гIерташ. Цунна дуьхьал материалаш зорбатуьйхира «Даймохк» газетехь. Царна тIехь вайн ненан маттах доглозуш болчу Iилманчаша, делилаш далош, дуьйцура оцу гIуллакхо маттана вуон тIеIаткъам бийриг хиларх лаьцна. Цара дийцарехь, масех чкъуран нохчийн мотт юхаIамо дезар дара латиница юкъаялийча. Цхьадика латиница юкъаяло гIертар кхиам боцуш дирзира. Нохчийчуьра хьал тIаме доьрзуш дара. «Даймохк» газет шен ницкъ ма кхоччу халкъ маслаIате кхайкха хIоьттира. Амма яккхий тоьпаш юьйлучохь маслаIатан дош хезаш ца хиллера. Иза ца хезара аьлла дог ца дуьллуш, вайн республикех тIеман цIе хьарччалц къахьийгира оха, Iеламнах меттан говзанчаш оха бечу балха юккъе ийзош. 1995-чу шеран 31-чу декабрехь сийначу цIарах егира нохчийн халкъ маслаIате, машаре, барте кхойкхуш хилла долу «Даймохк» газетан цхьа номер... Сийна цIе хьаьрчира вайн махках а. Оцу цIаро дахарх хадийра газетан масех белхахо. Амма газет денделира. 2002-чу шеран юьххьехь дуьйна, цкъа а хилла йоцчу маршонца арадолуш ду иза. Бакъду, 2004-чу шеран 9-чу шарахь нохчийн дерриге а халкъана санна еза чов йира цунна, Нохчийн Республикин хьалхара Президент Кадыров Ахьмад-Хьаьжа къоман мостагIаша йина ямартло бахьанехь декъала хилча. ХIетте а, тхайн лазам, деган Iовжам хьулбина «Даймахко» юха а шен халкъе кхайкхам бира собаре, ийманехь хиларе, барт чIагIбаре кхойкхуш. Инзаре боккхачу бохамо Iадийна долчу вайн халкъе хаамийн гIирсашна юкъахь цу тайпана кхайкхам уггаре а хьалхабинарг «Даймохк» дара. И кхайкхам берзош аьлла дешнаш шуна дагадогIу:

*«Лазийний? Лазийна, хьаха.*
*Къаръеллий? Дера ца елла!*
*Луъураш дуьйцийла наха, –*
*Нохчийчоь яла ца елла.*
*Йожийний? Йожийна, хьаха*
*ГIоттур юй? Ас вала дуьллу-кх:*
*ГIоттур ю гIоттучу малхах,*
*Яха, кхин малхах ца туьлуш.*
*Бакъ хиллий? Бакъхилла, хьаха*
*Беллачух хьогчу вай дохуш-м...*
*Амма вай кхуьур ду даха...*
*Белларш схьабалара бохуш!»*

Тахана, баккъал а, «белларш схьабелара» бохуш, кхидолу къаьмнаш вайх хьоьгуш деха вай. Оцу хьолехь вайн бакъо яц къам шен амалх ца духуьйтуш гIарол хилла лаьтташ болу вайн ненан мотт дIатаса, бицбан. Вайн сийлахь декхар ду иза Iалашбар, кхиор, тIекхуьучу тIаьхьенна иза марзбар. Ненан мотт бийцар, оцу маттахь йоза дар лахделча гIеллуш ду къоман гIиллакхаш, дайнIадаташ, вайн халкъан эхь-бехк, яхь-юьхь! Иза хилийта амал дац. Цунах дика кхетарца нохчийн мотт Iалашбарна, кхиорна, марзбарна юкъа шен къинхьегаман йоккха хазна юьллуш схьадогIу нохчийн къоман газет. Дала мукъ лахь, иза оцу некъа тIера дIа а хьаьвзар дац, цо дицдийр дац Нохчийчоьнан бакъволчу къонахчун Сулейманов Ахьмадан весет.

УДК 4С (Чеч)

# НОХЧИЙН МЕТТАН ТАХАНЛЕРА ХЬАЛ, ИЗА КХИОРАН НЕКЪАШ А

© Р.Х. ДАДАШЕВ

Шеко йоцуш, хIокху тIаьхххьарчу шерашкахь нохчийн гIиллакхашна а, маттана а тIехь йолу терго а, бешболу тидам а цкъа ца хиллачу кепара лакхабаьлла. Цунна тоьшаллаш дукха ду. Нохчийн мотт оьрсийн маттаца цхьаьна пачхьалкхан мотт бу аьлла дIакхайкхийна бу вайн конституци тIехь. Цо яккхий бакъонаш ло вайна, даккхий декхарш тIедохку. Пхи шо хьалха, 2007 шарахь, Президентан Сацамца нохчийн меттан дез де дIакхайкхийна. ХIора шарахь дIахьош ю цунна лерина Iилманан конференцеш, Iилманчийн цхьаьнакхетарш. Масийтта шо ду вайн республикин телевиденешкахь керла проекташ юкъаевлла. Уьш ю «Синмехаллаш», «Къонах», «Хаарийн бIов», «Суьйренаш», «Даймехкан аьзнаш» кхин а конкурсаш, передачаш. ХIора шарахь дIахьо нохчийн мотт марзбарна лерина конкурсаш, дешархойн олимпиадаш, яздархошца цхьаьнакхетарш, яздархойн кхоллараллех лаьцна суьйренаш, кхидерш а. Вайн Правительстван, Парламентан кхеташонашкахь дукхахьолахь нохчийн мотт буьйцу. Иза боккха кхиам бу «юкъара дIабала новкъа баьлла» нохчийн мотт Iалашбарехь а, кхиорехь а. Амма тахана, пачхьалкхо ерриг бакъонаш схьаелла, вайга республикин Куьйгалхочо ларбе, Iалашбе нохчийн мотт бохучу муьрехь, тоьаш дуй те уьш? Вай, динарг дуьйцуш, хастамаш беш Iийча, хIун хир те вайн маттах? И кхидIа кхиийта, тIекхуьучу чкъурана марзбалийта, хIун дан дезара те боху хаттарш хIиттош, царна жоьпаш ца лахахь, вайх хIун хир те? Мотт Iалашбарехь, кхиорехь коьрта дакъа къомехь ду. Пачхьалкхо хIуъу дича а, халкъо буьйцуш, денбеш, Iалашбеш ца хилча, мотт ша кхуьучуьра соцур бу. ТIаккха, и мотт буьйцурш жимлуш, иза юкъара дIабер бу. Iилманчийн декхар, и проблемаш тала а толлуш, политика Iад а йитина, диканиг-вониг Iорадаьккхина, кхачамбацарш дIадаха некъаш лахар, уьш куьйгалхошка дIакхачор ду. Вай лаккхахь ма-алллара, кхочушдина диканаш дуккха ду, коьртаниг – вайн республикин Куьйгалхочун лаам хилар ненан меттан сийдан, иза кхио. Амма, бакъду, динчух тоамбина, IадIайла яц. Цундела, хIокху нохчийн меттан дезчу денна тIекхочуш, оьшучул сов вайн хаамийн гIирсашкахь меттан мехалла, вай дина дика гIуллакхаш дийцина дела, со вай дан дезарг, кхочушдаза дисинарг, оцу Iалашонна тIекхача ца дича цадолург дийца воллу. Вайн цхьаболчу Iилманчашна ца дезахь а, нохчийн мотт ЮНЕСКО-с 2008-чу шарахь лешболчу меттанашна юкъабахийтина, 2013-чу шарахь юха а и сацам тIечIагIбина. Вайна мел ца лаахь а, ца дезахь а иштта ду-кха и. Вайн цхьаболчу Iилманчаша боху, и иштта дац, ЮНЕСКО-с шена цхьа пайда лоьхуш дина иза. Дала бакъбойла и иштта олурш. Веза волчу Дала Iалашбойла вайн мотт! Амма Дала аьлла-кха, бахьанаш леладе. Ойла е вай, мича бахьанина бахийтина те нохчийн мотт бала новкъа бевллачу меттанашна юкъа? ХIун хьал ду тахана нохчийн маттехь? Кхачамбацарш, проблемаш мичахь ю? Меттан хьал тодаран некъаш муьлхарш бу? Оцу хаттаршна жоьпаш лоьхуш, яздина ас хIара могIанаш. Со бакъвоцчохь нисвеш, бакъволчохь бакъ ву ала, лаьара суна, хIара дийнна къоман гIуллакх долу дела. Тахана, хаза хабар дийцина, вовшашна товриг аьлла, IадIийча, Далла хьалха, нохчийн къомана хьалха вай бехке хир ду аьлла, хета-кха суна.

Ойла е вай хIокху тIаьххьарчу 50 шарахь хиллачу хийцамийн, тахана нохчий мотт бийцаран хьолан а. Цхьа а шеко йоцуш, нохчийн матта юкъара дийнна цхьа къамелан дакъа – терахьдешнаш (дукхах болчарна ца хеа дела боху ас: числительные) – дIадолуш ду. Дукхахьолахь иза «шай», «эппаза», «сом», «туьма» дешнийн метанна «рубль» тIеэцар ду. Цхьана а базарахь я туькanахь махбеш тахана вайна хезар дац «эзар рубль», «ши бIе рубль» олуш. «Тысячи рублей», «двести рублей» олу вай. Цхьа а бехке воцуш нисдели иза иштта. МасалгIачу шарахь арабаьхна нохчий аьлла, хаьттича, «сорок четвертом» эр ду дукхахболчара. МасалгIачу шарахь вина аьлча, «пятьдесять пятом», иштта мел ду уьш. Кхин ши чIор дIадаьлча, терахьаш дагар а хала дийр ду нохчийн маттахь. Хууш ду, йохк-эцарехь, экономикехь лелаш доцу дешнаш матта юкъара дIадовлу. Юкъара дIадевлла латталелорца доьзна долу дешнаш: охана, ахар, мекха баккхар. Юкъара дIаевлла бецийн цIераш, диттийн цIераш а. Сайна гушдерг, айса терго йинарг дуьйцур дара ас. Кхо шо хьалха вайн типографехь араяьлла Гадаев Мохьмад-Салахьан кхолларалллин ши гулар. Таханлерачу

дийнахь складехь Іуьллуш ю-кха и – цхьана а школера, вузера, цхьана а кІоштара библиотеко эцна яц-кха иза, складехь Іуьллуш ю-кха. Массара тІечІагІдина, цхьа а шеко йоцуш гІараваьлла нохчийн яздархо ма-вара иза. Кхин цхьа масал а дало лаара суна. Лоьрийн дешар доьшучу студенташа адамийн анатомийн атлас ду хила дезаш Іамо дезаш. Адаман дегІан меженаш, церан цІераш латинийн а, оьрсийн а меттанашкахь хуьлу оцу тІехь. Нохчийн Іилманан академис изза атлас арахецнера кхаа маттахь: латинийн, оьрсийн, нохчийн а. ХІун ду хьажа, лоьрийн факультете охьадехкира уьш. Кхо бІе алссам волчу хьалхара курсерчу студентех шимма эцнера-кха и атлас. Оцо ца гойту вай мел мах хадабо вешан меттан? Студенташка, нохчийн маттахь литература хьан ешна, муьлха яздархо дика хета шуна аьлла 10 процент бац-кха и ешнарш. Со цхьа а бехке ван ца гІерта, со дерг ма-дарра довзийта гІерта. Вайн, ас лаккхахь ма-аллара, Правительстван а, Парламентан а кхеташонаш нохчийн маттахь дІахьош ю, ткъа муьллхачу а министерство, ведомство чувахча буьйцург оьрсийн мотт бу (и бийца хуурш а наггахь бен ца хуьлу). Пачхьалкхан учреждени хьалха дІатоьхна оьрсийн а, нохчийн а меттанахь трафарет хуьлу, чуваьлча кхин цхьана а меттехь нохчийн маттахь, ламазан чоь доцург, кхин йоза ца хуьлу. «Режим работы» я «Кабинеташ» нохчийн маттахь язда ца мега? Цхьана юьртах цІе нохчийн маттахь дІаяздина ца хуьлу вайн некъаш тІехь. «Урус-Мартан» дІаяздина хилча, цунна улло «Хьалха-Марта» яздан ца мега? Кестта юкъара дІадер ма ду и дош. ДІо лаьмнаш юккъехь йолу Хьочи-Арах я Гендарганах «Хочи-Ара», «Гендерген» яздича, улло нохчийн цІераш язъян ца мега, иза пачхьалкхан мотт хилча муххале а. Уфа-гІала ваханера со масийтта шо хьалха. Кема охьадуссуш цара шайн, оьрсийн, ингалсан а меттанашкахь кхайкхадо. Аэропортехь дерриге йозанаш кхаа маттахь ду. Изза вокзалехь а ду. Вайн цхьана автовокзалехь хезна суна нохчийн маттахь рейс кхайкхош. Ас дуьйцурш кегий хІуманаш хета терло, амма оцу кегийчу хІуманех юьззина система хуьлу-кха. Цо байтахь, мотт Іалашбийр бу, хІаллак а бийр бу. Мотт кхиорехь, Іалашбарехь коьрта дакъалоцург доьзал, школа, хаамийн гІирсаш а бу. Школехь Россин стандарташа бакъо лушшехь, вай хьалхара классашкахь ненан маттахь ца хьоьхуш, оьрсийн маттахь и бераш хьийзадо. ТІаккха дозаллаш до, нохчийн маттана ши сахьт тІетоьхна бохуш. Кхечу предметашна и эшам беш, ши сахьт тІетоха гІертачул, атта дацара, Россин законаца стандарташца догІуш хилча, сих ца луш хьалхара классашкахь хьехар нохчийн матте даькхича? Дагестанехь массо заманахь а шайн меттанашкахь хьоьхуш хилча хьалхара классашна, дерриге дуьнено, иштта хила деза аьлла, къастийна хилча, вай хІунда ца довлу-те оцу новкъа? Хала дуй, дукха къахьега дезий, цунна кечам безий, хан езий а хууш ду. Кечамбан дола мукъан ло вай. Вайн Іер-дахаран хьал хІора денна хийцалуш ду. Вай цІадаьхкинчу 60-чу шерашкахь наггахь бен радио йоцуш, телевизор цхьанне а йоцуш, буьйцуш-хезаш нохчийн мотт бен боцуш, юьртахь наггахь бен оьрсийн мотт хууш стаг воцу хан, нах сих-сиха, хІора сарахь вовшахбетталуш, баккхийчара хилларшлелларш, хьалха заманахьлерчу къонахех лаьцна дуьйцуш, туьйранаш дуьйцуш, хьехарш а деш Іийна. Уьш дерриге нохчийн маттахь, нохчийн гІиллакх-оьздангаллица кхочуш а дора. Тахана радио, телевизор, телефон, къаьсттина интернет массаьргахь йолу хан цхьатера яц, цара маттана синкхетамна бешболу тІеІаткъам цхьатера бац. Уггар генарчу лам чохь бераш, телефон, компьютер, интернет хІун ю хууш, царна тІехь болхбеш ду. И болх цара оьрсийн маттахь бо. Ингалсан мотт царна ца хаьа, нохчийн мотт компьютерна ца хаьа. Оцу хІоьттинчу хьолехь нохчийн мотт Іалашбарехь (кхиар-м дуьйцийла а яцара) боккха иэшам хуьлуш бу. Вайн, ваьш Іехош, вешан куьйгаллехь берш Іехош, Іан бакъо яц, соьга хаьттича. Вай, хІума даз ца деш, дай а ца деш, ма-дарра дийца деза, дан дезачун кІорггера ойла йина, билгалдаккха деза. Политикийн декхар – оцу дан дезачарех шайга далург, дан ницкъкхочург дар, пачхьалкхан структурашка и дайтар а ду. Соьга хаьттича (со-м галваьлла хила а мега), коьртаниг – берашна нохчийн маттахь книга еша Іамор, и марздар а ду.

Тахана хІоьттина хьал муха ду?

1. Дукххаболчу доьзалшкахь буьйцуш берг нохчийн мотт бу, дукхахьолахь и мотт иэбина, оьрсийн маттера дуккха дешнаш юкъадалош, буьйцуш бу. Шо шаре мел долу, доьзалехь нохчийн мотт буьйцурш жимлуш бу, юкъадалочу оьрсийн дешнийн барам совболуш бу. Цу тІетухур вай цхьаболчу доьзалшкахь, къаьсттина гІаланашкахь, доьзалехь дукхахьолахь буьйцург оьрсийн хилар. Царна оьрсийн мотт бийцар дозалла хета. ДагадогІу суна, 10 шо хьалха а, «ас школехь чеченский язык ца Іамийна» мел дозаллица олура цхьаболчара. ХІинца вай республикин Куьйгалхочун политика бахьанехь дозаллица ца олу иза. Кхо шо хьалха нохчийн меттан де даздеш, Кадыров Рамзана элира, ша нохчийн мотт ца хууш волу министар балхахь вуьтур вац. Оцу дешнаша дуккха нахе Іамабайтира нохчийн мотт.

Билггал цхьаъ дIаваьккхича-м дукха сиха Iама мегара кхечарна а вайн мотт. Схьагарехь, доьзалехь мотт бийцаран гIуллакх, хIирийн санна, ледара дацахь а (церан дена-нанна хаьа ца хаьа хIирийн мотт) дукха тоделла дац вайниг а, дедийне иэшам хуьлуш ду.

2. Доьзалал тIехдевлча, уггаре маттана тIеIаткъамбеш ерг дешаран система ю. Берийн бошмаш хIокху тIаьххьарчу шерашкаш дIайоьллуш ю, цигахь нохчийн гIиллакхаш, бусалба дин Iамор дика дIахьош ду. Амма ойла е вай оцу бошмийн цIерийн. Нохчийн маттахь яцте царна тилла цIераш? Микрорайонехь инзаре хаза а, берашна оьшуш а аттракцион дIайиллира «Золотая осень». Суна дагадеара, «Дашо гуьйре» аьллехь, хаза хир дацара-те и аьлла. Берашна «гуьйре» хIун ю, «дашо» бохург хIун ду а хуур дара. Мел ду уьш, вайна дийца а, хьем ца беш вай орцахдовла а дезарш?

Тахханехь вай само ца яхь, дIадоьду хIора а де вайн ненан маттана баккхий иэшамаш бохьуш догIуш ду. Везачу Дала и хата, къасто ницкъ а, кхетам а лойла вайна.

УДК 4С (Чеч)

# НОХЧИЙН МАТТАХЬ, НОХЧИЙН ИЭСЕХЬ БIЕШЕРИЙН ЗЕДЕЛЛАРГ

© П.Д. МОАСАЕВА

Массо а къоман шен дахарехь уггаре а мехала а, маьIна а дерг мотт бу. Цо кхиайо культура а, гIиллакх-оьздангалла а, хIора стеган Iер-дахарехь, леларехь адамашна юккъехь лелон дезаш долу адамаллин ламасташ, кхуьу халкъан кхетам а, син ойла а. «Къоман культуро чулоцу цуьнан мотт, дин, духар, буолар, лелар, юкъара гергарлонаш, дотагIалла, зуда ялор, дIаерзор, доьзалан юкъаметтиг, кхечу къаьмнашца юкъаметтигаш, велларг дIаверзор, кешнийн тIалам бар, Iалам лар дар, гIиллакхаш, амалш ишт. д1. кх. Оцу а кхечу а билгалонашца го къоман культура. Амма царна юккъехь коьрта, хьалхара меттиг дIалоцу литературо. Цо чулоцу лакхахь ягарйина къоман культурин ерриге а билгалонаш. Муьлххачу а къоман истори, культура, амалш, гIиллакхаш, вайна довзуьйтург, я вуьшта аьлча, муьлхха а къам вайна довзуьйтург уггар хьалха цуьнан исбаьххьалин литература ю» [1].

Ткъа, литература меттан говзалла ю, и мел долу хIума, къоман культуран билгалонаш гайта а, лелон а, яздан а кхиъна литературни мотт хила а беза. Вайн къоман мотт, кегийчу къаьмнийн метtанаш санна, ша га хуьйцуш, дегI доккхуш кхиа йиш а йоцуш, йийсарехь долу адам санна лаьттина бIешерашкахь. ХIинца санна и бийца а, кIорггера и Iамон а хьелаш цкъа а хилла а дац. Цундела халахеташ ду, вайн кегийчу нахана юккъехь шайн маттахь къамел дан, и цIена бийца а, маьIнах кхета а гIуртуш стаг кIеззиг хилар. Дера да-м ду бераш шайн цIийца а, шайн хьекъалца а оьздачу доьзалехь кхиъна, нохчийн мотт безаш а, и Iамон гIерташ а. Уьш бацахьарам-ма нохчийн меттан хьал Iаламат ледар хира дара. Далла уьш деба а бойла, нохчийн матте болу безам церан алсам а бокхийла!

Кхузахь суна ала лаьа, нохчийн хьекъало, кхетамо, бIешерашкахь кхоьллина, къоман иэсехь дисна зийделлачух – кицанех лаьцна. Вайн Iилманчаша къастийна билгалдаьхна кицанаш «аламат мехалла хазна ю» [2] аьлла.

«Дукха хенахь дуьйна дахарехь зийделларг, адамо шен хьокъехь ойла йинарг, тидаме эцнарг ду кицанашка дерзийна. Доцца аьллача шайгахь къеггина маьIна долчу дешнех лаьтташ ду уьш».

Кицанаш шайн чулацаме хьаьжжина ду тайп-тайпана. Цу кицанаша гойту кхоччуш кхиъна къоман синкхетам а, къоман дог-ойла а, меттан говзалла а. Говзачу дашца хийла къеггина жовхIар санна долу кица кхоьллина нохчийн халкъо. КIорггера мотт хууш ца хилча, шуьйра аларан, дешнийн гIирс бевзаш ца хилча кхоллалур дацара иштта хьекъале кицанаш. Меттан киъна шуьйра сурт хIотторан говзалла а, хьекъалан а, кхетаман а кIоргера лехамаш а гойту цара. Меттан аьхналла хаало халкъан кхетамехь кхолладеллачу доццачу шайн кIоргера маьIна долчу цу дешнийн. Юкъарралин дахарехь адамашна хиъначух, бIешерашкахь цара гулдиначу хьекъалан зIийдигаш ю уьш.

«Ойла ца еш динарг, гIайгIа йоцуш ца дирзина». «Хьайца схьалелон ца лууш дерг – нахаца дIа а ма леладе». «Яхь йолчу дагехь – хьагI хир яц». «Майрачул майраниг а, хазачул хазаниг а хир ву» [3]. Дуьненахь гIиллакхе а, оьзда а волчу стага лелон дезарг а, нахаца хила еза юкъаметтиг а гойту, кегийчарна хьоьху цу халкъан хьекъало. Дог Iовжош ду хийла дуьненахь хуьлучу Iитталучу хIуманех долу кицанаш. «Да воцу бер – буо ду, нана йоцург – лай ду» [3] – аьлла вайн дайша. Да воцуш виснарг ден Iуналла уьший, дас дан дезарг, Iалаш деш шега кховдошдерг доцуш вуьсу, ткъа, нана яцахь дуьненан къинхетамах волу хьо, хьайх лозуш долу дог доцуш вуьсу хьо, дуьненан балех хьо ларош долу дог доцуш вуьсу хьо, Деле хьо доIанащца воьхуш йолу нана яцахь. Массарна неслахь хьеставала везаш, гергарчарна декхарехь хуьлу хьо. Нохчийн маттахь ма говза аьлла и! Цундела аьлла нохчийн хьекъало: «Нана елча – беран дагтIера зезаг дужу» [3]. Iаламат доккха маьIна долуш, лакхара мах хадош ду вайнехан иэсехь хьекъалах а, собарах а лаьцна кицанаш.

«Коьрто болх ца бахь, когаша къахьоьгу». «Ойла ца еш динарг ах хьан ду, ойла еш динарг – динна хьан ду». «Ницкъал а хьекъал тоьлла». «Хьекъал доцу корта, дегIан мостагI бу» [3]. Кхин а говза аьлла нохчийн маттахь хьекъална дика воцучу стагах лаьцна «Хьекъало баш хьийзош вац и стаг» [3]. Хьекъал, иман долуш волу стаг шена а, доьзална а, махкана а пайдехь хир ву. Хьуьнар а долуш, хьекъал а долуш лела хуучу стеган вайнехан гIиллакхехь лаккхара мах хадийна. Къахьегар, хьанала рицкъа лахар массо хенахь вайнехан Iер-дахарехь сийлахь лоруш хилла, хьарам даь-

хний а, къола дар а, къахьоьгуш гул дина доцу даьхний бале долуш хилла. Цунах имий-беркат ца хуьлуш хийла бIешерешкахь тидам бина вайнаха. Къинхьегам сийлахь лерина, къахьега дезар массарна тIедожийна.

«Аьхкенан дийно – Iаьнан бутт кхобу». «Нехан даьхнийга са ма тийса – хьайн куьйгашка къахьегийта». «Стеран маIана тIехь Iийначу мозано аьлла, гота аьхна богIу ша». «Хьалхxe гIаьтинчу Iуьнан жий шала бехкина» [3] ишт. дI. кх. Мел дог туокхе хуьлу стаг ша къа а хьегна, хьанала даьккхина долу даьхний дерзош, цунах шен доьзалан хьашташ кхочуш деш а, хьажон дезачу и хьожош а. КIеззиг бен доцучух беркат а хуьлуш, цIен тIехь цIиндан дезарг а нислуш, Далла алсам аьтто беш, нисдеш хуьлу, цхьаннийн наьIалтах кхера а ца везаш. Вайнехан а, кхечу къамнийн санна, Iаламат кIоргер маьIна а долуш, кхетон лучуна эца хьекъал а долуш дукха кицанаш ду. Iерваxаран хIора агIонца долу, лелон дезаш долу ламастех хила дезарг билгал дина цара. Дош, мотт, ала дезарг а, ца дезарг а ларон дезаш хилла вайнехан. «Шаьлтано йина чов йирзина, матто йина чов ца йирзина». «Аьлча дохкон вер волу дош ма ала». «Хазачу дашо лам башийна». Хазачу дашо Iуьргара лаьхьа баьккхина» [3].

МаттахI лаьцна, дечу къамелан оьзда, цIена хиларх, багара долу дош ларон дезарх дуккха а кицанаш ду. «Багара далале дош –хьан лай ду, багара даьлча – хьо цуьнан лай ву». «Къонахчо дош цкъа аьлча а тоьар ду, дикачу динна шед цкъа тоьхчатоьур ю».

«Тоьпо цхьаъ вийна, матто эзар вийна» [3]. Боккха ницкъ болуш лерина вайн дайша дош. Шайн дешан дай болуш, лар дан дезарг лар дан къонахий болуш, диканехь а, вонехь а дIахIитта хьуьнар долуш, муьлхха а хало, къоьлла а, хьалдаьхний кара дар а лан дезаш, шайн къонахаллех ца бовлуш баьхна уьш хIета а, хIинца а. Ишта и дерриге а го вайна бIешерашкахь нохчийн халкъо коьллинчу хьекъалечу кицанашкахь. Вай нохчийн кхетам кхиош, къоман син-хьекъал шордеш схьабеъна бIешерашкахь нохчийн мотт. Мотт а адамна Далла деллачу ниIматех цхьаъ бу, цуьнан маьIна дина ца валлал докха хIума а ду. ТIаьхьа тIе кхуьучу тIаьхьенна оьшуш дерг, шаьш дахарех хьегна дерг, гинарг, девзинарг дитна цара вайна цунах пайда эца хуучуна. Вайнахана ца везаш, ца лоруш «пайда боцу стаг» ву олий цIе южуш хилла сутар а, осал а волчу стеган. «Бен сту белча, батта пах ца бела». «Ши хорбаз цхьана буйнахь сацалур яц». «Дукха дезаро кIеззиг дезийтина». «Да левинчо – нана юхкар ю» [3]. Говза дош ала а хууш, нохчийн мотт дика а хууш волчу стага тидам бина хIума ду хьалхарчу кицанехь аьлларг. Чо-конехь уггаре а мехала йоцу хIума, ша и пах кхехкийча а, я кхерзича а чам боцу, ша хилча кхин шех дан хIума доцу чо-конан дакъа ду иза. Цундела шена динарг ца хууш, диначуьнан хама ца беш, баркалла хир доцуш ахь хIуъ а дича волчу стагах лаьцна ду и кица. Саьхьарчу стагах, мел ша даьхний а, ахча а гулдича тоам боцуш, ца Iебаш волчу стагах аьлла ду важа ши кица. Стеган Iер-вахарехь наха тидам бина, ца дезаш долу адамийн амалехь гина а, хааделла а долу хIуманаш дукха къастийна, вайна пайда эца хаахь, нохчийн халкъо.

Нохчийн оьздангаллехь деза ши дош хилла лела «да – нана». Уьш ларар а, церан сий дар а массо а хенахь лекхар декхар лерина. Да – нана, йиша – ваша лоруш, царна тIе эхь, цхьа вон хIума ма догIийла, – аьлла ойла йолчу кIанта а, йоIа а воних дийр дац, шайгара дан ца деза хIума долийтар дац.

Массо а хенахь сийлахь хилла стогалла, доьналла. И стаг вехаш вацахь а, къен велахь а оьзда а волуш, доьналла долуш и велахь вайн оьздангаллехь лоруш хилла и.

«Стеган къелле ма хьажа, цуьнан стогалле хьажа», – аьлла. «Доцург паччахьна а эшна [3]. Дикка дош ала хуучу халкъо кхоьллина шуьйра а, кIоргера а маьIна долу кица: «Доггах вилханчуьнан бIаьргехь цIий деъна» [3]. Шен даггара хьаьвзина гIуллакх дан лууш, ша деш дерг дегаза а ца деш, де бохург ду и, шен а, шен доьзалан гIуллакх дарах кIелхьараволийтуш ца хилла нохчийн оьздачу гIиллакхо и стаг, нехан хьашташка а хьажа везаш хилла иза. Делахь а, юха а къоман хьекъало аьлла:

«ТIех мерза а ма хила – тIе мел кхаьчначо вуур ву хьо, аьрга стом ма хила – церг мел тоьхначо дIакхуссур ву хьо» [3]. Нахаца дика хила а, шен доьзалан да хила а, уьш Iалаш бан а деза стеган. «Дика къонаха нахана эла хир ву, шен доьзалан лай хир ву» [3]. Хьайн доьзал дIа а тасий, уьш хIуманах хьегош, царн рицкъа а ца лохуш ара а валий лела ца боху халкъан Iер-дахаран зийделларг долчу кхетамо. Баккхий талламаш бан а, кIоргера кицанин маьIнаш дан а, царах дийца а Iаламат дукха хир дара, уьш вайн бIеннаш а ду. Массо а хIуманна тидам беш а, Iаламан хазалех марзо эца а, и лар дан хууш а, бусулба шаьш дуйла хууш а, эхартахь жоьпехь хир дуйла хууш долчу къоман кхетам – хьекъал инзаре кIорга а, адаман дахаран хьесап дан гIерташ вайна ца евзачу Деллан къайленаша синагаттехь латтош хилар хаало цу кицанашкахь.

Далла хьекъал, собар, кхетам лойла нохчашна шайн мотт лар бан а, и кхиа бан а. Вовшен дезар а, вовшех кхетар а лойла вайна Далла.

ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА

1. *Айдамиров А.* Нохчийн литература селхана а, тахана а // «Орга», 2002, №6, 44 агIо.
2. *Арсанукаев А.* Нохчийн литература. 9 кл. Грозный, 2008. 26 агIо.
3. *Джамалханов З.Д., Хатуев А.А., Уциев А.Х.* Иллеш, шира дийцарш, назманаш, кицанаш, хIетал-металш. Соьлжа-гIала, 2009. 694–702 агIо.

УДК 0-348 4С (Чеч)

# НОХЧИЙН МОТТ: КХИАМАШ А, ХЬАЛХА ЛАЬТТА ДЕКХАРШ А

© М.Р. ОВХАДОВ

Тахана юха а вовшахкхетта вай Нохчийн меттан Де билгалдаккха, цуьнан ларам бан, динчух а, дан дезачух а къамел дан. Вайн нохчаллин шатайпа барам бу-кха нохчийн мотт. Вешан мотт ларбеш вай лардешдерг вешан дайн, нанойн, турпалхойн, Даймехкан сий ду-кх. Вайна гуш а, хууш а ма-хиллара, хIара Нохчийн меттан Де билгалдаккха долийчхьана, хIора шарахь керл-керла гIулчаш йохуш, нохчийн меттан хьал лакхадоккхуш схьайогIуш ю республика. Вайна дагадогIу дуьххьара Нохчийн Меттан Де билгалдоккхуш Рамзана Ахматовича аьлларг: «Вайн нохчийн мотт, яхь, гIиллакх-оьздангалла юхаденъярехь, вайн къам чIагIдарехь къахьоьгур долуш ву со, цу тIехь накъосталла, оьшучунна аьтто бан бакъо а, таро а йолуш а ву со…» [«Орга», №4, 2006, агIо 9]. Цу хенахь вайн гIала а яцара, я вай тахханлера нохчий а дацара. Оцу масех шаро гайтира и дешнаш эрна аьлла цахилар. Далла хастам бу, вай тахана дуьйцург юхаметтахIоттар дац, вешан новкъахь кхин дIа хIун дан деза вай, вешан къам, республика кхиорехь, бохург ду. Оцу декъахь доккха маьIна долуш бу вайн нохчийн мотт. Цундела цуьнан кхиамех а, хьалха лаьтташ долчу декхарех ала лаьа тахана. Хууш ма-хиллара, мотт кхиор коьртачу декъана пачхьалкхехь, республикехь дIахьош йолчу къаьмнийн-меттанийн политикех дозуш ду. Нагахь санна и политика мотт кхиорна, цуьнан тергоярна тIехьажийна елахь, кхиамаш хир бу, яцахь – меттан хьал тишлуш дIагIур ду. Тоьаш дац, хьайн мотт хIунда ца буьйцу ахь бахарх. И мотт цхьана кепара оьшуш а хила беза. Цундела лаьа уггар хьалха нохчийн мотт кхио, и ларбан вайн Законо, Iедало луш йолчу таронех ала. Оцу могIарехь уггар хьалха билгалдаккха деза:

1. Нохчийн Республикин пачхьалкхан меттан статус дIачIагIъяр.
2. Нохчийн Республикехь меттанех долу Закон тIеэцар.
3. Пачхьалкхан къаьмнийн политикин Концепци тIеэцар.

Оцу билгалдаьхначу документаша таро ло вайна бакъонан бух тIехь вешан мотт кхио. Вайна-м хаьа вешан меттана гIело еш вайна хеттарг, цундела оцу документаша иштта таро ло вайн республикехь дехачу кхечу къаьмнашна шайн мотт а, культура а Iалашъян.Баккхийчу кхиамех лара деза дукха хан йоццуш йоьхна, яьржина, сийсазйина лаьттина дешаран система юхаметтахIоттар, хIунда аьлча дешарехула бен таро яц вайн нохчийн мотт Iамо а, я нахах дIатардала а. Оцу могIарехь болчу кхиамех лара деза Нохчийн Республикин Iилманийн Академин Комплексни Iилманан-талламан институт кхоллар, шен структурехь меттан а, литературин а, культурин а отдел а йолуш. Иштта ала деза НР-н Iилманийн Академин гуманитарни талламан институт кхолларх а. Доккха маьIна долуш ю Академин декъашхоша хIоттийна нохчийн мотт Iалашбаран а, кхиоран а Программа. Йийцаре а йина, бан беза хийцамаш бича, нохчийн мотт кхиоран геннарчу ханна къилба хилла лаьттар ю и. Мах хадийна цаваллал доккха маьIна долуш ду дешаран Министерствас уьссалгIачу классехь нохчийн меттан экзамен дIахIоттор. Нохчийн мотт Iаморехь дешархойн а, хьехархойн а тидам алсам тIебохуьйтур бу оцу гIуллакхо. Баккхийчу кхиамех ларадеза НР-н Iилманийн Академехь «Нохчийн меттан грамматикин" 1-ра том араялар. Цунах хуьлуш йолу харж вайн республикин КуьйгалхочО шена тIелацар бахьана долуш араяьлла и грамматика. Проектан автор профессор А.И. Халидов ву, авторийн коллектив профессорш А.М. Халидов, А.Д. Тимаев, М.Р. Овхадов бу. Вайниг санна йолчу дукха республикаш яц и санна грамматика йолуш, шайна Iилманчийн дукхаллин барам вайчул масийттазза сов боллушехь я вайна санна гIело а ца хиллашехь. Вайн республикехь баккхийчу кхиамех вай доьлла дела башха тидам боцуш чекхдели и арахецар. Кхушарахь язйина охьайилла тIелаьцна ю оцу Грамматикин 2-гIа том, Дала мукъалахь! Дуьххьара вай Нохчийн меттан де билгалдаьккхинчул тIаьхьа нохчийн меттан тайп-тайпана агIонаш толлуш ткъех диссертаци ю хIокху тIаьхьарчу шерашкахь чекхъяьккхина. ХIокху заманахь а иштта диссертациш язъеш дукха а аспиранташ а, соискательш а бу республикин вузашкахь. Шаьш дукха бацахь а, шайн ханзама а, ницкъ а ца кхоош шина-кхаа профессора кечвина нохчийн маттехула и ткъех Iилманийн кандидат. Нохчийн мотт, цуьнан дешнийн, терминийн система кхиорехь Iаламат доккха маьIна долуш ю хIокху тIаьххьарчу шерашкахь араев-

лла тайп-тайпана лугIаташ: Вагаповн «Нохчийн меттан этимологически словарь», Абдурашидовн «Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн юридически терминийн дошам», Арсанукаевн литературин терминийн, А. Халидовн меттаIилманан терминийн, С.-А. Аслахановн Спортан терминийн, А. Абумуслимовн географин терминийн, I. Вагаповн кхин лугIаташ, иштта Р. Берсановн «Адаман анатомин атлас» и дIа кхиерш. Массеран цIераш цаяхарна. Кхиамех дуьйцуш хилча, кхин цхьа агIо а ю йийца йогIуш. Иштта, Дешар кхиоран институто керла арахеца кечъеш йолу дешаран книгаш а ю вайна хьахо хьакъ йолуш. Масала, хIокху тIаьххьарчу шерашкахь арахецна хьалхарчу еа классан нохчийн меттан а, дешаран а книгаш. Уьш хIинца юха а керлачу стандарташца нисйина арахеца кечъеш ю. Иштта кечъеш ю 5, 6, 7 классашна лерина нохчийн меттан учебникаш. Цу тайппана арахецна я арахеца кечъеш ю кхиерш а, цу юкъехь программаш а, лакхарчу классашна оьшуш ерш а. Нохчийн меттан декъехь баьхна кхиамаш кхидIа а бийца тарлур дара. Амма хьалха лаьтташ йолу проблемаш, декхарш хIинца а дукха ду. Царах ала лаьа масех дош.

1. Уггар хьалха ала деза нохчийн матта тIехь болх беш болчу Iилманчийн барам лакхара цахилар. Масала, диссертационни советкхолла тоьаш бац филологин Iилманийн докторш, хIокху пачхьалкхехь волу нохчийн доктор шаверг вовшахтоьхча а. Вай кест-кеста хьахайо Татарстан. Церан масех шо хьалха 2 эзар Iилманийн доктор вара.

2. Нохчийн меттан учебникаш шайн дикаллин а, дукхаллин барамца тоам болуш яц.

3. Нохчийн маттана школехь а, вузехь а кхочуш долчу сахьтийн барам лахара бу.

4. Нохчийн маттана лерина талламаш гIеххьа белахь а, нохчийн маттахь арабовлу Iилманан белхаш кIезиг бу. Советийн заманан инерци хIинца а схьайогIуш ю. Дукхах болу белхаш оьрсийн маттахь язбеш бу.

5. Дикка проблемаш йолуш, тIехь болх бан безаш ю нохчийн меттан орфографи. И хьал хьехархошна а, дешархошна а, йозанан белхахошна а (журналисташна, яздархошна и дIа кх.) Iаламат новкъарло еш ду.

6. Таллаза дуккха а «кIайдаргаш» ю нохчийн маттаца доьзначу Iилманехь.

7. Iаламат лахара ю къамелан культура а. Кест-кеста хеза вайн арахь хьовха, аудиторешкахь а, хаамийн гIирсашкахь а «Начальник милициш гулбинера», главы администрациш баьхкинера» и дIа кх. Вай къамелехь иэдеш долчу дешнех дийцина а вер вац. Масала, «понедельникехь волий», «57-й годехь дуьйна болх беш вуй», «встреча назначить йиний» и дIакх. «Оршот дийнахь вола, шовзткъе вуьрхIитталгIачу шарахь дуьйна, вовшаххкхета барт бина» ала хала долуш санна.

8. Федеральни дешаран системехь хуьлуш болчу хийцамийн дукхаллин барамна тIаьхьа кхиа а хала ду. Дукха хьолахь уьш кехатийн барам алсам баккхар бен дикаллица боьзна ца хуьлу. Масала, хIокху тIаьхьарчу 18 шарахь масийттаза хийцина стандарташ, цкъа пачхьалкхан «государственни» ю олуш, тIаккха «федеральни» ю олуш, «государственни» хилча федеральни ца хуьлуш сана, я федеральни хилча «государственни» ца хуьлуш санна. И стандарташ коьртачу декъана вовшашца йоьзна а ца хуьлу, оьрсийн дашца аьлча, «преемственность» йолуш яц. Нохчийн меттан декъехь болчу кхиамех а санна, хьалха лаьттачу декхарех дийца а дуккха а хир дара. Конференцин декъашхоша дуккха а шайна зедалларг дуьйцур ду аьлла хета. Дицдан ца деза, вай мича хьолера хьаладовлуш ду, цуьнга терра, вай Федеративни олучу дукха къаьмнийн пачхьалкхехь дехаш хилар. Нагахь вай Дешаран Министерствас я республикин кхечу цхьайолчу структураша хIара-важа ца до бохучу хенахь дагахь латто деза оцу хIора структурана тIехула кхин и санна йолу федеральни структура а, Российски пачхьалкхан Закон а хилар. Амма иза-м дац вай бакъо елларг а шадерг кхочушдо бохург. Ваьш боккху ког кIорггера ойлаеш, ерриг пачхьалкхана а, вайн республикина а, къомана а пайдехь хин болчу агIор бен баккха ца беза. Кест-кеста хезаш хуьлу вай хIара я важа ца до бохуш. «Палс ма-ббу хеца ког» – аьлла вайн дайша. Вешан таронаш а дIалара еза вай, уьш совъяха болх бан а беза. Масала, делопроизводство катоьххана нохчийн матте яккха еза бохучаьрга хатта лаьа, мел нохчийн хир бу и гIуллакх тахана дIадахьалур долуш, уггар хьалха госструктурашкахь болх беш болу куьйгалхой а тIехь? Иза а, и санна долу кхин гIиллакхаш а дикачу кхетамца, дискредитацин ца хуьлчу агIор дан деза. Дуьххьара вай Нохчийн меттан де даздарх лаьцна «Орга» журнала тIе тоьхначу А. Гайтукаевн статья тIехь яздина дара: «Теша лаьа, вайн меттан сий, бакъо айбарехь, къоман дерриге а дахарна беркате тIеIаткъам а беш, тайп-тайпаначу хьехамашца бехачу вайн махкахойн цхьа барт а беш, дегнаш вовшашна герга а далош, Нохчийн меттан де ламасталле доьрзур хиларх» («Орга», №4, 2006, агIо 9). Дала мукъалахь, тахана иштта дукха и. Вайга хIун дан деза, дан дезарг де, бахар бен, кхин новкъарло яц-кха вайна. Вешан декхар кхочушдан Дала аьтто бойла вайн!

УДК 4С (Чеч)

# НОХЧИЙН МЕТТАН МУКЪАЧУ АЬЗНИЙН СИСТЕМА

© А.Д. ТИМАЕВ

Иберийско-кавказски меттанашна юккъехь мукъачу аьзнийн уггар а чолхе, яьржина система нохчийн маттахь ю. Цу тIе тидам бахийтина шайн Iилманан белхаш тIехь нохчийн меттан мукъачу аьзнийн (вокализман) система таллarехь дуккха а болчу Iилманчаша: П.К. Услара, А. Шифнера, Альф. Соммерфельта, Н.С. Трубецкойс, Д.Д. Мальсаговс, Н.Ф. Яковлевс, М.Д. Чентиевас, Ю.Д. Дешериевс, Т.И. Дешериевас, А.Д. Тимаевс, А.Г. Магомедовс кхечара а.

Нахски меттанийн фонетически система талларехь, къасттина нохчийн меттан вокализм (мукъачу аьзнийн система) талларехь, уггар а доккха дакъа Ю.Д. Дешериевн а, Д.С. Имнайшвилин а белхаша дIалоцу.

Нохчийн меттан фонологически система коьрта долчу декъана Ю.Д. Дешериевн, Д.С. Имнайшвилин, А.Г. Магомедов, А.Д. Тимаев, белхашкахь теллина ю [1–5].

Таханлерчу муьрехь а билггал къаьстина дац мукъачу аьзнийн барамах дерг. «Всего в современном чеченском языке более 30 гласных фонем»,– бохуш яздо Ю.Д. Дешериевс [1, 42 агIо; 2, 176 агIо]. Цо билгалйоккхуш ю 15 монофтонг, 16 дифтонг, 3 трифтонг [2, 181–215 агIонаш].

Шен «Сравнительно-типологическая фонетика современного чеченского и русского литературных языков» балха тIехь Т.И. Дешериевас 30 мукъа фонема билгалйоккху нохчийн маттахь [6, 10 агIо]. Т.И. Дешериевас билгалъяьхна монофтонгаш а, дифтонгаш а:

| монофтонгаш | дифтонгаш |
|---|---|
| **а, ā, â, аь** | **ие, иē, уо, уō** |
| **и, ӣ, е, ē** | **уоь, уōь, ай, ей** |
| **о, ō, ô, и, ӣ** | **ой, уй, уьй, ий** |
| **уь, ӯь** | **аьй, иу, еу** |

Оцу мукъачу фонемашна тIе Ю.Д. Дешериевс хIара трифтонгаш а туху ***иеи (ией), уои (уой), уоьи (уоьй), уоу*** [1, 83 агIо].

Цхьайолчу фонемин хIинцалерчу нохчийн маттахь лелар, церан характеристика, дистрибуци къасто дезаш ду.

Наггахь къасттина лааме фонемаш ю олий билгалйохуш ю цхьа билггалчу фонемин орфографин тайп-тайпана кепаш: **еw–оьw–аьw; аw–оw**, масала хIокху тайпана дешнашкахь: девдира, хьаьвдира, левси, левзи (ма-дарра аьлча цу массо а дашехь олуш а, хезаш а ерг **оьw//оьв** фонема ю).

Иштта билгалъяьккхина ю нохчийн меттан мукъачу фонемийн таблица Ю.Д. Дешериевн «Современный чеченский литературный язык» балха тIехь [1, 77 агIо].

Цу тIе Ю.Д. Дешериевс билгалдоккху таблицехь монофтонгаш бен къастийна цахилар; дифтонгех ие, иē, ий бен кхи ца ялайо [1, 77 агIо].

Мелла а кхечу кепара гайтина хIинцалерчу нохчийн меттан мукъачу аьзнийн система Д.С. Имнайшвилин [3] балха тIехь. Мукъачу аьзнийн фонологически система, мукъачу аьзнийн характеристика, дифтонгаш, кхачам боллуш, гайтина оцу автора монографи тIехь, болх бечу хенахь нахски меттанаш а, диалекташ а талларехь Iилманчийн арабийлинчу Iилманан белхех пайда а оьцуш. Билгалбаьккхинчу балха тIехь, цхьаболчу авторийн хьалха язбина хиллачу белхаш тIехь нислуш хилла цхьацца долу гIалаташ а, кхачамбацарш а нисдина а, тидаме эцна а ду.

Мукъачу аьзнийн юкъарчу системин дуьззина сурт а, цIерийн а, хандешнийн а лардийн (структурехь) легадаларехь а, кепаш кхоллаяларехь а, Д.С. Имнайшвилин гарехь, фонетически процессийн бахьанаш а, цу хийцамийн (процессийн) тайпанаш а (кепаш) къастийна хила езаш ю мукъачу аьзнийн $V_1$, $У_2$ ($V_1$ – хьалхарчу дешдекъан мукъанаш, $У_2$ – шолгIачу дешдекъан мукъанаш).

Д.С. Имнайшвилис йиначу классификацехь $V_1$ системехь юьхьанцара мукъа аьзнаш ду, коьрта мукъа аьзнаш. И аьзнаш (юьхьанцара мукъа аьзнаш) схьадевллачу аьзнашна дуьхьал хIуьттуш ду. Схьадевлла мукъа аьзнаш кхолладелла бехачу исторически муьрехь мотт кхиарехь цуьнан фонетически системехь хилла фонетически хийцамаш бахьана долуш.

**Нохчийн меттан мукъа фонемаш**
**(Ю.Д. Дешериевна хетарехь)**

| | могIа | | |
|---|---|---|---|
| меттан айъам | | | |
| | хьалхара | юккъера | тIехьара |
| лакхара | и, ӣ, ие, иē, ий, уь, ӯь | | у, ӯ |
| юккъера | аь, ē, е | а | ō, о, ô |
| лахара | | â<br>ā | |

Д.С. Имнайшвилин мукъачу аьзнийн система ялайо вай.
Мукъачу аьзнийн $V_1$,$V_2$

Юьхьанцара (коьрта) мукъа аьзнаш:

**а** – юккъерчу могIарера, лахарчу айамера йоца мукъа фонема; балдийн яц
**â** – юккъерчу могIарера, лахарчу айамера ахъеха мукъа фонема; балдийн яц
**ā** – юккъерчу могIарера, лахарчу айамера еха мукъа фонема; балдийн яц
**и** – хьалхарчу могIарера, лакхарчу айамера йоца мукъа фонема; балдийн яц
**ӣ** – хьалхарчу могIарера, лакхарчу айамера еха мукъа фонема; балдийн яц
**ие** – хьалхарчу могIарера, юккъерчу айамера йоца фонема (дифтонг); балдийн яц
**иē** – хьалхарчу могIарера, юккъерчу айамера еха фонема (дифтонг); балдийн яц
**у** – тIехьарчу могIарера, лакхарчу айамера йоца фонема; балдийн ю
**ӯ** – тIехьарчу могIарера, лакхарчу айамера еха фонема; балдийн ю
**уо** – тIехьарчу могIарера, юккъерчу айамера йоца фонема (дифтонг); балдийн ю
**уō** – тIехьарчу могIарера, юккъерчу айамера еха фонема (дифтонг); балдийн ю.

ХIокху системин юьхьанцара (коьрта) мукъанаш шаьш аларехь багахь меттан цхьа билггалчу декъан айадаларе хьаьжжина (могIа, айам) лахахь ялочу таблицехь кху кепара нисдалар хир ду.

**Нохчийн меттан юьхьанцарчу (коьртачу) мукъачу аьзнийн система**
**(Д.С. Имнайшвили)**

| могIа | хьалхара | юккъера | тIехьара |
|---|---|---|---|
| айам | | | |
| лакхара | и, ӣ | | у, ӯ |
| юккъера | ие, иē | | уо, уō |
| лахара | | а, â, ā | |

Билгалдаккха дезаш ду еха фонема **ā** къевлинчу дешдакъошкахь, шен йохаллин цхьа дакъа дарца йоцачу фонеме ца йоьрзуш, ах ехачу фонеме йоьрзу. Къевлинчу дешдекъехь ах еха фонема хуьлу, фонематически йоцачу а, ехачу а фонемина дуьхьал хIуттуш. Дуста: «тIара», «тIāра» (меже), «тIар» (накха); «гâм», «гам». Фонема **а, â, ā** фонематически дуьхь-дуьхьал хIоттар лахахь гойтур долуш ма-хиллара, цу фонемийн кIадъяларан а (палатализаци), горгъяларан а (лабиализаци) башхаллашкахь билгалдолу.

Ша-тайпа (схьадевлла) $V_1$-чуьра а, $V_2$-чуьра а мукъанаш. Мукъанаш **аь, е, ē, уь, ӯь, уоь, уōь, о, ō, оа** схьаевлла фонемаш ю.

И фонемаш, $V_1$-чуьрачу юьхьаьнцарчу фонмийн кIадъялар а, горгъялар а бахьана долуш кхоллаелла ю. И фонетически процессаш хилла $V_2$-чуьрачу аьзнийн тIеIаткъам бахьана долуш. $V_2$-чуьрачу мукъа фонемаш ю: **а, и, у, е, о (а$^{н}$, и$^{н}$, у$^{н}$, е$^{н}$, о$^{н}$)**. Уьш гIийла мукъанаш ю, уьш гIелъяла а тарло, гIелъяларца ян а тарло. Дукха хьолехь $V_2$-чуьра мукъанаш **а, и, у, е, о (а$^{н}$, и$^{н}$, у$^{н}$, е$^{н}$, о$^{н}$)** $V_1$-чуьрачу мукъачеран, тайп-тайпана хийцамаш а хуьлуьйтий, шаьш, гIел а лой (редукци хуьлий), доцачу **а**-не доьрзу я охьаэга (дов). $V_2$-чуьра и **(и$^{н}$)**мелла а нуьцкъала ду (цу процессашка хьажа лахахь).

***е*** – хьалхарчу могIарера, юккъерчу айамера, балдийн йоцу йоца фонема;
***ē*** – хьалхарчу могIарера, юккъерчу айамера, балдийн йоцу еха фонема;
***аь*** – хьалхарчу могIарера, юккъерчу айамера, балдийн йоцу й йоца фонема;
***уь*** – юккъерчу могIарера, лакхарчу айамера, балдийн йоца фонема;
***ӯь*** – юккъерчу могIарера, лакхарчу айамера, балдийн еха фонема;
***оь (уоь)*** – юккъерчу могIарера, юккъерчу айамера, балдийн йоца фонема (дифтонг);
***ōь (уōь)*** – юккъерчу могIарера, юккъерчу айамера, балдийн еха фонема (дифтонг);
***о*** – тIехьарчу могIарера, юккъерчу айамера, балдийн йоца фонема;
***ō*** – тIехьарчу могIарера, юккъерчу айамера, балдийн еха фонема;
***оа*** – тIехьарчу могIарера, юккъерчу айамера, балдийн ах еха фонема (дифтонг)

Ю.Д. Дешериевна хетарехь, «дифтонг оа имеется только в ингушском языке [1, 79 агIо]. Дифтонг оа-нах дерг цу кеппара хеташ кхин болу авторш а бу, масала, Долакова Р.И.: «Дифтонг оа встречается только в ингушском языке: кIоаг «яма», боах «говорит» [Долакова, 1967: 211]. Амма меттан коьчалаша гойтуш ма-хиллара, и дифтонг нохчийн маттахь а, цуьнан диалекташкахь а йолуш ю, гIалгIайн маттахь сана яьржина яцахь а.

Схьаевллачу (ша-тайпа) мукъачу фонемийн дистрибуци (лелар, дешан хIоттамехь дIалаца тарлун меттиг).

Доца мукъа **е** диллинчу а, къевлинчу а дешдекъехь лела: дашна юкъехь (*кес-та, бедар, йекъа*$^{н}$); дешан чаккхенгахь: *(ге)* (йохаллин барам).

Еха фонема **ē** диллинчу дешдекъехь лела: дашна юкъехь (*лē-ча, ъē-са, ъē-ла,);* дешан чаккхенгахь *(хьē, гē).*

Мукъа фонема **аь** къевлинчу дешдекъехь лела: даьтта, шаьлта. Диллинчу дешдекъехь фарингальни **1, 1ъ, хь** аьзнашна а, ларингальни **ъ** озана а юххехь бен ца лела **аь** *аьрха, лаьъа,IаьIа, н1ъаьна, баьхьа, къаьхьа*.

Йоца фонема **уь** диллинчу а, къевлинчу а дешдекъехь лела: *туьха, дуьра*$^{н}$*, дуьлу, муьшка, куьрк, буьрка*.

Еха фонема **ӯь** диллинчу дешдекъехь лела: *тӯь-ра, бӯь-са, лӯь-та, кӯь-са.* Сонорни **-р-** на хьалхаӯьхеза*: нӯьр.*

Дифтонгаш **ие, иē, уо, уō** (хьажа лакхахь) санна, йоца дифтонг **уоь** къевлинчу дешдекъехь лела, ткъа еха дифтног **уōь** диллинчу дешдекъехь лела: *дуоьхка, ъуоьрси, муоьлкъа,* амма *дуōьла, дуōьша, дуōьналла*.

Йоца фонема **о** диллинчу а, къевлинчу а дешдакъошкахь лела: билгалза кеп *датта*$^{н}$ – карара хан *дотта (у)*, *моза, догIа, дозалла*.

Еха фонема **ō** диллинчу дешдекъехь бен ца лела: *дōгIа, ъōба, ъōрам, ъōза*$^{н}$.

Фонема **оа** къевлинчу дешдекъехь лела: билгалза кеп: *дâккха*$^{н}$ – карара хан *доаккха (у), ъоарца.*

Схьаяьлла фонема **оа** ахдеха **а (â)** горгдаларца кхоллало. $V_2$-чохь балдийн аз хилахь, $V_1$-чуьра ахдеха **а (â)→оа**-не доьрзу: *хâтт-а*$^{н}$ (билгалза кеп), *хоатт-у←хâтт-у* (карара хан) *лâхка*$^{н}$ (билгалза кеп), *лоахку←лâхк-у* (карара хан), *дâста*$^{н}$ (билгалза кеп), *доаст-у ← дâст-у* (карара хан).

ХIинцалерчу нохчийн маттахь айалун дифтонгаш **(*ие, иē, уо, уō*)** йоцурш лахлун дифтонгаш а ю **ай, ой, ей, оw (оу), оьw (оьу), уй.**

Мукъачу аьзнийн системехь кхо трифтонг хилар а билгалдоккху Ю.Д. Дешериевс яздо: «… мы установили в чеченском языке четыре трифтонга йей, **уой, уоьй, уоу**» [1, 83–84 агIонаш], амма меттан масалша чIагIдешдац **уоу** трифтонг нохчийн маттахь хилар.

Хьажа цуьнан «Современный чеченский литературный язык». Грозный, 1960, 83–84 агIо; «Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов». Грозный, 1963, 210 агIо. Оцу белхан 214-чу агIон тIехь билгилъяьккхина кхо трифтонг ю **йей, уой, уоьй**.

ХIинцалерчу нохчийн маттан мукъачу аьзнийн система кху кепара ю:

монофтонгаш: **а, â, ā, и, ӣ, у, ӯ, е, ē, аь, уь, ӯь, о, ō.** Билгалъяхначу монофтонгех ***а***, ***и***, ***у***, ***е***, ***аь***, ***уь***, ***о*** йоца ю; еха монофтонгаш: **ā, (â), ӣ, ӯ, ē, ӯь, ō;**

*айъалун дифтонгаш:* **ие, иē, уо, уō, уоь, уōь, оа;**

лахлун дифтонгаш: **ай, ой, ей, оw (оу), оьw (оьу), уй;**

трифтонгаш: **уой, йей, уоьй.**

Лакхахь дийциначунна тIе а доьгIна, хIинцалерчу нохчийн маттахь 30 «цIена» (манкхалла йоцуш, назализаци йоцуш) мукъа фонема ю аьлла

Нахски меттанаш Iилманца таллархошна юкъахь лахлун дифтонгаш билгалъяхар тайп-тайпана ду, цу тIехь цхьа барт бац. Ю.Д. Дешериевс а, Д.С. Имнайшвилис а, А.Д. Тимаевс а айалун а, лахлун а дифтонгаш хилар чIагIдо. Д.С. Имнайшвилис дифтонгашна юкъехь билгалйоху «нисходящие дифтонги, состоящие из V+неслогового **j, w**» (мукъаниг+**j, w**) [3, 147 агIо]. Лахлун дифтонгаш ю аьлла, Д.С. Имнайшвилис билгалйоху ай,

**ой, ей, оw, уй, ий**. Ткъа Д.С. Имнайшвилис хьаха а ца йо **оw(←аw)** дифтонг кIадъяларан процесс хиларца кхоллаелла дифтонг **оьу (оьw)**. И схьаяьлла дифтонг **оьу (оьw)** нохчийн маттахь хилар лахахь далочу масалаша а чIагIдо:

| | | |
|---|---|---|
| ЦI. д. кow | ъow | Iow |
| Дл. д. коьw-н-а$^{н}$ | ъоьw-н-а$^{н}$ | Iоьw-н-а$^{н}$ |
| Л. д. коьw-н-на | ъоьw-н-на | Iоьw-н-на |
| Др. д. коьw-н-уо̄ | ъоьw-н-уо̄ | Iоьw-н-уо̄ |

| хандешан билгалза кеп | хIинц яхана хан |
|---|---|
| лоwз-а$^{н}$ | лоьwз-и$^{н}$←лоwз-и$^{н}$ |
| доwз-а$^{н}$ | доьwз-и$^{н}$←доwз-и$^{н}$ |
| тоwж-а$^{н}$ | тоьwж-и$^{н}$←тоwж-и$^{н}$ |
| кхоwд-а$^{н}$ | кхоьwд-и$^{н}$←кхоwд-и$^{н}$ |
| Iоwж-а$^{н}$ | Iоьwж-и$^{н}$←Iоwж-и$^{н}$ |

Кхечу кепара ойла ю А.Г. Магомедовн нохчийн маттехь лахлун дифтонгех лаьцна. Цо яздо «все «дифтонги» (тидам бе «дифтонги» аьлла дошА.Г. Магомедовс кавычкеш юкъехь яздеш хиларна – А.Д. Тимаев), второй частью которых выделяются j или w, **являются сочетаниями** звуков типа ГС [1, 116 агIо] (мукъаниг+мукъазниг – А.Д. Тимаев). Оцу оцлан тIехь лаьтташ ву А.Г. Магомедов шен тIаьххьара язбинчу балха тIехь а [4, 47 агIо].

Лахлун дифтонгаш цхьа фонема санна лела. Дифтонго цхьа дешдакъа кхуллу, дифтонган хьалхара , шолгIа а дакъош дешдекъан дозанца къасто йиш йолуш дац, уьш шина дешдекъе декъа ца ло. Дашехь леларца и тайпа дифтонг декъа ца лун аз санна лела, кхин долчу мукъачу аьзнашна фонематически дуьхьал хIуттуш. Цундела дифтонган ший а дакъа цхьана фонеми чу догIу, кхечу кепара аьлча, морфологически декъалуш дац. Кхин йолу дифтонгаш а санна мукъаниг+сонорни **j (й), w** цхьаьнакхетаран я дифтонгийн йоллу билгалонаш а йолуш. Монофонематични ю, монофонематични цхьаьнакхетар ду мукъаниг а, сонорни **j (й), w**. Вай бохург чIагIдеш коьрта кхо хIума ду.

Мукъаниг+сонорни **j (й), w** аьзнийн цхьаьнакхетаро цхьа дешдакъа кхуллу: доw-ха$^{н}$, лоwза$^{н}$, вай-ца, буй-на-ца, доьw-зи-на, тхоьw-на$^{н}$ (ЦI. д. тхоw).

Дуьйцучу дифтонгийн аьзнийн цхьаьнакхетаран йохалла нохчийн меттан кхин йолчу фонемийн йохаллел тIех яц, сов яц.

Ткъа А.Г. Магомедовс ма-язддара «для решения вопроса о монофонематичности или бифонематичности дифтонга необходимо, кроме того, рассмотреть с точки зрения существующих в данном языке закономерностей фонетических изменений [7, 114–117 агIонаш], тхуна хетарехь, тидаме эца дезаш ду, дифтонг оw **кIаддаларан** фонетически процесс хиларца оьу (оьw) дифтонге йоьрзуш хилар. Нагахь санна **о**-н, **w**-н цхьаьнакхетар шен-шен лаамечу аьзнийн цхьаьнакхетар санна лоруш делахь (мукъаниг+мукъазниг), хаа дезаш ду кIаддаларца **о→оь** (**о→оь** – не дерзар) нохчийн меттан мукъачу аьзнийн фонетически хийцадаларан бакъонашца догIуш цахиларан тайпа хийцадалар ду бакъонашна бIоьстанехьа хилар а, хIунда аьлча, исторически шен кхолладаларца схьадаьлла мукъа **о** кIаддала йиш йолуш дац. Меттан коьчало гойтуш ма-хиллара, нохчийн маттахь а я цуьнан диалекташкахь а чIагIдеш цхьа масал а дац.

Массо а Iилманчаша а билгал ма-даккхара, нохчийн меттан мукъачу аьзнийн дукхаллин цхьацца бахьанаш а ду, царах коьртаниг маттехь исторически хила фонетически процессаш ю. Коьрта долчу декъана уьш ду: деха а, доца а мукъанаш фонематически дуьхь-дуьхьал хIуттуш хилар: *ваха$^{н}$-ва̄ха$^{н}$, худар-хӯдар, дила$^{н}$-дӣла$^{н}$, деха-де̄ха* (карара хан) – *даха$^{н}$-да̄ха$^{н}$*.

ЦIена а, манкха а (меран доцу а, меран а; назальни доцу а, назальни а) фонемаш фонематически дуьхь-дуьхьал хIуттуш хIуттуш хилар: *са-са$^{н}$,шу-шу$^{н}$, Iа-Iа$^{н}$* (билгалза кеп), *лай-лай$^{н}$* (хIинц яхана хан, билгалза кеп *ла̄$^{н}$); тай-тай$^{н}$* (хIинц яхана хан, билгалза кеп *та̄$^{н}$)*.

Сонанташ **j (й), w** цхьайолчу дифтонгийн дакъа хила леларца фонемаш кхоллало: *гоwр, дуй, коw, Iоw, лай, бай, нуй, чоьwнаш, доьwнаш*.

Регрессивно-дистанционни ассимиляцин законаца кIадъелла (палатализации) лакхарчу айамера, юккъерчу могIарера монофтонгаш *уь, ӯь,* юккъерчу айамера, юккъерчу могIарера дифтонгаш *уоь, уо̄ь,* иштта хьалхарчу могIарера, юккъерчу айамера кIаддаларан процесс хиларца (палатализаци) **е, е̄, аь**, горгдаларан процесс бахьанехь (лабиализаци) тIехьарчу могIарера, юккъерчу айамера **о, о̄, оа**.

Монофтонгийн дифтонгизаци хилар (монофтонгаш дифтонгашка ерзар тIетухуш йолу артикуляци хиларца: *лом* (оьрсийн) – *луом, лимон – лимуо, машина – машие.*

***Меран (манкха) мукъа аьзнаш.*** Дешнийн чаккхенехь лелаш меран аьзнаш ду нохчийн маттахь. Керла кхоллаелла (схьаевлла) фонемаш ю

уьш. Меран мукъа фонемаш кхоллаелла дешан чаккхенехь долу меран **–н** гIелдалар (редукци) бахьана долуш, иза хила тарлуш йолу фонетически процесс ю. меран хила йиш ю, монофтонгаш а санна дифтонгаш а, трифтонгаш а. Цхьаболчу Iилманчаша меран мукъанаш фонемаш ца ларахь а [Дешериев, 1960: 42], уьш фонематически дуьхь-дуьхьал хIуттуш ю меран доцучу (цIеначу) мукъачу аьзнашна: *са-са*$^{н}$, *дā-дā*$^{н}$, *диē- диē*$^{н}$, *лай-лай*$^{н}$

Меран мукъа фонемаш нохчийн маттахь лела:

1. Цхьана дешдекъах лаьттачу цIердешнашкахь: *вуо*$^{н}$ (беда), *дзиē*$^{н}$ (ущерб). Цхьана дешдекъах лаьттачу цIердешнийн чаккхенгахь долу меран сонорни **–н** гIелдаларан процесс дIайоьдуш ю: *хан-ха*$^{н}$, *гIан-гIа*$^{н}$, *лан-ла*$^{н}$, *хьун- хьу*$^{н}$ (дуста: гIалгIайн маттахь *ха, гIа, ла, хьу* чаккхенгахь долу меран **–н**, лар йоцуш, дайна).

2. Хандешан билгалзачу кепехь: *да*$^{н}$«делать», *Iа*$^{н}$ «пребывать» – *Iа* «зима», *тā*$^{н}$ «помириться» – *тā* «помирись», *дзиē*$^{н}$ «испытать» – *дзиē* «испытай», *тиē*$^{н}$ «утихнуть» – *тиē* «утихни», «замри», *саца*$^{н}$ «остановиться» – *саца* «остановись», *малуō- малуō*$^{н}$, *тиēшуō*$^{н}$, *хāдуō*$^{н}$.

3. ЦIердешнийн, цIерметдешнийн, билгалдешнийн, терахьдешнийн, лаамечу причастийн доланиг дожаран кепехь:

ЦI. д. *кад наж гIāла суо хьуо йалх кIайниг воьдург*

Дл. д. *кēд-а*$^{н}$ *нож-а*$^{н}$ *гIāл-и*$^{н}$ *са*$^{н}$ *хьа*$^{н}$ *йалханн-а*$^{н}$ *кIайчуьн-а*$^{н}$ *воьдучуьн-а*$^{н}$**.**

4. Хандешан хIинц яханчу хенан кепан чаккхенехь: *дада*$^{н}$ – *дед-и*$^{н}$, *саца*$^{н}$ – *сец-и*$^{н}$, *кхарза*$^{н}$ – *кхерз-и*$^{н}$, *хьакха*$^{н}$ – *хьаькх-и*$^{н}$, *такха*$^{н}$ – *текх-и*$^{н}$.

5. Мухаллин билгалдешнийн чаккхенехь: *кIай*$^{н}$, *дай*$^{н}$, *цIие*$^{н}$, *хаза*$^{н}$, *мōжа*$^{н}$. ХIинцалерчу орфографино цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнашкахь бен меран **–н** яздар магош дац (кIайн, цIиен, дайн); шина а, цул сов а дешдакъа долчу мухаллин билгалдешнийн чаккхенехь меран **–н** ца яздо: *хаза, ирча, мōжа, биēзамиē, синкъиēрамиē, тиēшамиē.*

Дашна юккъехь нисло меран мукъанаш: *хьоа*$^{н}$*ка* «черемша», *тоа*$^{н}$*ка* «табак», *чIаь*$^{н}$*га* «подбородок»,*хIуо*$^{н}$*с* «добыча».

Дешнийн чаккхенгахь меран **–н** гIелдаларан процесс къеггина гуш ю оьрсийн матера тIеэцначу дешнашкахь: *вагуō*$^{н}$, *лимуō*$^{н}$, *пагуō*$^{н}$.

***Юьхьанцарчу мукъачу аьзнийн дистрибуци.*** «Не только звуки – все единицы языка подчиняются двум типам законов: все они закономерно чередуются и закономерно сочетаются. Эти законы в основе своей однотипны для всего языка, только в морфологии и синтаксисе, в словообразовании и лексике они проявляются более сложно, чем в фонетике. Фонетическая система языка представляет эти законы в наиболее схематизированном виде» [9, 3 агIо].

Билгалдаьхна законаш цхьана тайпанара (цхьана эшшара) билггал болчу цхьана маттана хилла ца Iаш, юкъарчу декъана муьлххачу а маттана ду. Муьлххачу а маттахь (цхьа билггал бакъонаш ю) аьзнийн цхьаьнакхетарехь а, дешан дешан хIоттамехь (структурехь аьзнаш билггалчу рогIехь дIанисдаларан бакъонаш ю дистрибуци олуш. Цхьа билггалчу меттан фонетически процессаш цу меттан бакъонаш ларъеш, цу бакъонашца йоьзна ю-яц а фонетически дистрибуцица доьзна ду.

Мукъачу аьзнийн фонетически хийцамех нохчийн маттахь къаьсттина меттиг дIалоцу регрессивно-дистанционни ассимиляцино, аьзнийн гIелдаларо (редукци), мукъачу аьзнийн цхьаьнакхетаро (дIаэро). Оцу фонетически хийцамийн башхалла а, сурт а (къаьсттина мукъачу аьзнийн регрессивно-дистанционни ассимиляцин) дуьхьал дIа схьадевллачу дешнийн структурах (хIоттамах), дошкхолларан лардех а, дешдекъан тайпанах а (къевлина дешдакъа я диллина дешдакъа) – $V_1$-чохь долу мукъа аз диллинчу дешдекъехь ду я къевлинчу дешдекъехь ду.

Шайн структурица цхьана а, шина а дешдекъах лаьттачу дошкхолларан лардаша хIара схемаш ло:

Цхьана дешдекъан дешнаш а, лардаш а

1. CVC *кâд, тур, букъ, бат, масс, муох*
   CVCC *барт, буолх, балг, киерт, кIалд*
2. CV *ча, га, са, муо, дуо*

Шина дешдекъах лаьтта дешнаш

1. $CV_1CV_2$ *бāла, нāна, мāха, мōжа*
   $CV_1CCV_2$ *маьхча, муоьлкъа, хьоаста*
2. $CV_1CCV_2C$ *Iуоттар, къастор, хьоастам*

C – мукъазниг, V – мукъаниг, $V_1$ – хьалхара мукъаниг, $V_2$ – рогIера (шолгIа) мукъаниг.

Шина дешдекъан кепаш (цхьана дешдекъан лард + суффикс): $CV_1CV_2$

ЦI. д. *кад наж тур мас*

Дл. д. *кēд-а*$^{н}$ *нож-а*$^{н}$ *туьр-а*$^{н}$ *месс-а*$^{н}$

Билгалза кеп *саца*$^{н}$ *лакха*$^{н}$ *лата*$^{н}$ *такха*$^{н}$

Карара хан *соц-у локх-у лет-а токх-у*

Регрессивно-дистанционни ассимиляци хиларца аьзнийн хийцадаларан башхалла йоьзна ю дешан структурехь муьлха меттиг дIалоцу $V_1$-чохь долчу озо: диллинчу дешдекъехь ду иза я къевлинчу дешдекъехь ду иза.

Юьхьанцарчу мукъчу аьзнийн дистрибуци.

фонема **а**

Юккъерчу могIарера, лахарчу айамера доца **а**диллинчу а, къевлинчу дешдекъехь лела: *ла-ста$^{н}$, та-тта$^{н}$, лата$^{н}$, са-ца$^{н}$, да-къа$^{н}$*

фонема **â**

Юккъерчу могIарера, лахарчу айамера ах деха **а (â)**къевлинчу дешдекъехь лела: *тâм, 1âм, лâм; дâст-а$^{н}$, хâтт-а$^{н}$, дâккх-а$^{н}$.* Нагахь санна кеп кхоллаяларехь я дош кхолларехь ах деха *а (â)* диллинчу дешдекъехь нислахь, ах деха *а (â)* дехачу *а*-не (*ā*) доьрзу: *лâм – лā-ман-ца, гâм – гā-муō, тIâм – тIā-марш* .

фонема **ā**

Юккъерчу могIарера, лахарчу айамера деха **ā**диллинчу дешдекъехь лела: *бā-ла, лā-ла$^{н}$, лā-ца$^{н}$, хā-да$^{н}$, дā-къа.*

Цхьакеп кхолларехь я дош кхолларехь деха **ā** къевлинчу дешдекъехь нислахь **ā** -но (дехачу**ā** –но), дохаллин дакъа дайа а дойъий, ах дехачу *â* -не доьрзу: (**ā → â***) хā-да$^{н}$ -хâд-дал;* цIерниг дожар *нā-на* – лург дожар *нâн-на.*

фонема **и**

Хьалхарчу могIарера, лакхарчу айамера доца мукъа **и** диллинчу а, къевлинчу а дешдекъехь лела: *бир-гIа, чинт, гIирс, гIиргIа, лис-та$^{н}$, дит-та$^{н}$,ди-га$^{н}$, ди-ла$^{н}$, ши-ра$^{н}$.*

фонема **ӣ**

Хьалхарчу могIарера лакхарчу айамера еха фонема ӣ диллинчу дешдекъехь лела: *хӣ-ра, лӣ-ча$^{н}$, хӣ-ла(куцдош), кхӣ-ла$^{н}$, дӣ-ца$^{н}$.*

фонема **у**

ТIехьарчу могIарера, лакхарчу айамера йоца фонема **у** диллинчу а, къевлинчу а дешдекъехь лела: *дуст-а$^{н}$, бустам, тур, мукх, ду-га, ту-кхам, шур-пал.*

фонема **ӯ**

ТIехьарчу могIарера, лакхарчу айамера еха фонема **у**(ӯ) диллинчу дешдекъехь лела: *дӯ-ла$^{н}$, ъӯ-рам, хӯ-дар, тӯ-да$^{н}$, тӯ-са$^{н}$, лӯ, гӯ.*

Дифтонгийн **ие, иē, уо, уō** дистрибуци. Хьалхарчу могIарера, юккъерчу айамера дифтонгаш ***ие, иē,*** тIехьарчу могIарера, юккъерчу айамера дифтонгаш **уо, уō** аллофонаш ю: церан йоца варианташ (**ие, уо**) къевлинчу дешдекъехь лела, ткъа еха варианташ (**иē, уō**) диллинчу дешдекъехь лела: *биеш, биехк, биерд, буотт, муотт, буос, биēгаш, биēкхам, биēзам, буōлам, буōга, дуōгIа$^{н}$, хуōрам, ъуōсала.* Ларингальни (эшарпхенийн) **ъ**-на юххехь нислахь йоца дифтонгаш **ие, уо** диллинчу дешдекъехь а лела: *туоъа$^{н}$, хуоъа$^{н}$, хIуоъа; дā$^{н}$* (схьадā$^{н}$) – хIинц яхана хан *диеъа$^{н}$*.

Цхьана дешдекъах лаьттачу дешнашкахь а, хандешан дала гIоьнца кхолладеллачу схьадевллачу хандешнийн чаккхенехь а йоца дифтонгаш диллинчу дешдекъехь а лела: *дие* «день», билгалза кеп *дала$^{н}$*– карара хан *лие, да$^{н}$ – дуо, дахьа$^{н}$ – хьуо, дала$^{н}$ – луо, сихдала$^{н}$ – сихлуо, – сихдуо, чIагIдала$^{н}$ – чIагIлуо, – чIагIдуо.*

Нагахь санна цхьа кеп кхоллалуш йоца дифтонг **ие, уо** диллинчу дешдекъехь нислахь и дифтонгаш (**ие, уо**) яхло (**ие→иē, уо→уō**): *биеш* – доланиг дожар *биēша$^{н}$, кхиес* – доланиг дожар *кхиēса$^{н}$, хуох* – доланиг дожар *хуōха$^{н}$, пуот* – доланиг дожар *пуōта$^{н}$.*

Нагахь санна дешан чаккхенгахь йолу йоца дифтонгаш **ие, уо** кеп кхоллалуш дешан чаккхенгахь ца хуьлуш дашна юккъехь нислахь и дифтонгаш яхло: *туōхалуо – туōхалуōра, сацадие$^{н}$* (карарчу хенан причасти) – *сацадиēхьа – сацадиēлахь, да$^{н}$* (билгалза кеп) – *дуо* (карара хан) – *дуōра* (ихна хан), *луо* (карара хан) – *луōра* (ихна хан), *дахьа$^{н}$* (билгалза кеп) – *хьуо* (карара хан) – *хьуōра* (ихна хан).

ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА


1. *Дешериев Ю.Д.* Современный чеченский литературный язык. Часть I. Фонетика. Грозный, 1960. 121 с.
2. *Дешериев Ю.Д.* Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов. Грозный, 1963. 555 с.
3. *Имнайшвили Д.С.* Историко-сравнительный анализ фонетики нахских языков. Тбилиси, 1977. 299 с.
4. *Магомедов А.Г.* Очерки фонетики чеченского языка. Махачкала, 2005. 202 с.
5. *Тимаев А.Д.* Чеченский язык. Фонетика. Грозный, 2011. 207 с.
6. *Дешериева Т.И.* Сравнительно-типологическая фонетика чеченского и русского литературных языков. Грозный, 1965. 119 с.
7. *Магомедов А.Г.* Система гласных чечено-ингушского языка. Грозный, 1974. 284 с.

8. *Долакова Р.И.* Ингушский язык. Языки народов СССР, IV. Иберийско-кавказские языки. М., 1967. С. 211.
9. *Панов М.В.* Русская фонетика. М., 1967.
10. *Тимаев А.Д.* XIинцалера нохчийн мотт. Лексикологи. Фонетика. Морфологи. Грозный, 2007. 416 с.

УДК 4С (Чеч)

# ДЕШАРАН А, ІИЛМАНАН А ДЕКЪЕХЬ НОХЧИЙН МАТТАХ ПАЙДАЭЦАР

© А.И. ХАЛИДОВ

Тахана чІогІа доккхачу маьІнехь ду нохчийн мотт ларбар а, кхидІа а кхиа цунна хьелаш кхоллар а. Оьрсийн мотт РФ-н пачхьалкхан мотт бу, халкъийн юкъара мотт а болуш, цуьнан гІоьнца РФ-н бахархоша дешар а, Іилма а Іамадо, берриге а хаамаш бевза. Амма вай дицдан ца деза муьлхха а къоман мотт юкъараллин къамелан, зІенийн гІирс хилла ца Іаш, оцу халкъан иэс, истори, культура, дахаран зеделларг, цуьнан дуьнене хьежамаш, психологи хилар, халкъан маттаца ларделла Іаламах а, космосах а, цамгарех, царна дуьхьал долчу дарбанех долу хаарш, керл-керла тІаьхье кхетош-кхиоран халкъана зеделларг а ларделла маттехь. Муьлха мотт, и буьйцуш болчийн терахь а ца хьехош, ларбан безаш бу, хІунда аьлча хІора а юкъараллин шатайпаналла гойту цо. ХІора а маттана кхиа оьшуш мел долу хьелаш а кхолла деза, и кхочушдан бакъо ю хІора а юкъараллин. Иштта и бакъо шен йоллушехь нохчийн халкъан цкъа а ца хилла и кхочушдан аьтто луш хьелаш, нохчийн меттан функцеш дозанаш тоьхна хилла. Доккхачу халкъан мотт шен тІеІаткъаман дозанаш шорбеш хилча, масала, «Оьрсийн мотт» федеральни Іалашонан программица пачхьалкхехь оьрсийн меттан статус, жимачу халкъан матто ша ларбаран Іалашо хІоттайо шена хьалхе.

**Дешар.** Хууш ма хиллара, нохчийн мотт Іаш йолу предмет яра. НГІ АССР 1944-чу шарахь дІа а йоккхуш, халкъ махках даккхалц Іамош а хилла республикин дукхахйолчу яртийн школашкахь. Йоза нохчийн литературни мотт кхолларан, терминологин система дІахІоттаран юьххьехь йиш хилира ненан маттахь дукхахйолу предметаш школа чекхъяккхалц берашна хьеха – «ворхІшеран школа», Н-ГІ АССР юхаметтахІоттийначул тІаьхьа и зеделларг ца ийшира, схьагарехь, политикица догІуш ца хилла берашна хьехарехь нохчийн маттах пайдаэцар, и дан йиш ца хилла я лаам ца хилла. Цундела 1957-чу шарахь дуьйна НР-хь (ткъа хьалха – Н-ГІ АССР-хь) нохчийн мотт предмет санна хьоьхуш бу 1-чу классехь дуьйна, цхьана агІор, цунах пайдаэцар кхечу предметашкахь дихкина ду; вукху агІор, и хьехаран барам доза тоьхна хиларна, нохчийн меттан йоза Іаморан дикалла чІогІа лахарчу тІегІанехь ю лаккхара дешна болчу нехан а, кхолларалин интеллегенцин а, ойза шайн-шайн диалекташ яздо, диалектийн башхаллех тІех а ца бовлалой. Соьлжа-гІалахь нохчийн мотт 20-чу бІешаран 80-чу шерийн чакккхенехь бен хьоьхуш бацара, Соьлжа-гІалин йистера 2-3 школехь бен. 80-чу шерийн чаккхенехь Соьлжа-гІалара школашкахь предмет санна хьеха боллийра нохчийн мотт, ткъа 90-чу юьххьехь Соьлжа-гІалин масех школехь нохчийн маттах пайдаоьцура классашкахь ненан маттахь хьехаран эксперимент яр санна. Цхьа а бух боцуш дІаяьхьна и эксперимент кхиамза йисира; карарчу хенахь республикерачу цхьана а школехь нохчийн маттах пайдаоьцуш бац хьехаран маттах санна,, иттех шо ду цунах лаьцна дукха кхеташонаш, дисскуссеш, конференцеш вовшахъетташ йолу, амма цхьана а кепара хийцаделла кхин хІумма а дац. Советийн заманахь а, 90-чу шерашкахь а школехь деша хан кхачаза бераш кхетош-кхиоран учрежденешкахь нохчийн маттах пайдаоьцуш а бацара я цхьа дозанаш тоьхна бара. Куьйгаллин бакъо яра ненан мотт бийцар, и хьехар ца магийта а. Юьхьанцарчу, юккъерчу, лакхара корматаллин дешаран заведенешкахь а нохчийн мотт хьоьхуш бацара (Соьлжа-гІалин а, Гуьмсан а хьехаройн училищашкахь бен). НР-н лакхара дешаран заведенешкахь (НПУ, хьалха Н-ГІ ПУ; ГПНИ; Н-ГІ ПХЬИ, хІинца НП ХЬИ) предмет санна Іамош бацара нохчийн мотт 80-гІа шераш чекхдовллалц (Н-Г ПУ – НПУ-хь «Къоман отделенехь» нохчийн мотт а, литература а хьоьхура), 80-чу шерийн чаккхенехь дуьйна предмет санна хьоьхуш бу нохчийн мотт кхаа а вузехь, иштта йоьшуш ю «Вайнехан гІиллакх-оьздангалла» предмет а, амма оцу предметашна чІогІа кІеззиг сахьташ делла (нохчийн меттан – 18 сахьт), уьш ца тоьу хІетталц ненан мотт ца Іамийначунна еша Іамо а.

70–80-чу шерашкахь хиллачуьнца дуьстича, нохчийн мотт хьехаран сурт иштта хІутту: 1970–80 ш.ш. сахьтийн юкъара барам 0–10 классашкахь 1497 сахьт бара, 1997–99 ш.ш. – 1787, 290 сахьт тІе а кхеташ я 19%. Цул сов нохчийн маттахь хьоьхура «Ислам-динан баххаш», «Нохчийн этика», «ШариІатан бакъо» юкъара барам 344 сахьт а долуш. Амма оцу муьрехь юкъарадешаран, корматаллин дешаран заведенеш а шайн болх балучу

хьелашкахь яцара вайна дика хууш долчу бахьанашна; цу тIе а кечбеш бацара ненан меттан хьехархой, алапа ца даларна цIахь севцира хьехархой а. Цу кеппара нохчийн маттах пайдаоьцуш республикера юкъарадешаран школа яра, цигахь иза цхьа предмет яра дешаран планехь. Карарчу хенахь корматаллин дешаран декъехь нохчийн мотт Iамор кхочуштдо Соьлжа-гIалин хьехархойн колледжехь, Гуьмсан хьехархойн колледжехь, НПХЬУ-хь, НПУ-хь, филологаш, журналисташ, актераш а кечбеш. 1993-чу шарахь дуьйна нохчийн мотт предмет санна хьоьхуш бу университетан ерриге факультеташкахь 36 сахьтан барамехь, 1997-чу шарахь дуьйна – 70 сахьт; 2000-чу шарахь и барам лахбина 36 сахьте, ткъа цул тIаьхьа – 18 сахьте. Амма тидам бан беза, нохчийн мотт корматаллин дешаран заведенешкахь хьехар оьшучу тIегIанехь дац. Цкъа делахь, «Нохчийн мотт» предмет хьеха сахьташ кIезиг ду. ШолгIа делахь, нохчийн меттан леррина йолу Iаматаш яц. И хаттарш дIа ца дахахь нохчийн мотт Iаморехь вешан Iалашоне кхочур дац вай. Цул сов нохчийн мотт хьехарехь оьшуш ду, кхечу халкъийн меттанаш Iаморехь санна, дешаран планаш а, программаш а хIиттор, дешаран тобанаш вовшахтохар: мел кIеззиг хила еза ши тоба – нохчийн мотт Iамо буьйлалучарна а, юкъарадешаран школехь нохчийн мотт Iаморан юьззинакурс чекхъяькхинчарна а. Цуьнца доьзна тайп-тайпана ши программа а. Цу кеппара НР-н дешаран декъахь нохчийн маттах пайдаэцар кхачамболуш дац нохчийн бахархошна ненан маттахь йоза-дешар Iаморехь корматталин балха тIехь цунах пайдаэцарехь. ЧIогIа оьшуш ду нохчийн мотт бийцар школехь деша хан кхачазчу берийн учрежденешкахь Iамо болор, юьхьанцарчу классашкахь ерриг предметаш нохчийн маттахь хьехар. И хаттар цхьаъ-ах бIе шо хьалха айина хилла академика П.К. Услара. Цундела тахана шен-шен цIе яккхийта гIерташ ненан метан меттан патриоташ ду шаьш бохуш и хаттар юх-юха а уьйучара, хабарш а дитина, билггалдолу цхьа гIуллакх кхочушдан дезара цу декъахь. Амма мелла а сиха оьшуш болу бух а дIахIотто беза и хаттарш кхочушдан.

**Iилма.** Матто шен книжни-йозанан кепехь гIуллакхдечу дакъойх цхьаъ ду Iилма. Оцу декъехь болхбаро кхуллу мотт кхиа, цуьнан нормаш дика дIахIитто, цуьнан лексика тIеюза а хьелаш. Амма и таронаш нохчийн меттан ца хилла йозадешар юкъадалийча а, литературни йозанан мотт кхолла болийча дуьйна а. Нохч-ГIалгIайн – Нохчийн Республикехь Iилманан мотт хIинццалц схьа оьрсийн мотт бу. Iилманан ерриге изданеш оьрсийн маттахь зорбатухура, нохчийн меттан Iилманан, литература талларан декъехь ерш а. И хьал кхин хийцадалаза ду 90-чу, 2000-чу шерашкахь а. ТIаьххьарчу хенахь нохчийн меттан Iилманан проблемех, нохчийн литературах лаьцна статьяш нохчийн маттахь араюьйлу «Орга», «Вайнах», «Таллам» журналийн агIонаш тIехь, иштта Iилманан статьяш тIехь йолу гуларш я книжкаш а зорбатуху. Меттан Iилманан декъехь уьш бу И.Г. Арсахановн, К.З. Чокаевн, А.Д. Тимаевн, А.И. Халидовн, А.Д. Вагаповн, М.Р. Овхадовн, кхечу авторийн а белхаш. Советийн заманахь вузашна лерина арахецна 2 Iамат а, 1 дешаран пособи а: «ХIинцалера нохчийн мотт» И.Г. Арсахановн (1966 шо), «ХIинцалера нохчийн мотт» А.Д. Тимаевн (1971 шо). «Кхечу меттанашкара тIеэцна лексика» И.Ю. Алироевн а, М.Р. Овхадовн а (1978 шо). Советийн заманал тIаьхьа а нохчийн маттахь язбина барамна баккхий белхаш кIезиг арахецна: К.З. Чокаев «Вайн мотт – вайн истори» (1991 шо), Р.А. Саламова «Нохчийн меттан фонетика» (1992 шо). Царал тIаьхьа арайолу А.Д. Вагаповн жима формат йолу книжкаш, царна тIехь автора, халахеташ делахь а, эксперименташ йо нохчийн орфографина тIехь, хIинца а дIаяхаза йолу нормаш а талхош, бакъду, уьш а ю 1938-чу шарахь тIеэцна, хIинццалц схьа царна тIехь башха хийцамаш бина а бац. Орфографически комиссии кхоьллинчул тIаьха а, хIетте а, юкъакара нислуш хиллехь а, кIезигчу барамехь хилла а, амма нохчийн маттахь нохчийн литературех а, маттех а лаьцна Iилманан литература арайолура. Цундела ю кхечарал тIех кхиъна «меттан я лингвистикин терминологи, цунах уггар хьалха пайдаоьцура школехь нохчийн моттий, литературий хьехарехь. Бакъду, уьш дукхахъерш тIеэцна ю оьрсийн маттехула я калькаш ю. 2012-чу шарахь «Нохчийн меттаIилманан терминийн лугIат» книги тIехь болхбеш, суна оьшу материалаш кечъеш халонаш нислора, хIунда аьлча нохчийн меттаIилманехь пайдаоьцуш йолу терминаш 300-га а ца кхочура (ткъа тхан словарь тIехь уьш 1000 гергга ю). Цуьнца цхьаьна школин Iаматаш тIехь оцу терминех кхетор а ледара ду. Лингвистикин терминологи кхоччуш хIоттийна цахиларан бахьана ду нохчийн маттахь Iилма кхиор башха къобалдеш а хилла ца хилар. Нохчийн маттахь арахоьцуш ерг дешаран литература бен яцара (школашна, хьехархойн училищна), Iилманан-педагогикин литература (университетан филологин факультетан студенташна). Церан барам а, тираж а лакхара яцара. Нийса хир ду, 90-чу шерашкахь билггалболу кхиамаш хилира гуманитарни доцчу Iилманийн декъехь терминологи кхолларехь аьлча. Нохчийн мотт пачхьалкхан мет-

тан тIегIанехь болхбеш хила лааро терминологин словарш хIитто лаам кхоьллира республикерачу цхьаболчу Iилманчийн, уьш лерина яра юкъарадешаран а, юккъера корматаллин а школашна. ХIитта а йина арахийцира хIара словараш: С.М. Умархаджиев, А.А. Ахматукаев. Математикийн терминийн словарь (1998); А.Д. Вагапов, Р.Х. Дадашев. Нохчийн-оьрсийн физически словарь (1999); А.Д. Вагапов, Ш.М. Гацаев. Нохчийн-оьрсийн медицинин словарь (1999). Цу словарех шуьйра пайдаэцар ца хилира, амма иштта словараш хиларо тешам кхуллу вайн дегнаш чохь, нохчийн меттан терминологин база кхоллалур ю аьлла. Дийцинчун жамI деш, ала тарло, нохчийн маттах Iилманехь пайдаэцар дозанаш тоьхна дара: цунах пайдаэцар кхочушдора нохчийн меттан а, литературин а Iаматаш хIитточу хенахь. Бакъду, Советийн заманахь нохчийн матте гочбора марксизман-ленинизман классикаш, партин документаш, юкъараллин-политикин чулацам болу литература, цу гочдарша кхуллура юкъараллин-политикин терминологи, кIезигчу барамехь уьш хиллехь а. Амма оцу гочдарийн дикалла башха лакхара а яцара, дукхахйолу терминаш нохчийн матте яхаза юьтура, teksташ ца йоьшура юкъараллина гIуллакхаша я партин-советски бахамийн куьйгалхоша а. Цу кеппара Iилманан декъехь нохчийн маттах пайдаэцар дозанаш тоьхна хиларо, дешаран а, дешаран-методикин а литература арахецар лакхарчу барамехь хиларо а нохчийн меттан терминологин система кхиар сацийна латтийна, нохчийн мотт кхиа оьшуш долу хьелаш а шайх пайдаэца дисна.

УДК 4С (Чеч)

# ПРЕДЛОЖЕНИН МЕЖЕНАШНА ЮКЪАХЬ ЙОЛУ ЮКЪАМЕТТИГАШ IАТКЪАМАЗА // IАТКЪАМЕ ХИЛАР (ЗАЛОГ)

© А.И. ХАЛИДОВ

**Залог** цхьана а нохчийн меттан грамматико хьахош а йоцу грамматически категори ю, я Iилманан белхашкахь а, я дешархошна леринчу учебникаш тIехь а билгалйоккхуш ца хиларх, нохчийн маттахь а йолуш йолу. Бакъду, причастиш юьйцучохь «Iаткъаман причастиш» билгалйоху, ткъа иза «страдательное причастие» бохург ду. Делахь а, хандашах а, предложених а лаьцна церан залог хилар цкъа а олуш а, яздеш а дац. Оьрсийн а, кхечу метттанийн а грамматикашкахь дукха хьолахь хандешан морфологически категори лору иза, амма, вайна лахахь гург ма-хиллара, морфологин а, синтаксисан а юкъара категори лара мегар ду залог («морфолого-синтаксически» категории ларало иза тIаккха). Морфологин декъехь залог гайта, цуьнан морфологин агIонаш къесто гIертарх башха гIуллакх а ца хуьлу, хIунда аьлча, залого гойтуш ерг предложенехь коьртачу меженашний, кхачамний, цуьнга тера цара билгалдечу адамийн, хIуманийн юкъаметтиг ю, декъа цIена хандашца доьзна маьIна а дац цуьнан, цхьана хандашо (цуьнан аффиксо) гойтуш а яц иза я нохчийн маттахь а, я кхечу метттанашкахь а. Шена юкъа кхечуьнга долуш долу хандош догIучу кхечуьнга йолучу предложенехь бен ца къастало залогаш. Синтаксисан агIонгахьара залог шиъ бен хуьлийла дац: нагахь санна предложенехь подлежащи билггал дар кхочушдеш долу адам я хIума гойтуш («субъект»), ткъа нийса кхачам шена тIехь дийриг дожарерчу адамо я хIумано и дар кхочушдеш долу адам я хIума гойтуш хилча, *нийса залог* (я *жигара залог*) хуьлу: *КIанта книга йоьшу; Чхьаьвриго гIа диъна*. Подлежащин гIуллакх кхочушдеш долчу цIерниг дожарехь лаьттачу дашо дар шена тIехь деш долу адам я хIума гойтуш йолчу кхечуьнга йолучу предложенехь *залог хаьрцина* (вукху агIор, юханехьа ерзийна) хуьлу: *Книга кIанта йоьшуш ю* я *Книга кIанте ешало (←КIанта книга йоьшу); ГIа чхьаьвриго диъна ду* я *ГIа чхьаьвриге дааделла (←Чхьаьвриго гIа диъна)*. Морфологин агIонгахьара залог харцаран кеп шиъ а, цхьадолчу метттанашкахь кхин сов а) хила тарло. Нохчийн маттахь уьш шиъ билгалъяьккхина хIара статья язйинчо:

1) хандешан меттана шеца гIоьналлин хандош долу деепричастин кеп хIоттор (*Книга кIанта йоьшуш ю*);

2) хандешан потенциалис кепах пайдаэцар, дар кхочушдеш долу адам я хIума билгалъечу дешан дийриг дожаран меттана меттигниг дожаран коьрта кеп а хIоттош (*Книга кIанте ешалуш ю*).

Нийса а, хаьрцина а залогашца къастало причастиш а: *летта цIе – латийна цIе*; *бакъабелла Iаж – бакъийна Iаж*, масала.

Нохчийн меттан залог Iилманехь хьакъ долчу кепара а, кхоччуш а тахханалц теллина яц. Мелла а шуьйра леррина цунах дерг яздинарг Т.И. Дешериева ю, амма Т.И. Дешериевас шен масех балха тIехь нохчийн метан залогах яздеш дерг я юкъарчу меттаIилманца а, я нохчийн маттаца а догIуш дац [1]. Кхин хIумма а ца хилча а, цхьаъ тоьур ду цо нохчийн меттан залогах лаьцна дуьйцучунна реза ца хила, и тIе ца эца. Т.И. Дешериевана хетарехь, нохчийн маттахь 11 залог ю, ткъа Санкт-Петербургерчу коьртехь А.А. Холодович а волуш цу декъехь долу хьелаш теллинчу Iилманчаша бахарехь, оьрсийн хьовха, дуьненан дуккха а метттанашкахь, мотт муьлхха а белахь а, шех залог ала мегар долуш йолу кеп еаннал сов цхьана а маттахь гучуяьлла яц, хилча а, уьш ворхIаннал сов хуьлийла а дац бохуш, яздо цара [2]. Юкъарчу метаIилманехь а, оьрсийн а, кхидолу а метттанаш теллинчу Iилманчийн белхашкахь а дерг тидаме а оьцуш, нохчийн меттан залогах дерг къасто воьлча, гучудолу, кхузахь а залогаш Т.И. Дешериевана хеттачул цахилар [3].

[1] Хьажа, масала: Т.И. Дешериева. Формализация и категоризация в разноструктурных языках. М., РАН, 1996, 132–139 агIонаш.

[2] Категория залога. Л., 1970 (хьажа А.А. Холодовичан, В.С. Храковскийн, кхиболчийн статьяш).

[3] Лакхахь балийнчу залогах болчу кхетамца догIуш дерг кхин а шуьйра а, кIоргера а яздина оьрсийн маттахь арабаьллачу масех балха тIехь (хьажа: А.И. Халидов. Залог в чеченском языке // Тезисы докладов научно-практ. конф. «Вузовская наука – народному хозяйству». Грозный. 2003, 219 агIо; Типологический синтаксис чеченского простого предложения. Нальчик, 2004, 203–245 агIонаш; О залоге в чеченском и других иберийско-кавказских языках // Дагестанский лингвистический сборник. Вып. 14. М., ИЯ РАН, 2004; Залог как грамматическая категория // Проблемы общей и чеченской филологии. Грозный, ЧГПИ, 2006; Очерки по типологии залога. Грозный, АН ЧР, 2006).

Кхеташ ма-хиллара, нохчийн меттаIилманехь *залог* бохучу дашца йогIуш термин яц. Цхьаболчара иштточохь **Iаткъаман//Iаткъаран саттам** олуш меттигаш-м еъна. Масала, вайн грамматикашкахь пайдаоьцуш и термин яцахь а, А.Г. Мациевс ялайо и [4]. Амма *саттам* алар нийса дац (деккъа цIена хандешан категори лорийла ца хиларна а, кхиболу саттамаш санна, хандашана тIе аффикс кхетарца кхуллуш цахиларна а, кхидолу дешнаш хье ца деш ца хиларна а), цундела нохчийн меттаIилманна пайдехь термин лорийла дац иза, нийса *Iаткъаман залог* аьлча хир ду, я (*Iаткъам* боху дош категорин шен цIе йоккхуш лелорна) *хаьрцина залог*. Оьрсийчуьнца цхьаьна, я цуьнан меттана лело мегар дара *Iаткъам*, вайн грамматикашкахь «Iаткъаман причасти» бохучу дешнийн цхьаьнакхетарехь-терминехь билгалдаьлла долу дош. И дош юьйцуш йолчу категорица догIуш а ду: цхьамма кхечу адамна я хIуманна тIехь *Iаткъам* бар я ца бар гойтуш категори ю *залог*. *Iаткъам* бохучу дешан маьIнацхьана «пассиваца» ойла кхуллуш хиларна деккъа цIена цхьа дош *залог* лелор гIолехь хила а тарло.

**Жигара залог** (оьрсийн грамматикашкахь а, юкъарчу меттаIилманехь а актив; активный залог; действительный залог олуш йолу) – залоган (Iаткъаман) шина кепах хьалхарниг, коьртаниг, шех **хаьрцина залог** кхоллалуш ерг ю. Нагахь санна предложенехь подлежащин гIуллакхехь билггал дар кхочушдеш долу адам я хIума («субъект») гойтуш дийриг дожарехь лаьтташ долу дош делахь, ткъа дар шена тIехь кхочушдеш долу адам я хIума гойтуш цIерниг дожарехь долу дош хилахь, ***нийсачу залоган*** (я ***жигарчу залоган***) ю иштта предложени: *КIанта книга йоьшу; Чхьаьвриго гIа диъна*.

**Хаьрцина залог** (оьрсийн маттахь аьлча, «перевернутый», «обратный» залог; пассив; страдательный залог) нийсачу залогана дуьхьалхIуттуш йолу предложенин кеп ю, шен хиларехь хандешнийн кепаш а хийцалуш, подлежащий, нийса кхачаммий шаьш дечу синтаксисан гIуллакхехь вовшашца хийцалуш: подлежащи хиллачу дашах лач кхачам хуьлу, амма шен маьIна дуьсу цуьнгахь (дар кхочушдийриг), ткъа дар шена тIехь кхочушхуьлуш долу адам я хIума гойтуш хилла дош, кеп ца хийцалахь а (подлежащи а, нийса кхачам а, вайна ма-хаьара, цхьана дожарехь хуьлу – цIерниг дожарехь, я абсолютивехь), подлежащин гIуллакх дан хIутту. Цундела аьлла в ай оцу залогах *хаьрцина залог*. Коьртаниг кхузахь нийсачу кхачамо деш долу синтаксически гIуллах хийцадалар ду: подлежащин гIуллакх кхочушдеш долчу цIерниг дожарехь лаьттачу дашо дар кхочушдийриг доцуш, дар шена тIехь кхочушхуьлуш долу адам я хIума гайтаро хуьлуьйту залог хаьрцина (вукху агIор, юханехьа ерзийна): *Книга кIанта йоьшуш ю; ГIа чхьаьвриго диъна ду*. И хийцам хилча а маьIница кхечуьнга йолуш хуьлу предложени, цу чохь нийса кхачам бацахь а. Морфологин агIонгахьара залог харцаран кеп шиъ а, цхьадолчу метганашкахь кхин сов а хила тарло. Нохчийн маттахь уьш шиъ билгалъяьккхина хIара статья язйинчо:

1) хандешан меттана шеца гIоьналлин хандош долу деепричастин кеп хIоттор (*КIанта книга йоьшу → Книга кIанта йоьшуш ю; Нанас юург йо → Юург нанас еш ю*);

2) хандешан потенциалис кепах пайдаэцар, дар кхочушдеш долу адам я хIума билгалъечу дешан дийриг дожаран меттана меттигниг дожаран коьрта кеп а хIоттош (*КIанта книга йоьшу→ Книга кIанте ешалуш ю; Нанас юург йо → Юург нене ялуш ю*).

Нийса а, хаьрцина а залогашца къастало причастиш а: *летта цIе – латийна цIе; бакъабелла Iаж – бакъийна Iаж*, масала. Къаьсттина маьIница дерг хьалхадоккхуш хилча, **тIеIаткъаман залог** ала а мегар ду цунах.

**Iаткъаман (залоган) хийцамаш** хандешнаша дакъалоцуш хуьлуш хилча, вайна ма-гарра, сказуеми-хандош ша а хийцало, цуьнца уьйр йолчу цIердешнаша я цIерметдешнаша шайн кепаш а хуьйцу, деш долу синтаксически гIуллакхаш хийцадаларе хьаьжжина. Цул сов, Iаткъаман (залоган) хийцамаш хандешнийн а, кхидолчу а дешнийн хилла ца Iаш, ерриг а предложенин а бу. Ша хийцам нийсачу (юьхьанцарчу) залогера жаьрцинчу залоге яларца боьзна бу. Кхечу кепара ду хандешнех схьаевллачу кепийн – причастийн Iаткъамашка (залогашка) екъаялар.

**Iаткъаман//Iаткъаран причасти** – нохчийн маттахь оьрсийчуьнца (страдательное причастие) йогIуш термин а ялош, билгалъяьккхина А.Г. Мациевс [5]. Вайн меттаIилманехь евзаш а, шен билгалонаш гойтуш а причастин кеп ю иза, шакъаьстина дуьйцуш цунах дерг массо а учебникаш тIехь карош дацахь а. Къаьсттина кIорггера Iаткъаман причастих («страдательное причастие») яздина И.Г. Арсахановс [6]. Тимаев Вахин билгалдаккхарехь, «причасти цхьана хIумано кхочушдеш

[4] А.Г. Мациев. Русско-чеченский словарь. М., 1978, 386 агIо.

[5] А.Г. Мациев. Русско-чеченский словарь. М., 1978, 602 агIо.

[6] И.Г. Арсаханов. Аккинский диалект в системе чечено-ингушского языка. Грозный, 1959, 94–95 агIонаш.

долу я цхьана хIуманна тIеIаьткъина долу дар цу хIуманан мухалла билгалйоккхуш йолу хандешан шатайпа форма ю» [7], вуьшта аьлча, грамматически категори, аьлла, леррина и юьйцуш цахиларх, нохчийн маттахь иштта категори хиларан шеко яц цуьнан. *Iаткъаман//Iаткъаран причасти*хандешан яхана яьллачуй, карарчуй хенийн кепех къаьсташ яц, дукха хьолахь билгалдечу дашна хьалха хиларца а, цунна дарца тIеIаткъам беш хилар гайтарца а, предложени чохь хандешан кепехь сказуеми хиларца а схьакъастош ю: *Адама **ешна** книга боккха чулацам болуш ю; Аш **бахкийтина** нах сийсара схьаккхечира; Шина тIамо **бохийна** мохк хIинцца меттабогIуш бу*. Iаткъаман//Iаткъаран причастийн ерриге а хенийн кепаш яц, уьш яхана яьллачу а, карарчу а, хинйолчу а (чолхе кеп) хенашкахь лела: *Адама **ешна** книга боккха чулацам болуш ю – Адама **йоьшу** книга боккха чулацам болуш ю – Адама **йоьшур йолу** книга боккха чулацам болуш ю*. Билгалдешнийн а, кхечу причастийн а санна, лаамаза а, лааме а кепаш къастайо Iаткъаман//Iаткъаран причастийн: *ешна книга – ешнарг; сацийна машиен – сацийнарг, Iехийна стаг – Iехийнарг*.

Нохчийн маттахь а, кхидолчу кавказхойн меттанашкахь а залогах дерг къаста ца луш латтаран бахьанаш дуккха а ду, амма царна юкъахь коьртаниг, схьахетарехь, дийриг дожаран конструкци юьхьанца дуьйна «пассивни» ларар ду. Эргативан (дийриг дожаран) конструкцин коьрта меже дийриг дожаран кеп вай лара дуьйладелла дукха хан яц, 19-чу бIешарахь а, 20-чу бIешеран юккъе кхаччалц а эргативан конструкци чохь долу дийриг дожар, баккъа аьлча, коьртаза меже – кхачам лоруш хилла. Оцу кепара дийриг дожаран конструкцих дерг го вайна гIарабевллачу Iилманчийн П.К. Усларан, Ф. Мюллеран, Г. Шухардтан, Н.Я. Марран, дуккха а кхиболчу меттаIилманчийн белхаш тIехь. Вайн хенахь и теории «денъеш» дуккха а къахьегна З.Г. Абдуллаевс [8]. Эргатив (дийриг дожар) коьртаза меже лараран коьрта бахьана хандашо-сказуемис классехь бартбар цIерниг дожарехь лаьттачу дашца хилар бу, амма, цхьаъ делахь, еккъа цIена оцу цхьана билгалонца предложенийн меженийн «дарж» къастор нийса ца хета, шолгIа делахь, дерриге а кавказхойн эргативан конструкци йолчу меттанашкахь и бартбар цIерин дожарца хила ца Iа, дийриг дожарца барт хуьлуш меттанаш а ду. Оцу хьокъехь, П.К. Усларан «пассивность эргативной конструкции» бохучу теорих дерг дуьйцуш, А.С. Чикобавас шеконе диллира эргативан конструкцехь классехь бартбар нийсачу кхачамца бен ца хуьлу бохург: цо билгал ма-даккхара, дуккха а кавказхойн меттанашкахь классехь барт дийриг дожарца а хуьлу, ткъа тIаккха юьйцуш йолчу теорин бух дIаболу [9].

Таханлерчу дийнахь а дац оцу конструцица дерг къаьстина. Вайна мА-хаъара, дукхахйолчу нохчийн меттан грамматикашкахь нийса кхачам предложенин коьрта меже лору, цхьаболчара – нагахь санна хандашо цуьнца классехь барт беш хилча, вукхара – хандашана а, нийсачу кхачамна а юкъахь бартбар хилча а, ца хилча а. Шена юкъа нийса кхачам богIучу шинахIоттаман предложенехь подлежащи дийриг дожарехь хуьлу: *Вахас Мохьмадана цо ехна книга елира* (амма предложени цхьанахIоттаман хила а тарло, тIаккха подлежащи юкъахь йоцуш а хуьлу предложени, шен чулацамца дар кхочушдийриг билггал гайтина воцуш: *Мохьмадана цо ехна книга елира*). Хандош-сказуеми а, нийса кхачам а вовшашца грамматически уьйр йолуш меженаш юйла-м хууш ду. Хандашо-сказуемис нийсачу кхачамца классехь барт бо, нагахь санна шен хIоттамехь классан гайтам хила тарлуш хандош делахь: *КIанта книга й-оьшу; Нанас чIепалгаш д-ира*. Дукхахдолчунна и бахьана ду нийса кхачам коьрта меже лара гIертар, амма классехь барт ца бечу а, бечу а хандешнаша кхоьллинчу предложенийн, нийсачу кхачамо дечу гIуллакхе хьаьжча, оццул башхалла ца хаало*: КIанта книга й-ешна – КIанта книга эцна*. Нийса хир дара нийса кхачам муьлххачу хьелашкахь а предложенин коьртаза меже ларар, тидаме оьцург классехь бартбар а доцуш, цо кхочушдеш долу гIуллакх, цуьнан сказуемих маьIница йозуш хилар долуш.

Оцу кепара нийсачу кхачамца дерг а, дийриг дожаран (эргативан) конструкцица дерг ца къастийча залог юьйцийла ца хуьлу вайн: кхечуьнга йолучу предложени чохь цIерниг дожар коьртаза меже, дийриг дожар коьрта а йина, эргативан конструкци «жигарчу», нийсачу залоган лерича бен.

---

[7] Ваха Тимаев. ХIинцалера нохчийн мотт. Лексикологи. Фонетика. Морфологи. Соьлжа-гIала, 2007, 389-390 агIонаш

[8] Хьажа: З.Г. Абдуллаев. Эргативная конструкция предложения в горских письменных языках Дагестана. Эргативная конструкция предложения в языках различных типов. Л., 1967; Очерки по синтаксису даргинского языка. М., 1977; Проблемы эргативности даргинского языка. М., 1986.

[9] А.С. Чикобава. Несколько замечаний об эргативной конструкции. Эргативная конструкция предложения. Л., 1950, 9–10 агIонаш.

УДК 4С (Чеч)

# НОХЧИЙН МОТТ – НОХЧИЙН МЕТТАН ДИЙНАХЬ

© К.З. ЧОКАЕВ

Мотт боцуш къам ца хуьлу.
**В.В. Путин**

Коьртаниг – ненан маттахь хьехар
Керлачу программехь а дуьсуш ду.
**Д.А. Медведев**

Мотт боцуш адам а ца хуьлу, – тIетухур вай.

Делахь а хьалхенгахь вайн дахарехь хиллачух а хIинца долуш долчух а дуьйцур вай.

Дукха хан йоццуш Украинан Радас шайн мовех лаьцна закон тIийцира. Цигахь билгалдаьккхинера оьрсийн мотт – мехкан йистонашкара (кIошташкара) мотт хир бу, аьлла. Хохолаш арабевлира оьрсийн мотт мехкан йистонашкара мотт ларар а законера дIадаккха, аьлла. Вайна ма доккха ниIмат дара-кх нохчийн мотт вайн кIошташкахь лела безаш хилар законаца билгалдина а хилча, ткъа гIуллакхаца и вайн кхочушдан таро хилча.

Оьрсаша олуш ма-хиллара аьлча, токхо-м йоцуш мегар дара вай – са чохь хилчахьана (не до жиру – быть живу). Нохчийчоьнан а, ДегIастанан а хилла имам Шемал, наха бахарехь, дукха меттанаш хууш хилла. Цунна шен ненан жIайн мотт а хууш хилла, муьлхачу юьртарниг хилла аьлла билгалдаьккхина дацахь а, кхоччуш Iаьрбиниг а хууш хилла ша Iелам-стаг хилла хиларе терра, дин-исламан гIуллакхаш а, Кемсе гIуллакхаш, дехьа-сехьа дахьийта кехат яздар цу маттахь лело дезаш хиларе терра.

Цхьацца болчу хаамашца цунна нохчийн мотт а хууш хиллачух тера ду, хIунда аьлча ша нохчийн лаьтта тIехь Iар долуш хиларна, цунна нохчашца тIекаре лело и мотт оьшуш хилла. ГIумкийн мотт-м билггал хууш хиллачух тера ду цунна, хIунда аьлча цуьнан хенахь а, цул хьалха а Кавказехь тайп-тайпанчу къаьмнийн юкъара мотт хилла лелаш и мотт хилла хиларна. Ткъа Шемал санна волчу пачхьалкхан даржерачу стагана и мотт хаа безаш хилар ца хилча ца долуш долу декхар хилла.

Дуккха а хIумнаш хууш хилла Шемална, амма цунна ца хууш хиллачух тера ду мотт адамийн юкъараллин хилам хилла хилар. И цунна хууш хиллехьара цо шен кIант Джамалди еххачу заманчохь Россин пачхьалкхан йийсарехь Iер бахьнехь, шен ненан жIайн мотт цо бицбарна шийлачу, тIуьначу ор чу а хийшош гIело латтош хьийзийна хир вацара.

Муха Iалаш лур бара кIанте шен ненан жIайн мотт жима волуш дуьйна 20 шарахь юххехь дистхила шен мотт хууш адам доцуш, оьрсашна юкъахь кхуьуш цу хене ваьлла хилча. ТIаккха а тIе цига кхачар а, юха шен махка юха верзар а цуьнан шен лаамца нисделла а ца хилча. Хууш махиллара, имама закъалтана веллерра оьрсашна ша кхин дуьхьало йийр яц аьлла (1834 ш.), юха ша лецна балийначу гуьржийн элех хийцинера (1854 шарахь Кахете дина тIелатар).

Иштта имамана меттан Iилма хууш цахилар бахьанехь цуьнан къизаллех воI Джамалдин дукха хан ялале йовхарийн цамгарх чахотка велира. Имам-м хIунда вуьйцура, цуьнан хенахь-м метта Iилма дуьххьарлера гIулчаш йохуш хилла хилча. Iилма, меттаIилма а тIехь, кхиарехь лакхарчу тIегIан тIе даьллачу вайн заманахь а иштганиг хаалуш хилча. Цуьнан масал дац тIаккха тахана къам дала сауьйзуш хилча, хIунда, В.В. Путина а, лакхахь вай а ма-аллара, мотт дIабалар къам даларе нийсса ду, аьлла лерина хилча.

Далор вай тахананалерачу дахарера масалш, исторехь къаьмнаш а, церан меттанаш а дайна масалш ца лерича а.

Вайн республикин коьртехь волчу Кадыров Рамзанан пурбанца тахана вайн бакъо ю вешан ненан маттахь вешан мехкан муьлххачу дахаран а, Iеран а хьаьрмехь язда а, дистхила а. Цул сов, леррина билгалдаьккхина ду вайн меттан де а, и базбарна, кхиорна лерина. Иштачу хьелашка Советан заманахь а, цул хьалха а вайн сатуьйсийла а яцара. Ткъа муха пайда оьцу вай цу вайна еллачу маршонах. Мичахь оьцу вай вешан маттах пайда йозанехь а, буьйцуш а. Таханлерачу дийнахь иштта меттиг меттан бийцарехь цхьаъ ю-кх – те-

зет. Ткъа кхузахь далош дерг ши-кхо алар (фраза) ду-кх: Дала гечдойла, ша вирзина (йирзина) меттиг декъалйойла. И ши алар уггар эвсаре ду-кх вайн меттан. Кхин цхьа алар а даладо, массанхьа ца даладахь а, тезетара дIавоьдуш: Дала иманаца собар лойла шуна. Маттах алсамуо заманахь буха дуьсудерг и кхо алар ду-кх. Бакъду, вайн динан дайша нохчийн матте а даьккхина, кхечу къаьмнаша деш ма-хиллара, доIа а, ламаз кхидолу а дина гIуллакхаш лело пурба делча, цо доккха гIо дийр дара меттан оьмар яхъярехь. Амма и пурба вайн тахана дац. Ткъа АллахI Дала аьлла ма ду шена Iамал муьлххачу маттахь ян мегар ду. Ала дашна, Иорданера шайх волчу Iабдул-Бакъис мовлад нохчийн маттахь йоьшура…

Цу дерригенна тIедоьгIна, дийцинчу жамIан кепара кхузахь ала луур дара хIокху вайн меттан денна лерина вай деш долу гIуллакхаш эвсаре хилийтаран Iалашо йолуш долу цхьацца тхайна хеташ дерш.

I. Кхузахь деш долчу къамелийн теманаш кху «дийнан» мотт бийцар шордаран Iалашонца йоьзна хила езар. Кхечу агIор аьлча, «Дийна» къамелашкахь коьрта долчунна мотт буьйцуш лелор хIун дина шордийр дара, аьлла йолчу Iалашоне доьлху некъаш гойтуш хила езара, иза «Дийна» коьрта Iалашо хиларе терра, хIунда аьлча мотт буьйцуш мел бу беха. Буьйцучура дIабаьлла мотт белла бу. Ткъа теори кепара-м делла дIадевлла меттанаш а Iамош а,толлуш а меттигаш меттаIилманехь йолуш ю.

Доцца аьлча, вай кхузахь деш долу къамелаш мотт кхиаран а, цуьнан лелар шордалийтаран а Iалашонца догIуш хила деза. Масала, дешаран Iаматаш муха хила еза, йолуш йолчийн дикалла алсам муха яккха еза, иштта методиках, дешаран а, кхечу тайпана а йолчу дошамех (словарь) лаьцна радиохь, телевидинехь дийца деза. Берашна лерина гайтамаш, дийцарш, туьйранаш арахеца деза. Берийн литературина къаьсттина тидам тIебахийта беза. Кхузахь иштта ала деза берийн яслешкахь, бошмашкахь хIун меттиг дIалоцу матто, ишколехь мел сахьт ду нохчийн меттан и. дI. кх. а.

Масална аьлча, Советан заманахь, Къилбаседа ХIирийчохь, вай трамвай тIехь мотт бийца ца даьхьчу хенахь, берийн бошмашкахь Iамош хIирийн мотт бара. Ткъа и гIуллакх вай долчохь тахана а ша хила ма-деззачу кепара дIанисдина дац (хьовса цунах лаций лахахь). Бакъду, вай даима а лерринчу тидамехь-м дара, коммунизме боьдучу некъана дуьхьала долу ширчу заманан бухдисинарш долуш хиларе терра билгалдаьхна хиларна. Нагахь ца хиллехь а и цIе яр-кх вайна тиллина.

Ура-атталла, берийн учрежденеш тахана а ерриг а бохург санна, ненан меттан цIерш техкина яц. Соьлж-гIалахь ю цхьа беш нохчаша лелош йолу зударийн Iаьрба меттан цIе йолуш – Айшатик, иза а кхечу меттан суффикс -ик тIетоьхна ялийна ю. Иштта талхийна ялийна и Мохьмадапайхамара (Д.с.х.) зудчун еза цIе а. Кхузахь юкъара йолу хIокху деношкахь «Республикин хаамаш» газет тIехь (18.07.2013) ялийна йолу кхоччуш нохчийн меттан Шеларчу берийн бешан цIе «Яхийта». И цIе а цхьаболчу нахана чIогIа тамашийна хIума хеташ тIеэцначух тера ду. Масала, цу бешан директоро Азас интервью ло цхьа Диана бохучу йоIана. Дианас директоре Азе хоьтту, берашца занятеш муха дIайоьлху, церан духар муха ду, иштта кхин а. Бераш муха кхетош-кхиош ду бохург кхузахь вайна ца хеза, нагахь санна цунах къамел шардар, шийла хи деттар, эшарш лакхар, иштта кхидерш дацахь. Амма тхо цецдохуш дерг дара Дианас цу бешан цIарах лаьцна хаьттинарг. Цо хоьтту: мичара яьлла хьуна и тамашийна цIе?

Азас йоьхна-а, бехказа йолучу кепара жоп ло: Со-со боккхачу доьзалера ю. Сан ненан цIе а яра Яхийта. Цунна чIогIа дезара бераш, со Iамайора цо берахь дуьйна цIано а, къепе а, доьзал а, бераш а деза. Иштта кхоллаелира сан хьехархо хила а, бераш деза, уьш Iамо а йолу ойла. Ткъа «Яхийта» хан еха хила лаарца доьзна долу дош хиларна тиллир-кх оха тхешан бешан цIе иштта.

Тхан ду Диане хаттар: хьо хIунда яьлла сел чIогIа цец цу цIенчу даиман нохчаша юкъахь лелаш йолчу шуьйра цIарна?

Хала ду-кх кхета, нохчо а волуш, нохчийн махкахь кхиа кхиъна волчу стагана, зудчанна Яхийта цIе ца евзаш, цуьнга керлачу кевне хьоьжу уьстагIа санна цеце хьоьжуш хиларх.

Кхузахь коьртаниг Дианас Азе луш долу хеттарш бехк боккхучу кепара ду, цо иштта цIе бешана тилларна, ткъа Азас луш долу жоьпаш шегара яьллачу ледирлонна бехказа юьйлучу кепара хилар ду. Цхьана дашца аьлча, дов хаттаран сурт ду-кх хьахIуттуш дерг. Аза девна да, Диана довхоттург (оьрс. Следователь). Азин алиби (бехказлонна делил) ненан цIе Яхийта хилар ду. Мелла а мичча а хьолехь а массанхьа а муьлххачу девнехь ненан иэс лоруш хIума ю-кх вайн. Лаа олуш ма дац нана-Россех, нана-ДегIаста, нана-Нохчийчоь, нана-Наьсаре иштта кхи а. Амма вуьшта и интервью-довхаттар вайн мискачу Азина мича кепара доьрзур дара ала хала дара.

Кхузахь вайн тидаме дилла дезаш дерг цаI ду: мел хера девлла-кх вай вешан къоман йуьхьана, оьрсаша олуш ма-хиллара тайпа-тукхам дицдинчу ИвангIаьрга кхочуш. Везан Дела, вокхун Дела къинхетам бие ахь тхох!

II. Доккха маьІна долуш бу «Дийнан» къамелийн а, хаамийн мотт, ша ладогІархошна а, кхечарна а масал хила безаш болу, вай «денна» лерам долучу сий а ойбуш, цуьнан ларам лакхарчу тІегІане боккхуш. Кхеташ ду и мотт нохчийн литературан мотт хила безаш хилар, тІаьхьарчу заманахь олуш. Лелош ма-хиллара, «нохчийн мотт нохчийн маттахь». Амма кхета хала делахь а хІинццалц вай лийринчу «деношкахь», язбина а, бешна а болу хаамаш 99 % нохчийн маттахь бацара. Церан чулацам муха бара вай лакхахь хьахийра. Иштта гІели озар мел зуламехь ду гойтуш лекци а ешна, и чекхйолуш схьаяьккхина гІели оьзначу лоьрах тарделира вай. Беламе дац иза! Иштта тІаьххьарчу «дийнахь» вай дешначу 30 къамелах 3 бен нохчийн маттахь дацара (сайниг ца лорур вай). Иза - Академин меттан, литературин отделан заведующи волчу, филологин кандидатан Н.Н. Альбековн хаам, Соьлжа-гІалин 36-чу юкъарчу школин нохчийн меттан хьехархочун А.А. Батаевн хаам, вайн университетан нохчийн меттан кафедрин заведующи волчу филологин Іилманийн кандидатан І. Вагаповн хаам.

Кхузахь дІадаккха а, тІетоха а хІумма а дац, дерриг ма-дарра гуш ду.

Комментареш ца оьшу. Нагахь санна къоман маттана леринчу дезчу дийнахь вайна нохчийн мотт бийца а, нохчийн маттахь яздан а хууш дацахь, тІейолчу ханна кху дийнахь хила дезаш дерг, хІинццалц санна, мотт кхидІа а кхиорах лаьцна хиллехь, хІинца дуьйна дерг дІабаьлла нохчийн мотт юха-метта муха хІотто беза бохучух хила дезаш ду. Израиле доьлхуш жуьгтех, цара шайн дІабаьлла болу идиш мотт юха меттахІоттош лелийначух пайда а оьцуш, царах дага а довлуш. ХІинцачул 10 шо хьалха иштттаниг хила йиш йоцуш дара. Вай Іилманчашка ла а доьгІна, мотт кхиорна лерина долу гІуллакхаш лелийнехьара хІокху хьоле вай кхочур дацара. Джугашвилис 1944-чу шарахь дІаяьккхина юьхьанцара школа метта хІоттинехьара, берийн бошмашкахь мотт хьехар дІахІоттийнехьара, иштта кхидерш а динехьара. Вайн хьокъала болчу наха, дайшнананошна ца лаьа нохчийн маттахь школа хуьлийла бохуш, лелош йолу моттаргІанаш бух боцуш ю. Ишкола йолуш долчу кхечу къаьмнийн а ма ду дай-наной – камчадалийн, чукчийн, нанайцийн, иштта дуккха а кхечаран а. Цу къаьмнийн дай-наной кхетам лахара болуш ду те вайн дайнанойл?

Иштта бух боцуш ду хьехархойн кадраш яц, Іаматаш яц бохуш лелош йолу бехказлонаш а. 20-чу шерашкахь вайн школашкахь цхьа а лакхара образовани хьовха, юккъера образовани йолуш а бацара нохчийн хьехархой. 3 беттан курсаш яьхна я яхаза болу арабисташ бара.

Амма юьхьанцара нохчийн школа-м яра. Цу школо белира махкахь а, махкал арахьа а гІарабевлла Іилманчаш – профессорш А. Авторханов, Ю.Д. Дешериев, И.И. Ибрагимов, нохчийн исбаьхьаллин литературан кхоьллина болу баккхий яздархой М. Мамакаев, А. Мамакаев, А. Айдамиров, Ш. Арсанукаев, Н. Музаев, У. Гайсултанов, иштта кхиберш а. Царна массарна а, хецна нохчийн мотт а, оьрсийн мотт а хаара. Ала доггІучара аьлча, хІинцалерачу школо ца ло иштта генеш. Кхин хІун аргументаш еза вайна нийсачу новкъа довла. Вайна хІунда ца мегаш ду дуьнено а, ЮНЕСКО-с а магийна тІеэцнарг. Я вай массарел а хьекъал долуш ду-те, я Іовдал ду-те? Вайн сийлахь хилла волчу президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжас аьлла ду «Хьехархочо къам кхуллу». Ткъа муха кхолла деза цо къам, къоман школа ца хилча? Дерзош ала луур дара: массо а къам вовшех ийна дІадер долуш ду. Цхьадерш хьалха, вуьйш тІаьхьа. Нохчийн къоман кхоллам шен керахь болчаьрга кхойкху со: кхечу къаьмнашна шаьш еллачул хан лойша тхуна а, тхешан къоман юьхь йолуш дуьнен тІехь яккха. Дукха хан йоццуш шен хиллачу къамелехь вайн премьер волчу Д.А. Медведевс элира: «Керлачу образованин программехь а коьрта положени дешар ненан маттахь хила дезар юьсуш ю». Хаа лаар-кх и положени вай тІе хІунда ца оьцу, цуьнца доьзна кхочуш дан дезаш къоман культурин а, цуьнан историн, методически, педагогически а, меттан а, кхетош-кхиоран а чІогІа мехала, лараме гІуллакхаш а хилча. ТІаккха вай и ца дахь, кхин и дан нах а ца хилча.

УДК 8С (Чеч)

# ГАЙСУЛТАНОВ IУМАРАН ПРОИЗВЕДЕНЕШ ШКОЛЕХЬ IАМОР

© А. АРСАНУКАЕВ

ДIадаханчу бIешеран 60–80 шерашкахь нохчийн литературехь шуьйра евзаш яра прозаикан Гайсултанов Iумаран цIе. Нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь кест-кеста арайовлура яздархочун произведенеш. Коьрта долчу декъана берашна, кегийрхошна лерина яра цуьнан дуьххьарлера произведенеш. Нохчийн литературехь шен исбаьхьаллин произведенеш леррина берашна язъечу яздархойх хьалхарниг вара иза.

Гайсултнов Iумар вина 1920-чу шарахь Шелахь ахархочун Эдилсолтин доьзалехь. Iумаран денана Себибат хилла туьйранаш, нохчийн барта дийцарш дика хууш. Шена дукхавезачу кIентан кIантана жимчу Iумарна дуьйцуш хилла цо нохчийн къоман туьйранаш. Дененас дийцинчу туьйранашка чIогIа хазахеташ ладегIна ша, хIетахь нохчийн исбаьхьаллин даше бахана безам бу аьлла хета шена литературе шен шовкъ кхоьллинарг, олура Гайсултанов Iумара.

Юьртара школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа, 1936-чу шарахь, Грозненски рабфаке деша вахна Гайсултанов Iумар. Дика доьшуш чекхъяьккхина рабфак. Дукха хан ялале Сийлахь-боккха Даймехкан тIом болабелча, тIаме а вахна, 1941–1943 шерашкахь эскарехь хилла иза.

Нохчийн къам махках даьккхинчу хенахь, 1944–1957 шерашкахь, Киргизехь финансови органашкахь белхаш бина цо. Даймахка цIа вирзича, кхидIа а дешна: чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн педагогически институтан историко-филологически факультетан оьрсийн меттан, литературин, нохчийн меттан, литературин отделени. 1958-чу шарахь дуьйна хаддаза Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь дешаран книгаш арахоьцучу отделехь лакхарчу редакторан болх беш вара.

Гайсултанов Iумар язда волавелла дIадаханчу бIешеран 50-г1а шераш юккъе даханчу хенахь. Шен дуьххьарлерчу произведениийн рукописаш цо еша луш хилла лингвист, литературовед волчу Мальсагов Дошлукога. ХIетахь Киргизски университетан оьрсийн меттан кафедрин доцент хилла Мальсагов Дошлуко. Лаккхара говзалла йолуш Iилманча вара Мальсагов Дошлуко, вай цIадирзинчул тIаьхьа Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан унивеситетехь профессор вара иза. Цо гIо дина волалуш волчу яздархочунна литературин болх караберзорехь. Гайсултанов Iумара цунна баркалла аларца хьахайора и хан.

Гайсултанов Iумаран дуьххьарлера книга “Болат-ГIала йожар” араяьлла 1959-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь. Шен цIарах книга йолу повесть а, дийцарш а ду цу тIехь зорбатоьхна. Шира хенахьлерчу нохчийн дахарера гуллакхаш ду “Болат-ГIала йожар” повестан чулацамехь. Дика тIеийцира книгашъешархоша Гайсултанов Iумаран хьалхара книга. Яздархочун кхиам лерира иза критико а.

Барта кхолларалліица уьйр йолуш ю «Болат-ГIала йожар» повесть. Халкъан дукха хьалха хиллачу дахарх долчу барта дийцарех пайдаоьцуш язйина ю иза. Шен повесть тIехь автора гайтина хьалхалерчу заманахь, ширачу хенахь хилла вайнехан дахар, хIетахь адамийн хилла юкъаметтигаш, гIиллакх-амалш, церан Iер-дахарехь Iитталуш хилла гIуллакхаш. Цу тIехь билгалдолу, муха хилла хьалхалерчу заманахь маьршачу адамийн дахар, хIун халонаш лайна цара, муьлш хилла церан доттагIий а, мостагIий а. Яздархочунна оцу хенахьлерчу адамийн гIиллакх-амалш а, дахар а довзарехь гIо дина халкъан барта кхолларалла евзаш хиларо, ширачу дийцарех пайдаэцаро. Повесть йоьшуш вайна го нуьцкъалчу адамийн васташ, паргIатчу дахарехьа къийсам латточу халкъан доьналла, вайна девза тайп-тайпанчу къаьмнех болчу дикачу кIентийн вовшашца долу тешаме доттагIалла, цхьабарт болуш гIевттинчу маьршачу наха шайн мостагIий эшош хиларан хьелаш.

Яздархочо леррина гойту повестан турпалхой, церан гIиллакхаш, духар, лелар: Iаьржачу кхакханан месала куйнаш, логе кхаччалц долу ветанаш дIа а доьхкина йолу цIахь дечу кIадинах тегна гIовталш, пезагаш тIехула кога юьйхина, кIеда ча чу а диллина, наьIаран мачаш, гIовталшна тIехула дихкинчу доьхкарех кхозуш еха шаьлтанаш. Иштта духар а дуьйхина волу воккха ши стаг Нажий, Цицкий кхайкхина луларчу юьр-

та воьдуш ву. Шайн уггаре кегийчарах цхьацца бер Лечий, Кхокхий а ду цу шиммо шайца дуьгуш. Дуьне хаздеш, Іалам самадоккхуш йогІуш йолчу бІаьстенан дезде тІекхачарна, иза даздеш дакъалаца хьошалгІа кхайкхина воьдуш ву воккха ши стаг. Повесть тІехь къеггина гайтина оцу ширачу заманахь дезде тІедеача, я цхьа вон-дика Іоттаделча, адамаша беш хилла лерамаш.

Талорхоша, тешнабехкаца тІехьашха тІелетта, воккха ши стаг Нажий, Цицкий охьа а тоьхна, куьйгаш дихкина йийсардира. Изза дира Нажин кІантана Лечина а. «Буьрсачу лаьмнашкарчу буьрсачу Болат-ГІала дІадигира талорхоша йийсарш». ГІалин дайша-талорхоша, шайна къар ца велча, Нажий, Цицкий кІоргачу Іин чу кхоьссира, Леча Гуьржех а вигина воьхкира. Юьхьанца гуьржийн цхьана элан жа дажош вара Леча, цул тІаьхьа реми тІе хІоттийнера. Цигахь ялх шо доккхуш, ша санна болчарна юккъехь накъостий а карийна, мелла а дуьне, адам а девзаш, лата а Іемаш, анддавелира Леча. Леча а, цуьнан накъост гуьржи Хвичо а, даиманна бохург санна, цхьаьна гойту повесть тІехь. И шиъ цхьабарт болуш, вовшашна чу садиллина, вовшийн чІогІа терго еш хилар гайтина яздархочо. Цу шиннан ойланаш хьанал ю, Іалашонаш беркате ю. Оцу некъа тІехь чІагІвала, шайн Іалашонаш кхочушъян цу шинна гІо до воккхачу стага Иагос. Иаго шина кІентан терго еш вара, цо бийцира Лечина даймахка боьду некъ, хьехар а дина, вада аьтто а баьккхина, ваккха ма-веззара новкъа ваьккхира Иагос ши кІант. Лечин а, Хвичон а хьуьнарш кхиарехь, цу шиннийн гІиллакх-оьздангалла кхиарехь мехала бара ши кІант эла волчохь волуш Иагос церан бина тергам.

Лечас чІагІо йинера Болат-Галарчу талорхошца тІом латто. Кхуьнан юьртахоша а сацам бинера: «дийнахь а, буса а саццаза, бохийна дІабаххалц, Болат-ГІаларчаьрца тІом латто, церан бен, лаьттина меттиг ца юьтуш, бохийна дІабаккха». Болат-ГІалара талорхой тІаьхьатІаьхьа нахана даккхий зенаш деш чІогІа зуламе бевллера, уьш боха а бина, церан гІала йожийча бен адамаш паргІат дехар дацара. Лечас а, цуьнан накъосташа а воккхачу стеган Чалин куьйгаллица говза а, майра а тІелатарца паргІат бехира йийсарехь латтийнарш, эшийра талорхой, йожийра церан туш хилла лаьттина Болат-ГІала.

ЦІеначу маттаца, исбаьхьаллин сурт хІоттош, язйина ю повесть. Талорхоша йийсар а дина, «хьалхаваьлла куьйгаш дихкина воккха ши стаг а, юхxе хІоьттина йоьлхуш йогІуш Кхокха а йолуш», и турпалхой дІабигар гайтинчул тІаьхьа, автора боху: «Новкъахь Кхокхас даьхна зезагаш охьакхиссинчохь дисира, маргІал а делла». Зезагаш адамийн дахарехь а, Іаламехь а сирланиг, хазаниг, исбаьхьниг шайца дозаделла хуьлуш ду, цара бІаьрг белабо, самукъане во. Ткъа зулам дикачунна дуьхьал ду, цо диканиг, сирланиг дохадо, хІаллакдо. Кхузахь маргІалделла зезагаш ша-тайпа метафора ю, цо кхин а чІагІдеш санна хетало талорхоша дина долу зулам. Иштта меттигаш алссам а ю повесть тІехь.

Шайн маьІна ду повесть тІехь Іаламан суртийн а. Йоккхачу исбаьхьаллица кхоьллина долу и буьрса Іаламан сурташ а хьалхалерчу хенахь хиллачу адамийн буьрсачу дахарца цхьаьнадогІуш ду.

Маьршачу халкъо Іазап ца лов, цо шена паргІато йоккху, цо эшабо муьлхха а мостагІий. Халчу хенахь халкъана хьалха бовлу дика кІентий, цара халкъ вовшахтуху паргІатонехьа болчу къийсамна, толаме кхачадо. Иштта ду «Болат-ГІала йожар» повестан коьрта маьІна.

1960 шарахь араелира яздархочун шолгІа книга “Кавказан лаьмнашкахь”. Дийцарш дара цу тІехь зорбатоьхна. Кхин ши шо даьлча зорбатуьйхира “Сема лергаш” цІе йолу дийцарийн книга. Царна тІаьхxе араевлира керла книгаш “Къийсаман новкъахь” (1963), «Керлачу дахаре» (1964), «Тешаме доттагІ» (1965). Оцу произведенийн коьрта тема берийн, кегийрхойн дахар дара, церан уьйраш, лехамаш бу авторан тидамехь. Шен турпалхойн ойланаш, гІиллакхаш, гуллакхаш говза гайтина яздархочо, берийн психологица догІуш ду цо кхоьллина исбаьхьаллин васташ, сурташ. Гайсултанов Іумара и книгаш берашна, кегийрхошна лерина ю. Иза нохчийн литературехь керла дара. Яздархочо шен ерриге кхолларалла берашна лерина хилар къоман литературехь даьржина дацара, оцу гІуллакхехь Гайсултанов Іумар хьалхарниг ву.

Москвахь «Детская литература» издательствехь 1965 шарахь арахоьцу оьрсийн матте а яьккхина «Іаьрби» це йолу повесть. Украинийн маттахь а арояьлла «Іаьрби» повесть. Цул таьхьа, Соьлжа-ГІалахь нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь зорбатоьхна «Массарна а боьлийла малх» повесть а. Нальчикехь 1969 шарахь берийн литературин хьокъехь хиллачу совещанехь Къилбаседа Кавказехь таьххьарчу шерашкахь берашна арахецначу произведенешна юкъахь тоьллачех лерина Гайсултанов Іумаран «Массарна а боьлийла малх». Молдаванийн маттахь а арахецна и повесть.

Масех басня а ю Гайсултанов Іумаран кхоллараллехь. Царах ю «Барзо амал ца хуьйцу», «Кхо стуй, борззий» цІерш йолу баснеш. Дукха хьолахь

баснешкахь, уьш дIайолалуш я чекхйолуш даладой авторера дешнаш хуьлу. Оцу дешнашкахь къеггина билгалдолу баснин коьрта маьIна. Амма и коьрта маьIна шайца гучудолу авторан дешнаш доцуш а хуьлу баснеш. Ишттачарах ю «Кхо стуй, борзий» басня. Оцу тайпанчу баснин маьIна а, цо луш болу кхетам а цуьнан чулацамца билгалболу. Борз басни тIехь мекарло йолуш гайтина, цо шен ямартан Iалашо мекарлонца кхочушйо. Барт болуш цхьаьна болчу кхаа старна дуьхьал ца ялало борз, цундела барт бохийна цхьацца а дохий, хIаллакдо цо стерчий. Вовшашна юкъара барт боьхча, хIаллакхилира кхоь а сту. Юьхьанца кхаа стеран цхьабарт болчу хенахь царна цуьрриг а кхераме яцара борз. Гуттара уьш бертахь хиллехьара, вовшийн лардеш, Iалашдеш, берзан эладитане ла а ца доьгIуш леллехьара хIаллакьхир дацара. Авторан шегара жамI дар доцуш, баснин текстехь гучудолу маьIна.

Нохчийн республикански тайнигин театрехь еххачу хенахь кхиамца х1иттийна яздархочун пьесаш «Турпал», «Лечарчий», «Дашо бар», «Хьуьнхара цIа».

Гайсултанов Iумаран «Малика», «Мила ву хьо?» повесташ яздархочун кхолламаллехь керла агIо яра. “Малика” повестан коьрта турпалхо – нохчийн къона зуда Малика библиотекарь йолчуьра дIа а яьлла, юьртабахаме балха йоьду. Къинхьегамехь, юкъараллин дахарехь дакъалацаран Iалашо ю цуьнан. Шен нийсархошца цхьаьна юьртабахам дебош ю иза. ХIайттараллица вовшахтуху Маликас шен звенон болх, кхечаьрца йоьхье бевлича, толам боккху цуьнан звенон декъашхоша.

Малика къинхьегамехь гайтарца цхьаьна цуьнан синхаамаш, безам, ойла гайтина яздархочо. Маликин оьзда васт цуьнан хьаналчу къинхьегамехь, цуьнан адамашца йолчу дог-ойланца, цо шена хьалха хIиттош йолу Iалашонаш гайтарца, уьш кхочушъярехь цо дечу гIуллакхашца билгалдаьккхина автора.

Повестан персонажех хIора а шен сибатаматца, кхечарах къаьсташ йолчу амалца, шен меттан башхаллашца вовшех къаьсташ ю.

Шен хенахьлерчу юьртабахаман проблематика ю яздархочо “Малика” повестехь къастийнарг.

«Мила ву хьо?» шина книгех лаьтташ йоккха повесть ю. Кегийчу нехан васташ кхоьллина яздархочо, церан дахаран Iалашонаш, лехамаш гайтина. Замано дахьаш долу керланиг, беркатениг чIагIдеш, новкъарло еш долчуьнца къийсам латтош кхуьуш бу кегийрхой.

1974 шарахь зорбанера араяьлла Гайсултанов Iумара исторехь хиллачийн буха тIехь язйина повесть “Александр Чеченский”. Исторически тема ойу автора шен керлачу произведенехь. Паччахьан Iедало колониальни Iалашонаш кхочушъеш Кавказехь тIом латтийначу хенахь а оьрсийн прогрессивни нехан нохчашца хилла беркате юкъаметтигаш гойту автора шен повестехь. А.С. Пушкина бовхачу безамца вийцинчу Николай Раевскийс тIе а лаьцна, кхиийначу нохчочун Александр Чеченскийн кхоллам гойтуш ю повесть. Нохчийчуьра тIеман алонгара дIавигина кIант Н. Раевскийн доьзалехь кхиира. Московски университет чекх а яьккхина, лакхара образовани а, культура а йолуш волчу Александр Чеченскийс шен хенан тIеман говзалла караерзийра. Инарламаойра чине кхечира иза. ТIамехь тIехмайралла, хьуьнарш гайтарна коьртакомандующий М.И. Кутузов а лерам болуш хилла Александр Чеченскийга. Оьрсийн поэт а, тIемало а волчу Денис Давыдовс а дуккха а диканиг яздина шеца партизански отрядехь хиллачу Александр Чеченскийх лаьцна.

Дуккха а исторически хиламаш чулоцуш ю повесть. Уьш авторна эшна шеен турпалхочун дахар а, цуьнан амал кхиаран хьелаш а кIорггера довзийтархьама.

БерхIитталгIачу бIешеран шолгIа эхе юкъал тIехъяьллачу хенахь Алдара Ушурма коьртехь а волуш нохчийн а, Къилбаседа Кавказан кхидолу къаьмнаш а паччахьан эскаршна дуьхьал шайн паргIато ларъеш гIовттар гойтуш дIайолало повесть. Говзачу исбаьхьаллин кепехь гайтина произведени тIехь и исторически бакъдерш. Повестан композици чолхе а йоцуш, турпалхойн васташ дика гойтуш а, автора идея къеггина билгалйоккхуш а ю. Кавказера, Россехара я Францера хиламаш буьйцуш а бакъдолчунна тIера ца волу автор. Произведени тIехь ша гойтуш долу гIуллакхаш яздархочо кIорггера теллина хилар хаало книга йоьшуш. Халкъан патриотизм, майралла билгалйолучу сурташца, говза кхоьллинчу исбаьхьаллин васташкахь гайтина 1812–1814 шерашкахьлерчу Даймехкан тIамехь оьрсийн халкъо Наполеонан эскарш эша а дина, Даймохк паргIатбаккхар. Оцу тIамехь къаьсттина билгалдевлла долу Александ Чеченскийн бIаьхочун хьуьнарш хьакъдоллучу исбаьхьаллин басаршца гучудаьхна яздархочо. Амма цо тоам ца бина шен турпалхочун бIаьхаллин хьуьнарш дийцарх, цуьнан васт дуьззина кхоьллина автора. Повестехь вайна гайтина Александр Чеченскийн ойланаш, цуьнан цIена безам, йовха доттагIаллин уьйраш, даймахкана, халкъана иза хьанал хилар. Ша вина меттиг, дай баьхна мохк – Нохчийчоь дагаеъча, цуьнан дог дуткъадалар хаало вайна. И дерриге

а яздархочо кхочушдина дагах хьакхалуш долчу исбаьхьаллин васташца, сурташца. Говза язйинчу произведенин билгалонаш ю уьш.

Повестан хиламаш 1816 шарца чекхбовлу, амма эпилогехь автора хаийтина шен турпалхочун кхидIа хиллачу дахарх дерг а.

Нохчийн исторически прозехь дикачарах ю «Александр Чеченский» повесть. Кхолларааллин таронаш яккхий йолуш вара Гайсултанов Iумар. Цуьнан произведенеш школашкахь, вузашкахь Iамош ю.

Гайсултанов Iумар кхелхина 1980 шеран 1-чу февралехь Соьлжа-ГIалахь.

Яздархочун кхолларалла берийн, кегийрхойн литература кхиарехь мехала яра, къоман исбаьхьаллин културин цхьа дакъа ду иза.

Оцу материалах падаоьцур бу хьехарочо Гайсултанов Iумаран произведенеш дешархошца Iамо йолаеш, цуьнан дахарх, кхоллараллех лаьцна долу хьалхара дош кечдеш.

ХIокху статья тIехь вай къастор ду «Болат-ГIала йожар» повесть а, «Кхо стуй, борззий» басня а школехь Iаморан цхьадолу хьелаш.

*«Болат-ГIала йожар»*

«Болат-ГIала йожар» повесть Гайсултанов Iумаран дуьхьарлерчу произведенех ю. Повесть зорбанера араяьлла 1959-чу шарахь «Болат-ГIала йожар» цIе а йолчу книги тIехь, шеца авторан оцу муьрехь яздина дийцарш а долуш.

Барта кхоллараллица уьйр йолуш ю «Болат-ГIала йожар» повесть. Халкъан дукха хьалха хиллачу дахарх долчу барта дийцарех пайдаоьцуш язйина ю иза. Шен повесть тIехь автора гайтина хьалхалерчу заманахь, ширачу хенахь хилла вайнехан дахар, хIетахь адамийн хилла юкъаметтигаш, гIиллакх-амалш, церан Iер-дахарехь Iитталуш хилла гIуллакхаш.

«Болат-ГIала йожар» повесть 7-чу классехь Iамайо. 4 сахьт делла оцу повесть тIехь классехь болх бан. Дешархошца и произведени Iамош къасто дезарг иштта билгалдаьккхина программи тIехь: «Повестехь ширачу заманахь вайнехан хиллачу дахарх лаьцна дийцар. Мехкан паргIато къуьйсучохь адамашна юккъехь барт а, доттагIалла а хиларо кхиамашка кхачор. Повестан коьрта турпалхойн а, васташ а. Цуьнан маьIна. Произведени халкъан барта кхоллараллица йолу уьйр. Меттан башхаллаш» (Программаш. Нохчийн литература V–XI классаш. Соьлжа-ГIала. 2002. 12–13 агIонаш).

Классехь деша а доьшуш, текстаца болх байта хрестомати тIехь далийна ду «Болат-ГIала йожар» повестан дакъош. Уьш доьшуш, церан чулацам къастор бу дешархошца урокашкахь.

Повесть еша дуьйладалале, карладаьккхича дика хир ду дешархоша кху шарахь Iамийна долу «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли». Цо мелла а гIо дийр ду дешархой повесть тIехь дуьйцучу гIуллакхашна герга бало.

Повесть еша дуьйлалуш шен хьалхарчу дашехь хьехархочо эр ду, «Болат-ГIала йожар» повесть нохчийн къоман ширачу дахарехь хилла гIуллакхаш гойтуш ю, цу тIехь яздархочо дийцина, муха хилла дукха хьалхалерчу заманахь адамийн дахар, хIун халонаш лайна цара, муьлш хилла церан доттагIий а, мостагIий а. Яздархочунна оцу хенахьлерчу адамийн гIиллакх-амалш а, дахар а довзарехь гIо дина халкъан барта кхоллараллo. Барта дийцарех пайдаоьцуш язйина ю «Болат-ГIала йожар» боху повесть. Иза йоьшуш вайна гур ду нуьцкъалчу адамийн васташ, маьршачу дахарехьа къийсам латточу халкъан доьналла, вайна девзар ду тайп-тайпанчу къаьмнех болчу дикачу кIантийн вовшашца долу тешаме доттагIалла, цхьабарт болуш гIевттинчу маьршачу наха шайн мостагIий эшош хилар гур ду вайна. Цу тайппанчу масех дашах лаьтташ долу хьалхара къамел чекхдаьлча, классехь деша долора ду хрестомати тIера повестан дакъош. Цу тIехь дешархой шайх кхетар боцуш алссам дешнаш ду, царах цхьадерш хрестомати тIехь маьIна дина ду. И хIора дош а уьн тIе дIа а яздеш, дешархошка шайн словарикаш тIе а яздойтуш, уьш кхетор бу церан маьIнех. Текст еша йолаяле, цу тIерачу дерриге а дешнех дешархой кхетар бу аьлла, тешна хила веза хьехархо, ткъа шен шеко йолу дош дешархошка хатта а хаьттина, царна иза ца хаахь, маьIна дан деза. Масала, иштта дешнаш ду повесть тIехь ворхIалгIа классерчу дешархошна кхето хала хила тарлуш: вета, гIовтал, пезаг, пIаьлдиг, пха, ниха,тарх, гIагI, туьта, неIармачаш, дол, талорхо, омра, йийсар, гIорасизалла, баьччa, гIатт, бухка, чхьонкар, ясакх, геланча, гIарол, карс, Шема. Царах дешархой кхетош классехь болх дIабахьа беза. Цул тIаьхьа йолайо Iамош йолчу произведенин текст еша.

«Болат-ГIала йожар» повестан хьалхара дакъа дешначул тIаьхьа, цуьнан чулацам тIехь болх бо классехь. Иштта хаттарш хIиттадо дешархошна хьалха:

Муьлш бу повестан турпалхой?

Муха ду царна тIера духар?

Муха хилла оцу хенахьлерчу адамийн гIиллакхаш, церан Iер-дахарх хIун хаамаш бу повесть тIехь?

Оцу хаттаршна жоьпаш луш дешархошна кхин а кIорггера бевзар бу повестан хьалхарчу декъан чулацам, цара тидам бийр бу къоман

хьалхалерчу дахаран аматийн, адамийн вовшашца хиллачу юкъаметтигийн.

Яздархочо лерина гайтина шен турпалхойн духар: Іаьржачу кхакханан месала куйнаш, логе кхаччалц долу ветанаш дІа а доьхкина йолу цІахь дечу кІадех тегна гІовталш, пезагаш тІехула кога юьйхина наьІаран мачаш, кІеда ча чу а диллина, гІовталшна тІехула дихкинчу доьхкарех кхозуш еха шаьлтанаш. Иштта духар а дуьйхина волу воккха ши стаг: Нажий, Цицкий кхайкхина луларчу юьрта воьдуш вара, шайн уггаре кегийчарах цхьацца бер ду цу шимма шайца дуьгуш. Дуьне хаздеш, Іалам самадоккхуш йогІуш йолчу бІаьстенан дезде тІекхачарна иза даздеш дакъалаца хьошалгІа кхайкхина воьдуш вара воккха ши стаг. Повесть тІехь къеггина гайтина оцу ширачу заманахь дезде тІедеача, я цхьа вон-дика Іоттаделча адамаша беш хилла лерамаш.

Іаламан сурташ дехкина повесть тІехь. Йоккхачу исбаьхьаллица кхоьллина долу и буьрсачу Іаламан сурташ а хьалхалерчу хенахь хиллачу адамийн буьрсачу дахарца цхьаьнадогІуш ду.

Цу тайпана, повестан дакъош юьххьера дуьйна леррина тидам а беш дешаро таро хуьлуьйтур ю дешархойн шайна хьалха хІиттийнчу хаттаршна кхоччуш жоьпаш дала.

Повесть тІехь кхидІа болх беш дешархойн тидам сацор бу Нажин, Цицкин къамела тІехь. Болат-ГІаларчу талорхойх лаьцна церан къамелехь болчу кІеззигчу хаамаша гІо до вайна кхидІа болчу хиламех кхета. Цул совнаха оцу къамелехь вайна гучудолу Болат-ГІалахь болчарех нахана хеташ дерг.

Повестан хьалхара дакъа доьшуш а, цу тІехь болх беш а дешархошна дуьххьара вевза произведенин коьрта турпалхо Леча а, ткъа иштта Кхокха а. Дешархоша хазахеташ йоьшу Лечин хьуьнар, иза майра хилар гучудолуш йолу меттигаш. Кхузахь хьехархочо къеггина билгалйохуьйту дешархошка Лечин амалш. Иштта хаттарш хІиттор ду классана хьалха:

ХІун эр дара аш Лечех лаьцна?

Муха билгалдаьккхина повесть тІехь Лечин хьуьнар?

Кхокхина муха хийтира Леча?

Оцу хаттаршна жоьпаш луш дешархоша ялор ю текст тІера Лечас лаьхьа бер гайтина долу меттиг а, Кхокхин, Лечин хилла къамел а, талорхой шайна тІелеттачу хенахь, Лечас дуьхьало яр гайтина меттиг а.

Хазачу маттаца, исбаьхьаллин сурт хІоттош, язйина ю повесть. Талорхоша йийсар а дина, «хьалхаваьлла куьгаш дихкина воккха ши стаг а, юххе хІоьттина йоьлхуш йогІуш Кхокха а йолуш», и турпалхой дІабигар гайтинчул тІаьхьа, автора боху: «Новкъахь Кхокхас даьхна зезагаш охьакхиссинчохь дисира, маргІал а делла». Зезагаш адамийн дахарехь а, Іаламехь а сирланиг, хазаниг, исбаьхьниг шайца дозаделла хуьлуш ду, цара бІаьрг белабо, самукъане во. Ткъа зулам дерриге а дикачунна дуьхьал ду, цо диканиг, сирланиг дохадо, хІаллакдо. Кхузахь маргІалделлачу зезагаша кхин а чІагІдеш санна хетало талорхоша дина долу зулам.

Повесть тІехь и санна йолчу меттигийн маьІна дийр ду хьехархочо, дешархой церан идейно-исбаьхьаллин мехаллех кхетош.

Хрестомати тІехь (Нохчийн литература. 7 класс. Учебник-хрестомати. Соьлжа-ГІала, 2007) «Болат-ГІала йожар» повестана далийна хаттарш, тІедахкарш деа декъе декъна ду. Царах хІора декъана юкъадогІу хаттарш цхьацца урокана лерина хир ду. Повестан текст а оцу хаттаршка хьаьжжина урокашка екъча бегІийла хуьлу. Хьалхарчу урокехь хьалхарчу декъан хаттаршца йогІуш йолчу текст тІехь болх бийр бу, шолгІачу урокехь – шолгІачу декъан хаттаршца йогІучу текст тІехь болх бийр бу, иштта кхидІа а.

Повесть Іаморан хІора урок дІайолалур ю дешархоша цІахь кечдан дезаш хилла хаттарш царна хьалха хІитторца. Дешархойн жоьпаша гойтур ду хьехархочунна хьалхарчу урокехь шаьш Іамийнчу хьокъехь ша ала дезаш дерг. ЦІахь Іамийнчуьнан жамІаш а дина, дІадоьшур ду классехь хрестомати тІехь кхидІа долу повестан дакъош. Хрестомати тІехь зорба тоьхна повестан цхьадолу дакъош бен дац, ткъа хьехархочо дешархошна буьйцур бу оцу тІехь доцчу дакъойн чулацам, церан ерриге а повестах кхетам хилийта. Текст ешначул тІаьхьа иштта хаттарш хІоттор ду классана хьалха:

Муха го вайна хІинца Леча а, цуьнан доттагІ Хвичо а?

Леча кест-кеста ойланашка волий хІунда хуьлура, хІун ойланаш йора цо?

ХІун Іалашо йолуш лата Іемаш вара Леча а, Хвичо а?

Кхарал совнаха хрестомати тІехь далийнчу хаттарех а пайдаоьцур бу.

Оцу хаттаршна жоьпаш лохуш дешархошна евзар ю Лечин амалш, цуьнан Іалашонаш, сатийсамаш, гур ду иза хьуьнар долуш, кхетам болуш хилар. Дешархоша дуьйцур ду Хвичон а, Лечин а вовшашца долчу доттагІаллех лаьцна. Къаьсттина реза хуьлу дешархой Хвичона, цо Лечига ша а вогІур ву шун махка хьоьца, аьлча. И ши турпалхо везало дешархошна, и шиъ нийсонехьа къийсам латто лууш хиларна, оцу Іалашонна и шиъ хаддаза тІегІерташ хиларна. Хьехархочо текста

тӀехь схьалохуьйтур ю Лечин а, Хвичон а амалш билгалйовлуш йолу меттигаш, уьш дӀа а йоьшуш, церан маьӀна а деш юьйцур ю дешархоша церан амалш а, дуьйцур ду церан сатийсамех а, шайн Ӏалашонаш кхочушъярхьама цара хаддаза къахьоьгуш хиларх а лаьцна. Дешархошна хуур ду Лечиний, Хвичоний юккъехь тешаме доттагӀалла хилар.

Муха гайтина автора шен къоначу турпалхошна юкъара доттагӀалла?

Иштточу хаттаро гӀо дийр ду дешархошна повесть тӀерачу хиламийн кӀорггера ойлаян а, оцу произведенин исбаьхьаллин чулацаман тидам бан а. Леча а, Хвичо а, даиманна бохург санна, цхьаьна гойту повесть тӀехь. И шиъ цхьабарт болуш, вовшашна чу садиллина, вовшийн чӀогӀа терго еш хилар гайтина яздархочо. Цу шиннийн ойланаш хьанал ю, Ӏалашонаш беркате ю. Оцу некъа тӀехь чӀагӀвала, шайн Ӏалашонаш кхочушъян цу шинна гӀо до воккхачу стага Иагос. Иаго шина кӀентан терго еш вара, цо бийцира Лечина даймахка боьду некъ, хьехар а дина, ваккха мавеззара новкъа ваьккхира Иагос и шиъ. Лечин а, Хвичон а хьуьнарш кхиарехь, цу шиннийн гӀиллакх-оьздангалла кхиарехь мехала бара ши кӀант эла волчохь волуш Иагос церан бина тергам.

Повестан чулацам тӀехь кхидӀа а болх беш, дешархойн тидам тӀебохуьйтур бу Леча а, цуьнан накъостий а Болат-ГӀаларчу талорхошна шаьш тӀелата доьлхуш шайца Хвичо хилар дика хеташ хиларна. И меттиг текста тӀехь схьа а лахийтина, цуьнан маьӀна дойтур ду дешархошка.

Болат-ГӀаларчу талорхошна тӀелатар хьекъалца, кхетамца кхочушдира ЛечагӀара, цундела церан толам а хилира. Болат-ГӀалара талорхой нахана даккхий зенаш деш чӀогӀа зуламе бевллера, уьш боха а бина, церан гӀала йожийча бен адамаш паргӀат дехар дацара. Лечас а, цуьнан накъосташа а говза а, майра а тӀелатарца эшийра талорхой, йожийра церан туш хилла лаьттина йолу Болат-ГӀала.

Ялх шо хьалха талорхоша Лечица цхьаьна йийсаре йигина йолу Кхокха хӀинца карийра Лечина. «Лечий, Куьйрий, Хвичой хьалха а волуш, бӀаьхой гӀали чу хьаьлхира… Йистерчу цӀа чуьра араиккхина едда бӀаьхошна дуьхьал йогӀура жима зуда. Иза гина ведда вогӀу Леча тапъаьлла сецира. Леррина хьаьжира цуьнга Леча. Лечех бӀаьрг кхетта Кхокха а сецира. Шаьш вовшах къастина ялх шо хан яьллехь а девзира царна вовшийн. Цхьабосса мохь белира шинге а:

– Кхокха!

– Леча!»

Иштта вовшаххкхийтира Лечий, Кхокхий юха а. Оццул дукха хан талорхошна юкъахь ша йоккхуш, ойланах йоьхна яцара Кхокха, цуьрриг а царна тӀетовш яцара иза. «Ша хӀокху балех ер йоцийла хиъча, сацам бира Кхокхас тӀаьххьарчу миноташкахь баьчча вен а, цул тӀаьхьа ша шена а тоьхна яла а», – боху повесть тӀехь. Амма ЛечагӀара паргӀат яьккхира Кхокха, талорхой эша а бина, маршо яьккхира берриге а мискачу нахана а.

Халкъо шена паргӀато йоккху, цо эшабо муьлхха а мостагӀий. Халчу хенахь халкъана хьалха бовлу дика кӀентий, цара халкъ вовшахтуху паргӀатонехьа болчу къийсамна, толаме кхачадо. Иштта ду повестан маьӀна, цунах кхетабо дешархой урокашкахь текста тӀехь болх беш, цуьнан идейно-исбаьхьаллин башхаллаш йовзуьйтуш.

*«Кхо стуй, борззий»*

Басня «Кхо стуй, борззий» 6-чу классан программи тӀехь классал арахьа еша билгалъяьккхина ю. Классал арахьа йоьшучу произведенеш тӀехь урокашкахь болх бан 7 сахьт делла. Царах цхьа сахьт «Кхо стуй, борззий» басня урокехь йийцаре ярна хьажо мегар ду.

Исбаьхьаллин произведенин шатайпана жанр ю басня. Нохчийн маттахь туьйр-кица а олу цунах. Басня стихотворенин кепехь (наггахь прозехь) яздина долу жима дийцар ду, шена чохь къеггина хьехамбаран маьӀна а долуш. Баснешкахь адамийн амалш, адамийн юкъаметтигаш дукха хьолахь тайп-тайпанчу дийнатийн васташца гойту. Олхазарша, акхароша лелош гойту баснешкахь адамийн амалш шайца билгал йовлуш долу гӀуллакхаш.

Дешархошна евзаш ю баснин и башхаллаш, цара лахарчу классашкахь Ӏамийна баснеш. Гайсултанов Ӏумаран а, оьрсийн литературин урокашкахь И.А. Крыловн баснеш а Ӏамийна дешархоша. Цундела хьехархочо ша урокан тема дӀайолош, Гайсултанов Ӏумаран кхоллараллех долу доцца хьалхара дош чекхдаьлча, дешархошка эр ду:

«Дагаяийтал шаьш хьалха Ӏамийна Гайсултанов Ӏумаран басня, стенах лаьцна яра иза?».

Дешархошна дагайогӀу хьалха Ӏамийна йолу «Барзо амалш ца хуьйцу» боху басня, цуьнан коьрта чулацам карлабоккху цара. ТӀаккха классехь карлайоху оьрсийн литературин урокашкахь йийцина йолу И.А. Крыловн баснеш: «Борззий, Ӏахаррий», «Квартет», кхиерш а.

Цул тӀаьхьа хьехархочо эр ду: «Тахана вай шуьца Ӏамор ю кхин цхьа басня а. Иза ю Гайсултановн Ӏумара язйина «Кхо стуй, борззий» цӀе йолу басня. Ас хӀинца йоьшур ю, аш дика ла а

дугIуш, тидам бе цу тIерачу хиламийн». Басня къастош ешначул тIаьхьа, хьехархочо хоттур ду дешархошка:

ХIун персонажаш ю басни тIехь?

Муха ю церан юкъаметтигаш?

Боккхачу лаамца жоьпаш ло дешархоша изттачу хаттаршна. Цара билгалйоху баснин персонажаш. Сира, кIайн, цIен кхо сту а бу басни тIехь буьйцуш, борз а ю уьш даа гIерташ, амма стерчийн цхьабарт болуш царна хIумма а ца дало барзе, олу дешархоша.

Цул тIаьхьа хрестоматеш схьа а йоьллий, баснин текст еша а йоьшуш, цуьнан маьIна а деш болх дIахьо дешархоша. Хьехархочо иштта хаттарш а хIиттош гIо дийр ду царна:

ХIун Iалашо йолуш дира барзо шина стеран лерехь «дайн шабар-шибар»?

И ши сту барзана тIетаро хIун гойту?

Муха тIаьхье хилира стерчаша ямартчу барзе шаьш ледайтаран?

ХIун маьIна ду баснин?

Хьехархочун куьйгаллица дешархой кхета баснин чулацамах. Цара билгалдоккху, кхо сту цхьабарт болуш чекхбаьллехьара барзе царна хIумма а далург цахилар. Барзо мел цергаш хьеккхорах а цуьнан «…аьтто Бацара бага гIатто, Цхьабарт болчеран Дара ялх лерг сема», – боху басни тIехь. ТIаккха «ямартчунна» дагадеара кхаа стеран барт бохо:

> ЦIен, сиран – шиннен
> Дира барзо лерехь
> Дайн шабар-шибар:
> – Ирс долуш дара шу,
> Бацахьара кIайн сту,
> Буса геннахь, суй сана,
> Айкх буьйлу и шуна.
> Цундела ижуна
> Акхарой теба…

Берзан эладитанах тийшира ши сту, цара шайн накъост хIалакбира. Баснин текст тIехь гуш ду шина старо кIайниг шаьш беле мелла а ойла йина хилар («Дагаболуш кхиэл Шина старо йира»), амма церан ойла шайн барт чIагI а бина, барзана а, кхечу акхарошна кхааммо а цхьаьна дуьхьало ярна тIехь ца сецна, мелхо а шайн накъост бер магийна цара. Басни тIехь мелла а чIогIа сурт а хIоттийна шина старо шайн доттагI бер гойтуш: «МаIа тосуш чу кIел КIайн сту божийра».

ХIун бахьана ду автора сел къиза сурт гайтаран?

Билгалдоккху, иза шина старо шайн доттагIчунна йина ямартло къеггина схьагайтархьама, церан къизалла гучуяккхархьама гайтина хилар. Шаьшшиъ кIелхьара баьлчхьана, шайн доттагIчух жимма а церан доглозуш цахилар гойту автора. Берзан хабаршка ла а дийгIина, хьалха цхьабарт болуш хиллачу кхаа старо шайх цхьаъ бийра, ткъа кхеран мостагIчунна – «Ямартчу барзана Жижиган чарх хилира». ЦIен, сиран – ши сту шаьшшиъ бисина, амма хIинца а бац и шиъ шаьшшинна юкъара доттагIалла лардеш, вовшин Iалашбеш. Берзан зуламечу хабаршка дукха ладоьгIу сирачу старо:

> Хьаьвзина корта
> Сирачу стеран,
> Йира цо ойла
> Ямартчух тешна:
> «Бан а бу цIен сту
> Мел генара а гуш.
> Цхьа баьхча, и боцуш,
> Суна тоьлу», –

аьлла, тешнабехк а бина «ЦIен сту божийна» сирачу старо. Цунах а ямартчу барзана ижу хилира. Амма кIелхьара ца белира сирниг а. Шен ши накъост а бийна, уьш бахьана долуш шена тIехь лаьттачу кхерамах паргIат бели ша, боху ойла хилла болу сира сту «Юхахьажа кхиале Барзо хьарчийра». Иштта хIаллакьхилира, вовшашна юкъара барт боьхча, кхоь а сту. Юьхьанца кхаа стеран цхьабарт болчу хенахь царна цуьрриг а кхераме яцара борз. Гуттара уьш бертахь хиллехьара, вовшийн ларбеш, Iалашбеш, берзан эладитане ла а ца доьгIуш леллехьара хIаллакьхир бацара.

Дешархойн тидам тIебохуьйту берзан амалш, цуьнан ямартло басни тIехь гайтарна а.

Дукха хьолахь баснешкахь, уьш дIайолалуш я чекхйолуш даладой авторера дешнаш хуьлу. Оцу дешнашкахь билгалдолу баснин коьрта маьIна. Амма и коьрта маьIна шайца гучудолу авторан дешнаш доцуш а хуьлу баснеш. Изттачех ю «Кхо стуй, борзий» цIе йолу басня а. Цуьнан коьрта маьIна а, цо луш болу кхетам а берриге чулацамца билгалболу. Баснин оцу башхаллех а дешархой кхетор бу хьехархочо. Баснин персонажийн амалш билгалйохуш дешархошна гуш хир ду кхо сту кIорггера кхетам болуш цахилар, вовшийн хIалакдеш тIаьхьалонан ойла цара ца яр. Борз басни тIехь мекарло йолуш гайтина, цо шен ямартан Iалашо мекарлонца кхочушйо. Иза гучудолу берзан шен дешнашкахь а, авторо дуьйцучуьнца а. Персонажийн и амалш дешархойн тидамехь хир ю, цара басня къастош йоьшучу хенахь а.

Баснин текст тIехь болх беш, цуьнан маьIна динчул тIаьхьа къастош йоьшуьйтур ю дешар-

хошка басня. Диалогаш цу тӀехь дукха яцахь а, яххьашкахь еша таро ю басня. Авторан дийцар а, берзан дешнаш а, сирачу стеран ойла а ю цу тӀехь къаьсташ гайтина. Цу тайпана, кхаа дешархочо еша тарло басня. ХӀор юха моссаз йоьшу кхоккха хийца а луш алссам дешархоша дакъалоцур ду басня яххьашкахь йоьшуш. Иза дика ешаран конкурс дӀаяхьа а мегар ду классехь.

ЦӀахь дешархошка «Цхьа барт болу доттагӀий» цӀе а йолуш дийцар кечдайта мегар ду, юха урокехь схьадийцар тӀе а дожош.

Школехь Ӏамош ю Гайсултанов Ӏумаран кхийолу произведенеш: басня «Барзо амал ца хуьйцу», дийцар «Нийса кхел», повесть «Александр Чеченский»; классал арахьа еша магийна произведенеш: дийцар «КӀанталг», повесть «Мила ву хьо?». Царах лаьцна кхечу балха тӀехь дуьйцур ду.

УДК 8С (Чеч)

# БАКЪОНАН МУРД
# (САТУЕВ ХЬУСАЙНАН КХОЛЛАРАЛЛАХ)

© А. АХМАТУКАЕВ

«Дахаран абат» бохучу поэми
тIехь цо ша ма-аллара:
*«Цо цIийца кхоьллина тептарш*
*Хан кхечи пхьоьхане даха»*

Сатуев Хьусайна ша-шех лаьцна аьлча санна маьIне ду и дешнаш тахана. Цуьнан киншка араялаза 21 шо дара. Оцу хенахь адамийн дийнна цхьа чкъор хьалакхиъна, шена юкъахь Сатуев Хьусайн ца вевзарш а болуш. И эшам мелла а лахбаран Iалашонца а, вевзачарна карлаваккхархьама а, цуьнан дахарерий, кхолларallерий цхьацца хьаьркаш далор вай, коьрта болх литература толлучарна а буьтуш.

Сатуев Хьусайн 1939-чу шарахь Iалхан-Юьртахь вина. Нохч-ГIалгIайн пединститутера филологически факультет чекхъяьккхина 1963-чу шарахь. Еххачу хенахь ишколехь нохчийн моттий, литературий хьехна. Шен тIаьххьарчу шерашкахь Нохчийн Республикин Яздархойн союзан правленехь литературни консультант вара.

1960-гIа шераш дуьйлалуш нохчийн литературе деанчу керлачу чкъурах ву поэт Сатуев Хьусайн. Цуьнан стихаш кест-кеста араюьйлура газеташний, «Орга» альманаханий тIехь. Цуьнан аз кест-кеста хезара радиохь а, телевиденехь а. 1979-чу шарахь дуьйна СССР-н Яздархойн союзан декъашхо а вара иза. Итт книгин автор а вара: «Лаьмнийн бер» (1967 ш.), «Сахуьлу седа» (1969 ш.), «Ненан мукъамаш» (1971 ш.), «Дайн байракх» (1975 ш.), «Йист йоцу аре» (1978 ш.), «БIаьстенан мукъамаш» (1981 ш.), «ЦIий а, зезагаш а» (1981 ш.), «Хазалла йовзар», (1984 ш.), «Дахаран абат» (1988 ш.), «Чов йина илли» (1991 ш.).

Сатуев Хьусайнан стихаш оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а меттанашкахь арайийлина. Иза ша а вара говза гочдархо. Цо нохчийн матте яьхна Н.Некрасовн а, шен заманхойх болчу яздархойн а дуккха а стихаш. Советски Союзан Турпалхочух Нурадилов Ханпашех лаьцна оьрсийн поэта Н.Сергеевс язйина «ЦIийх буьзна малх» боху поэма а гочйина. Хьусайнан стихаш тIехь даьхна иллеш а ду, эшарш а ю.

ТIекхуьучу чкъурах болчу яздархойх дегайовхо йолуш а, царна хьехамца гIо деш а вара. Амма цIеххьана эша йолаеллачу могашалло сихо йира Сатуев Хьусайн вайх дIакъасто. Шен кхолларallехь цо дукха хьоме бийцинчу нохчийн махкахь боьдуш тIом а болуш, 1995-чу шеран 6-чу февралехь хилира и.

* * *

Хиндолу хьоза шен бенахь декна боху кица карладолу Сатуев Хьусайнан хьалхара стихийн гулар йоьшуш. «Лаьмнийн бер» аьлла йолчу цунна тIехь вайн дахарх йина цIена ойланаш ю. Беран амалехь а йоцуш, сема ойланаш. Цу тIерачу стихашкара бер вайн къоман, Даймехкан цхьа символ санна схьахIутту. Дукха жима волуш дерриг къомаца цхьаьна махках а ваьккхина, цигахь вала кхаж цабаларна Даймахка юхавирзинчу нохчочун кийра ирсах бузийна аз ду оцу гулар тIерачу дуккха а стихашкахь декарг («Зезаг», «Даг тIера гIоттий…», «Хьовсийша жимачу къонахе…», «Со вогIу…»).

ЦIенна херехь хьалакхиъне а, шен орамаш мичара схьа ду а хууш, шен къомо бина хала некъ а бевзаш, къомаца цхьаьна бен хиндерг шен доцийла а хууш, «кху дуьненах кхиъна вогIу» жима стаг ву «Лаьмнийн бер – со» бохучу стихашкара лирически турпалхо. Цо боху:

*Лаьмнийн бер – со!*
*Велхар хIун ду хаац суна,*
*БIаьрхин тIадам*
*цIийца бусту ас.*
*ТIеман хьаьттахь*
*кхин ца гIатта цIийла вужуш,*
*Къонахалла*
*соьга делла дас.*

Хьалхарчу стихашкахь дуьйна билгалйолий, Сатуев Хьусайнан кхолларallехь, коьртачех цхьаъ хуьлий, кхиа йолало Даймехкан, къонахаллин тема. Цуьнан лирически турпалхочун дерриг дахар а Даймехкан духьа ду – ловш йолу хало а, хьоьгуш долу дика а.

Ларамаза дац Сатуевс коьрта ойла оцу темина тӀехь сацор. Шен кхоллараллина уггар чӀогӀа Ӏаткъам бинарг Мамакаев Мохьмадан дахар а, кхолларалла а лорура Хьусайна. Нохчийн яздархошна лерина йолчу цуьнан иттех стихотворенех кхоъ Мамакаев Мохьмадан цӀарах хиларо а тоьшалла до цунна. Уьш ю: «Буьрсачу арено гӀелвина…», «Дарце», «Илланчин чов». КхозлагӀниг Мамакаев велча язйина ю, важа шиъ – иза дийна волуш. Нохчийн яздархошлахь, масална санна, цо уггар дукха йохург Мамакаев Мохьмадан цӀе яра. Цуьнан стихаш а йоьшуш, дахарехь цо лайначух лаьцна а дуьйцуш. Мамакаев «Орга» альманахан редактор волчу хенахь «Дарце» боху стихотворени еллера ша цига, бохуш, дуьйцура Хьусайна. Шена лоруш, лакхахь йиллина йолу цӀе дӀа ца яьккхича, оцу стихотворенина зорбатоха товш цахеташ хилла Мохьмадана, ткъа Хьусайна – цуьнан цӀе дӀайоккхуш ца хилла. Иштта, оцу оьздачу гӀиллакхехь чекхваьлла и бакъволу ши къонаха.

Къонахчун бахамах лоруш долчу собарх воьттина ву Сатуевн лирически турпалхо.

*Собаран дарбанца*
*Сайн некъ бан со вуьсу дийна, –*

боху цо. Амма и некъ шерачех бац. Цундела:

*Сан болар дазделла,*
*Со некъо, са лоьцуш, сецаво.*
*Алашах тарвелла,*
*Сайн мохь а собаре текхабо.*

Дукха хьолахь авторо шегара луш ю шен лирически турпалхочунна дика амалш. Оцу амалшкара долу сийлахь собар шегахь хилар а гайтина Хьусайна. Шен стихашкара схьаэцна васт а, дустарш а долу цхьана кхечу поэтан стихаш дикачу иллига ерзар а, оцу иллино цу поэтана юьхькӀам бар а гуш, Ӏийна и дуккха а шерашкахь. Амма шерийн дукъ оцу харцоно даздича, шена Ӏаьткъинарг дийца а, дагавала а республикерчу цхьана коьртачу газете веара Хьусайн. Дешархошка дӀакховдо цо йозанца кечдина тоьшалла шеконе дилла меттиг а ца гора. Амма и важа поэт хӀетахь дийна вацара. ХӀинццалц а сатоьхначу ахь веллачуьнца хӀун къуьйсур ду бохучу ойланца шена дина хьехар дӀа а ийцира цо, ша деана «дов» дӀа ца доло собар а тоьира цуьнан.

Даймехкан, къонахаллин теманаш санна, коьрта кхин ши тема а билгала ю Сатуевн кхоллараллехь. Ненаххий, безамаххий лаьцна стихаш ю уьш. Нене болу безам го бераллах бисинчу дагалецамашца а, эскарера кхоьхьуьйтучу кехаташца а, Даймехкан декхарш ненан декхаршца дустарехь а. Уьш кхечу авторша а юьхьанца шайн стихашкахь пайдаоьцу кепаш елахь а, Хьусайна уьш тӀеюьзна дахарехь шена гина а, ша лайна а долчу керлачу масалшца. Нана дӀаяхаро шена бина хорам балхош, кетӀахь лаьттачу беран орца а Сатуев Хьусайнан дагах кхета. Нана тӀаьхьа а елхош, генара ирс лаха дӀавахна ненан цхьаъ бен воцу кӀант а Хьусайнан стихашкахь висна, дуьненчохь тӀаьхье йоцуш, цуьнан кӀур байнехь а.

Нагахь санна ненан тема, тӀаьхь-тӀаьхьа шорлуш, шарлуш, кхуьуш дӀаяхнехь а, безамах лаьцна дерг дукха нахала даккха тӀера а ца хилира цуьнан лирически турпалхо, хӀунда аьлча:

*Безам бу къонахийн дакъа,*
*Оьздачу марзонан алу,*
*ЦӀеначу дагна бу бала...*

Кхаа дашал тӀех ца долучу шеконечу хабарца безам бай а ца беш, шех бӀаьрг ца боддург, кхин кепаш карайо цунна синхаамаш бовзийта:

*И хьан бӀаьргаш хьанна богу теша,*
*ХӀораннан а ловзадохуш дог?*
*ЙогӀуш хилча денна шовда эца,*
*Шовда хила лууш вара со.*

Вовшийн довзар санна, оьзда ду цуьнан стихашкара езачух къастар а:

*Хьо-м йилхи бохура,*
*Бешарчу акхтаргах таьӀна.*
*Ахь муха тебира,*
*ХӀорд санна, керчина кийра?*
*Безаман шад баста ца хӀуттуш,*
*Вай дезаш къаьсти,*
*Яьлла ши цӀе санна,*
*Дегнашца вовшашка кхийдаш.*

Бакъонна тӀегӀерташ а, тӀаьхьавозуш а ву цуьнан лирически турпалхо. Авторан амалера ду иза а. Бакъонан мурдашна хала ду дуьненан харц гӀиллакхаш ган а, лан а. Хьусайнан дахарехь цхьа мур беара, хьал ца хуучунна иза кхоллараллина юьстахваьлла Ӏийна а моьттур долуш. 1971-чуй, 1978-чуй шерашкахь зорбатоьхначу шина гуларна юкъахь нохчийн маттахь цхьа а киншка ара ца елира цуьнан, оьрсийн маттахь ерг ца лерича («Дайн байракх», 1975 шо). Цхьацца шо бен юкъа ца дулуш, киншкаш арахоьцуш Ӏедал дара хӀетахь. Цуьнан ойла йича, яздархочунна йоккха юкъ ю и, дешан бакъонах вохийча санна, лан езаш.

Зорбанах оццул херван, хIун бехк бара техьа Сатуевна тIехь биснарг? Шен мохккий, къаммий дезар а, къонахийн амалш дукха хьехор а дарий техьа? «ТIулг хилла, некъа тIехь Iилла» ца лаьа шена аларца вевзина вара цуьнан лирически турпалхо. Цунна тIаьххье, «ломахь сенчу бай тIе даьлла» зезаг ду ша аьлла, даре а дира цо, иза, «лаьмнийн некхах ца дакхийтахь, мархал дахна», лийриг хиларх лар а деш. «Нохчийн ненан шура мелла», «дарцо дера ага техкийна» «лаьмнийн аьрха бер» ду ша а бехира. «Маьлхан Нохчийчоь» эшаре а яьккхира. И дерриге а 28 шо долчу къоначу поэтан 1-чу гулар тIехь дара («Лаьмнийн бер», 1967 шо).

Ши шо тIаьхьа, шен йозанан некъана тешаме вуьсуш, 2-гIа гулар йолалуш а дIакхайкхийра цо:

*Сан къам ду тIулгаш тIехь кхиъна,*
*Амалшна мокхазал чIогIа,*
*Лаьмнаша схьаделларг диъна,*
*Барзехьчул сов долуш гIора.*

Оцу гулар тIера лирически турпалхо а гIайгIано Iовжош ву, «малхана гуо лаца гулъелча марха». Амма, «безаш хилча мохк», муьлхха а хало лалур йолуш а хета цунна.

3-гIа гулар схьайоьллуш а «дайн байракх» айийтира Хьусайна шен турпалхочуьнга. «Къоман даг чу некъ беш» волчу цуьнга «нохчийн кура лаьмнаш» хестадайтира. «Ненан мукъамашца» аган чохь техкийна и «Даймехкан воI» «виначу махках, ненах» дагавийлийтира. «Къонахийн илли» хозуьйтуш, «бIаьхочун ойланехь» вахчавира. Ур-атталла гулар ерзош долу «безамах къастар» а, вайн гIиллакхашца догIуш, оьзда, эсала, езначун дог оьцуш дара. Амма иза книгашъешархошца къастар а хиллера, ворхI шаре дахдала доьгIна.

И къастаран мур лан а лайна, юхакогавахар санна дара 1978-чу шарахь Сатуев Хьусайнан «Йист йоцу аре» киншка араялар. Ларамаза дацара и гулар йолочарна юкъахь «Бакъ» боху стихотворени хилар а, ерзор иштта а долуш:

*Яхь йолчу кIенташа къийсамехь,*
*Шаьш оьгуш дахарна хайра дан,*
*Лаьттан Бакъ, кар-кара кхийдадеш,*
*Хьо дохьу чов йинчу байракхах.*

«Лаьмнийн дегIах хьерча» орамаш долу цуьнан лирически турпалхо, оцу байракха кIел а хIоьттина, дерриг дуьненан юкъарчу балина самоеш ву. Цуьнан «деган готтачу кхерча ма доккха дуьне чугIерта…». Мало йоцуш, цо «луьсту бIешераш, къаьмнаш…». Дуьне доладелчхьана а бакъой, харцой вовшашца даима гIоьртина хилла хилар а, бакъдерг чалтарш тIехьа сецийна хилар а ду цуьнан тидаммий, хьесаппий тIаьхьакхиъна маьIна.

Харцонца къевсина, бакъ дош хала-атта баьрчче кхачахь а, иза цигахь маьрша ца лоьлуьйту зама яра Хьусайна дуьненчохь яьккхинарг а. Лаа ма ца бохий цуьнан лирически турпалхочо а:

*Бакъо, Бакъдерг – и тIам боцу дешнаш,*
*Таьптарш кегош, ас мел дукха дешна…*

Сатуев Хьусайн бакъонан мурд санна хьоьжура кху дуьнене. Бакъо а, Бакъдерг а лехар цуьнан Iалашо яра, цо ша-шена тIедожийна декхар. Оцу Iалашонна тIевуьгу некъаш маьрша доцчохь кхечу кепех пайда а ийцира цо, дуккха а сатирически стихаш, баснеш язъеш.

МаьIнина эшам а беш, рифма лоьхучарех а вацара Сатуев Хьусайн. Рифма эшийна а, маьIна хьалхадоккхуш вара. Стихаш мукъамехь екар бегIийла хеташ а вара. Цундела цуьнан стихашкахь дуккхах ерш зударийн рифманаш ю.

Ша язйинарг зорбане яккха сихлуш а вацара Хьусайн. Къаьсттина, цуьнан поэмашна ала догIу и, уьш язйинчуй, зорбатоьхначуй терахьашка хьаьжча, билггала гуш а ду иза. Масала, «Iалхан-Юрт» поэма киншки тIехь дуьххьара 1981-чу шарахь араяьлла. Цул цхьа-ши шо хьалха районерчу «Ленински правда» газетан агIонаш тIехь цуьнан цхьайолу кийсикаш араюьйлуш, Хьусайна дийцина дагадогIу суна, и поэма ша ткъех шо хьалха язйинера, тIехь цхьацца шарамаш а беш, хилла ялаза хеташ, Iиллош яра, бохуш. Авторо киншки юкъа ца йохуьйтуш, «Мартанан бердашкахь» 23 шаре яьккхина, «Дахаран абат» 15 шарахь Iиллийна, ткъа «Нашхахь» – 5 шарахь.

Хетарехь, Сатуев Хьусайна юьхьанца поэмин жанрехь алссам къахьегначух тера ду. Цхьаболчу критикаша-м и жанр мелла а аттачех лору, дозанаший, барамаший юкъа а ца Iуьйдуш, автор «дIасакховда» а, «юьстахвала» а маьрша хуьлу дела. Цуьнан хьалхарчу поэмийн теманашка хьаьжча, го Хьусайна и жанр харжаран бахьана кхин хилар: къоман истори ю цу поэмашкахь юьйцург – евзаш йолу а, хьуламехь яллийна ерг а. ДIадахначо санна, Хьусайнан турпалхочун сагатдо къоме хIоьттинчу ледарчу хьолой, иза кхин тIе а галдала хьаьхна хиларой. Оцу лазамо юхаверзаво иза поэмин жанрана тIе – тоьллачех лоруш йолу «Нашхахь» поэма язъян.

Кхолларалин некъа юьххьехь цIеначу лаамащций, оьздачу синхаамашций ша ма-вовзийт-

тара, харц-дуьненах хьанал чекхваьлла Сатуев Хьусайн шен лирически турпалхочуьнца цхьаьна. Шен оьмаран тӀаьххьарчу шерашкахь – вайн къомана бакъ-харц эделла даьхкинчу шерашкахь – Хьусайна язйинчу стихашкахь а дика го харцонан ницкъана цо бӀокъажийна цахилар. Цунах граждански позици ала а мегар ду, амма, шеко йоццуш, къонахийн амалера ду иза.

Мацах, ша-шена хьалха хӀоттийна Ӏалашо санна, цхьа сийлахь дегайовхонаш тешийнера цо вайх:

*Цхьа башха бӀов хӀотто*
*Сан ойла гӀаьттина,*
*Оьмарийн теш хилла,*
*Лам санна, латтийта.*
*Къонахийн дегнех ас*
*Йотта тӀулг баьккхина,*
*Царел кхин чӀогӀаниг*
*Суна ца карийна.*

Оцу Ӏалашонна муьтӀахь вуьсуш, Хьусайна хӀотта а йира цхьа башха бӀов – цуьнан кхоллараллех хьакхавеллачунна евзар а йолуш.

УДК 8С (Чеч)

# АЙДАМИРОВ АБУЗАРАН КХОЛЛАРАЛЛИН МЕХАЛЛА

© Х. БУРЧАЕВ

«Вайн амалш» цIе йолчу шен публицистикин киншкехь нохчийн халкъан яздархочо Айдамиров Абузара иштта боху: «Стаг цомгаш хилча, цкъа хьалха цуьнан цамгар а къастайой, оцу цамгаран бахьанаш а карадой, тIаккха цунна дарбанаш леладо лоьраша.

ХIокху тIаьххьарчу шерашкахь нохчийн къомана тIехIиттинчу бохамаша дуккха а ойланаш йойту нахе. Оцу бохамийн хьостанаш, бахьанаш, бехкенаш лоьху. Бехкедо оьрсийн паччахьийн, коммунистийн Iедалш. ХIаъ, хIокху тIаьххьарчу кхаа бIе шарахь нохчийн къомана хиллачу бохамашна бехке ду иза а, важа а. Амма цаьрга и бохамаш шайна байта шегара дуккха а бахьанаш, гIалаташ дийлийтина нохчийн къомо, оцу бохамех лардала хьекъал а, кхетам а цахиларна.

Керлачу бохамех, шен гIалатех нохчийн къам лардалийта Iалашо йолуш язйина ас сайн исторически произведенеш...».

Оцу дешнаша буьззина гойту нохчийн тоьлла волчу къонахех, яздархойх цхьаъ хиллачу Айдамиров Абузаран дахаран некъ а, маьIна а. КIезиг мур бу заманна 75 шо бохург, амма оццул хан бен хIокху лаьтта тIехь яккха оьмар ца хиллачу Айдамировн дахаран а, къинхьегаман а масал, нохчийн къам мел деха, цунна беркате, хьехаме хилла дуьсур ду. Хан-зама яларца тIеIаткъам совболуш, цуьнан исбаьхьаллин дашо вешан халкъан хиндолче дIабоьдучу новкъахь галморзахаллех, очакхех лардала Iамор ду цо вай.

Бераллехь шен даймахках нуьцкъах къастийначу Айдамиров Абузаран – хинволчу поэтан, прозаикан, публицистан – кхоллараллинабоккха тIеIаткъам бинарг дара иза ша теш хилла волу 30-гIа шерашкахь советийн Iедало халкъана ницкъашбар а, 1944-чу шарахь, «халкъан мостагIчун» цIе а тиллина, нохчийн къам махках дакккхар а. Цигахь, Юккъерчу Азин йистйоцчу гIамаршлахь, къомо ловш йолу харцо гуш, Iедало, багахь цхьаъ а долуш, даррехь лело къизаллаш гуш, церан бахьанийн дуьхе кхиа гIерташ, кхоллало хинволчу яздархочун дахаре а, дуьнене а болу хьежамаш. Уьш дIагайта, бовзийта болу лаам хилла Айдамиров Абузаран дахарехь коьрта Iалашо. Амма и дерриг а цо кхочушдира цкъа хьалха дуккха а лехамаш, талламаш ша бинчул тIаьхьа, цу тIе а шен дахаран зеделларг а дара цуьнан.

«Винчу лаьмнашкахь» цIе йолу стихотворенийн гулар Айдамиров Абузара зорбанехь арахийцира 1962-чу шарахь. Долуш долчу Iедална, коммунистийн партина хастамбеш язйина стихотворенеш ца хилча, и араер ю бохург хьехор а эрна дара. Цаьрца цхьаьна оцу гуларехь зорбатоьхнера Даймахках, ненах, Iаламах, безамах могIанаш а. «Вина мохк» стихотворенин турпалхо автор ша ву, еххачу ханна даймахках къаьстина, юха цIавирзина волу. Цуьнан воккхаверан синхаамаш мича бахьанина кхоллабелла бу кхетара массо а ешархо, лирически турпалхочо, ша стенна, мича бахьанина къаьстинера Нохчийчоьнах нийсса схьа ца алахь а.

«Нохчийн нене», «ДIадаха атомни герзаш», «Африке», «Beралла», «Александр Казбеги», «Лермонтовн безамна», кхийолчу стихотворенешкахь автор шена луъург дIаала йишйоцчу гурашкахь хилар гуш делахь а, цо дIакхайкхориг синъоьздангаллин, доьналлин, дерриг а адамашка лерам, безам хила безар ду. Безаман лирикехь а ешархочунна цо хьоьху гIиллакх-оьздангалла, дегнийн цIеналла, махкана а, халкъана а хьанал хилар.

Амма Айдамиров Абузаран яздархочун цIе яккхийтинарг цуьнан проза ю, цуьнан исторически романаш а, повесташ а, дийцарш а. ТIаьххьарчу хенахь цо арахецна публицистика а.

Шен заманхойн васташ гайтина Айдамиров Абузара «Ненан дог» повестехь. И араелира 1961-чу шарахь. Социализман идеологина жоп луш язйина елахь а, оцу повестехь автора дуьххьара гайтира нохчийн дахаран хьелаш. Уьш ледара хилар бахьанехь херло халкъ шен къоман синъоьздангаллин ламастех. Нохчийн ламасташ Iедалан законца цхьаьна цадар дац цуьнан бахьана, ткъа, СаьIид санна, къонахаллах воьхна, къоман тоьлла гIиллакхаш дицдинарш бу доьзалш, гергарлонаш хедош берш бу бохург ду повестан бухе диллинарг. Курсуман дас СаьIидан дега хаттар до: «Адамийн гIиллакхехь а, цхьаболчара юьхьарлаьцна лелочу шарIехь а нийса догIуш гIиллакх хетий хьуна хьайн кIанта лелориг?..». Кхузахь автора схьакъадориг тидаме ешархошех кхоьтуьйтуш хIума ду: хIетахьлерчу Iедало данне а къобал ца деш долу муьлхха а дин (ткъа кхузахь – бусалба дин) я халкъан гIиллакхаш дац цунна

бехке дерг. Кхузахь бахьана кхин ду, ма-дарра дӀаала йишйоцург – нохчийн доьзалан шира ламасташ Ӏедалан пропагандо дохор, хедор, дехкар, советски доьзалан керла кепаш юкъаяржор. Цуьнан тӀеӀаткъаман цхьа масал ду-кх СаьӀид.

Изза маьӀна долуш ю «Генарсолтин «хьуьнарш», «Тхан юьртахь» повесташ а. Церан турпалхой ЧӀоккамар а, Генарсолта а, къинхьегамна пебетташ, курхаллашка а, эрна хан яйа а марзбелла нах бу. Церан къамелаш даккхийра, деза ду, шаьш шайн дайн тоьлла гӀиллакхаш лелош берш а лору цара. Амма уьш шайн халкъан дахарна, лазамашна, лехамашна, сатийсамашна сов генабевлла .

Адамийн синхаамаш схьабастаран, гайтаран говзанча ша хилар дуьххьара гайтира Айдамиров Абузара «КӀант веллачу дийнахь» а, «Жерочун дийцар» а цӀе йолчу произведенешкахь. И шиъ ший а шайн турпалхойн монологан кепехь яздина ду. Нохчийн Ӏер-дахаран, ламастийн баххаш шайн чӀагӀаллах дохадоьлла хилар гайтина оцу произведенешкахь автора. Дика а, вуон а дерзоран шира, оьзда гӀиллакхаш вайн дахарера гуттаренна а дӀадовларна кхеравеллачу стеган орцане мохь хеза оцу шина а дийцарехь. Бакъду, советийн Ӏедало юкъадалийна, нохчийн гӀиллакхашца цадогӀурш а ду цкъа-шозза хьахийна, делахь а вай кхета цуьнан бахьанех а.

1986-чу шарахь юха а ойбу Айдамиров Абузара ша вехачу заманан тема, хӀетахь арайолу цуьнан «Ирхеш» цӀе йолу роман. 60-чу шерашкахь ша хьахийначу юкъараллин Ӏотбаккхамех, цул тӀаьхьа дикка шераш дӀадахча, юха а яздо Айдамировс Айдамиров Абузаран цӀе Ӏедало йихкинчех яра хӀетахь. И роман ешархоша авторанхьалхалера произведенеш санна даггара къобалъеш тӀе а ца ийцира, хӀунда аьлча цуьнан коьрта турпалхо Зумсоев санна болу куьйгалхой оццул лакхарчу даржашкахь бан а бацара, шайн къинхьегаман карьера ишттачуьнга Ӏедало цаяйтарна.

Нохчийн критика Гайтукаев Казбека кхаа чкъуре боькъу «Ирхеш» романан турпалхой: баккхийчийн чкъор, юккъера чкъор, къоначийн чкъор. И цо нийса билгал а даьккхина. Къена Хьадаз – къоман яхь а, доьналла а лардархо. Цуьнан кӀант Салман, хьаькаман дарже кхачархьама, яхь юхкуш волу. СалмангӀеран чкъурах волу Зумсоев Ӏедалца къовсаме волу, иза эша а оьшу, амма хӀокхул а гӀолехь болчу балха дӀахӀоттаво. Къоначийн векал Хьасан – ишколан директор, шолгӀачу чкъуран векалшца къийсамехь, аьлча а, Ӏоттабаккхамехь волу. Цуьнгахь адамаллин агӀор толам гахь а, кхидӀа хиндерг къастаза я сатийсамца дуьсу цунна. Бакъду, романехь буьйцучу муьран хилла болу кегарий тидаме эцча, вай кхета, замано ха хорцу, баккхий хийцамаш хуьлу мур тӀекхаьчнийла хуучунна хиндерг ма-дарра гойла дацара, цо дохьуш долчух шеконаш кхоллар бен.

Шен кхолларалин некъан юьххьехь дуьйна Абузара нохчийн халкъан дӀадахначу дахаран тидам кӀорггера бар гуш дара, цо, шен муьлххачу а произведенехь карара я хиндолу дахар историца дустуш хиларца. Иза, беккъа цхьа хиламаш бийцина ца Ӏаш, церан бух мичхьа бу, хӀун зӀе ю церан халкъан дахарца бохург талла гӀертара.

1963-чу шарахь араяьллачу «Ламнашкахь серло» гуларна юкъаяхара «Маршонан цӀарах» повесть. ТӀаьхьо, 1968-гӀа шарахь, и повесть исторически романе ерзош тӀе а юьзна, ша арахийцира. Россин имперни олаллина дуьхьал халкъаша дӀабаьхьна шайн паргӀатонехьа болу къийсам гойтура автора. Ешархошна дукхабезабелира романан коьрта турпалхой Ӏела, Аьрзу, Чора, кхиберш а. Цу йоккха йоцчу романо шена чулоцура иттаннаш шерашкара хиламаш, нохчийн халкъан исторехь уггар а чолхе, хала беана болу мур. Гуш дара, авторан аланза, кӀорггера талланза дуккха а дисина хилар. ТӀаккха дагалецира Айдамиров Абузара исторически трилоги язъян.

1972-чу шарахь араелира трилогин «Еха буьйсанаш» цӀе йолу хьалхара киншка. Критикаша а, ешархоша а дика тӀеийцира и, хӀунда аьлча нохчийн историх дуккха а керланиг дара цу тӀехь автора дуьйцуш, тоьшаллина документаш а далош. Хала а, чолхе а кхоллам хилира «Еха буьйсанаш» романан.

Вевзаш волчу яздархочо, критика Минкаилов Эльбруса шен цхьана статьяхь боху: «Суна хетарехь, и санна чолхе кхоллам болуш кхин цхьа а произведени хилла яц вайн литературехь. Араяьлча, киншкашъешархоша а, критикаша а дика тӀеэцна, тӀаьхьо, цӀе яккха а ца магош, зуламе ю аьлла, кхайкхийра иза. Амма, и бахьанехь а дара роман еша лаам совбалар, цунах дийцар, и лаар».

Нохчийн къоман шен истори йовза лаам кхолларехь уггар а боккха тӀеӀаткъам бина произведени ю и нохчийн литературехь. Кхин цхьаъ а ду: хийла нохчочо ненан маттахь йоза-дешар Ӏамийра шена, еккъа и цхьа роман ешархьама. Цо гойту, сел хала, чолхе кхоллам хилла йолу «Еха буьйсанаш» роман къоман иэс самадаккхарехь уггар коьртаниг хила ирсе кхаж баьллахилар а.

Нохчийн халкъо шен маршонехьа къийсар гайтарца цхьаьна Айдамировс довзуьйтура вайн гӀиллакхаш, ламасташ, синъоьздангаллин мехаллаш, Ӏер-дахаран хьелаш, декъаза кхолламаш а. Амма оцу дагардинчу дерригенал а доккхачу

маьIне дерг дара нохчийн къоман синмехаллаш, маьршачу син уггар лекха лакхенаш гайтар. Масала, Айдамиров Абузаран турпалхошлахь массо а ешархочо уггар хьалха цIе йоккхуш верг ву Аьрзу. БойсагIар, Iаьлбаг-Хьаьжа, Зеламха, кхиберш а, баккъал а дахарехь хилла болу турпалхой белахь а, Аьрзу автора шегара кхоьллина васт ду. Амма цуьнан ницкъ кхаьчна, нохчийн халкъо сийлахь мел лерина долу гIиллакхаш, амалш – собар, майралла, доьналла, оьздангалла, къинхетамалла – оцу цхьана турпалхочуьнгахь дуьззина гайта. Масала, ялор вай романан цхьа йоцца кийсак.

Мацах шена езна, ткъа хIинца кхечуьн долахь зуда йолчу Эсетца ларамаза цхьаьнакхета Аьрзу хьуьнхахь.

– «Цхьанна кхузахь вайша цхьаьна гича, муха хир ду-те, Эсет? – хьаттира Аьрзус, воьхна дIаса а хьаьжна. Цкъа а кхерам хIун ю ца хиъна, майрачу тIемалочун дахчаделла дог, тахана оцу къоначу зуьдчуьнца цхьа висча, кIилло хилла тохаделира...», – боху яздархочо.

Муьлхха а оьзда нохчи санна, Аьрзу кхоьрург ду ша санна волчу къонахчунна (Эсетан майрачунна) ша бахьанехь даг чу шеко, вас кхоллаялар. Шен дегIан лаамийн а, синхаамийн а лай воцуш, эла ша хилар гойту цо кхузахь. Дуьххьара и роман оьрсийн матте гочйинчо вай лакхахь ялийна меттиг текста юкъара дIаяьккхинера. Ца оьшучехя маьIне йоцчех лерина хилла хир ю-кх цо и. Амма нохчийн къийсаман маьIнех кхета луучарна вайн къомостенан дуьхьа латтийна и къийсам хаийтарехь уггар а доккхачу маьIнехь йолчехцхьаъ-м ю и.

«Еха буьйсанаш» трилогин хьалхара киншкехь коьртачу декъана дуьйцу Кавказски тIом чекхбаьллачул тIаьхьа, Iехийна, нохчех цхьаберш Турце дIакхалхорах лаьцна. Цигахь цара лайна халонаш а, харцонаш а Iаламат чIогIа тера яра 1944–1956-чуй шерашкахь нохчаша шаьш махках баьхча лайначех. Ткъа хIара тIаьххьарлера бохам лайнарш, гинарш хIинца а болуш бара. Цундела сихделира советийн Iедал, и роман зуламечарех ю аьлла, сийсазъян. ХIоккул тIаьхьа и хьахор а, ешар а дихкинера. «Еха буьйсанаш» роман а, Казбегин «Элисо» повесть а, цхьатерра кхераме лерина, ишколан программи юкъара дIаяьккхира. Трилогин шолгIа киншка – «Лаьмнашкахь ткъес» – араялар хьехочохь а дацара. Ткъа ешархоша чIогIа сатеснера и зорбанера араяларе.

Шен дагалецамашкахь Абузара даредо, трилогин шолгIа киншка язъеш санна, дукха документаш, материалаш ца теллинера ша шен кхечу произведенеш тIехь болх беш, аьлла. Амма, «Еха буьйсанаш» санна, «Лаьмнашкахь ткъес» а яцара Iедалан идеологина жоп луш, цу тIе «шен лаамехь Россина нохчий юкъабахкаран концепцица» а цхьаьна ца йогIура и.

ТIаккха дIаболабелира Айдамировн произведенешна бехкамаш бина мур а. Бакъду, «Ирхеш» роман-м елира ара, иза а яздархочунна дагахь а доцуш нисделира. «Лаьмнашкахь ткъес», зорбане араяьккхичхьана йолуш, кийчча яра, амма, лакхара охьа хиллачу омрица, и дихкинера. Ткъа Айдамировс цунах шена йогIуш йолу гонорар схьаэцнера, хIинца и ахча юхадерзо дезаш а дара издательствона. ТIаккха язйира цо «Ирхеш» роман а, шен декхарх хьалхавалархьама.

1989-чу шарахь, вайн дахар а, заманан болар а тайп-тайпанчу баккхийчу хиламийн дукхаллехь сихделлачу муьрехь, эххар а шен ешархочунна тIекхочу «Лаьмнашкахь ткъес» роман. Цунах боккха кхаъ а хилира нохчийн литература езархошна. Амма хIинца махкахь долу хьал кхин дара, шен чолхаллашца, Iотбаккхамашца, беккъа цIена политикаш бен кхеташ боцчу къийсамашца.

«Еха буьйсанаш» романехьчул алсам къахьегна, исбаьхьаллин агIор цул а лакхарчу тIегIанехь лаьтташ йолу «Лаьмнашкахь ткъес» роман араяларан некъ мел чолхе а, халахиллехь а, и хилам тидамза буьсу нохчийн юкъараллехь. Цуьнан бахьана нийса досту литература таллархочо Минкаилов Эльбруса: «1989-чу шарахь бен ца хоьцу керла роман «Лаьмнашкахь ткъес» ара, цунна тIаьхьа а тIедогIучу шарахь «Еха буьйсанаш» а йолу юха зорбане. Амма дахар хийцало, хIора дийнахь хуьлучу керлачу хиламаша юкъаозабо нах. Хьалха хиллачух дерг тIаьхьатотту хIинцца хуьлуш долчо, цул тIаьхьа хIара кегари болало. Хьалха хиллачу массо а бохамал сов бохам тIебогIу вайн халкъана. ХIун дан деза, дахар юха цхьана хорша дерзорхьама? – и хаттар хIутту массарна а хьалха. И бахьана долуш а ду тIаьххьарлера роман «Еха буьйсанаш» санна тIеэцна цахилар. Бакъду, роман арахецначара а дерриг а дира, киншкашъешархошка и дIа ца кхачийта...».

«Лаьмнашкахь ткъес» романехь дуккха а дара халкъана керланиг, хьехамениг. Iаьлбаг-Хьаьжин гIаттам хьошуш паччахьан Iедало Кавказехь дуьххьара баьккхина толам – нохчий шина декъе, дуьхь-дуьхьал бохуш, бекъар а дара царех цхьаъ. Амма 90-чу шерийн юьххьехь бевллачу халкъан «керлачу дайша», шайн авантюрин политика къобал ца еш волу Айдамиров Абузар, советийн Iедало санна, вицвайта, цуьнан аз ца хазийта, шайн ницкъ мел кхочург дора. Ткъа церан тIеххаздина, дестийна дуьйцучу туьйранаша

а, гондIа кегарийхилла дIабоьлхучу хиламаша а хьередина, бIаьрзедина нохчийн халкъ шен рогIерчу бохамна кIелъэккха дIахаххкаделира.

Нийса ца хета хIетахьлерчу бохамна бехке къоман интеллигенцию алар. ХIетахь Iедалан а, динан а тIегIанашкахь шалха меттанаш лелошберш алсам бара. Уьш гуттар а бовлу алсам, дийнна халкъан кхоллам къасточу муьрехь, керла тIедогIушдолчуьнгара шайна хIонс йожаре сатосий. Абузара шен ерриг а кхолларалехь сийдина, язйина, кхайкхийна, ша велла дIаваллалц цо дIакхехьна нохчалла вайн къоман цахиларна хилир-кха хIинц-хIинцца дIабевлла ирча бохамаш а, царел хьалха хилларш а.

1993-чу шарахь, вай лакхахь бийцинчу хиламийн кIуркIамани гуттар а хьаьвзина, карзахъяьллачу хенахь, арайолу Айдамиров Абузаран рогIера гулар. Цу юкъайогIу кхоъ повесть.

«Кхолламан цхьа де» повесть нохчийн къомо махках даьккхинчул тIаьхьа лайна ирча баланаш буьйцуш ю. Дукхахдолчу декъана автобиографически йолчу оцу повестан автора юха а кхайкхам бо халкъе шен иэс, культура, доьналла, яхь ларъяре. Уьш диццинчу халкъан хиндерг цахилар юха а тIечIагIдо цо.

Махках къастийна, цхьа а бакъо йоцуш, еш терго, Iуналла, деш гIо доцуш, хIаллакьхилийта аьлла, Казахстанан, Сибрехан, ГIиргIазойчоьнан йистйоцчу, мецачу аренашка, хIу санна дIасакхоьссина декъаза къам, дуьне а эхарт – царах цхьа къастам бан безачу йисте кхаьчна, дукхахберш эхарте сатесна а бу царах. Ткъа иштта-чохь къонахий оьшу, халкъан иэс, яхь, доьналла самадаккха. Иштточара кIелхьардохуш схьадеана нохчийн къам а, кхидолу халкъаш санна, историн геналлера. Айдамировн хIокху повестехь царах ву лекха, вуткъа, хьаьрса воккха стаг.

«Оцу йоьхначу буса генарчу Тянь-Шанан лаьмнашкахь дуьххьара дийкира нохчийн назманан аз. Юьхьанца ша дека доладелла иза дIаийцира юххехь хиъна Iачу шимма-кхаамма. Цхьа-ши минот ялале воккхачу стагана гонаха гулбелира цу чуьра берриг а божарий. ДIатийра берийн белхарш, цомгашчийн узарш а. Йиллинчу неIаршкахула ара а дуьйлуш, Iаьржачу бодашкахула генна дIаккхерстира нохчийн ойланечу мукъаман аз.

ХIан-хIа, воккха стаг шен назманца Деле, пайхамаршка, эвлаяашка ца кхойкхура, халкъе кхаьчначу боккхачу бохамна цо леткъамаш а ца бора, цунна бехке болчарна неIалт а ца кхайкхадора. Ша хIетта кхоьллинчу назманца цо йийцира дайшна тIехIиттина халонаш, ца бухуш, цара уьш эшор, Даймехкан, халкъан сий лардеш, маршонехьа къуьйсуш эгначу бIеннаш халкъан турпалхойх дуьйцура. Цо чIагIдора нийсонал, бакъонал харцо тола йиш цахилар, шен махках халкъ къасто дуьненахь ницкъ цахилар, кхойкхура собаре хиларе...

Назма дIатийча, адам самаделира. Хезара забарш, беларш...».

Цул тIаьхьа воккхачу стага динчу къамело кхитIе а дегнашка тешам боссабо нехан. Нохчийн оьздангаллах, къоналлах, гIиллакхах цадохар доьху цо цаьрга, тIаккха: «Цхьана эсарчу махо дIаяьхьча санна, дIаелира нехан дегнаш тIера гIайгIа. Цхьа кIеззиг ханна осалдевлла церан дегнаш юха а чIагIделира...».

«Калугера йийсар» повесть а, трилогин кхоалгIа киншка «Дарц» а уггар лекха лакхе ю Айдамиров Абузаран кхолларалехь. «Еха буьйсанаш» романо авторан цIе гIараяьккхинехь а, исбаьхьаллин агIор мелла а тIаьхьа ю и хIинцца вай цIеяьккхинчу шина произведенел. Айдамиров ша а къера вара и иштта хиларна. Цкъа шен тхоьца, студенташца, цхьаьнакхетар хиллачохь, Абузара герггарчу хьесапехь иштта элира:

«Сан Iалашо еккъа цIена исбаьхьаллин произведени язъяр яцара. Суна лиънарг нохчийн историнцхьа агIо, цхьа а шалхонаш, хьуламаш боцуш, вайн халкъана йовзийтар дара. Нагахь соьга и даделлехь, ас айса юьхьарлаьцнарг кхочушдина-кх...»

«Еха буьйсанашкахь», иштта «Лаьмнашкахь ткъесехь» а документийн тоьшаллаш оьшура, яздархочунна ша дуьйцург тIечIагIдархьама, лерг а, бIаьрг а сема долчу цензурин ала я шеконе даккха хIума ца хилийтархьама. Хала дара цензурин гураш хедо, вайна гина ду-кх, берриг а хиламаш, дукхахболу турпалхой ма-дарра хиллачунна тIера, цхьа билггал доьхна долчу адамашна юкъара схьаэцна, шайн тоьшаллийн бух болуш хиллехь а, мел дукха дуьхьалонаш, харцонаш лан дийзира авторан шен произведенеш арахоьцуш.

«Калугера йийсаран» коьрта турпалхочун васт хIинца деккъа цуьнан дар-леларийн гIоьнца схьадиллина ца Iаш, имам Шемалан психологически сурт хIотторца, автора гайтина муьлхха а адаман (хуьлда иза могIарера стаг я халкъашлахь цIеяьккхина турпалхо) чоьхьара дуьне мел чолхе а, Iотбаккхаме а ду. Кхолламо уггар а лекхачу, сийлахьчу дарже вохуш, хьистина муьлхха а адам, дахаран а, кхолламан а къиза тохарш ловш, тийна-тапъяьлла, шена Дала делла дукъ текхош схьавогIург а эххар а цхьана йисте кхочуш хилар: дуьне а, эхарт а вовшахкхъаьстачу бухбоцчу Iинан йисте. ТIаккха волало хIора а шен дахаран зIе листа,шен толамийн а, иэшамийн а жамIаш

дан, ша динчу диканийн-вуонийн а, гIалатийн-нийсонийн а терзанан хьесапдан. Оцу повестан чаккхенехь далийна дерзоран дош а ду къаьстти-на тидам шена тIебохуьйтуш. Яздархочун, къо-ман уггар тоьлашха болчу къонахех цхьаъ хилла-чу Айдамиров Абузаран дерриг а нохчийн къоме весетан кехат санна лара догIу и дош.

Ткъа «Дарц» романан коьртачу турпалхочун харачойн Зеламхин вастах аьлча, хIинццалц кхечу яздархоша санна, и дуьненна а гIараваьлла обарг веккъа цIена майра, тIахъяьлла, къармаза бек-хамхо хилла хилар тIечIагIдина ца Iаш, кхузахь а цуьнан чоьхьара дуьне-психологи гайта ницкъ кхаьчна автора. Iаламат нийса, ма-дарра гайти-на оцу обарган заманахь Нохчийчохь а, ерриг а Россехь а хIоьттина хилла долу реакционни хьал. Зеламха, халкъан орцахо, гIийлачийн-мискачийн накъост хилла ца Iа романехь. Иза а ду-кх, кхи-долу адамаш санна, Дала кхоьллина, шен дика а, ледара а агIонаш йолуш, гIалаташ долуш адам. Дерриг а чолхе даьллачу заманан хьийзарехь кхолламо декъаза кхаж баьккхина, шен оьмарехь синтемах, маршонах вохийна лелош волу.

Шен дахаран тIаьххьарлерчу шерашкахь дукха яздора Айдамиров Абузара публицисти-кин жанрехь. Нохчийчоь «шен лаамехь Россина юкъаяхаран концепци» тIера дуьйна дIа, нохчийн истори, этнографи, географи, къоман амалш а, гIиллакхаш а харцахьадахаро дош ца олуш Iен ца вуьтура яздархо. Дукха язйира цо статьяш, очер-каш.

Амма Айдамиров еккъа цIена нохчийн цIе ларйина ца Iа. Цо майрра Iорайоху вайн нохчийн юкъараллин ледарлонаш, амалш. Доза доццуш шен къам дукхадезаран билгало ю цо цуьнан айпе агIонаш гучаяхар. «Вайн амалш» публици-стикин гулар Iаламат мехала ю хIора нохчичунна, цу тIехь вайн халкъах дахаран доккха зеделларг долчу яздархочо бина талламаш хиларна.

Айдамиров Абузаран ерриг а кхолларалла доккхачу маьIне хазна ю нохчийн литературехь. Шен заманахь дерриг а нохчийн халкъан иэсана боккха беркате тIеIаткъам бина йолу цуьнан про-изведенеш, хIокхул тIаьхьа а шен мехалла яйна хир яц.

УДК 8С (Чеч)

# ДАЙМЕХКАН КХОЛЛАМАН ДЕКЪАХЬ ВОЛЧУ ПОЭТАХ ДОШ

© А. ГАЙТУКАЕВ

Вевзаш волу поэт, публицист, литературни критик, гочдархо Цуруев Мовладин Шарип вина 1963-чу шарахь Гуьмсан кIоштарчу Лаха Гезлойн-Эвлахь. Юьртарчу юккъерчу ишколехь доьшуш а волуш дуьххьара зорбане ваьлла иза. Чекхъяьккхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан филологин факультет. Къахьегна дешаран хьаьрмахь, «Орга» журналан, «Даймохк», «Васт» газетийн редакцешкахь, и.д1.кх. коллективашкахь а. Тахана иза къахьоьгуш ву «Хьехархо» журналан коьртачу редакторан, республикин Iилманийн академийн «Таллам» журналан жоьпаллин секретаран а даржашкахь. Иза ву яздархойн, журналистийн а Бартийн декъашхо. Газетийн, журналийн агIонаш тIехь, коллективни гуларшна юкъахь зорбане йийлина цуьнан стихаш, поэмаш, статьяш, очеркаш. Цуруевн дуьххьарлерчу стихийн гуларан цIе яра «Йисалахь, Нохчийчоь». «Тешалахь, Даймохк», «Цхьа мерзагIайгIане мукъам» цIерш йолу стихийн, поэмийн гуларш араевлла поэтан кху тIаьхьарчу итт шарахь. Поэт Цуруев 20-чу бIешеран тIаьххьарчу 30 шарахь бевзинчу яздархошлахь шайна тIе тидам алссам боьдучарна юкъахь ву. Ш. Арсанукаев хьахийначохь цуьнан «Ненан мотт» стихотворени санна, Цуруевн цIе яьккхича суна уггар хьалха дагайогIу цуьнан «Нохчийн мотт» цIе йолу байт. Цхьана вевзаш волчу нохчийн меттан хьехархочо, «Даймохк» газетан рогIера номер а карахь, олуш хезира суна: «Кху тIехь зорбатоьхна йолу Цуруевн «Нохчийн мотт» стихотворени тоьар яра, кхин кху тIехь хIумма ца хилча а, кху газетан номеран мах лакхара хадо а, мехалла гайта…» Ма-дарра аьлча, поэтан ницкъ кхаьчна оцу шен говзарехь (произведени) вайн маттах лаьцна шатайпа дош ала. «Базарахь эцна а боцчу», «цхьаьнггера а юхалург» ца баьккхинчу нохчийн меттан хьокъехь цо боху:

*Цу маттахь ненас со дуьххьара хьаьстина,*
*Цу маттахь некъан дош дадас а кхайкхийна,*
*Цу матто, – уггаре гергарчу сан сина –*
*Сан, генахь цхьа висча, дог-ойла айина.*

Цуруев Шарипан кхолларалин башхалла билгалйоккхуш, Нохчийн Республикин Iилманийн академин вице-президент, академик волчу Дадашев Райкома яздина: «Цуруев Шарипан поэзехь къарцавеллачунна наггахь рифмица, ритмаца цхьацца кхачамбацарш каро там бу, цхьацца, М.-С. Гадаевс ма-аллара, тIе «мотт хьакханзий», кхоччуш тIехь къахьегна йовланзий меттигаш хила мега. Амма, дагах ца кхеташ, чохь са доцуш стихотворени я язбархьама язбина могIанаш карор бац Шарипан поэзехь. Цо шен дог догуш, шен кийрахь кхоччуш Iаьткъинарг бен ца яздаран билгало ю иза. Доцца аьлча, шен исбаьхьа, шен поэтически дуьне кхолла ницкъ кхаьчна цуьнан… Иза бакъволчу поэтан билгало ю». Цуьнан поэзин хьоста (источник) лехаро гучудоккху: хинволчу поэтана дика тIеIаткъам бина ненан («бабин») туьйранаша, ден «некъан дешнаша», хьехархоша, юьртахоша.

*Ма елхахьа, нана,*
*Ма тийжахьа, нана,*
*Къинош долчу кIентан*
*Дог карзах ма даха...* – олу цо цкъа.

Цуруевн тоьллачарех лара хьакъ ю аьлла хета «ТIаьххьара нохчий...» цIе йолу байт. Кху дуккха а хийцамаш шеца болчу муьран теш волчу цо шатайпанчу поэтически кепаца гойту схьахIоьттинчу хьолан сурт. Ткъех шо гергга хьалха язйинчу оцу байто вайн ойланехь тахана а дуккха хIума меттахъхьадо. ТIаьххьара яхьйолчу къонахийн барам лагIлуш хеталуш, махкахь гIайгIане сурт хIуттуш го поэтана. Оцу къонахошца дIаваха (дIаван) ирс доцуш висарна вогуш а, доьхначу дийнахь йоьхначу ойланца а ву автор. И ойла, и гIайгIа, и сагатдар дешархочуьнга кхачийта, вай а ойлане даха хьожу поэт. Леррина ойлаярца и дешнаш дешнарг дахаре бен доцуш хьоьжур вац аьлла, чIагIдан мегар дара. Оцу дешнаша гойту лазам, цхьана Нохчийчохь хилла ца Iаш, цуьнан дозанал генна арахь бу. Дайна а, довш а къаьмнаш ду вайн дуьненахь. Адамаш шайн орамех дIахедарна болчу кхерамах вай лардан орцахваьлла поэт. Массо хенахь а хIумане шен хьежам болуш, диканиг, оьзданиг, даха хьакъдерг лардан, кхио дезарна а сагатдеш, цу хьокъехь шен говзачу дашца вистхуьлуш схьавогIу ала мегар ду Цуруев. Дуккха а вайн лазамийн, баланийн бух, бахьана – хьарамхьанал къастош цахиларехь, ахчанах Iехалуш доккходаларехь, нийсо ца ларъярехь хилар гойту цо ша Нохчийчоьне дечу къамелехь:

*...КIиллоша йоьхки хьо шайнех,*
*ЦIубдарша муьйлу хьан цIий...*
*...Букъ туьйхи ка тоьхначара,*
*ЦIе туьйхи – ца езачара...*

Поэт гIайгIане во «тийжаро-делхаро», «харцоно», «зуламо шовкъе бугIучу букар бохьо». Маьршачу, машаречу стеган дешнашца Цуруевс Нохчийчоьне боху:

*Лардала йиш хилча, хьанна*
*Оьшу, со велла хьо йисар?*
*Кхин воиг, хьо елла висар?*

Поэтана гарехь, вайна оьшу, тешар, и эшам йоццачу ханна буй хаар, болх Далла тIе биллар, Даймехкан рицкъа, ницкъ а Везчу Делехь буй хаар. ТIаккха зуламхой ларор бац Даймехкан «Сийца, Сица». Ира хьекъал а, философски ойла а, хьежам а болчу поэта вайга даха кхойкху; доха а ца духуш, вайн гIиллакх-оьздангалла ларъяре, халонашна бIоцакъажоре кхойкху.

*Гергарчу, генарчу лулахойх*
*ДоттагIий хир бац вай толахь бен,*
*Доха ма доха – бохь богIа,*
*ШайтIа а, мостагI а вохавеш.*

Поэтана дика го хабаршка дирзина гIуллакх, дукха дуьйцучу хабарша дан гIо доций, «цкъа хабарш хебаршка довлахьара-кх», олу цо. Цуруев ша деккъа дош аьлчахьана волу моьттучех вац. «Вайх мила, маца, муха хилла цу везчу Далла гуш ду дика» олу, гайтаман хIуманаш къобалдеш воцчу поэта шен цхьана байтехь. «Тешалахь, Даймохк...» цIе йолу стихийн гулар язъярца Цуруев Шарипа довзийти шен керла, нийсонан, цIена, онда, ира, дуьззина, шовкъе, амма чов-чардо шеца доцу, вайн хиллачуьнга, таханене, хиндолчуьнга, доглозуш бIаьрг а тоьхна, аьлла дош. И дош тахана кхолладелла дац, цуьнан «эзар» шо ду, хIунда аьлча:

*Билгалдан йиш яц са мел деха шо,*
*Син оьмар яц хан, йоккхург дегIа чохь.*

Поэтан лирически турпалхочунна хаьа, ша мила ву, хьенан верас ву, девза шен декхарш. Цуьнгахь беха Даймохк безаш беллачаьрга (мел бу уьш!) безам. Гуларна юкъарчу стихаша авторан дог-ойла, хьежар гайтина ца Iаш, гойту къоман башхалла, диканиг, воииг, адамийн дахар – шен хиллачу низамах, къепенах тIаьхьарчу шерашкахь доьхна хилла долу. Къизачу тIамо, бохамо, балано поэт ца вожийна, иза нацкъар ца ваьлла мехкан гIуллакхашна, нийсонан, бакъдолчун толамах дог ца диллина цо.

*Хьан чевнаш дебачу дийнахь,*
*Хьан лазар чIагIделча неккхехь,*
*Нохчийчоь, сан Даймохк сийлахь,*
*Со ву хьан кхолламан декъехь...*

Кху тIаьххьарчу, вайн халкъ а, хIора стаг а массо агIор зиеран шерашкахь Цуруев Шарипан кхоллараллин башхалла – цуьрриг а тийса ца луш, къийла ца луш дош аларехь го суна. Иза иштта хIунда ду-те бохучунна жоп, цо цкъа дуьйцуш суна хезначунна юккъехь а хаалора. Шарипа масех шо хьалха элира: «Хьажахьа, йоккха гIело, хало лов вай, харцонаш гобаьккхина ю, хIетте а адам тIетаьIIина, аьтто баьл-баьллачохь къахьоьгуш ду. Лаьтта тIехь болх бо, йохк-эцарца базарахь сискал яккха гIерта; буьйсанна тIаьххьалц, кху хьоле хьаьжна ца Iаш, ловзарш до. Адамо, ша оццул къизачу хьоле нисделлашехь, бIо ца къажийна бохамна, балина. Ца йитина забар, вовшашка къамел до, ца чIеIаш. Психологически адамо ша-шен лардаран кеп хила а мега иза…» Цо стихашкахь а боху:

*Кхача ца ло мел ярх гIайгIа,*
*Тоьар дувайн тийжар-делхар.*
*Хан ма яйа, хан ма яйа –*
*ДIадолор вай нохчийн хелхар.*

«Вай меттахIиттор ю гIаланаш, вай меттахIиттийча дегнаш» – бохучу поэте вай лерриа ладоьгIча, таллам бича, вай цо бIоцакъажоре кхайкхарх, автор ша саготта ву, саготта ву Даймехкан гIуллакхашна, дахарна – «айпе пекъар» долчу, иза дерриге дерзина даларна кхоьру иза. Поэтана го цхьана а хIуманна са ца гатден, цкъа а кхерам ца лайна нах, даьхни-бахам дош хетарш, гIант къуьйсуш эрна гIайгIа йийраш, хIилла шен амал йолу дуьне а...

*Лаамийн урх хьоь елла Дала,*
*Хьо хьайна товччу новкъа вала.*
*Хьо эла хиларх, къелла йоссарх,*
*Хьайн коьрта кхиэлахо эхь-бехк лара.*

Вай лакхахь цIе яьккхинчу гуларна юкъахь тоьллачарех ю «Тешалахь, сан Даймохк, тахана тешалахь…», «Вайн эхь-бехк, вайн сийлахь гIуллакхаш...», «Нохчийчоь», «Кирхьа», «Нохчийчоьне», «ТIаьххьара нохчий...» цIераш йолу стихаш. Кхин цхьа башхалла а ю Цуруевн

кхолларallин. Оьрсийн маттахь стихаш язъярца ша зен воьлла иза тIаьхьарчу хенахь. Уьш а лакхарчу говзаллица язйина ю. Цара авторан дешархой совбехи. Билгалдаккха догIу, шина маттахь яздийраш яздархошлахь, журналисташна юккъехь чIогIа кIеззиг хилар а. Куц тайна, чам мерза дешнаш, могIанаш яздина Цуруевс безамах лаьцна. Кегийрхой, мехкарий боцурш а хир бу цу могIанийн дешархой:

*ЦIарна ца лелийна гIиллакх,*
*И кIеда-мерза хьан аз –*
*Хьо хIинццалц евзинарг, хилларг*
*Йисаре сатуьйсу ас.*

Яздан буьйлалуш болчу а, шуьйра бевзачу а кхолларallин нахаца шуьйра уьйраш, зIенаш ю Цуруевн. Нохчийн, оьрсийн, кхечу мехкашкарчу къаьмнийн литература а, бевзачу философийн, хьехархойн, Iилманчийн белхаш а иза массо хенахь боьшуш ву аьлла хетало, поэте ладоьгIча, цуьнан говзарш ешча. Дика ойланаш кхуллуш, дешархо кхиош, иза, ойлаеш, сема хиларе кхойкхуш могIанаш кIезиг дац поэтан тоьллачу стихашна юкъахь.

УДК 8С (Чеч)

# БЕКСУЛТАНОВ МУСАН ПРОЗЕХЬ ДОЬЗАЛАН ТЕМА

© М. ГАЙТУКАЕВА

Ишколехь доьшучу хенахь дуьйна шайн говзарш зорбане йийлинчу авторех вац Бексултанов Муса. Литературехь ша-шен зен иза хьалххе волавелла хиллехь а, зорбане вала (оцу белхан жоьпалла девзаш) сих ца велла Муса. Дуьххьара Грозненски районан газетан агIонаш тIехь арадаьлла Бексултановн «ГIалин урамаш» цIе йолу дийцар.

1985-чу шарахь зорбанера араяьллачу «Мархийн кIайн гIаргIулеш» дийцарийн гуларо гайтира нохчийн литературе доккха похIма долу яздархо веана хилар. Цул тIаьхьа Бексултанов Мусан говзарийн масех гулар араяьлла зорбанехь («Юха кхана а, селхана санна» – 1988 шо, «Наггахь, сайн сагатделча» – 2004 шо, «Я хьан тухур ю буьйсанна хьан неI» – 2004 шо, «Дахаран хин генара бердаш» – 2009, «Сан вешин тIехьийза йоI» – 2012 шо). Тахана вайн литературан юьхь ечу яздархойх цхьаъ ву Бексултанов Муса. Нохчийн Республикин халкъан яздархо ву иза. «Вайнах» журналан совгIатан а, НР-н интеллектуальни центран «Дато бухIа» совгIатан а лауреат ву Муса, кхолларалаллин белхан лаккхара мах хадош, «Нохчийн Республикина хьалха хьуьнарш гайтарна» мидалца совгIат а дина цунна.

Идеологина буха нисдан а ца хьийзош, цхьанне хьалха диканиг хила ца гIерташ, нохчийн доьзалийн бертахьчу дахаран, вайн хазчу гIиллакхийн, мехкан историн, халкъан кхолламан, зуламийн орамашка кхийдаш, нохчийн литература езачарна хазахетар, синтем бохьуш, цуьнца цхьаьна ойлаян кхойкхуш цо язйина говзарш шайн оьмар еха хинъерш, вай хьекъалца пайдаэцча беркат лундерш ю.

Шен говзаллехь тIаьхь-тIаьхьа кхуьуш, тIегIанехь лакхаволуш, иштта шеца схьа шен дешархо а валош Муса схьавогIу дуккха хан ю. Цуьнан дийцарш юх-юха доьшу наха, хIоразза бохург санна цхьацца керлачунна тIекхуьуш.

Муса литературе веана 80-гIа шераш хьахош, литературоведа Хь. В. Туркаевс яздина: «Оцу *(къоначу)* чкъуран синлазамех, синхаамех, дика кхетара цунна юкъара схьабевлла къонаяздархой. Цара, ала мегар ду, шайн кхоллараллица кхечу боламе, кхечу чулацаме ерзийра 80-чушерашкахь нохчийн литература, цара дехкира халкъаца а, вовшашца а керла юкъаметтигаш йолалуш болчу керлачу турпалхойн васташ.

И тайпа кхолларалллин корматаллайолчуяздархойн хьалхарчумогIарехь латтара хIетахь прозехь яздеш болу Нунуев Сайд-Хьамзат, Яшуркаев Султан, Бексултанов Муса, Ахмадов Муса,Эльсанов Ислам».

Иштта хIоьттинчу хьолах кхеттачу яздархочо кхуллу хIетталц литературехь хилла йоцу произведенеш, аьлча а, литературехь ца хилла теманаш хуьлу оцу яздархочун тидамехь.

Ма-дарра аьлча, 80-гIа шераш нохчийн литературан чулацам, теманаш, исбаьхьаллин лехамаш хийцалун хан яра.

* * *

Доьзал – иза ши адам, шен дино а, шен къоман Iадато а ма-бохху, цхьаьна даха а, шайн тIаьхье йоло а вовшахкхетар ду. Нохчийн Iадатехь доьзал да-нана, бераш хилла ца Iа. Доьзал – иза да, нана, бераш, церан деда, денана, дейижарий, девежарий, цаьрца цхьаьна тхов кIелахь, я кертахь Iаьш болу чоьхьара кхин гергара нах а бу. Доьзал кхоллар а, иза кхетош-кхиор а стагана дахарехь тIехIуьттучу зерех уггаре коьртачарах цхьаъ ду, хIунда аьлча, Дала боху Шен сийлахьчу Къуръан чохь, Ша адаме хаттам бийр болуш кхо хIума ду: адамах шех а (цо лелийнчух, дийцинчух), цуьнан доьзалх а, цуьнан даьхнех а. Цундела шен доьзал дас, я ненас охьатасар, я кIезиг хIума бахьанехь вовшах а къаьстина, шайн берийн дахар дакъаз даккхар доккха къа ду. Яздархочунна Бексултанов Мусана дика го халкъан дахарехь, адамийн гIиллакх-оьздангаллехь «доьзал» цIе йолчу «жимчу пачхьалкхо» дIалоцу меттиг, иза дуккха долчун орам хилар а. Ша дийцаран говза пхьар хиларе терра,и тема яьстина цо шен дуккха а дийцаршкахь.

Вайн дахаран – хиллачун, долуш долчун кIорггера ойлаян кхойкху яздархочо. Мел кIезиг долу хIума а тидаме оьцуш яздо цо. Оцу хьокъехь говза аьлла Минкаилов Эльбруса: «Дуьххьарлерчу дийцаршкахь юьртан дахарехь хIинца а дисна долу халкъан дахаран коьрта ламасташ гIаларчу дахаро дохорах лаьцна яздо цо сих-сиха. Мел хала хетахь а, керлачу замано (цуьнан символ – машен) хьоьшу хьалхалера гIиллакхаш (церан символ – Iаса), иза къеггина яздархочо шен «Некълацар» дийцарехь. Оцу дийцаран къоначу турпалхочунна хетахь а, цхьана а тросийн ницкъ

бац и хийцамаш сацон… Амма яздархочун турпалхо дуьхьало ян-м гIерта мухха йина а, тоьлур воцийла хуъушехь («Со-м вист а ца хуьлу»)…

Яздархочо даима ларамца яздо баккхийчу нахах а, берех а. Хьалхарниш цунна герга бу дахаран зерашкахула гIиллакхах ца бухуш чекхбийларна («Наггахь, сайн сагатделча», «Тишъелла кетар»), ткъа шолгIаниш – дог-ойла цIена хиларна, цхьа тайпа хIилланаш доцуш, диканиг дан кийча хиларна («Берийн ловзар»). Заманах шена хетарг «Наггахь, сайн сагатделча» дийцарехь иштта къастадо яздархочо: «…Адам, цецвоккхуш, хийца ма делла хьуна, дерриш а хIуманаш дIа а девлла, пис а дирзина, са беркъа а даьлла, дагца гIелделла… Я хьалха вайн хилла деган куралла а ма яц хьуна цаьргахь цхьаьнггехь, тахана къеначу соьгахь йолу! Цхьа ду-кх адам, цхьа тамашийна, бустамаш санна оза а дела, юхахьажар а доцуш, дай боцу бай санна, шаьш лело дезарг а ца хууш, шаьш мичара схьадевлла а, мича доьлху а, шайн дай муьлш хилла ца хууш, ворхIе да а вицвина… Дерриш хIуманаш дIа а кхиссина, диц а дина, шена атта веха тахана, ша чоьхьаваьлча, шен цIенна догIа а тухуш… Бакъду, кхано байттамал-м хир ду, хуьлуш схьадогIуш а ду…». Публициста Гайтукаев Асламбека яздархочух лаьцна вайн муьран зорбанехь иштта яздинера: «Бексултанов Мусас дийцаран, эссен жанр дика караерзийна. Цуьнца цхьаьна кхуьуш ю нохчийн проза, вайн ерриг литература.

Яздархочун говзарийн чулацамаша, турпалхойн васташа цецвоху, ойла йойту. Масала, сихсиха хьахадо муьран зорбанехь Мусан «ТоргIа» цIе йолу дийцар. Хьанал сискал йоккхуш, бертахь бехачу доьзална зиэран мур тIехIутту, Iедалан урхаллехь болчу нахера (кхухахь – эпсарера) харцо, ямарло, тешнабехк бахьанехь.

«Муртазан ТоргIа санна куц долуш кIант ца кхиънера вайн ламанца», – олуш хилла иза хьахочу хенахь. Ткъа ТоргIас ша кху тайпана олуш хилла:

– Неха-м дашо раьгIнаш хилахьара... Хьенех къонаха вара боху дош дуьсийла-кх кху дуьненчохь сох даха!

Цкъа шега, «Нахах ларвала везара, ТоргIа, массарех дIа а ца ветталуш... Сов майралла дика яц», – аьлча, цо жоп ло:

– Со харц ца лийна цхьана а стаге. Майралла нийсонца карийна суна. Стешхалла харцонца бен хила йиш яц...

Аьттонех ойла ца юхкуш, догцIенчу куралл ица, доьналлица, къонахаллийца, майраллийца чекхволу ТоргIа, Iедало мискачу нахана тIехь ечу гIелоно маьрша дахарх ваьккхина волу а, тIаккха яхьах ца вухуш, шен дахар а дIаделла волу дуьненан меха къонах».

Масала, шен «Хьалхара парта» дийцарехь Бексултанов Мусас гайтина, муьлххачу адаман амал, гIиллакх-оьздангалла даима кхуьуш хилар. Ткъа беран амал коьртачу декъана кхуьу цуьнан шен доьзалехь. Ша шатайпа, кхечарел тоьлуш адам хиларан ойла шегахь чIагIлуш схьавогIуш ву дийцаран коьрта турпалхо ларалуш волу ишколан дешархо. «Нохчийн литература хьехаран некъаш» цIе йолчу Iамата тIехь иза хIоттийначу хьехархоша I.А. Эльдаровс, I.Х. Саралиевс сов говза гайтина оцу дийцар тIехь доьзалан тема ястар: «Дийцаран бакъахьа (положительный) турпалхо ву къано ГIайтакха. ТIехь лаьттачу Iедалх ийзало и, хIунда аьлча кIезиг яцара оцу Iедало бакъонан дайшна бехк-гуьнахь доцуш луьра таIзарш дайтина меттигаш. Цундела, дуьххьалдIа доцуш, забарна санна хьийзош, дуьйцу цо къоман гIиллакх-оьздангаллах долу бакъдерг, къонахийн дахарера масалш а далош. Цуьнан къамелехь билгалдолу хьалха заманахь дуьйна а нохчийн къоман гIиллакххехь зудчуьнга боккха лерам хилла хилар. Зудчуьнца йолу юкъаметтиг тахана а ю вайн нахалахь-м чIогIа бехке а, цуьнца цхьаьна экама а лоруш».

Оцу Iамата тIехь говза гучудаьккхина, ГIайтакхин дийцаршца шен произведенехь кегийрхошна вайн къоман дахарера дуккха а пайдениг, мехалниг автора довзуьйтуш хилар.

Оцу хенахь нахана вевзаш, махкахь а шен цIе йоккхуш цхьа къонах хилла Ича бохуш. Жеро йолчу шена захало дийца вахана хила иза. Кхуьнга дика ла а доьгIна, жерочо аьлла: «Делахь, Ича, со-м хьоьга ян а, я ца ян а хIумма яцара. Хьо-хьуо ван ма ца оьшура кхуза. Ахьа цхьа ши стаг вайтинехь а, тIаьхьа а хIоьттина дIайогIур яра со. Делахь а, Ича, хьо махкахь нахана юккъехь дош лелаш, иштта кертахь хьеший лаьтташ, хьоьца нийса наха лоруш зуда йолуш стаг ву. Со йигна, хьайн сий муха дойур ду ахьа? Цул сов маре оьхуш лела хан йолуш а ма яц со».

Жерочун къамело гойту, Ича, нехан лерам болуш, нехан диканна-вуонна юкъаволуш, нийсо ларъеш стаг хилар. Иштта жерочо шен къамелехь дикчу дашца хьахайо Ичин зуда. Иза шен хIусамден сий дарна, чохь доьзало а, арахь лулахоша а, юьртахоша а лоруш, оьзда, яхь, доьналла долуш стаг ю.

Валаран цамгаро лаьцна, ша меттахь висча, шен бахамах ахбахам а белла, йита а йиина, цIа яхийтина Ичас шен шолгIа зуда, ша велча, шен кIенташа шен зудчо шен йина юьхь хьакъ ма-дду ца ларарна кхоьру ша, аьлла. Шен цIийнадена а,

цуьнан доьзална а, шен хIусамна а хьанал, ний-са, бакъ, оьзда, лулахь, юьртахь лоруш стаг хилла Ичас керла ялийна зуда. Цундела ша дийна а во-луш, цуьнан хьакъболлу лерам бан лиъна Ичина.

Бексултановн кхоллареллехь хаалуш къаь-сташ ду цо шина заманан чулацам (советан за-мий, цунна хьалха хилла замий) вовшашца юстар, аьлча а, оцу заманийн нах бу вовшех цхьа а хIума тера доцуш, беккъа цхьаьна уьш нохчий хилар бен. ДIаяханчу заманан нехан васташ дохкуш, Бексултанов Мусан яздаран хатI а хийцало, тур-палхойн лелар а шатайпа ду, церан доьналла, со-баре хилар, яхь хилар, кIезиг-мезиг хIуманех ца башар – иза дерриг гойтуш яздархочунна карадо цхьа шатайпа дешнаш. Цуьнан турпалхой, уьш нохчийн дахаран юккъера цо схьаэцна белахь а, наггахь оьрсийн романтически литературан тур-палхойн амалех хIу хьакхаделла хетало.

«Корталин Хантоти». Цу тIехь боккхачу ла-рамца кхоьллина яздархочо ХантотицIе йолчу нохчийн зудчун васт. Дийцарехь яздархочо карла-доккху вайна XX бIешерийн 30-гIа шераш дуьй-лалуш нохчийн лаьмнашкахь советан Iедалний, халчу, буьрсачу Iаламехь цхьанне а новкъа боцуш шайн баьхначу нохчашний юкъахь хилла юкъа-меттиг.

Хантота ю оцу замано дог хьаьшна, амма доьналлех, къонахаллех ца юхуш чекхъяьлларг. Цунна гина, цо лайна халонаш нохчийн зударшна хIораммо а аьлча санна лайна оцу къизачу, Нох-чийчохь колхозаш йохкуш, – цул тIаьхьа, 30-чу шерийн шолгIа эхенехь халкъаш хьийзочу зама-нахь а.

Бексултанов Мусас «Корталин Хантота» дийцарехь оцу заманах лаьцна шуьйра ца дуьй-цу. Цхьана-шина вастаца, къонахийн васташца, церан вовшашца хиллачу доццачу къамело гойту вайна оцу заманан чулацам а, хIетахь, историн оцу халчу муьрехь къонахаллин хала мукъ шай-гахь хиллачу нехан дог-ойла а. Царех бу Ханто-тин майра Алдам а, цуьнан доттагI Ами а. Уьш хьанал къахьоьгуш, Iедална муьтIахь нах бу. Амма цаьргахь къонахалла а ю. Ткъа доьналлий, къонахаллий йолу нах Iедална, къаьсттина Нох-чийчохь, хIетахь ца безара. Цундела уьш Iедало хIаллакбора.

– «Ас хIун дина те кху Iедална? Хьо предсе-датель а волуш, колхоз йиллахьара аьлча, схьа-белла цхьа а уьстагIан корта а боцуш, нахера Iахар-котамаш а лехьош, колхоз-м йиллинера ас... ХIинца уьш кхо бIе сов уьстагI а бу! Сайца хIун цабезам бу хаа луур дара суна, кхана-лама со вий-ча шуьга «ошибка была» бохуьйтучул», – аьлла.

– «Нехан меттанаш ца Iа-кх, хьенех, хьо ведди-й, вада гIертий, бевддачу нахах веттал-ой, бо-хуш, цхьацца аьрзнаш кхоьхьуш, – аьллера Хьа-сана (цхьана хенахь шен доттагIа хиллачу, хIинца районан НКВД-н куьйгалхочо).

– «Нехан меттанаш соьга совцалур ма дац, хьуна ца хаьа, со вада гIертахь а, ца гIертахь а, я сан хьаьнца уьйр ю а», – хаьттинера Алдама.

Юха, Iуьйранна, хьешашка хIума а яийтина, церан дой а кечдина, чухула юхучу кIайчу куча-ца, дIабаха бевллачу хьешашна хьалха араволуш хиллера Алдам. Ами тIахьарчаьрца а волуш.

«Хаза де ду вайна-м, Хьасан, тахана, догIа а сецна», – ала кхиънера Алдам, Хьасана шена букъан тIум а лоцуш доьхка доьхкуче тIехьара схьа тапча тухуш.

«Зуд, иштта-м ца доьду хьуна хьо» – аьлла, шаьлтана тIе ка дехьира бохура Алдама тIаккха.

ШолгIачу кхеттачу тапчано Алдам хьалао-зийна шаьлта баттара ялале сацийнера.

Арахь герзан тата а хезна дIатассавеллачу Амина, кхунна тIехьа вогIучу хьешех цхьамма, шен тапчи чуьра кхо патарма басийнера, Ами йо-гуш лаьттачу пешан цIийеллачу экъан тIе бертал а воьдуш. Цаьршиннан декъий бертал говрашна тIе а дихкина, Хилдехьахула чекх а даьхна, Ор-ганан тIех а даьхна, бехачу новкъа районе охьа-хьош, шен сих догдилла ойла кхоллалур йолуш къонаха висина ца хиллера Хилдехьахь цхьа а.

«Охьаваьхьна шиъ тIаьххьара вара, – эли-ра ХIатис. – Уьш дIабаьхнера бойушший, лоь-цушший, Сибрех оьхуьйтушший, хIора цIийнах цхьацца шишша а воккхуш», – аьлла.

Оцу суьртаца кхуллу яздархочо дIаяхначу хе-нан, Iедалан васташ, ткъа оцу Iедалан хьадалчаша уггар хьалха доьналлий, къонахаллий йолу нах хIаллакбеш хилла. Ма-дарра дийцича-м и тайпа хьал цхьана Нохчийчохь хилла ца Iаш, берриге а Советан Iедалан махкахь а хилла хьал ду.

Дийцаран коьрта турпалхо Хантоти лору яз-дархочо. Иза иштта дан а ду, хIунда аьлча цу тIехь буьйцуш болу къонахий ямартчу хIумнаша теш-набехкаца бойу. Иза лан а, тIаьхьа кхидIа а шен тIехIиттина халонаш лан а са чIогIа хила дезаш а, доьналла оьшуш хила езаш хиллера Хантоти Майра а, цуьнан доттагIа а шаьш вийча, «доь-залхочух йолу Алдаман зуда, Хантоти, ши куьг тIехьа а доьхкуш, схьаялийнера шайца, бандиташ кхаьбна хилла ахь», – аьлла.

Цул тIаьхьа шен велла доьзалхо хилча а, нахехь дисина шен диъ берех йоккхуш Сибрех яхийтича а дахарх болу чам ца бовш, тийжа ца тийжаш, собарех, доьналлех ца йолуш шен дахар дIакхоьхьу Хантотис.

«Хантотис йиш локхуш хилла шен цIахь би-синчу доьзална:

Вай ирсий – яI хьан, дашо малх,
Хилдехьа кхетий хьо!
Сан гIийла бай гой хьуна?
Цаьрга хIун хьал ду хаьий хьуна? – олий.

Сибрехара юха цIа йирзича, шен бераш схьагулдина, нахаца кIеда-мерза йолуш, ехира. Цуьнан дегайовхо шел ца йинера тIехIиттинчу баланаша, халонаша. Цо комаьршаллица, хазчу дашца, нохчийн туьйранашца кхиайора тIейогIуш йолу къона тIаьхье. «Цо тхуна мел дуьйцуш долу туьйра цхьогалах, барзах, лоьмах лаьцна хуьлура».

Цо лелош дерш нохчийн оьздангаллий, тIаьхьа тIекхуьучу чкъоро шен цIе вон яккхарх ларлуш лелош хиллера. «Цуьнан бахам кхин хиллера, нехан дашца тIаьхьа буьсург. Нехан дош. Кхин хIумма а».

Иштта шуьйра чулацам болуш, маьIна долуш дара Бексултанов Мусас оцу халачу хено чахчийна амал йолу къона къанъяллаца яьхначу нохчийн зудчун васт. Цуьнан кхоллараллехь и тайпа васт дуьххьара дара: цул тIаьхьа цо дехкина кхидолу зударийн васташ вайн заманахьлерачу къоначу мехкарийн васташ ду.

Дуьххьарлерчу шен киншки (цуьнан цIе «Мархийн кIайн гIаргIулеш» 1985 шо), юкъадохуьйту къоначу яздархочо дуккха а дийцарш яхьах, къонахаллех буьззинчу нахах лаьцна яздина долу. Бакъдерг дийцича хIетахь, XX-чу бIешерийн 80-гIа шераш юккъе даххалц нохчийн литературехь шайх масала эца мегар долуш турпалхойн васташ кIезиг дара. И турпалхой (исторически прозин турпалхой ца лерича), хIора дийнахь бохург санна, «ширчух бухадисинчуьнца» (кхечу агIор аьлча, нохчийн гIиллакх-оьздангаллица) къийсам латтош болу «турпалхой» а бара. Вай юьйцуш йолу хан нохчашна юккъара сихачу боларца гIиллакх-гIуллакх, сий-оьздангалла, яхькъонахалла, бехк-ларам цIераш йолу нохчийн бIешерийн халчу новкъахула цхьабарт болуш схьадалийна иэс партин идеологис вайн къоман юкъара дIадоккху хан яра. Дахарехь а, литературехь а гулбеллера вовшех дукха цхьатерра болу, похIма доцу нах.

Шайн дайшкара, орамашкара бакъйолу нохчолла а йолуш, исбаьхьаллин корматалла а йолуш нохчийн литературана оцу есачу хенахь юкъавеанчу Бексултанов Мусана, цу хенахь дукха къона хиллехь а дахаре тидаме дIаса хьаьжча хааделира цуьнгахь хIоьттина и хьал. Цо шен доццачу дийцаршкахьшен турпалхошка дуьйцуьйтура хьалха дIаяханчу заманахь баьхначу нахана юкъахь хилла оьзда юкъаметтигех лаьцна, доьналла хиллачу нахах лаьцна.

«Iаьржа бIаьрг» вуно жима дийцар ду. Амма цу тIехь яздархочо шен шина турпалхочун васташ чIогIа дагах кхеташ, шайх лаьцна ойланаш йойтуш ду. Вай хIинццалца дийцаре динчу дийцарийн санна, «Iаьржа бIаьрган» сюжет вайна евзаш ю: кIантана йоI езаелла, иза цо ядайо, кIант арме воьду, иза цигахь турпалхочун майраллица мостагIашца тIом беш хIалакьхуьлу. Амма Бексултанов Мусана, Iаьзиман, Резетан васташ даххка, церан куц – сибаташ гайта, церан цхьаннех а тера йоцу дог-ойла яста, церан деган куралла йийца, царна шайн мах хадо хаарх лаьцна дийца ша-тайпа дешнаш карийна. Оцу жимчу шина стагана лела хаарх, уьш литературна турпалхой белахь а, тахана воккхавево дешархо. Хетарехь, цаьргара масал оьцур ду цо.

«...Резет цхьайтта вешин йиш яра. Цундела санна, кура а яра хIара. ЦIе йоккх-йоккху кIентий оьхура Хилдехьа, кхуьнца ирахь Iан. Уьш Диш-мехкара а, Шуьйтара а, Варандара а, ГIалгIайчуьра а бара.

Резета хийла ладегIнера захалонашка. Цхьангге а маре яха сацам а ца бинера».

Шена ловзаргахь гинчу Резете Iаьзима шолгIачу дийнахь хитIа кхайкхира. Иза хитIа еара.

– ХьошалгIа ях-яханчохь захалонаш дуьйцуьйтуш со леллехь, сан де цIе Хазин Хаси хир яцара хьуна, Iаьзим, – элира кхо. – Ахь сайна тIеяийтинчу хьан юьртахочунна гергахь хьо юьхIаьржа ца хIотто еънера со. Сан ден цIа Хилдехьахь ду хьуна, – аьлла.

ТIаккха шен динан коьрта тIе куьг а тоьхна:

– Вайшимма лехнарг карий-кх вайшинна, Iаьржа бIаьрг, – элира цо говре.

Говро гаьллаш а Iуьйшуш, аьттучу коган берг сихха лаьттах етта йолийра, бай а бохош». Оьзда, къонахалла йолуш нах хилла хIетахь. Цара вовшашна юкъахь сийлахь лерийнарг хьал, бахам, реманаш ца хила, цара дуьненан мехха лерийнарг доьналла, майралла, оьздангалла, деган цIена хилар хилла.

Дукха хан ялале болабеллачу тIам тIе вигна Iаьзим, цигахь шега даима а хиллачу доьналлица, езачу чевнех ле.

Ткъа хIун до Резета, маре яхана ши бутт а кхачале ша йисинчу.

«...Кхунна хиира, Iаьзим санна волчу къонаххчух йисина ша санна йолу зуда маре яхача, дуьне дерриг а ца дохахь а, нийса ах духур дуйла».

Къена къанъелира Резет оцу шен сацамах ца юхуш.

Дуьйцийла яц, Iаьзиман, Резетан амалша чулаьцнарг, нохчийн халкъана юкъахь лелла, цара дуьненан меха лерина хаза гIиллакхаш ду, оцу гIиллакхаша кхиийна а дара и шиъ.

«Дахаран хин генара бердаш» повестехь Бексултанов Мусас Iаламат дукха масалш далош гайтина нохчийн доьзалан башхаллаш, ламасташ, Iадаташ, гIиллакх-оьздангалла, оцу декъехь хилларш, долушдерш а. Шен деца, девежаршца, вежаршца, юьртахошца йолу юкъаметтигаш гайтина, шайх масал эца йиш йолуш. Повестан турпалхой доьналлех буьзна бу, жима-воккхалла лара хууш, хьаша-да веза лараран ламаст девзаш, и дIалелош нах бу. Оцу произведеница доьзалан темица доьзна Iилма ду, иза доьзалх лаьцна шатайпа энциклопедии ю:

«Суна, уггар коьрта, доьналла хетара цуьнгахь, цхьа хIума тIехIоьттича оьшуш долу доьналла.

Иза иштта дIа а вахара, нахана кхин мила ву а ца хууш – иза хIун тайпа къонах ву; иза баккъал а хьуьнар долуш къонах вара, стеган гIело а ловр йоцуш, накъостана – накъост волуш.

Иза тIамо вийра, я тIеман гIелоно, уггар а цунна ца езначу, салтех лата чухьаьддачохь (зачистка ян керта баьхкинчу), некхера дог а иккхина…

«ХIун бахьана дара Бексултанов Муса язданан маволлавеллинехь цуьнан дешан маьIна деза а, шуьйра а хиларан? Иза, цкъаделахь, дозушду яздархочун мотт халкъана кIорггехь лелла мотт хиларца, шолгIа делахь, цуьнан турпалхой халкъан бартан (фольклоран) турпалхой санна, сий, яхь, доьналла долуш цIена нах хиларца а. Церан ойланийн, дахарехь йолчу Iалашонийн кIорге кхачархьама киншкашъешархочун башха къахьега а ца диеза: оцу турпалхоша шайн леларца а, нийсархошца церан нислочу юкъаметтиго а йовзуьйту церан дог-ойла. Бексултанов Мусан турпалхой – доьналлех, оьздангаллех буьзнамах бу. Цундела церан васташа масал ло вайнзаманхошна муьлххачу Iалашонна ваха веза стаг шена Дала деллачу дахарехь», – яздо литературоведаша ТуркаевгIар.

Шен да ларар, цуьнан хьехамашка ладегIар деза леринчу къонахойх ву Бексултанов Муса. Мел маьIне ду автора «Дахаран хин генара бердаш» повестехь деккъа цхьана эпиграфана яздина могIанаш: «Дена – Деказан Адаман Мозина. Хьо санна да хуьлда-кха, Ваши, Нохчийчохь мел волчу кIентан. Со-м воI аьлла хIума дацара, хьан цIарца дIалелар бен. Хила ма-веззара Да вар-кха хьо: да а, ваша а, доттагI а. Далла кIелахь хьо цхьаъ бен, кхин эла воцчу кIентан лерамца».

Бексултанов Муса эвсараллица болх беш ву, цо кхоьллина говзарш цхьаъ кхечунах тера а йоцуш, дика хуьлу, цундела дешархой даима а сатесна хуьлу яздархочун керлачу хIуманашка. Цуьнан кхолларалла схьадолу беркат даима кхин-кхин а совдуьйлуш ду аьлла хетало.

ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА

1. *Бексултанов М.Э.* Наггахь, сайн сагатделча. Соьлжа-ГIала, 2005.
2. *Бексултанов М.Э.* Лазам маьрза.«Даймохк», №38-39, 2002.
3. *Бексултанов М.Э.* Матто кхуллу Даймохк. «Орга», №6, 2006.
4. *Бексултанов М.Э.* Дахаран хин генара бердаш. Нохчийн повесть. III том. Соьлжа-ГIала, 2012.
5. *Ахмадов М.М.* Нохчийн гIиллакх-оьздангалла (10-11 класс). Соьлжа-ГIала, 2002.
6. *Туркаев В.Х., Туркаева Р.А.* Нохчийн литература. 11 классана учебник. Соьлжа-ГIала, 2008.
7. *Эльдаров А., Саралиев I.Х.* «Нохчийн литература хьехаран некъаш», Соьлжа-ГIала, 2009.
8. *Минкаилов Э.С.* «Бексултанов Муса». «Орга», №3, 2002 шо, а.18.
9. *Джимнигов В.Н.* «Бексултанов Мусан дийцарша кхоьллина ойланаш». «Даймохк», №34, 2009.
10. *Гайтукаев А.А.* «Тов хьийзачу дийнахь шийлачу шовданан къурд санна…». «Даймохк», №34, 2009.

УДК 8С (Чеч)

# АХМАДОВ МУСАН ПРОЗЕХЬ НОХЧИЙН КЪОМАН ОЬЗДАНГАЛЛИН МЕХАЛЛАША ДІАЛОЦУ МЕТТИГ Я, «ТУЛГІЕ ЮХАЯЛЕ…» БОХУ ДИЙЦАР ДЕШЧА, КХОЛЛАЕЛЛА ОЙЛАНАШ

© Ш.А. ДЖАМБЕКОВ

Бакъ волчу яздархочо, шена хьалха лаьтта эстетически декхарш кхочушдеш, исбаьхьаллин васташ кхуллуш, даима тидамехь латтайо шен турпалхойн амалш а, церан дерриг дахар а оьздангаллин баххаш тІехь хила дезаш хилар. Яздархочо кхуллуш йолу исбаьхьаллин произведени еххачу заманахь цуьнан синхьармехь кхуьуш ю, ткъа оцу произведенин исбаьхьаллин васт – уггар хьалха яздархочун синан хьоле хьаьжжина, я нуьцкъала, я деса хила тарло, цуьнгахула го вайна яздархочунна муха го дахаран хиламаш а, Іалам а. Яздархо шен къоман сих ваьлла, цуьнца хадалур йоцу зІе йолуш велахь, цуьнан дунене болу хьежамаш къоман синоьздангаллин, историн бух тІехь кхуьу.

Баккъала а бакъ долуш, вайн халкъ, хІокху тІаьхьарчу XIX–XX-чуй бІешерийн инзаре халачу буохамех чекхдолуш, доьхна-даьржина дІа ца дохуьйтуш, адамаллин юьхь ларъеш, схьадалийначу оцу мехаллаша тахана а гІо до хьалха-хьалха дІадахначунна а, хиндолчунна а юкъахь зІе латто а, халкъана юкъахь барт чІагІбан а, дайша лардиначу лаьттаца, Нохчийчоьнца, уьйр-марзо ца хадийта а, къоман кхетаман иэс лардан а. Къоман синмехаллаш кІорггера евзаш воцчунна вуно чІогІа хала ду исбаьхьаллин вастийн башхаллех кхета а, халкъан дІадахначуьнца а, долуш долчуьнца а йоьзначу чолхечу проблемех лаьцна йолу литературин исбаьхьаллин дуьне довза а.

Шеко йоцуш, вайн синмехаллаша еххачу заманахь дуьйна ларъеш схьайохьуш ю вайн къоман амал-сибат, цул тІаьхьа яздархоша чІагІйина иза литературехь а. Цу декъехь уггар хьалха хьахо вогІу нохчийн гІиллакхийн бух тІехь шен башха произведенийн сюжеташ кхолла вуолавелла волу Бадуев СаІид. Къаьсттина мехала ду, къоман оьздангаллин мехаллаш тІекхуьучу чкъуро дІатоссуш лаьтта бохуш, хІокху тІаьхьарчу заманахь хІинцалерачу вайн яздархойн аз хаза дуоладалар. Иштта воккхавевеш ду, дицдаладоьлла шайн къоман оьзда гІиллакхаш исбаьхьаллин литературин ницкъашца юхадендаран гІуллакх Кавказера берриге а аьлла яздархоша тидаме эцна латтош хилар а [1].

Нохчийн къоман оьздангаллица йоьзна проблемаш уггар хьалха йийцаре ян йолийначу яздархойх цхьаъ ву Ахмадов Муса, цуьнан кхолларалла юьххьехь дуьйна къоман оьздангаллин мехаллашца йоьзна хилар гучудолу, къаьсттина, прозин а, драматургин а лехамашка хьаьжча.

Иза хьалхарчарах лору литературоведа Алиева Заринас а, «ша кхуллуш йолчу произведенийн жанрийн дозанаш а шордеш, тайп-тайпанарчу жанрех… исбаьхьаллин сурт-хІотторан кепех пайдаиэцарца а, и дерриге а цхьана произведенин композицехь вовшахтоха хаарца а… Масала, «МаьркІажехь дитташ» роман, хІинца тІаьхьа язйина «Ор» цІе йолу пьеса, «Мангалхой» боху повесть» [2, 73 агІо].

Дийцаран жанрана тІера романан таронашна тІе кхаччалц, шен яздархочун пхьалгІи чуьра алу цхьана минотана а ца яйтуш, кхиамца къахьоьгуш го вайна хІокху тІаьхьарчу ткъе итт шарахь Ахмадов Мусас. Гуттар лехамехь ву иза. «Мангалхой» повестехь «шен халкъан культурах» херъелла, «къоман хьашташна генаяьлла» интеллигенци гойту цуо. Исбаьхьаллин хене диллича, 90-гІачу шерийн карзахе зама гергаяхана мур бу иза. «Мангалхой», ма-дарра аьлча, башха къаьсташ бу аьлла а ца хета яздархочо цул хьалха гайтинчу 80-гІачу шерийн интеллигенцин векалех («МаьркІажехь дитташ» роман). Уьш а, вуьйш а, Алиева Заринас билгала ма-даккхара, шен къоман культурехь кхиъна ца хиларна, зуламе бу халкъана, цара кхайкхош йолчу харц идеяша юкъаралла талхор бахьнехь.

«МаьркІажехь дитташ» романехь гойтуш долу дахар сецна лаьттачу Іомах тера делахь а, мелла а шайн дахар хийца гІерта «мангалхой». ХІинцалц схьа, «адамийн вовшашца барт ца хиларна, цхьанга а кхочушдан делла доцу хІума, шайга, интеллигенцин тобане далур ду аьлла дегайовхо йолуш, коьрта турпалхо йозанхо Ахьмадукъас шен накъосташка кхойкху гІалин «къаьхьаллех» синош цІандеш, лома, Іаламе довла деза вай олий, «кхолларалин синъайам хилийта» [2, 74 агІо]. Ахьмадукъа – яздархочун лирически турпалхо ву, цуьнгахьа узу цуо, шеко йоцуш, цуьнан лехамаш гергара бу цунна. Делахь а, цунна тІаьхьа хІоьттина тоба «шена чохь къоман са доцу интеллигенци» хиларх терра, ца кхета цунах, цундела барт а ца хуьлу церан Ахьмадукъас хьалха

хIоттийна Iалашо кхочушъян – хаьрцина бIов юха метта хIотто… «Лам баккхар, лам цIабар – халкъ шен орамашка юхадерзар ду, – боху шен «Дахаран маьIне сурташ» статья тIехь Алиева Заринас. – Амма дукххахболчаьрга и «лам» ца баккхало, дедоцу бахьнашца, вовшашца изгIа а изгIий, уьш юхабоьрзу, шаьш бечу некъан йозалла ца хаалуш, шайн сица доцу хIума тIелаца хала хуьлу царна. Масала, девне а волий, дIакъаьста поэт Дамаев, гIора ца тоарна – ЗIугов а, Забархоев а, царах тарло суртдилдархо Камаев, кхиберш. Вовшашца кIезгаллаш къуьйсуш, хьаьгIнаш лелош, барт изгIа турпалхойн. Дуолийначу юкъара сийлахьчу гIуллакхел, хIорамма а шен-шен хьашташ, кIезга хIумнаш хьалхадоху.

ХIокху масалшца автора гойту къоман кхетам лахбелла хилар, я и кхетам хила а ца хилар» [2, 75 агIо].

Ахмадов Мусан «Мангалхой» повестехь дуьйцуш дерг цкъа а цхьанхьахь а хилла хIума дац. Иза цIенна авторан ойланийн стом бу, цигахь дерриге а цуо ша шегара кхоьллина хIума хиларна, цуьнан чаккхе а кхечу агIор хуьлийла а дацара. Иза цхьа ша-тайпа декораци ю, миф ю, иза хила йиш йоцу хIума ду, бакъдолчу дахарца цхьа а тайпа зIе а йоцуш. Ткъе шиъ стаг лам чу воьду, цхьабарт болуш динна лам хьаькха а хаькхна охьабиллича, цхьа хIума хийцалур ду моьттуш хIокху дуьнентIехь. Мифана тIаьхьа я дахарх ловза ламчу бахана «мангалхой», ломан чолхечу зиэрех чекх ца бовлалуш, цхьаъ вукхунна тIаьхьа цIабоьрзу шайн моттаргIанех доьттинчу дахаре…

КIеззиг хан-зама яьлча, ша «мангалхошца» йиначу «эксперименто» шен дагна иэшам барал сов, кхин пайда ца бар тидаме а эцна, Ахмадов Мусас керла турпалхо юкъавоккху [3], къоман дахарца ийна а волуш, ша мел дечу гIуллакхашца а, Далла ечу Iамалца а кхоччуш нисвелла, гондахьарчу Iаламца Iаь тайна а волуш. Ахьмадукъех хьаса а тера бац цуьнан. Иза чекх ца дендолу гIуллакхех ца ловзу. Цуьнан амал, лелош долу гIиллакхаш дайшкара схьа ду. Ондда лаьттах дахна орамаш долчу ножах тера ву иза. Цунна дукха гина, нах цхьанхьа бига ойла йолуш, кхайкхамаш беш, хьалхе езаш берш. Цаьрга ла а дийгIина, юьстахаваьлла ву Ахмадовн «ТулгIе юхакхачале…» дийцаран турпалхо Хьату. Ша мел деш дерг, кхоччуш, дагца а, сица а дуьстина, къобалдина тIеэцна ду цуьнан. Цундела яздархочо цуьнан йоккхуш кхин цIе а ю, – Пхьар аьлла. Пхьар массо а хIуманна тIехь са духахьаькхна стаг ву. Ечу ойланна тIехь а, дечу гIуллакх тIехь сиха ца хиларна, Iаламца са ийна ву иза. Цигара ю цуьнан ийманан кIоргалла а. Iаламан сахьтаца нисдина ду цуьнан дегIан чархан сахьт. «Пхьар сатаса цхьа сахьт долуш, гуттар санна, самавелира. Чуьра араваьлла иза, цIийнан тIехьа йолчу беша ваьлча, цуьнан сина а, дегIана а хаадала доладелира, шена гонаха лакхахь а, лахахь а долу Сийлахьчу Делан лаамца кхолладелла исбаьхьа-тешаме Iалам. Стиглахь седарчий – цхьадерш къегина, вуьйш гIийла лепара, цхьадерш сирлучу боданехь довра цIеххьана, хи чу эгча санна; наггахьниг, цIен-можа моха юьллуш, буьйса а къагош, анайистехь къайлаболура; церан лепар хаддаза хезачу Органан гIовгIанца, бацалахь екачу цаьпцалгийн цкъарца, диттийн гIа-патаргийн шабаршца оьру, – и дерриге а, дарбане серло а хилла, Пхьерах хьерчара, ша тайпанарчу дахаран мукъамца» [3, 8 агIо]. Оцу мукъаман боларца, хIор Iуьйранна санна, иза Органан йисте воьду. «Берд лоха боллучухула чувоьссина, берзинчу когашна шийла гIум а, тIулгаш а, жагIа а хаалуш» [3, 8 агIо], хийистаца вуолавелла лела Хьату… ТIаккха цуо, «ша оцу сийлахь-доккхачу Iаламах дIауьйш санна хеташ», уллохула доьдучу хин гIовгIане ла а доьгIуш, ламаз оьцу…

Иштта, сахуьлуш диллинчу тхинан санна, цIена а, ламазана тIаьхьа дечу доIан санна, лекха а ю Хьатун шен ненаца йолу юкъаметтигаш. Заманан йохаллахь шена цхьа а дагахьбаллам ца хин болчу кепара лелайо цуо иза цуьнан де эшначу дийнахь… Хесара даьккхина жIонк а, Iожа тIера баьккхина цIен Iаж а лерана била а билина, жIанк уьрсаца кегийра хада а дина, юха Iаж хьоккургаца ахьа а аьхна, тIе цхьа Iайг моз а, оццул зайт даьтта а тоьхна, ша-тайпа кхача а кечбой, «Везан Дела, дарба делахь кхунах» олий, доIа а дой, нана йолчу иза чувахарх лаьцна дуьцучу кийсако тIулг хилла лаьтташ долу дог а дашар ду аьлла хета. Нанна дика-м берриш а хила тарло, ткъа Хьату санна хиллий-теша нанас дена вина кIант? Кхуьнан амалехь хаалуш долу эхь-бехк а, массо а садолчу хIуманца Iа товш хила везар а ненера ду, ткъа кхин дIа долчунна, ден юьхь а, дайн «лар» ларъяр ду, шеко йоцуш.

Цкъа, Россин цхьана йоккхачу шахьаран университетехь «философи» Iамош хIара волчу заманахь, мукъачу ханна ден цIавеъча, дас диначу хьиэхаро ша хIинцалц дуьненах дина хьесапаш нийса хиларх шен хеннахь кхетаро воккху иза дахаран нийсачу новкъа. Да дIаваьлла хан мел ели а, деза ду цунна иза. Дуьхьало ян меттиг ца буьтуш, тIедожийна а доцуш, ойла яйта аьлла ден дош гуттар дека цуьнан лерехь: «Сел гена дIа а вахана, дуьненан, дахаран маьIнина тIаьхьакхиа гIерташ къа а ца хьоьгуш, цIахь сацахь, хьайна тIулг ботта а, дечиг-пхьола дан а говзалла кара

а ерзаяй, цӀахь Ӏиэхьа. Дуьненан, дахаран къайле Делехь ю, цунна адам тӀаьхьа а кхуьур дац. Ткъа ойлаечу стагана цхьана зингатан тидам бича а тоьар ду-кх, Делан ницкъ боккха буй хаа» [3, 9–10 агӀонаш] ХӀетале дуьненан дукха ойланаш йина волчу Хьатун дагах ца кхетийла а дац и къамел.

Оцу шарахь, «аькха хьуьнхарчу ирзу тӀехь мангал хьокхуш, йол литтанашка дӀаюьллуш, цигахь йолчу мазлагӀахь моз доккхуш, гурахь хьаьжкӀаш хьокхуш, тилош, бӀаьллингийн серех дас керла бинчу дуо чу юхкуш, гӀодамаш дӀадуттуш, говр-ворданца хьуьнхара дечиг кхоьхьуш, лахьана ен хьаьвди тӀе хӀоттийначу старгӀана докъар дуьллуш, жарж бухкуш, хи малош, шен хен-хенахь дена тӀаьхьа хӀуттий, жамаӀатехь ламаз деш…» [3, 10 агӀо] кхуо екхкина замано валаво иза, шен ворхӀе а да ваьхначу лаьтта тӀехь кхиъна долу ялта а дууш, беш а кхиош, даьхни а лелош, са духахьаькхна, ваха веза хӀокху дуьнентӀехь аьлла йолчу цӀеначу ойланна тӀе. Иштта карадо цунна шен дахаран къилба. Цуо, терзанна тӀе йиллича санна, нисйо цуьнан коьртара ойланаш, мел деш долчу хӀуманна чу цуо шен са дуьллу дела, низаме догӀу Ӏар-дахаран хатӀ а. Кхин цхьа хӀума а ду Хьатус шен дегара схьаэцна, цуо цхьанна а хӀуманна тӀехь нехан коча ца тосу шен лаам, я цхьанна а хьеха ца хьоьху муха ваха а, Ӏен а веза. Иза цуьнан дахаран принцип ю. Ткъа ша хьаштт хилла, шега дехар дича, хьанна а накъосталла дан кийча а ву иза, ша бакъволу Пхьар хиларна. Иза къаьсттина гучудолу цуьнан Сайханца йолу юкъаметтиг яздархочо гойтуш. Кхузахь яздархочо говза дух-дуьхьал хӀоттайо чахчаъелла Пхьеран амал а, зезагийн мерза мутт муьйлуш, цхьанхьа а сацар доцуш, диэхьа-сехьа лелхаш, дехачу дийнахь йорт етташ лела полла санна, дечу хӀуманна тӀехь дукха къа ца хьоьгуш, сиха кхиаме кхача гӀерташ волчу Ӏамархочун Сайханан аьрха амал а. Къоналлий, зиэррий ду ала а мегар ду кхузахь духьал-дуьхьал хӀоттийнарг.

Къоналлица, хуьлуш ма-хиллара, гӀовгӀа ю: «РагӀуна тӀекхача ахнекъ бисча: «Ассаламу Ӏалайкум!», – аьлла, мохь туьйхира… Векар чӀогӀа долуш-м ву хӀара, чохь хӀуъу делахь…», могуш хиларца цхьаьна сонталла а ю схьакъедаш: «Куьйге вахча, Хьатуна туосаделира шен куьйган чӀагӀалла зиэн гӀерташ и хилар». Дуккха а кхитайпа «нехаш» а карайо Хьехархочунна шен хӀинца цӀе йоккхуш вевзина волчу Ӏамархочун амалехь. Масех баттахь, хьархочо ору хьеран тулг санна, къахьоьгий, жим-жимма валош, къоман оьздангаллин гураш чу валаво иза Пхьеро, амма «цамгар» гена яьлла хиларна, кхоччуш кхиаме ца кхачало. Йохкуна хьакхаъеллачу амало гуттар шен дерг хьоьху Сайханна: «Хьайн Ӏамархой алсам хӀунда ца боху ахь?. Со санна, цхьа иттех стаг Ӏамийча, цара цхьацца бӀе туьма а делча… хьуна а гӀуллакх хир дара… Юха вайн берриге а махкахь «Хьатун ишкол» аьлла, дийнна зӀе схьаелла мегар дара, хӀора йоккхачу юьртахь цхьацца филиал еш… «Хьатун ишколийн» маша хӀунда ца бузу ахь кху махкахь… хьуна а пайда хир бара, нахана а пайда хир бара…» [3, 17 агӀо].

Эццахь, ша мел лелош дерг эрна дуй а хуий, кхоччуш оьгӀазвоьду Хьату. Делахь а, «шех гуттаренна а дӀакъастийна аьлла хетта оьгӀазаллин тулгӀене… шаверриге а хьул ца войтуш, собардеш…» сатуху цуо. ХӀинцалца лачкъийна ца хиллехь а, цуьнан дахаран корта принцип ма-ярра евза вайна: «Сайхан, дукхавахарг, со ахча даккха гӀерташ ма вац. Ахчано хӀаллакдо хьиэхар а, Ӏамор а. Суна дукха Ӏамархой а ца оьшу, хьо цхьаъ а тоьар ву суна, хьо воцуш а Ӏийна. Стага шен коьртах жоп делча-м тоьар дара бохуш Ӏийна. И хилла вайн дайн дахаран философи… Иштта ваха гӀерта со а… Сан доттагӀа… Ас цхьаъ Ӏамийча, тоьар ду бахар, Нохчийчохь мел волу стаг дегӀан а, син а цӀеналлехь кхиа лаар ма дац. И дан дагахь ахь хӀума шордича, цунах буолам бан гӀоьртича, и хӀума моттаргӀане доьрзу… тӀаккха цуьнан Ӏалашо хийцало… хӀинца хьан санна. Ас гуттар цхьаъ бахар: цхьа Ӏамархо, цхьа туохар, цхьа тӀелатар – и цхьаъ шен цӀеналлийца, говзаллийца мелла а лам тӀе валар ма дара… хьо ламтӀехь хилча, массарна а гур ву хьо… ТӀаккха баккъал а, цӀерахазамна а доцуш, хьан новкъахӀотта лууrг ша вуолалур ву хьуна ша-шеца болх бан…» [3, 17 агӀо]. Яздархочо, шен турпалхочуьнга и «цхьа Ӏамархо» нийсачу новкъа ваккха ца валарх а, трагеди ца йо. Дахар, хууш ма-хиллара, цкъа а соцуш дац, дӀадоьдуш ду хьалхахьа шен йора буолар а эцна, цуьнан бала ца кхочу селхана дӀадахначуьнга юхахьежа, иза адамашна бен делла дац, юхахьежарца ойла яр…

Вехачу юьртана а, берриге а махкана а тӀе буохаман Ӏаьржа мархаш гулъяла йоьлча, нах а бу тӀамна кӀелхьарабовла дагахь дӀаоьхуш, шаьшшимма хӀун дича бакъахьа дара-теша аьлла, хӀара дагаваьлча, цкъа шовзткъе итт шо маххкара яьлла лелла йолчу нанас иза аьттехьа а ца дитича, сапаргӀата буха соцу Хьату. Дуьнен тӀехь мел хуьлуш дерг Делан лаамца бен доцийла хаарна, башха воьхна а ца хьаьвза иза. Цуо, ша еса а доьшуш, шен нана эхарте дӀахьажорах а, цул тӀаьхьа иза дӀаерзорах а дуьйцуш исбаьхьаллин хан ца йойу яздархочо. Дайн Ӏедало ма-хьеххара, цуо шен нана дӀаерзийна хирг хиларх теша вай, тӀеман цӀе дагуо тӀе ца лацарна, махках а ваьлла динна шо а даьккхина, хӀара вухавирзича, даьгначу цӀенойн овкъаршна юккъехь охьахиъна

Iаш, нана дагатесча, кхуьнан бIаьргех хьаьддачу хинтIдамех санна…

Ахмадовн дийцар шен цIарца дуьйна тIамах а, ахбIешо массоза долу вайн къман наьIарга хIуьттучу буохамех а ду, автора оцу тIеман ирча юьхь цхьана а меттехь ма-ярра гайтина яцахь а, цуьнан къизалла яздархочо шен ойланашкахь лелайо, дешархошна ганза а, цара ла́за а хIумма а ца диснийла хууш, церан дог кхоош санна, ерзина а ца йохуш. «ТулгIе юхакхачале…» бохург – цхьа башха поэтически метафора ю. Яздархочо юьххьехь дуьйна дешархочунна гучу ца йоккху шен коьрта Iалашо, и хIун «тулгIе» ю-техь кхуо юьйцург аьлла, дешархочун сахьовзо деш ду иза цуьнан. Яздархошлахь цуо дуьххьара юкъадаьккхина хIума дацахь а, цIе тиллар шеца боккха чулацам болуш, кIоггера васт долуш нисделла Ахмадовн, «МаьркIажехь дитташ», «Сахуьлуш, седарчий довш» романийн цIераш санна.

Ахмадовн поэтически метафаруо хIорраза а буохам бохьу, цуьнца Iожалла а, къизалла а ю барам боцуш. ДоггIучуьра аьлча, Делан биэкхам а бу иза, нахе шайн Iамалшка, биэдацар дагчуьра дIахер а дина, дерриг дахаре юхахьовсийта хьалха хIоттош долу зиэр а ду иза. Цундела боху Хьатус шен накъосте, Сайхане, иза дуьненан хIуманна и эхаваларна ша реза воцийла а хоуьйтуш: «Са дукха дайделла хьан, дегI дазделлехь а… Адам лаьттаца ду́зург – са ду хьуна…» [3, 22 агIо].

ТIаьхьуо, цхьана буса шена гина ирча гIан стенца дуоза деза-техьа аьлла, иза кIеззигчу ханна иэсера дан а дайна, хIара саготту волчу хенахь, юха и гIан цIеххьана карладаьлча, «Дала диканна дойла хьо гIан» олий, сагIина хIума а елла, нанас ма-хьеххара, «гIа-беце, я доьдучу хиэ дIадийцича» а сапаргIата ца долу Хьатун. ГIенах кхунна гиначу «кхерамо Iадийна тIедевлла бIаьргаш, орца дохуш, кхайкхарехь сецна бат…» йолчу лоппагуо «лазаме синхьехам» кхуллу цуьнан дагчохь. Сайхан санна болу нах дебахь, «тулгIе юхакхаьчча» дан амал хир дац «хьатугIеран». Мистикин гIоьнца, лоппагаш а хилла, «сайхангIар» цIеххьана хьаькхначу махуо айбина дIабаьхьча-м, дерриг а дIанисдала а тарлора, амма дахарехь ишт-та хуьлуш дац. Цундела ца хиндолчуьнга эрна са а ца туьйсуш, «хьатугIар», дайн-нанойн весеташ кхочушдар тIехь къахьега дезаш бу. Кегийчу нахе хIун баьхна цара?Шайна ала дош а ца дуьтуш, шайн ворхIе а да юьхьIаьржа а ца хIоттош, яхь а йолуш, оьзда а болуш, хьарам-хьанал а къастош, бахалаш баьхна-кх.

Цундела, «синош дазделлачийн» массеран а барт хилахь, боху яздархочуо, «царах хIора а ша волчохь коргга орам а тосуш дIахIоттахь, цара сацор ду Даймехкан латта къизачу тулгIенашка дуьненчухула даржа а ца дойтуш» [3, 23 агIо]. Кхечу дешнашца аьлча, вай дерриш, мало ца еш, Хьатуна юххе дIахIитта деза, боху…

ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА


1. *Бигуаа В.А.* Этические основы художественного образа в абхазо-адыгских литературах // Вопросы кавказской филологии. Вып. 5. Нальчик, 2009. С. 7–17.
2. *Алиева З.Л.-А.* Дахаран маьIне сурташ // Орга, 2009. № 5. 73 агIо.
3. *Ахмадов М.М.* «ТулгIе юхакхачале…» // Орга, 2012. № 8. 8–23 агIонаш.

УДК 8С (Чеч)

# ИСТОРИН ДЕНЪЕЛЛА АГІОНАШ (АЙДАМИРОВ АБУЗАРАН 80 ШО КХАЧАРНА)

© Э.С. МИНКАИЛОВ

ХІора къоман литературехь а хуьлу, тайп-тайпана хьелаш бахьана долуш, цхьацца жанраш коьрта хуьлий дІахІуьттуш муьраш. ДІадахначу бІешеран 60–70-чуй шерашкахь иштта ночийн литературехь коьрта жанр хилла дІахІоьттира исторически роман. Дохийна, хийрачу махка дІакхалхийначохь кхойтта шо а даьккхина шайн даймахка цІарбирзина, керла дахар дІадолийна нохчий вуно чІогІа лууш бара шайн истори, цуьнан уггаре а къиза агІонаш йовза. Цундела, кхеташ а ма-хиллара, баккхийчеран чкъурах болу яздархой исторически романаш язъярна тІебирзира. Арсанов СаьІид-Бейс шен «Маца девза доттагІалла» романехь исбаьхьаллин гІирсашца талла долийра нохчийн халкъан XIX-чу бІешеран чаккхенехь – XX-чу бІешеран юьххьехь хилла дахар. Амма цуьнан роман чекх ца йоккхуш йисира. Ошаев Халида шен «Алун шераш» трилоги юкъалаьцна XIX-чу бІешеран 40-чу шерашкара дуьйна граждански тІом чекхбаллалц хилла хиламаш. ШапиевгІеран цІийнан деа чкъуран векалийн кхолламашкахь гайтина нохчийн халкъо Росси-на дуьхьал къийсамна тІера кхечу халкъашца цхьаьна керлачу дахарехьа къийсам латторна тІекхаччалц бина некъ. Мамакаев Мохьмада шен «Зелимха», «Революцин мурд» романашкахь доккха а, къеггина а сурт хІоттийна XX-чу бІешеран хьалхарчу ткъа шарахь нохчийн халкъан хиллачу дахаран. Шина кепарчу турпалхойн васташ кхоьллина цо – цхьана цхьаъ волчу турпалхойн обарг Зелимхин а, нохчийн халкъан революционни къийсаман куьйгалхочун Шерипов Асланбекан а. Билгалъяьхна и ерриге а говзарш, шеко йоццуш, оцу шерийн литературин боккха исбаьхьаллин кхиам бара. Амма цу хенан луьрачу идеологически доктринин гурашкахь язйинчу цара жоьпаш ца деллера, лойла а дацара, дуккха а хаттаршна. Баккхийчеран чкъурах болчу яздархошна, царах вара С. Арсанов, Х. Ошаев, М. Мамакаев, мехала дара нохчий вайн мехкан кхидолу халкъаш санна халкъ хилар, цо паччахьан лолла ловш хилар, революционни къовсамехь вайн халкъан тоьллачу векалша дакъалаьцна а, шайн дахарш дІаделла а хилар гайтар. Дера, тІаьхьарчу хенахь кІорггера хийца ма елла 1917-чу шарахь хиллачу революцих, цуьнан маьІнех йолу ойла. Оцу ойланна тІедаладора, ца даладойла а дацара социалистически реализман методан лехамашца нийса а догІуш язйинчу лакхахь хьахийначу исторически ерриге а романаша. Айдамиров Абузар нохчийн яздархойн керлачу чкъурах волу яздархо ву. Маххках дахаро шайн баралла кхолийначу, даймахкана генахь кхиъначу чкъуран векал ву. Царна хІора дийнахь хьалха хІуттура: сан хІун бехк бу, сан халкъан хІун бехк бу, иза махках хІунда даьккхина, цунна таІзар хІунда дина, боху хаттарш. И чкъор кхиира Нохчийчоьнах, нохчийн халкъах, шаьш Іамийна боцчу цуьнан маттах, шайна евзаш йоццу цуьнан историх, шаьш даьхна долчу культурах хьакхалуш мел дерг лазаме а, оццу хенахь хьоме а долуш. Оцо валийра дІадаханчу бІешеран 50-чу шерийн чаккхенехь а, 60-чу шерийн юьххьехь а вайн литературе Айдамиров Абузар а, ткъа иштта Арсанукаев Шайхи а, Хасбулатов Ямлихан а, Окуев Шима а, Сатуев Хьусейн а, Кибиев Мусбек а, дуккха а кхиберш а. Айдамиров Абузар вина 1933-чу шарахь Нажи-Юьртан районерчу Willскита юьртахь (Цунах дерг тайп-тайпану ду… И терахь нийса цахиларх ша Абузара аьлларг деша цуьнан интервьюхь, «Орга» журналан 2013-чу шеран 10-чу номерехь зарбатоьхначу). Цуьнан баралла чекхделира 1944-чу шеран 23-чу февралехь, Іаьнан оцу шийлачу дийнахь шен дерриге а халкъаца цхьаьна, цхьа а бехк-гуьнахь а доцуш, Даймехкан ямартло, халкъан мостагІа аьлла йоцу цІе а тиллина генарчу Казахстане новкъа ваьккхича. Цуьнан хІинца а эгІаза хиллачу белшаш тІе вуно деза зиэраш ийгира. Иза царах майрра, стогаллица, болх беш, доьшуш чекхвелира. Аренашлелоран бригадин учетчик а, школин библиотекарь а хила дийзира цуьнан. Пишкекски юьртбахаман техникум йита дийзира цуьнан нана-Нохчийчу цІаверзархьама. Цуьнан синлехамашна жоп луш бацара цо хІетахь бина бухгалтеран болх а. Цундела, 1957-чу шеран 1-чу сентябрехь шен дахаран керла агІо дІайолайо цо Мескитарчу школехь хьехархочун балха а вахана. 1958–63-чуй шерашкахь балхана юкъах а ца волуш Абузара чекхйоккху Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан хьехархойн институтан историко-филологин факультет. Дукха хан ялале оццу школан директор хІоттаво иза. Дуккха а шерашкахь, цхьаъ вукхунах ца къа-

стош, цхьаьна дIахьо цо хьехархочун болх а, яздархочун гIуллакх а. Бакъонца, халкъан хьехархо а, халкъан яздархо а хуьлий дIахIутту Абузар. И сийлахь цIераш ца еллехь а вара иза халкъан хьехархо а, халкъан яздархо а.

Айдамиров Абузаран кхолларалин некъ дIаболабелла 1956-чу шарахь, шен дуьххьарлера говзарш цо Алма-Атахь арадала доладеллачу «Къинхьегаман байракх» газетан редакци дIаяьхьча.Нохчийн маттахь арадолуш долчу оцу газетан редакцехь вовшахбетта буьйлабелира таIзаран шерашкахь Делан къинхетамца хIаллак ца хуьлуш бисина баккхийчеран чкъурах болу яздархой, Сталинан набахташкахь жоьжахатин дерриге а Iазапах чекхваьлла волу Х. Ошаев, М. Мамакаев, I. Мамакаев, С. Арсанов, ткъа иштта керлачу чкъурах болу яздархой а, царна юкъахь вара А. Айдамиров. Цуьнан хьалхара стихотворенеш а, дийцарш а кхин дIора къаьсташ дацара цу хенахьлерчу авторийн говзарех я чулацамца а, я кепаца а. «Кехат» дийцарехь («ДоттагIалла», 1959, №2-3) къоначу яздархочо къоначу шина адаман, Солтин а, Дадашан а васташ кхуьллу. Церан ирсан новкъарло йира цкъа хьалха тIамо, юха махках дахаро. Оцу шерашкахьлерчу стихотворенешкахь коьртачу декъана хьомечу даймехкан тема яра, таIзарш лайначу Кавказерчу кхечу халкъийн поэзехь а ма-хиллара. Оццу шерашкахь цо язйо цхьамогIа исбаьхьа лирически стихотворенеш, царах цхьайолчарна тIехь тIаьхьуо иллеш дехира «Хьуна», «Хьоьца ирсе хила лаьа бехира», кхиерш). Кхиаме хилира яздархочунна 60-гIа шераш. Цхьанна тIаьхьье важа йолуш арайовлу цуьнан «Ненан дог» (1961), «Хьомечу лаьмнашкахь» (1962), «Лаьмнашкахь серло» (1963), «Генарсолтин хьуьнарш» (1965), «Тхан юьртахь» (1966), «Маршонан цIарах» (1968), киншкаш. Цуьнан стихаш, дийцарш, повесташ сихха яьржа ешархошна юкъахь.

Айдамиров Абузара историн темина дуьххьара яздан доладо «Маршонан цIарца» повестехь. Иза дуьххьара зорба туху 1963-чу шарахь «Лаьмнашкахь серло» гуларехь. Билггал и ду яздархочун цул тIаьхьа язйинчу исторически романийн хьоста.Повестан турпалхо Iела ву. Кавказан тIеман а, ткъа иштта, 1877–78-чуй шерашкахь Iаьлбиг коьртехь а волуш дозуш ца хиларехьа ламанхойн хиллачу тIаьхьарчу гIаттаман а дакъалацархо – ткъепхеа шарахь набахтехь хан текхначул тIаьхьа шен юьрта цIа вогIу. Iелина гуонаха вовшахбиттало юкъараллин тоьлла ницкъаш, уьш къийсаман новкъа хIуьтту. Царна хьехамца а, хьехархо а, Кавказехь болчу революцин боламан туьшца йолу зIе а хуьлий дIахIутту иза. 1905-1907-чуй шерашкахь хиллачу оьрсийн хьалхарчу революцин муьрехь хиллачу тIемашкахь кхелха Iела. Цу тайппана, яздархо юкъалаца а, гайта а гIоьртира Нохчийчоьнан а, Россин а дахаран шовзткъеитт шеран муьрехь хилла уггаре а мехала хиламаш. Делахь а жимачу цхьана повестехь дуьззина сурт хIоттадойла дацара. Иза гучуделира оцу повестан дикка шорйинчу вариантехь – изза цIе а йолуш 1968-чу шарахь арахецначу романехь. Цунах дика кхеташ волу Айдамиров Абузар «Еха буьйсанаш» трилоги язъян волавелира. Цу тIехь цо ткъеитт шарахь сов болх бира. Цу юкъа яхара «Еха буьйсанаш» (1972), «Лаьмнашкахь ткъес» (1989), «Дарц» (1998) романаш. Нохчийн литературин исторехь хилла яц «Еха буьйсанаш» роман санна ешархошна езаелла, кхиаме хилла говзар (хьалха цкъа «Iаьржа денош», юха «Дагийна латта» а цIераш ца магийра Iедало). Оцу киншкин 5 эзар экземпляр масех дийнахь дIаэцна елира. Цу хьокъехь дуьйцура, вовшашца къийсалора. «Еха буьйсанаш» йоьшуш нохчийн маттахь еша Iамийра шайна иттаннаш, бIеннаш адамаша. Оцу киншка долу хьашт дIа ца делира тIаьхьарчу шерийн хиламашна тIекхаччалц. ХIун бахьана дара киншкин оццул боккха кхиам хиларан? Шеко йоццуш, цуьнан мехалчу бахьанан цхьаъ дара Айдамиров Абузара шен романехь хенан гураш мелла а шордина, дIасаоьзна хилар. Цул хьалха цхьаммо а бийцаза хиллачу хиламех лаьцна яздира цо. Романехь, Кавказан тIамах, ламанхой 1865-чу шарахь Хонкара (Турци) дIакхалхорах лаьцна дуьйцу оцу хиламийн дакъалацархойн дагалецамашкахула. И теманаш нохчийн литературехь цул хьалха хьахийна а яцара ала мегар ду. А. Айдамиров хьалха а, тIаьхьа а Кавказерчу яздархойн тидам шена тIеийзабора мухIажарийн темано. Тоьар ду Кануков Иналан «Ламанхой-мухIажарш» очерк, Базоркин Идрисан «Из тьмы веков», Шинкуб Багратан «Последний из ушедших» романаш, Лохвицкий Михаилан «Громовой гул» повесть, кхиерш дагалаьцча а. Нохчийн литературехь йолу и кIайдарг шен романца дIаяьккхира Айдамиров Абузара. Цо цунна кхиам а беара. Вай лакхахь билгалдаьккхина ма-хиллара, Айдмиров Абузаран кхоъ а роман «Маршонан цIарах» повеста тIера дIайолаелла ю. Повестехь хьахийна теманаш яздархочо шен керлачу говзаршкахь шуьйрра сурт хIоттош яржийра. «Еха буьйсанаш» романехь коьрта хиламаш XIX-чу бIешеран 60-чу шерашкахь хуьлу. Цу хенахь Кавказехь хуьлуш болчу хиламашка яздархо хьоьжу европин а, дуьненан а историн бакъдолчаьргахула. Цо тIедалийна романехь шеггара кхоьллинчу, нохчийн халкъан амалехь болчу

турпалхойн васташца цхьаьна баккъал а хилла адамаш, историн деятельш а бу, Шемална, цуьнан наибашна тIера оьрсийн паччахьна, цуьнан инарлашна тIекхаччалц а, хIетахь кхоллалуш хиллачу коммунистически боламна куьйгалла деш хиллачу Марксан биста кхаччалц. Амма ешархошна дагахь бисина а, безабелла а турпалхой уьш бац, ткъа ТIелхиг а, Юсуп-Хьаьжа а, БайсагIур а, уьш саннарш а бу. ХIунда аьлча дукхах болчарна уьш бевзаш а бацара.

Нохчийн халкъан исторехь буьйцуш къонахий кIезиг бара, евзаш ерг а, йоккхуш ерг а фольклоречу масех турпалхочун – Адин Сурхон, Таймин Бийболатан, кхечеран цIе бен яцара. «Еха буьйсанаш» романан агIонашкахь гучубевлира шайн заманахь ерриге а Европехь бевзаш хилла керла турпалхой, эскарабаьччанаш, хьекъалчаш. Яздархочо церан кара герз делира, царна дан къамел делира, уьш халкъана юха а берзийра. И дарца уьш халкъан иэсехь баха а битира, цкъа а бицлур а боцуш.Советски пропагандо а, шуьйрачу культуро а «вайшиъ муьлххачу шарахь винехь а, вуьрхIийтталгIачу шарахь вина ву» бохучу ойланна марзвина волу ешархо кхийтийра вайн истори оцу хена тIера йолалуш цахиларх, ткъашен орамшца дикка кIорга йоьдуш хиларх, бIаьрлачу агIонашца а, гоьдевллачу адамашца а къегина хиларх. Цуьнгахь доллура романан маьIна. Иза исбаьхьаллин говзар санна тIеэцна ца Iаш, уггаре хьалха, исторически документ санна а тIеэцнера. Цу шерашкахь, тIаьхьуо цхьаьнаметта латтаран шераш а элира царах, «Еха буьйсанаш» зорбатоха аьтто белира, меттигера идеологаш оцу романан маьIнех дIора кхетта цахиларна. Цхьа хан яьлча, 70-чу шерийн чаккхенехь 80-чу шерийн юьххьехь, цхьаболу Iилманчаш, партийни (заказ) тIедиллар кхочуш а деш, истори юха талла боьлча, романна дуккха а тIелетарш дан долийра, ма-дарра аьлча, киншка йихкира. Иштта, масала, 1983-чу шарахь яздархочун шовзткъе итт шо кхачаран юбилей билгалйоккхуш, даздаран суьйренехь ур-аттал романан цIе яккхар а дихкина дара. Цу хьокъехь хьокъала доллу омра даийтинера. Иза кхочушдарна тIехь сема терго латтош яра «охIла йолу» органаш. Амма оцо, мелхо а, алсам боккхура роман еша, цу тIехь яздинарг хIун ду хаа болу лаам. «Еха буьйсанаш» магор, цунна реабилитаци яр перестройкин шерашкахь, 1990-чу шарахь, Айдамиров Абузар СССР-н Лаккхарчу Советан депутат волчу хенахь бен ца хилира. ТIаккха иза юха а арахийцира, нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь. Декъаза нисбелира трилогин шолгIачу киншкин – «Лаьмнашкахь ткъес» романан кхоллам а. Автора цу тIехь болх бар чекхдаьккхира Алдамов Iаьлбиг коьртехь волуш гIаттам бина бIе шо кхочуш, амма иза 1989-чу шарахь бен арахеца аьтто ца белира. Иза араялале хьалха, партийни куьйгаллин тIедилларца, романна дуккхазза а рецензи йира, иза «подстрочный» олучу кепера оьрсийн матте а яьккхира, республикерчу партийни «баьччанашка» ешийта. 1993-чу шарахь, яздархочун кхузткъа шо кхочучу хенахь, иза зорбатоха кечйина а яра. Амма лахьийна долу зорба тIаьххьарчу киртигехь даржийна дIадахийтинера. Оцу романан метта арахийцира «Ненан дог» киншка. Цу юккъе яхара кхин дIора лазаме йоцу говзарш – стихаш, ткъа иштта карарчу хенах долу дийцарш а, повесташ а. «Лаьмнашкахь ткъес» роман «Еха буьйсанаш» романах тема юкъара хиларца йоьзна ю. Цу тIехь а бу трилогин хьалхарчу декъехь болу турпалхой, царна юкъахь – Iаьлбиг-Хьаьжа а. Керлачу романехь яздархочун коьрта тидам тIеозабо 1877–1878-чуй шерашкахьлерчу хиламаша. ХIетахь, Россин коьрта ницкъаш Хонкарца дIахьочу тIамна юкъаозийна хиларх пайда а эцна, ламанхоша гIаттам бира. Дукха хан ялале иза къиза хьаьшна дIабоккху. Ша Iаьлбиг а, цуьнан уггаре а тешаме виъ бIанакъост а тангIалкха тIехь хьалауллу, ткъа гIаттаман иттаннашиттаннаш дакъалацархой набахташка а, каторгашка а дIахьовсабо.

1877–1878-чуй шерашкахьлера гIаттам ламанхойн тIаьххьарлера боккха гIаттам бу. БIешерийн зилехь Кавказехь шуьйра даьржа оборгалла. Оьрсийн матте гочдинчу нохчийн иллийн дешахьалхенехь Шерипов Асланбека билгалдаьккхина ма-хиллара: «Iедало бахархой хьийзабора, ткъа оборгаша и Iедал хьийзадора». Обаргаллин уггаре а бIаьрла векал ву Гашмазукаев (ГIушмазъин) Зелимха. Итт шарахь сов, 1913-чу шарахь ша веллалц, областан администраци кхерамехь латтийна волу. XIX-чу бIешеран чаккхенехь – XX-чу бIешеран юьххьехь хилла чолхе политически, социально-экономически проблемаш, оьрсийн хьалхарчу революцин хиламаш, иза эшначул тIаьхьа хIоьттина хилла хьал гайтина 1998-чу шарахь араяьллачу «Дарц» романехь. И киншка хIинца а кхача ма-еззара дIакхаьчна яц ешархошка. ТIеман юьххьехь кIеззигчу тиражца Гашмазукаев Зелимхин цIарахчу фондо арахецна йолу иза хIинца карош а яц (нохчийн маттахь 2006-чу шарахь, яздархо кхелхинчул тIаьхьа), юха а арахийцира и роман). Билгалъяккха еза 70–90-чуй шерашкахь арахецна йолу Айдамиров Абузаран масех киншка – «Лаьмнийн некъашца» (1975), «Баххьаш» (1986), «Кхолламан цхьа де» (1993). Царах хьалхарчунна юкъа яхара кегийчу жанрашкахь йолу эпически говзарш –

«КІант кхелхинчу дийнахь», «Жерлочун ийцар», «Дика адамаш», «Къийсамхо», ткъа иштта Шемилан хьокъехь исторически хроника «Шемалан леламаш»). Яздархочун дийцаршкахь коьрта тидам тІебахийтина гІиллакх-оьздангаллин гІуллакхашна, ийманан проблемашна. Оцу говзаршкахь Айдамиров Абузара гайта йолийра, тІаьхьарчу шерашкахь цуьнан кхолламаллехь коьртачех цхьаъ хилла йолу къоман амалан проблема. Яздархочо дог лазарца дуьйцу оцу проблемин хьокъехь. Бакъдерш дийцина ца Іаш, цо гучудоху уьш кхолладаларан бахьанаш, довзуьйту ийман гІелдаларна вайн юкъаралла кхаьчначу оцу бохамечу хьолах хьалхадовларан некъаш. Яздархочун ерриге а ойланийн бух хилла дІахІоьттира 2003-чу шарахь арайьлла «Вайн амалш» оьздангаллин-философски трактат.Нохчийн юьртан дахар гайтарна лерина йолу «Ирхенаш» роман дукхах болчара тІеийцира Іедалца маслаІат лаха гІортар санна. Дикачу турпалхочун, партин райкоман хьалхарчу секретаран Тумсоевн васт, кхеташ а ма-хиллара, яздархочун кхечу говзаршкара ешархочунна безабеллачу турпалхойн могІаршка хІотто хала дара, царна юкъахь ца вогІуш санна хетара. «Кхолламан цхьа де» киншка юкъа яхана изза цІе йолу повесть а, ткъа иштта «Маршонан кІентий», «Калугин йийсар» повесташ. Хьахийначу повестах хьалхарниг А. Айдамировс 60-чу шерийн юьххьехь язйина яра. Делахь а хІетахь иза арахеца аьтто ца белира, хІунда аьлча дуккха а шерашкахь йихкина лаьттинчу темина язйина иза хиларна. Цу тІехь гойтуш ду нохчийн халкъан дахарера цхьа де, махках даьхна шо кхачаран де. Киносценари дагайоуьйтуш йолчу цуьнан шатайпанчу композицис таро ло яздархочунна дуккха а эпизодаш гайта, иттаннаш васташ кхолла, и дарца Іедало законехь лоруш хилла доцчу халкъан дахар шуьйрра, массо агІор гайта. Повесть юьзна ю къизаллех, бохамех, амма оцу хенахь – догойланан чІагІаллех, стагах болчу тешамах, адамашка лалур доцчу хьелашкахь иза Стаг хилла вуьсуш хиларх. Яздархочо повесть шен дена лерина ю. Иза, шеко йоццуш, шен дахарх лаьцна а ю.«Калугера йийсархо» повестехь А. Айдамиров юха а историн темина тІевоьрзу. Цу тІехь яздархочо гайтина имам Шемалан дахаран тІаьххьара шераш. Шен кхечу исторически говзаршкахь цо коьрте, хьалхарчу плане хІиттош берш хиламаш белахь, кхузахь яздархочо шен турпалхочун догойла гайтина, кІорггера психологически васт кхоьллина.

ТІаьхьарчу шерашкахь А. Айдамировс муьран зорбанехь арайьхна дуккха а публицистикин говзарш. Царна тІехь цо хьесап до карарчу хенахь Нохчийчохь хуьлуш болчу хиламийн вайн халкъана бахбеллачу бохамашкара довларан некъаш хьоьху. Яздархочо вуно чІогІа хала лов дуккха а адамийн дахарш дІадаьхьначу тІеман къийсамашца боьзна бохамаш, царна сагатдо, цара цунна ницкъ бо, гІайгІанехь латтаво. Цу хьокъехь яздина цо 2002-чу шарахь къаьсттинчу изданехь арайьллачу «Нохчийн бохаман орамаш» статьяхь. Шен дахарх а, кхоллараллин некъах а лаьцна язйина цо «Сан дахаран некъ» дагалецамийн киншка. Цуьнан цхьадолу дакъош зорбатоьхна «Орга» журналан (2003, №7) агІонашкахь. А. Айдамировс дуккха а шерашкахь болх бо вайн халкъан историн хроника хІоттош. 1991-чу шарахь араелира цуьнан «Нохч-ГІалгІайн историн хронологи». Цу тІехь билгалбаьхна ширачу заманашкара дуьйна 1917-чу шарна тІекхаччалц болу уггаре а мехала хиламаш. А. Айдамировн произведенеш хьалха Іаьрбийн матте яьхна, Иорданехь бехачу нохчаша («Лаьмнийн некъашкахула» – 1985, «Вешин весет» – 1988, «Еха буьйсанаш» – 1988). 2004–2005 шерашкахь Гуманитарни талламийн Центро оьрсийн арахецна цуьнан 6 томехь йолу сочиненийн гулам. Кхоллараллин тобанна юкъахь бара Эльсункаев Недарсолта, Айдамирова Машар, Борхаджиев Хож-Бауди, Минкаилов Эльбрус, Сумбулатов Дени, Юнусов Хьамзат, Юсупов Руслан, Юсупов Іусман… Оьрсийн маттахь бен ца йоьшучеран дуьххьара аьтто хилира яздархочун говзарш йовза… 2013-гІа шо – Айдамиров Абузаран шо ду аьлла, дІакхайкхина ду. Вайна юха а сийлахь яздархо, цуьнан говзарш дагавайта бахьана ду иза, царех шуьйра пайдаэца а.

УДК 4С (Чеч)+8(Чеч)

# НОХЧИЙН МЕТТАН А, ЛИТЕРАТУРИН А УРОКАШКАХЬ КЕРЛАЧУ ТЕХНОЛОГЕХ ПАЙДАЭЦАРХ А, ДЕШАРХОЙ ИЙМАНЕХЬ КХЕТОШ-КХИОРАХ А ОЙЛАНАШ

© А. АЛЬТЕМИРОВ

Вай массо а хьехархо ву. Хьехархо бохучу дешан маьIна вайна муьлххачунна а дика хаьа. Хьехар Дала а, халкъо а магийна сийлахь гIуллакх ду. Вай дукха дуьйцу, дукха ялхайо ваьшна хьалха хьехарехь хIуьтту халонаш. «Хьалха хало йолуш бен тIаьхьа дика лур дац Ша», – боху Лекха хилла волчу АллахI-Дала. Хьехархошна лун долу дика иза Делера хинболу мел, ял ю. Кхиболчу хьехархойх нохчийн меттан, литературин хьехархой къаьсташ хила беза гIиллакхца, оьздангаллица, леларца, олучу дашца, тIерачу духарца, нохчочун массо а дика амалш шайца хиларца. Нохчо, нохчалла – ма доккха, кIорггера маьIна ду оцу дешнийн, ма сий деш чекхбийлина шайн дахарехь вайн дай, сий ца дайъа, Iаноза ца бовллучохь, цIий а Iенош, шайн синош дIа а луш. Тахана вайна тIехь ду, оцу дешнийн маьIна достуш, церан кIоргенийн бухе кхачош, цаьрга безам-марзо кхуллуш, ваьшна хьалха болчу дешархойн дегнашка кхачар. ХIунда аьлча, уьш бу кхана вайна тIаьхьа изза болх дIакхехьа безарш. Вайн къоман кхане, къоман дозалла и къона тIаьхье ю. Вайн коьртачех декхар ду и къона тIаьхье Iилманехь, ийманехь-исламехь, гIиллакх-оьздангаллица кхетош-кхиор.

Вайна массарна а дика евзина йолу Советан Iедалан зама дIаяьлла. Оцу заманахь хилларг а, тахана хуьлург а дуьстича, хийцамаш Iаламат баккхийра бу. Цу заманахь коьрта тидам Iилма Iаморна тIебахийтина бара. Мел кIорга Iилма стагехь делахь а, хуьлда иза бусалба динан Iилма я дахаран Iилма, пайда бац цуьнгахь, и Iилма долчу стагехь, гIиллакх-оьздангалла «иийман дацахь. «Ийман – ах дин ду», – боху Делан Элчано (с.I.в.) шен хьадисехь. Оцу ийманца цхьаьна вайгахь хила деза гIиллакх-оьздангалла а, иштта хаа деза, лерам бан беза шен къоман Iадатийн а, ламастийн а. Ткъа и дерриге а цаьрга дIакховдо дезарш вай ду, хьехархой. Еккъа цхьа урокан материал дешархошна йийцарх, цаьрга дIакховдорах пайда бац. Дешархойн ойла самайоккхуш, йийцаре ечу говзаран турпалхочун метта ша волуш санна, цуьнан синлехамашка, ойлане кхачош, говзачу, аьхначу маттахь, нохчийн матте безам-марзо кхуллуш, совйоккхуш болх бан беза хьехархоша. Масала, нохчийн меттан урокашкахь и мотт мичара схьабаьлла, дуьненан Iедалехь хIун маьIна ду цуьнан, муьлш бу и мотт кхиорехь кIорггера къахьегнарш а, тахана а къахьогурш, цуьнан дола динарш, иштта кхин дуккха а долчу хаттаршна жоьпаш луш, вайн тахана боккха аьтто бу керлачу технологех пайда оьцуш, дешархой кхето. Цара дуьйцучул гIоле схьалоцу гушдерг. Ткъа и царна гайта аьтто хуьлу интернетах хьехархочо пайда оьцуш хилча. Кога доьду бер санна, вай а ду денна а вешан болх табарехь, керлачу тIегIана тIе баккхарехь къахьега дезаш. Вайна хьалха хIора шарахь шортта керла-керла дешархой буьйлу, амма вай диццдан мегар дац и массо а дешархо цхьана ден-ненан хилар а, вайна тIехь Далла хьалха а, берашна хьалха а жоьпалла хилар а. Хьехархо вац даима дешархошна дийца дезарг, дешархой бу шайна хьалха лаьттачу хаттаршна жоьпаш лоьхуш лехамийн новкъахь алссам къахьега дезарш. Вайн декхар уьш оцу новкъа бахар ду. Нохчийн мотт хьоьхуш долчу вайна, мел вайна ду моттахь а хала дац, хIунда аьлча вай хьоьхург нохчийн къоман мотт, хьомечу ненан мотт болу дела, уггаре а хьалха вай ваьш нохчий долу дела. И мотт хьоьхуш кхечу къомах цхьа а стаг вац. Вайна эхь ду дешархошна нохчийн мотт, литература хаар кхийолчу предметел ледара хилча. Нохчийн меттан урокашкахь муьлхха а йийцаре еш йолу коьчал кхачам боллуш берийн кхетаме йилла еза, керлачу технологех шуьйра пайда эцарца. Масала, муьлхха а къамелан дакъа Iамийна, иза тIечIагIдаран урокехь а, иштта муьлххачу урокехь а, пайда эцало «Кластер» «Ромашка Блума», «Кейс метод», «Синквейн», иштта кхечу кепарчу технологех а. Цара ойла йойту, берийн хаарш кIаргдо, синкхетам меттахбоккху, берашна жоьпаш карадо юьхьанца хала хеттачу хаттаршна. Дешархоша а, хьехархоша а нохчийн меттан, литературин урокашкахь ИКТ-х пайда оьцуш ца

хилча вайн кхиамаш хир бац. ИКТ-х пайда эцаро нохчийн меттан, литературин хаарш кIаргдина ца Iаш, дуьненан юкъара хаарш а кIаргдо, дуьнене болу хьежам а шорбо, Iилмане воьдучу новкъа а боху дешархой.Дешар кхиа дезаш ду. Бераш даха дезаш ду. Уьш ирсечу новкъа дахар вайгахь ду. Къаьсттина мехала ду берашка тобанашкахь болх байтар а, ловзаран кепехь урокаш дIаяхьар а. ХIунда аьлча, тобанашна, ловзучарна юккъехь берг уггаре а хьалха къовсам бу. Вай, нохчий, яхь йолуш къам ду, вайн берашкахь а, уьш кегий боллушехь яхь хуьлу, вай цаьрца бечу балхаца яхь кхио декхар а ду вайн. Ишттачу урокашкахь уьш вовшашца йохье буьйлу, цхьа а дешархо дика доьшург а, вуон доьшург юьстах ца вуьсу, толам шай-шай баккхаре сатуьйсуш, цкъацкъа хаарш ледара долчу дешархойн жоьпаш нийса хуьлуш меттигаш а нисло и тайпа дIахьочу урокашкахь. Ламасталлин урокашкахь, халахеташ делахь а, вай дика хуучу берашца болх бар алссам нисло, хаарш ледаро долчу берийн тидам-тергам а кIеззиг бо. Царна хьоьхуш воллучул, кхуззахь атта дIалоцучу дешархошца болх бар гIоле хеташ хуьлу цхьаболу хьехархой. И тайпа хьехар вайна юккъера лар йоцуш дан дезаш ду. Мелххуо а, гIорасиз болчу дешархошца ша тайпа белхаш дIахьош, уьш урокехь а, урокал тIаьхьа а Iамор тIехь ду вайна. ГIорасизчу дешархойн хаарш ша бахьанехь, цаьрца къаьсттина дIахьош болу болх бахьана долуш, шега лакхадахаделлехь, тIаккха ала мегар ду хьехархочо ша вуьззина хьехархо ву.

Вайн мотт – иза вайн къамел ду, и къамел даима а кхиош хила дезаш ду. Нохчийн мотт Iаморехь, иза караберзорехь йоккха меттиг дIалоцу кхоллараллин балхо. Оцу Iалашонца дешархошка язъяйта еза тайп-тайпана сочиненеш, изложенеш, дийцарш. Дуккха хьолахь, паргIатчу темина. Дешархоша даггара къахоьгу оьшу коьчал кечъеш. Цара оцу балха тIехь гучудоккху шайн «чоьхьара дуьне», ткъа иза уггар а хьехархочунна оьшучех цхьаъ ду. Сочиненийн цIераш иштта хила а мегар ду: «ХIунда беза суна нохчийн мотт?», «Нохчийн мотт – сан ирсан шовда», «Адам а, гIиллакх-оьздангалла а», «Мила лара мегар ду бакъволу доттагIа», «Со хьехархо хилча …», «Со лор хилча», «Къоман турпалхо», «Тхан юьртахь лору стаг», «Ас тIекхачаре сатуьйсу де», иштта дIа кхин а. Оцу балхо таро хуьлуьйту дешархойн шайн ойланаш хьалха-тIаьхьа нийса, кхетаме, вовшашца йозуш, нийса йийца а, дIаязъян а, ткъа хьехархочун нохчийн матте дешархойн безам кхио а, кIаргбан а. Кхийолу предметаш ца Iамаяхь а, нохчийн мотт, литература хаа еза вайн берашна. Уьш царна дика хуур ю нагахь вайна уьш хаахь, вай царна хьеха ма-деззара дIахьехахь, вай вешан болх денна караберзорехь къахьоьгуш, Iилманан новкъахь хилахь. Литературин урокашкахь вай муьлхха а яздархо я поэт вовзуьйтучу хенахь цуьнан дахар а, кхолларалла шуьйра йовзийта еза, дийца деза цуьнан литературе вогIучу некъан дуьххьарлерчу гIулчашна тIера таханлерчу дийне кхаччалц шадерг. Цу тIехь а аьтто болу нагахь хьехархо ша а лехамийн новкъахь велахь, цунна оцу яздархойн, поэтийн дахар кхачаме девзаш делахь, иштта интернетах, керлачу технологех шуьйра пайда оьцуш и хьехархо велахь. Масала, схьаоьцур вай Сулейманов Ахьмадан дахар а, кхолларалла а. Дешархошна а, иштта дуккха хьехархошна а ма-дарра ца девза цуьнан дахаран некъаш а, белхан корматаллаш а. Ахь муьлххачуьнга хьаттича а поэт, хьехархо хилла аьлла жоп хезар ду, амма Ахьмадан корматаллаш дукха хилла - хьехархо, поэт, этнограф, Iилманча, суртдилдархо, иштта дIа кхин а. Я схьаоьцур вай Сулаев Мохьмад. Мохьмад яздархо, поэт хилла ца Iаш, республикехь тоьллачех лор а хилла. Кхиболчех ду иштта шортта дийца хIума церан корматаллаш, дахаран хьелаш дешархошна довзийтарехь. Мегар дац доцца, маца, мичахь вина, муьлха произведени язйина оцу авторо, аьлла, хадам бан. Литературин урокашкахь билггалчу говзаран турпалхойх дийцина ца Iаш, царах диканиг, вуониг къасто Iамо беза дешархой. Юьхьанца царна хьеха мегар дац хIара дика, вожа вон ву бохуш. Цара шаьш ойланца, шайн кхетамца, турпалхочо лелочу некъашка хьаьжжина къастор бу уьш. Церан къастам нийса бу я бац, уьш нийсачунна тIекхиор, харцахьачух кхетор тIехь ду вайна. Масала, 6-чу классехь Гайсултанов Iумаран дийцар ду «Дикалг» цIе йолуш. Бераша самукъадаларца, хазахеташ Iамадо иза. Дийцаран коьрта турпалхо волчу Дикалган цхьа а ледарло, цуьнан шен бехк хилар ца го царна, цунна тIехIиттинчу хьелашкахь. Амма, нагахь хьехархочо царна хьалха, оьшурий техьа и тайпана нехан гIулакхаш деш, шен Iер-вахар доцуш лела, аьлла, хаттар хIоттадахь, тIаккха дешархойн нийсса бIостанехьа ойла хуьлу оцу турпалхочун «хьуьнарех» лаьцна. Цара ойлайо, хIорамма а лун жоьпаш тайп-тайпана а, чулацаме а хуьлу. Иштта хьал совнаха кхоллало халкъан барта кхолараллийн юккъера говзарш Iамочу хенахь а, цхьаболчу авторийн говзарш Iамош а. Вайн къоман исторехь тайп-тайпанчу хьелашкахь нисбелла цхьацца хиламаш хуьлу говзаршкахь буьйцуш. Цхьаболчу хьехархоша, уьш Къуръанан Суратех тарбой, цхьа хьаьрк а ца хуьйцуш, дIакхийдабо

къоначу дешархойн кхетаме. Цу тIехь ялийна йийца мелла а маьттазо агIонаш а хуьлу. Вайн декхар дешархойн гIиллакх-оьздангалла совйоккхуш, говзарийн тоьллачу турпалхойн масалш тIехь дешархой кхиош, уьш Iилмане бигар ду. Вай дицдан мегар дац, уггаре а коьртачу дакъойх цхьаъ урокан дIахIоттам хилар а. Вайна массарна а ма-хаъара, хила деза шеран рузманан хьесап а, хIора урокана леррина хьесап а. Оцу хьесапо хьехархочунна гIо до урокан хан нийсачу новкъа, пайдехьа дIаяхьа. Урокан дIахIоттам боьзна бу урокана хьалха хIиттийначу Iалашонех, декхарех. Нагахь хьехархо корматалла йолуш велахь, цо хаарца хIиттайо урокан Iалашонаш, уьш кхочуш яре а кхочу иза. Урок – школехь дешар а, кхетош-кхиоран белхан а коьрта лард ю. Урокехь вай кхуллу, кхиаво кханенан стаг. Даиман а вайна хаа деза, хьехархо боху йоккха сийлахь цIе лелорал а сов шена тIехь доккха жоьпалла дуйла. Тахана вай дукха дуьйцу образованин модернизацех лаьцна, моьтту иза цхьа юкъадоккхуш керланиг ду. Иза денна а вай беш болу билггала болх бу, дешархой Iилмане бигар, царна дешар, Iилма оьшийла хаийтар. Вайн хIора де а – кхолларallин лехамехь, муха йийр яра техьа нохчийн меттан а, литературин а урокаш, иштта классал арахьа бен болх а хила ма-беззара лакхарчу тIегIанехь, дешаран кIоргенаш йовзуьйтуш, дешархой Iилманехь, гIиллакх-оьздангаллица кхиош, бохучу хаттаршна жоьпаш лоьхуш, карош, кхиамашкахь совдовлуш хила деза. Вай декхарийлахь ду, дешархошна хаарш шайна дахарехь оьшург хилар хоуьйтуш, церан синкхетам меттахбаккхар тIехь ду вайна. Хьехаран декхарш кхочушдарехь, урок шен хила дезачу тIегIанехь дIаяхьа хьехархочо хьалхе билгалъян еза: Iалашонаш, декхарш, хьовзаме хин йолу агIонаш, урокан чулацаме материал, хьехаран методика а, технологи а, билгалъяккха еза дидактически материал а, иштта берийн жигаралла хинйолу, лехамийн новкъахь церан ойлаяларан таронаш совйохун йолу кепаш а. Нагахь вай кхачаме болх бахь, вай юьхькIайн а хир ду, дешархой хаарш лакхара а хир ду. Нохчийн матте безам кхиор, кIаргбар – иза хIора а нохчийн мотт хуучу хьехархочун хьалхара декхар ду. Матте безам кхиорна а, иза караберзорна а пайдаэца методаш а, кепаш а шортта йолуш ю вайн таронашкахь, бехказлонаш леха мегар дац. Царах пайда а оьцуш, вешан декхаршца лара а деш, вай болх бахь, вай кхиор бу вешан махкахь, вешан меттан говзанчаш, Iилманехь лакхара болу, яхь йолу, гIиллакх-оьздангаллин доза доцу, къоман кхане хилла дIахIитта иманехь дешархой. Дала массеран а аьтто бойла оцу мелечу гIуллакххехь!

УДК 8С (Чеч)

# НОХЧИЙН КЪОМАН ЛАЗАМАШ БАЛХИЙНАРГ (АЙДАМИРОВ АБУЗАР ДАГАЛОЦУШ)

© Я. ИНЕРКАЕВ

Кху шеран май беттан 27-чу дийнахь итт шо зама яьлла махкахь гІараваьлла стаг, нохчийн къоман яхь-юьхьан куц-сибат а хилла ваьхна волу яздархо Айдамиров Абузар, вайх къаьстина, Далла дуьхьал вахана. Дала гечдойла цунна! Шайгахь кІорггера хьекъалш а долуш болчу, Абузарца юкъаметтигаш лелийначу наха дукха лакхара мах хадийра цуьнан. ХІора шарахь майхь баттахь а яздархо ваьхначу кертахь вовшахкхета нохчийн яздархой, поэташ, актераш, иштта Абузаран гергара нах, цуьнан кхолларалла езарш. Шаьш дешан говзанчаш хиларе терра, яздархочух лаьцна дика къамелаш до царах хІорамма: Мамакаев Эдуарда, Бурчаев Хьалима, Дадашев Райкома, Гапуров Шахрудис, Азаев Хьамида иштта дІа кхечара а. Ткъа со могІарера вахархо ву. Со санна, могІарера бахархой дукха ма бу Абузар вевзина, хІора денна бохург санна цуьнца хьо-со деъна, кІорда ца деш, цо динчу къамелашка ладегІна нах. Оцу кепара могІарерачу нехан дегнашкахь Абузара яха йитина лар сайн дешан «говзаллин» барамехь гайта кхоллабеллачу лаамца дош ала лиъюера суна. Вайна гуш-хууш ду, юкъаралло вовшашца лелош йолу юкъаметтигаш яхь-гІиллакхийн баххаш тІехь лелош хилар. Цхьаболчара Іадат ду бохуш леладо. Дуьххьал дІа, къоман я нехан кхардамах кхоьруш бен гІиллакхца герго ца дезарш а хуьлу. Амма Абузар нохчийн амал а, яхь-юьхь а, хаза мел долу къоман гІиллакх а шен цІийций, дагций, кхетамций, дашций дуьззина долуш стаг вара. Нахаца мерза вара. Шен корматаллица гІараваьлла яздархо, публицист, историк вара Абузар. Цунделла махкахь а, махкал арахьа а дика везаш вара. Шегахь долчу къоман иэсо магийнарг а, ца магийнарг а шен белхаш тІехь, гІуллакккхашкахь, дешархошца цхьаьнакхетарш хуьлучохь нехан кхетаме дІакхачор коьрта Іалашо яра Абузаран. Цуьнца къамеле вала атта дара, иза массаьрца а цхьатерра вара. Берашка а, кегийрхошка а, воккхачуьнга а цхьатерра ларам бара цуьнан. Хьалде хаттар а дара Абузаран цхьа ша-кепара аьхна. Цкъа а ца олура цо: «Шун юьртахь хІун ду, муха ду?» И «шун – тхан» боху дош дезаш вацара иза. «ХІун ду диехьа, муха ду вайн йиша-ваша?» – олий, хоттура цуо хьал-де а. Цхьа-ши дош бен дац хуьйцуш дерг, ткъа ойла йича, мел адамалла йоллу оцу дешнашкахь! Шен кхолларааллин белхаш тІехь, вай муьлханиг схьалаьцча а, вайн къомана диканиг лууш, къоман аьрха амалш, сакхташ, къомана зуламе дала там болу гІалаташ далхадора Абузара. Вайнехан олуш ду-кх: «Дика доланча хІума хилале воьлху». Абузар къомана бала тІе хІотталле, хьалхе воьлхучарах вара. Амма хІонс, даржаш лохуш, мухха яьккхина а, цІе яккхийта гІертачу наха цуьнга а, цуьнан тобане а ла ца дуьйгІира. ТІаккха, вай лайна ма-хиллара, махкана ондда зулам а делира. Кадыров Ахьмад-Хьаьжа (Дала гечдойла цунна) вайн мехкан коьрте хІоьттича, Абузар волчу веара. ДІабоьдуш тІом а болуш, чІогІа луьра мур бара иза. Ахьмад-Хьаьжас, тІедогІучу винчу денца декъал а веш, совгІат дан лаам дІакъадийча, Абузара аьллера Ахьмад-Хьаьже: «Уггаре доккха совгІат дара шена, шен дахарехь хІокху еа-пхеа юьрта газ ялийна де гича». Ахьмад-Хьаьжас, оцу луьрачу тІеман хьовр-зовр юккъехула, йоццачу хенахь кхочуш бира яздархочун лаам. Оцу шина къонахчун цхьаьнакхетарх даьлла беркат ду тхан ярташкахь ягоригца даима а лаьттина хало дІаяларан бахьна. ГІо иэшна шена тІевеана стаг, дог оьций бен дІа а ца вохуьйтура Абузара. Шен статьяш тІехь а, кхиболчу белхаш тІехь а Абузаран дагна ІетІкъаш дерг вайнах стеннах а Іехалуш хилар дара. Къаьсттина новкъа догІура цунна вайнах даима а кхечу къаьмнаша шайх дІакъастийначу «маргиналаша» Іехор. Вайна гонахарчу къаьмнаша шайна зуламе ваьлла стаг махках воккхура, хІинца а воккху, амма оцу тайпа нах Нохчийчу кхаьчча, вайна царах эвлаяаш тарлора, цара хеста а беш, Іехийна адамаш, къаьсттина кегий нах, исторехь хийла «бердах кхийсина» меттигаш дукха ялийна Абузара. Цуьнан цу хьокъехь далийна масалш ду статьяш тІехь а, «Вайн амалш» цІе йолчу жайни тІехь а. Абузара «Вайн амалш» нохчийн къоман XXI-чу бІешарахь тІейогІучу тІаьхьенан иэсе дІакхачо язйина ю. Тахана а оцу жайнин чулацамах пайда оьцуш кегий нах хилча, уьш кепеко, хазчу хабаро, муьлх-муьлххачо Іеха а беш, Сирехула, Египтехула дІахьийсор а бацара. Вайн сиркхонаш, къинош, лазамаш, амалш ма-ярра вайна гайтина, язйина охьаеххкина Абузара. Амма вай кІеззиг тидам тІебохуьйту иштачу хьехамчаша, къаноша вайна дитинарг дахаре дерзорна тІехь. Іаламат чІогІа къомана пайдехьа философ-

ски маьIна долуш болх бу «Вайн амалш» цIе йолу жайна. Школашкахь хьехархоша – дешархошна гайта а, доьзалехь дас-нанас – доьзална гайта а, хьаькмаллехь волчо-шайн къомана дало а тахана а шен маьIница кIоргера чулацам болуш масалш дитина вайн Абузара. Оццу масалшца тIекхуьу тIаьхье кхио мел хала делахь а, вайн къоман лазаме амалш, чевнаш, къинош лахдан, дайдан йолчу Iалашонца болх бар а, вайн дIабаханчу дикачу кIентийн весеташ, лаамаш дахаре берзор а вайн хьехархойн а, доьзалийн дайн а, кхетамна лакхара болчу нехан а доьналлех доьзна ду. Ша йозанца мел бина болх, къомана дикане сатуьйсуш, бохамех, гIалатех вайн къам лардалийта лаам болуш бина Абузара. Абузар Мехкан кIант вара, къоман хьехамча вара, оьздангаллин бIогIам бара. Цуьнан кхолларииллица уллера герго долуш кхиъна нохчо, махкана хьанал волуш кхуьург хиларх шеко яцАбузара шен коьрта произведенеш язйина Советан Iедал чIогIа чIагIделлерачу заманчохь. Къаьсттина луьра дара и Iедал вайн республикехь. Амма оцу луьрачу хенахь Абузара лап-аьлла самадехира вай. Вайх дукхах болчарна хууш дацара нохчийн жимчу къомо иттанаш шерашкахь тIамца шен къоман паргIатонехьа къийсам латтинийла а, ца хаьара нохчийн къоман тоьлла дакъа малхбале мехкашкахь мухIажарийн кхаж баьлла доьхна леллий а, хууш дацара вайн къоман яханчу хенахь дуьненна а бевзаш туьрадай (полководцаш) хиллий а, цара хIун лелийна а, ца евзара церан сийлахь цIераш а. Ткъа вайх лаьцна сакхте дерг ала а, вешан «цамгар» вовшашка йийца, хьехо вай лууш я вовшех «даьхьаш» а дацара. Иштта, вайх долу лазаме кхачамбацарш дийцаре дан а, уьш дIахеръян а некъ баьккхира Абузара. Боккха кхиам бара иза. Амма мел кхиаме ша кхачарх а, дагчу куралла ца йоьссира яздархочунна, дарже вала а ца гIиртира, могIарерачу нахах хер а ца велира. Оцу амало цхьаццаволчун (бакъ дерг цадезачун) цуьнга хьагI-гамо кхоллаялийтина хила а там ду, амма нехан дегнаша къобалво шайца вогIург. Цундела халкъо тешам белира Айдамиров Абузарна, СССР-н Лакхарчу Кхеташонан депутат хоржуш. Оцу лакхарчу дарже ша кхаьчна аьлла шен амалх а, боларх а ца вуьйхира. «Еха буьйсанаш» роман араяьлча, Абузарна новкъарлонаш йина а, шайна тасалучу барамехь цунна ког тийсина а нах болуш бара тIаьххьалц. Амма цаьрца, ша лакхара адамалла йолуш, оьзда стаг хиларе терра, «бекхаме а» ца велира я вала вешар волуш а вацара Абузар. Вайна юкъара дIаваьлча бен, стеган хьал ца хууш я хаа ца лууш, цхьа вон амал йолуш сакхталла гучудолу хийла. Жимма ойла йича гуш ду-кх, лакхара кхетам болуш, вуно хьекъале, вуно оьзда кхиъна мехкан кIентий вайна юкъара дIабовлар, дийнна къомана инзаре иэшам хилар. Оцу кепара иэшам вайна а хуьлуш, ша мел вевзинчеран а, вуьйцуш мел хезначеран а дегнашкахь халахетаран дагахьбаллам а буьтуш а, бакъ дуьненчу дIавирзина Абузар. Дала декъал а войла, Дала геч а дойла цунна! Вайх къаьстина иза, амма вайна шортта, тIаьхьарчу тIаьххьенна а вуно пайдехьа хир долуш шен дахаран масал, жайнаш, хьекъале хьехамаш а битина Абузара. Лаккхарчу оьздангаллин куц-кеп (эталон высшей нравственности) муха хила деза шен дахаран масалца вайна гайтина цо! Вайн махкахочун, Киндаров Iабдуллин «Исповедь Чеченца» цIе йолчу жайни тIера дешнаш дагадогIу, вайн къоман дика кIентий буьйцуш: «Вайн гIуллакхашкахьа довлий, я деган дехкалла хьалха йолий, я къайлаххчу хьагI-гамоно толам баккхарца, вайна ца хаьа вайн къоман де долчу, хьуьнаречу, хьекъалечу кIентийн, уьш дуьненчохь болуш, ларам бан а, пусар дан а. Вайн дакъазалла хиларал сов, культура ца тоар ду иза». Ишттачу кIентийн лаамаш халкъана юкъахь совбийла ирс долуш кхуьийла вайн къоман тIаьхье!

УДК 8С (Чеч)

# ХЬЕХАРХОЧУН БАЛХАХ А, НОХЧИЙН МАТТАХ А, ОЬЗДАНГАЛЛАХ А ОЙЛАНАШ...

© Я. ИНЕРКАЕВ

Беран деган куралла ца кагъеш, цуьнан «со» жимдан ца хьийзош, цуьнан «со» доккха деш, лоруш хила веза хьехархо.

**М.-С. Гадаев**

Къабилан заманера дуьйна схьа цкъа а, цхьаммо а таIзаран луьраллийца дуьне кхера а ца дина я нис а ца дина.

**К. Маркс**

Маржа яI-кх, доттагIалла, хьан! ЦIена доттагIалла! Мел синцIеналла йоллу-кха хьоьца! Нах болчу наха мел сийлахь лийрина хьо, мел тамаш беш дебийна хьо! ДотагIалла, хьо ю-кх уггаре лараме марзо, адамийн юкъаметтигийн чIагIо, вайн дахаран синтеме Iойла! Бакъдолу доттагIалла, хьоьца яц-кха моттаргIа, хьоьца яцкха хьагI-гамо я шалхо... Ма хийра ю-кха хьуна ямартло... Бакъдолу, цIена доттагIалла – иза-м лакхенгахь а лакхарчу тегIанан гергарло ма ду. Иза-м де долчу нехан сий-лараман, къоман синмехаллийн терза ма ду... Цундела ма оьшу доттагIалла, гергарло ша санна долчу адамашца. Гергарло оьшу массарна а – къаношна, кегийчу нахана, кхиъна богIучу кхиазхошна. Ткъа уггаре а чIогIа хила деза аьлла хета-кх хьехархочунна а, дешархочунна а юкъахь долу гергарло. Боккъал а аьлча, Гадаев Мохьмад-Селахьа ма-аллара, дешархочуьнца ондда доттагIалла лелийча, цуьнан кхетам а, кхиар а эвсаре хир ду, иза нийсачу новкъа валаран кесталла хир ю. Тхан районехь, шайца болчу лерамца, сийллаллийца цIеяххана хьехархой бара. Яха лаьа царах цхьаболчеран цIераш: Айдамиров Абузар, Гойтемиров Висарсолта, Бушуев Недарсолта, Шуайпов Хаси, Битиев Хасмохьмад, и дI.кх. Халкъалахь дуккха а ехар йолуш цIераш ю уьш. КIорггера Iилма Iамош, институташ яха аьттонаш массеран а ца нисбеллера церан, амма шайн хаарийн а, шаьш бечу белхан а, шаьш Iамочу дешархойн а мах хаара царна, шаьш лелориг дош а хеташ, даггара леладора. Дешархошца гергарло а, доттагIалла а, ларам-яхь церан хьалхарчу меттехь хилла хилар хIинца хаьа уьш бевзинчарна. Дуьххьал дIа вайн къоман хьехархойн юхь-сибат хилла лаьттина кIентий бара уьш. Дешархошца цара лелийнарг нохчийн бух тIехь берашца хила дезачу кепара лелийна доттагIаллагергарло дара. Ша дерриге а дара-кх вайнехан яхь-гIиллакхца догIуш. Дешархойх хIоранца а шеца-шеца (индивидуально) бийца мотт карор, безачохь бехкбаккха хаар, дешархочунна шегара цатам хиларх ларвалар, цуьнан дог ца дохор, тIехтохам цабар, озабезам гIийлачуьнгахьа бар (цуьнна ца хоуьйту-у-ш) – уьш ду-кх бераца долчу доттагIаллин гIиллакхаш. Дика ойла вай йича, кхеташ ма ду, шех махко а, дас-ненас а тешийна арадаьккхина бер, хьехархочо ларам болуш кхио дезаш хилар. Вайна тIехь ду-кх цунна нийса некъ гайтар, цунах вуьззина, махкана тешаме а волуш, кхетаме а волуш, яхь-юьхь а йолуш кIант я йоI кхиор. Иштта гергарло, цхьаьнагIуллакхдар (сотрудничество) хила деза-кх хьехархойн оцу берийн дай-наношца а. Мел хаза масал ду дешархочунна шен де-ненан а, хьехархочун а юкъахь долу гергарло, мел йоккха сийлалла ю и берана, нагахь санна и гергарло ша бахьана долуш кхолладелла хиларан синкхетам цуьнгахь хилча. Хьехархочо, дешархочунна ша оьгIазвахча, да-нана бехке деш, я да-нана доьзалхочунна шаьш реза ца хилча, хьехархой бехкебеш долу хьал доьхна хьал ду. Ткъа вайна юкъахь и сакхталлаш йолуш ю. Иштта хIоьттинчу хьоло хан-хене яларца берана школа къахьйо, дех-ненах бер хердо, ткъа хьехархочух шовкъ йоккху. Вол-волуш дешарна хийраволу кхиазхо, тIаккха сахьт ма дац и вочу, зуламечу новкъа валаран. Цундела хила деза-кх дай-нанойн а, хьехархойн а гергарло цхьаьнагIуллакхдарехьа догIуш. Вовшашна юкъахь ларамаза вас я цатам хиллехь, берашна хаийта мегар ма дац и. Цундела ца бора вай лакхахь цIераш яьхначу хьехархошна бераш а, дай-наной а цхьаьнатоьхна беш болу гуламаш. Хьехархочун коьрта декхар ду дешархочун дагчу хьажар. Шена хьалха коьрта хеттарш хIитто декхар ву хьехархо. Масала: дешархочун

алссам тІетовжжам болуш, цуьнан даго къастош долу дарс (предмет) муьлханиг ду, дуьнене цуьнан болу хьежамаш муьлхачу кепара бу? Цуьнан тІетовжжам алсам болчу дарсана маршо яла еза, иза оцу агІор кхио а веза, цунна далуччу кепара накъосталла дан а деза. ХІаъ, хала а, къинхьегаме дера ду и гІуллакх. Амма хьехархочо ша къастийна-кха шена шен говзалла. Шен иэсо, шен даго шега бина кхайкхам бу-кха хьехархочо къобал а бина тІелаьцнарг. Цундела хила ма веза иза собаре, Іиллакхе. Цундела хила ма веза хьехархо син амал сакхте йолу стаг декъаза хеташ, цунах къахеташ. ТІаккха ву-кх иза вуьззина хьехархо, турпалхо, хьехамча. Иза ву-кха дешархоша шайн дегнашкахь тоьлла меттиг дІалунъерг. Иза ву-кха гІеметта хІиттинчу нехан тІаьхьено дикачу масална вуьйцур верг. ТІекхуьуш долу чкъор иймаанца, оьздангаллица, гІиллакхца кхетошкхиорехьа долу хьал алсамдаьлла школашкахь. Оццу балхана лерина билгалдаьккхина дарж а ду. Иштта цІе йолуш кружокаш а ю. Амма ондачу ницкъаца дуьненчохь шен гезган маша тесна Интернет а ю. Электронни хаамийн гІирсаша беш болчу тІеІатІкъамо цхьа а кепара шеко йоцуш толам баьккхина. Ткъа тІекхуьучу тІаьхьенан цаьрца долу гергарло – вайна лиъча а, ца лиъча а – хадалур долуш дац. Вай дика доггах къахьегча, вайн ницкъкхочун берг хІун хир ду? Дера ду оцу тІедеанчу керлачу хьелашкахь а нохчийн гІиллакх лардар, леладар. Геннарчу ширчу заманахьлера дуьйна схьа, дуьненчохь хилла я ца хилла а ца хууш, хийла даккхий къаьмнаш тІепаза дайна. Къомо шен мотт а, гІиллакхаш а дІатасар бахьана долуш хилла ду иза. Вайнахана хийла го тийсина инзаре нуьцкъалчу, цІоз санна ца кхачалуш, ца дузуш тІегІиртинчу мостагІийн ардангаша. Амма вайн меттан, вайн гІиллакххийн дай вай хилла дела вайн цІе а ю, цІа а ду, вай а ду. Вайна нийса некъ гайта доьналла долуш кхетаме дай а бу вайн. Вайн тІаьхье вай тешо еза цхьана хІуманах. И хІун ду? И дера ду компьютер, Интернет, телефон, иштта кхиболу коммуникационни гІирсаш, хІара къинойн дуьне санна, шеца ши некъ болуш а, ши агІо йолуш а хилар: цхьаъ – иза адамашна пайдехьа некъ бу, важа – адамашна зуламе некъ бу. Оцу шина некъах, шена пайдехьа берг харжа де долуш Іамо веза-кх вай кхиазхо. Пайдехьа болу некъ хьан хоржур бу? Дера хоржур бу гІиллакх, йиман, яхь-юьхь шегахь йолчо. Ша, бух а болуш, оьздачу нахах схьаваьлла волчо. ЦІармата, дастаме, оьздавоцуш лела вешар воцуш жима стаг кхион хьовса деза-кх вай! Вайна пайде долчу агІор дерзо деза-кх вай и керлаюкъадевлларш! Дас-нанас, хьехархоша, динан хьехамчаша кхачо йоллуш къахьега деза-кх оцу агІор. Вайна ца гинарг дац-кх, ахбІе шаре бевлла баккхий нах, кибирчигийн барамехь телефонаш кисана а йоьхкина, къайлах-къулах я монтаж йина, харц-бакъ кадраш чу а гулйина, питане, цІармата суьрташ нехан меркІел а оьхьуш, юха маьждиге а оьхуш, цигахь даккхий къамелаш а деш, лелар. Ма-дарра аьлча, зуламе нах бу уьш. Киса дуьззина зулам лелош волчу доьзалан дас мича дикане кхачор ву кхиазхо я шен доьзалхо? Суна сайн хьехархочун оьмарехь мосазза а нисделла цхьаболчу берийн дас я нанас шайн доьзалхо хьехархочуьнга валхош. Масала: «Шу хІун деш ду школехь? Аша уьш муха Іамабо? Цаьргахь иэхь дац я гІиллакх дац», – бохуш. Иштта кхетам болчу дега-нене дІаала лаьара суна, бераш, дешархой йиманехь кхетош-кхио декхаре дай-наной, хьехархой, вай дерриш хилар. Дика доьзал дикачу бух тІехь кхуьуш бу. Дика бух – иза нохчийн гІиллакх-Іадат долу хІусам ю. Дас-нанас, хьехархочо, воккхачо ала хууш, говза аларца доьзна ду кхиазхоша аьлларг схьалацар а, дІааьллачух уьш кхетар а. Берашна мел луург хилла а дер дац я вайна мел моьттург а хир дац. «Ма луъу ца хилахь, ма торру», баьхна вайн дайша. Вай вайн бераш, дог а диллина, тесна дита ца деза, я, дукха хестош, тІех хьоьстуш, уьш дакъаза баха а ца беза. Европера къаьмнаш санна, берийн карадахарх Дала лардойла вай! Дай-наной, хьехархой, динан дай, мел къаьхьа делахь а, бакъдерг, нийсо толош, харцо иэшош товш бу, харцонна тІехь бина озабезам – къомана иэшам бу. Азаллехь дуьйна вайнаха емалдеш хилла долу сакхташ вай ваьшха хердахь, вайн тІаьхье йиманехь а хир ю, маьрша а хир ю. Нохчийн къоман оьзда гІиллакхаш, церан кІорге маьІна довзуьйтуш ю Ахмадов Муса автор а волуш 10–11 классана лерина арахецна Іамат. Массо а кепара кхетам лур болуш, дика лара мегар йолуш, хІора а нохчочун баьрччехь хила декхар долуш Іамат ю иза. Сайга хьаттича, школера дешна араволучу дешархочуьнга оцу Іаматах экзамен иэцар тІедожор дара ас. Оцу Іаматан жайнаш, алсам арахоьцуьйтур а дара. Дуьненна а хууш ду шен меттахь долу къам, ненан матто латтош хилар. Хийла дика кІант ваьлла вайн къомах вайн ненан мотт хестош, цуьнах лаьцна дукха а яздина, яздеш а бу. Нохчийн меттан хазаллех, цуьнан сийлаллех, мехаллах дош олуш яздархой, хьехархой, бахархой алсам бу вайн махкахь. Иза иштта хилар хазахеташ ду, деза ду, сийлахь ду. Амма: «Нохчийн мотт нийса бийцар, хаза бийцар гІелделла, мотт къийлуш бу, кегийрахоша бицбеш бу», – бохуш, яздеш берш а бу. Сема ладоьгІча, иштта хета а хета иза. Шен

ненан маттах дог лозуш, сагатлучу нохчаша дохуш долу ОРЦА ду иза. Вайн син лазам бу иза, мотт къийбалар нохчочунна йоьрзур йоцу чов ю. Суна хеташ вайн цхьа дакъазалла ю. Вайн мотт бийцар ледара далар, ваьш мел доцурш, массо а бехке бо вай. Бахьанаш а лоьху, уьш кара а до. Царна юкъахь бакъдерш а нисло. Амма коьрта бахьана ган ца лаьа вайна. Коьрта бахьана – вай ваьш ду. И иштта хилар чIагIдеш дало масалш а ду вайн шортта. 1944 шарахь, вай махках даьхначу хенахь, 13 шарахь кхечу къаьмнашна юкъахь Iийна вай. Амма хаа ма беззара бийца нохчийн мотт хууш бара кхузара дIабигна кхиазхой а, цигахь дуьнентIе бевлларш а. Цул сов, кхечу къаьмнийн меттанаш а хаара царна. Инзаре тамаш баллал боккха болх хилла иза. Ткъа бахьана хIун хилла? Дера хилла, шаьш мел холчу, чолхечу хьолехь баьхкинехь а, вайн дай шайн къоман меттан дола дан доьналла долуш баьхна хилар. 1957-чу шарахь вайн республика юхаметтахIоттийра. Бакъду, школашкахь кIеззиг дара ненан меттан сахьташ, бацара институташ чекхъяьхна хьехархой а. Амма тхуна оьрсийн урокашкахь нохчийн дош аьлча а ца магийтора, иштта, нохчийн урокехь оьрсийн дош аьлча а ца магийтора. Историн, географин, биологин, кхечу а урокашкахь тхо ца кхета дешнаш, нохчийн матте гочдора. Ламанан хьоста лардеш, дола деш хила дезаш ду, ткъа цунна тIе доьлху некъаш ширдала, тишдала йиш яц! Ламанан шовда цкъа лекъча, юхаденда хала ду. Ткъа лоьхуш даькхина шовда хьогалла йойуш ца хуьлу. Иштта, ненан мотт, вай цхьанхьа а леха ца оьшу. Иза вайца бу, вай ларбан а декхар ду. Бийца беза, беза а беза, Iамо а беза берашна. Нохчаша нохчашка нохчийн мотт бийца беза, кхечу къаьмнийн дешнаш юкъа а ца кхуьссуш. Тоьллачу оьрсаша, дахарна тIаьхьа висина лору Карамзинан, Л. Толстойн, М. Лермонтовн, А. Пушкинан, и. дI. кхечеран а кхолларалла ца евзаш волу оьрси. Иштта вайна а хета беза вайн тоьлла яздархой а, поэташ а, церан кхолларалла а ца евзарш дахарна тIаьхьа бисина нах. Вайн баккхийчу яздархойн произведенеш гул а йина, алссам, кхачо хуьлучу барамехь юха арахецчий бен, вай яздархойн кхолларалла йовза ма-еззара евзар яц тIекхуьучу тIаьхьенна. Оцу кеппара оьшучу барамехь арахеца еза нохчийн фольклоран произведенеш а. Вайн нохчийн маттах хийра довлар цхьанне а бехк бац. Вайн бехк бу. Цхьа а стаг вац вайга вовшашка нохчийн мотт ма бийца бохуш. Вай ваьш ду вайн ненан меттан дай. Вай дола дахь, вайн мотт вайгара цхьаммо а дIабоккхур бац, иза цкъа а бовр бац. Ширачу дешнийн дошамийн жайнаш, олхазарийн, бецийн, дийнатийн, акхаройн цIераш йовзуьйту жайнаш кхачам боллуш хилча дика хир дара, иштта хила езара тайпатайпана чулацаме энциклопедеш а. Ткъа, даррехь дика хир дара и белхаш луучара а ца беш, дика хуучаьрга байтича. Жайнаш тIехь болх бечу корректорша, редакторша коьрта тидам тIебахийта луур дара ларамаза дуьйлучу а, грамматически а гIалаташна. Вайн дегнаш диканна диллина делахь, вайн могаш тIаьхье хир ю, вай вайн дегнашкахь сакхташна меттиг битахь, вайн хиндерг декъаза хир ду. Ткъа де долуш, могаш чкъор алсам мел дели а, къоман низам дийна латтар зеделларг ду дуьненан юкъараллехь. Къоман низам ша хила дезачу дозанашкахь лаьтта, нагахь санна, ларамечу, кхетамна лакхарчу, де долчу наха къоман мехаллаш, ламасташ, гIиллакхаш тIекхуьучу чкъуьре кхачам боллуш дIакхачош делахь. Цхьана заманчохь ловзаршкахь, синкъерамашкахь, белхешкахь, пхьоьханашкахь, мехкан деза денош билгалдахарца кхетош-кхиош хилла кегийнаш. Ткъа хIинца и нахазара мехала болх хьехархошка, телевидене, жайнашка, театрашка бирзина. Зама хийца яларца адам а мелла а хийца ца луш ца дуьсу. Амма керла юкъадогIушдолчуьнга вайн къоман хатI, васт, оьздангаллин гурашкара арадохуш, талхадайта мегар дац. Вайн мехкан да а, Iедалан структураш а, динан дай а, культуран белхалой а биллина къоман оьздангаллин васт дийна латтадарехьа къийсам латтош бу. Синкхетам лартIехь болуш волу хIора нохчо церан гIоьнча а хилла дIахIоьттича, вайх нах хир ду. Нохчалла ларъян вайн аьтто а хир бу. Вайн тIаьхье – вайн стом бу. Доладар ледара даьлча, стом кхиъна а балале, аьрга боллуш баьржа, Iена, нIаьна кхета. ТIех вол-волучо каетта, кара еъанарг жимачо а, воккхачо а тIелеста йо. Ношбелла а балале, дитт мел дика хиларх стом хIаллакьхуьлу, хан хене а ялале, ша дитт а телха. Иштта доладар а доцуш, тесна дитина къона чкъор телха, духу, даьржа, дов. Ткъа юкъараллин мукъ мух-мухха лелачу тобанийн кара боьду. IуьтIанийн, хардангийн тобанаш алсамйовлу. Царах махкана а зулам долу. Вайн бIаьргашна ца гинарг дац-кх иза. Дала мукъалахь, де а, хьуьнар а долуш мехкан да а ву вайн. Иштта хьуьнаре къаной а бу вайн. Сий-лараме синмехаллаш ларъеш, царна тIетийжаш билггалчу барамехь къоман дакъа а ду вайн. Арахьара юкъатийсина сакхталлашший, вайн-вешан бехкенна вайна юкъахь дебна ледарлонашший, мало йоцуш къахьегахь, вайга иэшалур ю. ТIаккха вайн кхане а хир ю, ткъа вайн къам шен сибатах, вастах (къоман идентичность) доьхна а лелар дац. ХIора дас шен доьзалхо нохчаллин гурашкахь кхиавахь, вайх вайн мехкан дай хир ду, вайна юкъара харцонаш нилха йовлу-уш, дIаевр ю... Дала аьтто бойла вайн!

УДК 4С (07)

# ЖИМА ХIУМА ТИДАМЕ ЭЦАРЦА – ДОККХАЧУ МАЫНЕ

© Х. МАГАМЕДОВ

Суна гергахь, литературин хьехархочун коьрта декхар дешархошна Iамо билгаляьккхина исбаьхьаллин произведенеш йовзийтар хилла ца Iа. Уггар хьалха, суна хетарехь, цуьнан коьртачех декхар ду, юьхьша (личность) – адам кхиор. Ойла лехамехь йолуш, дахаран чолхенех кхета шен хьежамаш а болуш, морзахечу некъашкахь тилделла довр доцуш, диканна гIатта кийча, гIиллакхе, оьзда адам. Цхьаболу хьехархой мелла а сингаттамехь хуьлу, классал арахьара дешар бохучу урокашкахь шаьш хIун дан деза ца хууш. Ткъа суна а, ишта исбаьхьаллин литературин йийсарехь болчу кхечарна а кхаъ хуьлу цу сахьтех. Стенна аьлча, цу сахьташкахь хьехархочун бакъо ю, шена товш а, чулацаме а хета произведени юьхьар а лаьцна, болх бан, масала, цхьана-а гурахь а воцуш, хьайн дог лаьтташ, хьайна дош хеташ долу дийцар я байт схьа а эцна, кхиазхошна тIеIаткъам бан, церан адамаллин хьаса самабаккха, «партал» кхетам самсабаккха, Iар-дахар тидарехь, кхеторехь, тIеэцарехь берийн гомха ойланаш кIаргъян, шоръян.

Цу декъехь ас кест-кеста гIортор ечех ю Бексултанов Мусан кхолларалла а. Цуьнан дийцарш дешархошца цхьаьна талламе дохкуш, оха хийла ойланийн литтанаш херцийна, оццул хIума Мусана шена дага а деъний те аьлла, шеконе а дуьйлуш, тхаьш-тхайх цец а дуьйлуш. Бакъду, цу кепара, байташ биста кхаччалц, исбаьхьаллин говзарш тIехь къахьега, уьш берийн кхеле яхка, литературе шовкъ хиларал сов, иза йовза а еза. Вуьшта аьлча, нагахь хьехархо литература евзаш а, езаш а велахь, цунна атта хуьлу цIеххьана лестинчу ойланна тIе куьце барзакъ духа а, цхьа жимачу, кIадбоцуш хеталучу хIуманна тIера доккхачу маьIне ван а. Соьга хаьттича, хаттарех йоьттина хила еза хьехархочо хаьржинчу произведени тIехь дIахьуш йолу урок.

Хаттарш дукха мел хили а, дешархой ир-кара хIитто а, дахарца зIе яло а, дустарш дало а атта хуьлу. Хаттарш дала хаар а ю цхьа говзалла. Со теш ву уьш, дIо-о лакхахь, хьаькамаллин гIантахь а воцуш, кхиазхошка нисвелла, церан нийсархо а хилла дала деза аьлла. Дала деза, «диг детташ» санна, кIоршаме хьу йоцуш, кIеда-мерза, забар юкъаяло а магош. Масала, ас сайна могуьйту ишта ала: «Хьенех, хьо ма яра, шайтIанан нанна Паккина дага цадогIург а дага а догIуш, маттана говза, хьуна хIун аьлла хета? Валид а ву хаза дуьйцуш, Iехийна Iуьргара лаьхьа а боккхур болуш. Хьуна хIун ду товш оцу турпалхочуьнгахь? Цхьа лар тIехь доццург а аьлла, и Iуьрг лаьхьана тIарал а гатдийр долуш-м Хьасан а ву шуна ван-м. Ахь муха туьду, Хьасан, йоIа делла жоп?» Мухха делахь а, царах дIаэвелла, кхиазхойн нийса накъост волуш санна, дан догIу хьехархочо къамел аьлла, сацам болуш ву со. Дешархойн дог-ойланаш самсаяхарехь, куьзгана чохь санна, дахар гарехь, кхеторехь аьтто беш ду Бексултанов Мусан цхьа могIа дийцарш. Ткъа хIинца, хьехархошна гIо хиларе са а туьйсуш, (къаьсттина къоначарна, хIинц-хIинца и хала дукъ тIелаьцначу хьехархошна) ас ялайо «Къола» дийцар тIехь дIаяхьа тарлучу урокан кеп.

Бексултанов Мусан «Къола» дийцар

*«Нагахь хьан гIо оьшуш, велахь цхьаъ тахна,*
*Сихлолахь цунна тIе, кханеш ца йохкуш…»*

Арсанукаев Шайхи

Доцца дийцаран чулацамах. Коьрта турпалхой: воккха стаг Бахьарч, цуьнан хIусамнана Жоврат. Бахьарч цомгуш ву. Ши шо ду иза меттара гIаттаза. Цхьана лазарнера (больницера) кхечу лазарне вуьгуш, да лоьраш тIе а кхийлина, кIант лома хьалавахна шен азделла даьхний дажо. ЦIийндега хьожуш ерг Жоврат ю. Муьлхха а дархочо санна леткъамаш бо Бахьарча. Шен махуьллу иза тево Жоврата:

– Ма бехьа, Бахьарч, Далла леткъамаш, лазарш ма-ду уьш, лазарш, – бохуш.

ТIетесна юргIа а некхана деза хеташ, вочу хьолехь волчу Бахьарча сагатдо арахь Iоьхучу аттана. Юккъехула: «...Шим болийний цо, Жоврат?», – хеттаре а вуьйлу иза. Лулахочуьнга Висхега ехий, докъар ялар доьху цо Жоврате. Вукхо ца еллий хиъча, цо билгалдоккху хьалха Висха ишта хилла цахилар. Цул тIаьхьа лазархочунна наб озайо. Майра набаро Iехийна гича, дIатевжинчохь наб озайо Жовратна а.

Бахьарчана ша велла гIан го. ГIенах цуьнан каш чу йогIу цхьа боьха, ирча хIума, охкаделлачу тIерех декхаш лаьхьарчий а долуш. Цо дуккха а цIерш ягарйо, адамехь товш йоцу сакхте цIерш: писалла, тешнабехк, хьагI, догъIаьржалла, моттбеттар…

– Хьо схьавогIуш, цхьа а вацара ас цIерш яьхначарах вала кечлуш?

– И цIерш йолуш цхьа а вац суна вевзачарах! – жоп ло Бахьарча.

Хорша еъча санна, куьйгаш а, дегI а дегош хуьлу. Юха иза цIеххьана, шена тIера юргIа охьа а кхуссуш, ирахIутту... Берзинчу когашца лайлахула, хьерваьлча санна, дIахьоду керташкахула… Цо цхьа шабарш до, шех ка а етташ: «Хир дац, дац… ЙогIур яц хьо Висхин каш чу – писалла, догъIаьржо… Ша халла баьккхина алан цинц а бохьуш, иза юхаводу. Амма цуьнга божлин неI ца еллало… Иза цхьана «бухбацаре» охьавужу… Лайлахь вала веттало. Цу хенахь, шина шарахь гIеттина воцу цIийнда меттахь ца карийча, инзаре цецьяьлла, «маьхьарца, генна дIасадахна ши куьг а долуш», Жоврат араэккха.

– Вала ца везарг вала хьан! Хьо хIун дан гIерта суна? Ас хьан мила вийнера? Нахе хIун доладайта гIерта хьо суна?.. Соьгара хIун гучудаьллера хьуна, ва Бахьарч?! Хьан вала хьайн вала ца везарг!

Цо мара а вуллий, чувуьгу шатIулг санна волу Бахьарч.

Майра беллачу нехан цIерш яха воьлча, Жоврат еса деша стаг вало дIахьоду, амма Бахьарч Iожалло дIаваьхьна караво цунна юхаеъча.

Ишта бу дийцаран чулацам.

Хьехархо:

– КIентий, мехкарий, уггар хьалха, шу мел тидаме хилла а хьожуш, цхьа гилгаш дохуш санна, вайн кхетам кIамбеш, шу мел хьекъало сагатдеш ду хаа хеттаре вийла воллу со. Вайн къоман кхолламехь луьра еъна хан карла а йоккхуш, авторо шатайпа кхетадо Жовратан елхар. Цо хIун боху цу хьокъехь? Стенна йоьлху боху авторо Жоврат? (Казахстанехь шен хаьддачу хIуна, Бахьарч дIа а кхелхина, шен тIаьххьара южучу гIорторна. И дийцаре деш дагадаийта тарло, къам дохийча, Жовратан санна кхаж баьлла вайнахалахь эзарнаш зударий хилла хилар).

Хьехархо:

– Некхан ваз тIетесна юргIа а деза хеташ, вочу хьолехь ву Бахьарч. ХIетте а цхьа меттиг ю дийцарехь воккхачу стеган дахарца йолу зIе, шовкъ гойтуш. ДIавахана вала воллуш, дегI гIорасиз хиллехь а, цуьнан дог-ойла сема а, дахарца йозаелла а ю. Муьлха ю и меттиг?

(Iоьхучу аттана сагатдо Бахьарча. «…Къа хьарчор ду-кх цо чIогIа. Шим болийний цо, Жоврат? – хоьтту цо юккъехула. Аьттан мохь хезча: «...Цхьа цIов», – хазадо цо. Леш воллушехь а, цунна ша декхарийлахь а, бехке а хета ур-атталла хьайбанна хьалха а).

Хьехархо:

«…Хи-м ца дезара…балдаш тIаддехьа сан… Дела, дIаэцалахь со… Я таIзар хIунда… хIун гIуда…». Валарчу вирзинчу стеган дешнаш цкъадолчунна инзаре дека. Стенна боху Бахьарча ишта?

(Цкъа делахь, цунна лазаран балех хьалхавала лууш санна а хета, Iожалла тIе а эцна. Ша Делах тешаш, бусалба стаг хиларе терра, гарехь, иза кхоьру шегара цхьа ледарло яларна, гIуданна санна ша меттахь вахваларна… Цо, баккъала а кхера а кхоьруш, дехаре леткъам бо Деле ша дIаэцар доьхуш).

Хьехархо:

Бахьарчан гIан тида майралла кIенташкахь алсам хила там бу. Цуьнан маьIна муха ду аьлла хета шуна? (Лазар коьрте а даьлла, гIорасиз меттахь велахь а, вай билгал ма–даккхара, Бахьарч дахарна сема, де эшначунна тIехIотта а, гIоьналлин куьг кховдо кийча а волуш, хене ваьлла, догдика стаг ву. Шена гергахь, шен лулахочун Висхин докъар лачкъийна а, эхартахь цуьнга хотту болчу бартах иза хьалхаваккха лаьа Бахьарчана. Гинарг гIан доллушехь, цуьнан хан яц кхетаман терзанца ша дийриг оза а я литта а. Цуьнан цхьа лаамIалашо ю – Висха кIелхьарваккхар, мацах цкъа дика, «ишта» ца хиллачу стагна гIо дар).

Хьехархо:

Муха, хIун зIе яло мегар ду докъаран цIевнний, Бахьарча лелочунний юкъахь? (Докъаран цIов Бахьарчана гергахь лахвелла, кIезгалле вирзина Висха баланех, барт-хаттамах хьалхавоккху догIа ду. Оццул холчохь ша воллушехь, ша виц а вина, цо хьанал, беркате ойла юьхьарлаьцна-кхечунна гIо дар).

Хьехархо:

Лакхахь жоп дала гIиртинчу хаттарна тIе тевжина аьлча, мичахь ю аьлла хета шуна Бахьарчана халахетаран лакхе? (Мискъал зарратал шеко яц, уггар цунна халахетаран меттиг ю сел хала яьккхина докъар аттанна дIакхачо гIора цатоар).

Хьехархо:

Лерса къардан, сардамаш доьхуш санна, къамел хазадо Жоврата, меттахь Iиллина Бахьарч, ши куьг генна дIаса а даржийна, араиккхича: «Вала цавезарг вала хьан! Хьо хIун доладайта гIерта суна! ХIокху масех шарахь ас лелийнарг дайа гIерта хьо! Соьгара хIун гучудаьллера хьуна, ва Бахьарч!».

Цу кепара тамаше дешнаш хеза вайна Жовратера. Цкъа делахь, могуш, тап-таза волчу стаге а до къамел ма дац иза, аьлла а хета. Муха кхетадо вай цуьнан «девне» дешнаш? Уьш аьллера аьлла бехк баккха догIий Жоврате? Ойлаейша, аш муха

туьду хIара дешнаш: «Хьан вала, Бахьарч, хьайн вала цавезарг?». Мила ву шуна гергахь Бахьарчан вала йиш йоцург? Иза уггар хьалха ша Жоврат ю. Ма-дарра аьлча, къадоьхуш санна, цо ден дов шена деш ду. КхидIа цо дечу къамелехь цо билгалдоккхург а ду, нIаьна екар, говр тарсар санна, кхето хала доцуш хIуманаш. Цунна мехала ду наха аьндерг, ишта-вуьшта валар хили-кх Бахьарчан бохуш. Цундела боху цо: «Хьо хIун доладайта гIерта нахе!». Амма Жовратна уггар коьртаниг ду адам дIакхелхича яха юьсу цIе. Ткъа ша валар, Iожалла бохучу маьIнехь, цо тIеоьцу сагатдича а, ца дича а хила еза чаккхе санна, цхьа, муха ала иза, велавалар, садаIар, могIарера хьашт-дезарш листар санна. Цундела боху цо цIийндега: «Ма бехьа, Бахьарч, Далла леткъамаш. Лазарш ма ду уьш, лазарш… Собар деха дезара, Бахьарч, собар. Лазар массаьрга а ма кхочу… Дуьне ма ду хIара, цхьа дуьне…».

Чаккхенга кхочуш цхьа хIума билгалдаккха догIу. Муьлхха а дийцаран сюжетан сиз кхиаран я цу тIера хиламаш кхиаран лакхе хуьлу, кульминаци а олу цунах. «Къола» дийцарехь и мичахь карайо вайна? (Масех шарахь меттара гIаьттина воцу Бахьарч, араваьлла, керташкахула докъар ян вахар, цо хьасартне докъарх каеттар).

Дийцаран маьIна къасторна юьстах бита ца богIу дешархой. Дика хаттарш дала деза. Пондаран мерзаш санна дека догIу хаттарш, дешархой шаьш цу ойланна тIебало йолчу Iалашонца. Уьш дукха мел хили а, жоьпаш а хуьлу башхалла йолуш. МаьIна къасто, масала, хIара хаттарш хIитто а мегар ду, суна хетарехь:

Цу дийцарехь хIун ала гIоьртина, аьлла хета шуна, Бексултанов Муса?

Воккха стаг цомгаш а Iиллина, Далла дуьхьал вахи-кх ала воллуш хилла те иза?

Стеган дахар цхьа маьIна долуш хила деза-м ца боху те цо?

Стеган дахар велла дIаваллалц муха хила догIу цунна гергахь?

1) ХIораннан а шен-шен хьажам бу, делахь а, суна моттарехь, дийцаран маьIна ишта дан а тарло: ша леш волчу хенахь а шена тIаьхьаюьсу цIе ларьян еза стага, яха юьсург и йолу дела.

2) Дезийша адамаш вовшийн, тергоейша юххерачийн, ларлойша осалчу, кIеззигчу хIуманах.

3) Велла дIаваллалц маьIне хила деза стеган дахар, пайдехьа, догцIена вехаш, – тIаккха валар а хир ду сапаргIат.

УДК 4С (07)

# НОХЧИЙН МОТТ ХЬЕХАРЕХЬ МЕХАЛА НЕКЪАШ

© Р. МАГОМАДОВА

Вайна ма-хаъара, шо шаре мел долу а, хийцалуш йоьду зама. Иштта заманца цхьаьна хуьйцуш, тодеш, дӀадахьа дезаш ду дешаран хаарш карадерзоран некъаш а, хьелаш а. Уггар хьалха оцу белхан коьрта гӀирс – мотт, тиш ца болуьйтуш, къонбеш, чӀагӀбеш дӀахӀотто беза. ХӀунда аьлча и гӀирс вайн дахаран орам а, лард а, бух а бу, ткъа бух ледара болу гӀишло сиха Ӏанайоьду. ХӀора къоман а шен-шен бу и дахаран бух латтош болу гӀирс. Нохчийн мотт – иза вайн оьздангаллин, гӀиллакхийн, ламастийн бух бу. Цундела нохчийн мотт хьехар класса чохь урокехь а, классал арахьа бечу балхахь а дешархойн жигаралла совйоккхучу кепашца, Ӏаморан а, кхиоран а, кхеторан а Ӏалашонаш цхьанийсса вовшашца йозуш а йолуш, лаккхарчу тӀегӀан тӀехь дӀадахьа дезаш ду. Кхеторан Ӏалашонца беш болу болх алсам бан безаран бахьана а ду шатайпана. Вайна хууш ду, дешархой, къаьсттина юьхьанцарчу а, цхьаберш юккъерчу а классашкахь, нохчийн мотт Ӏамочу хенахь арахьара, дай-наношкара гӀо оьшуш хилар, дуккхахболчаьрга и гӀо далуш цахилар а, цуьнца доьзна, оцу матте шайн берийн безам кхолла ницкъ кхочуш цахилар а. Ткъа шена ца хуучу, ша ца кхетачу хӀумане адаман безам а ца кхоллало, безам боцчу хӀумане хьашт а ца кхоллало. Изза ду кхузахь дешархошца дерг а. Мел халахеташ делахь а, тахана хьехархошна юкъахь а хаало нохчийн матте берийн безам кхио таронаш кӀезиг юй, Интернет чохь оцу урокана хӀумма а ца карайой, бохуш къамелаш деш берш. Иза бакъ дац. Кхин хӀумма ца хилча а, оцу хьехархочун говзалла а тоьар ю, аьлла хета суна, оцу матте безам кхолла, нагахь санна беран «даг тӀе боьду некъ» каро хууш говзалла цуьнгахь елахь. Цул тӀаьхьа оцу беран хьашт а кхоллалур ду оцу уроке. И сецна бакъдерг суна а зеделла сайн 36 хьехаран шеран балха тӀехь. И вай лакхахь бийцина некъ лахаран Ӏалашонца аса цкъа хьалха дешархошка кхоллараллин белхаш бойту, сочиненеш, изложенеш язйойтуш. Оцу белхашкахь гучудолу царна хетарг, луург, хуург, дог-ойла, амал. Цул тӀаьхьа хьехархочунна атта хуьлу церан хаарш нисдеш,шардеш, дебош, тӀедузуш, матте безам кӀаргбеш, чӀагӀбеш шен Ӏалашоне кхача. Цул тӀаьхьа аса юкъаялайо урокийн лехамашца йогӀуш а, дешархойн жигаралла алссам йоккхуш а йолу кепаш. Масала: нохчийн мотт хьехарехь уггар а дешархошна езаш а, цундела мехала а лоруш ю ловзаран кеп. Оцу кепах пайдаоьцу аса а сайн таро йолчохь. Иза хила тарло кху кепара: нагахь санна урокан хьалхара дакъа цӀера болх талларна а, карладаккхарна а, кхечу белхашна а лерина ас дӀадаьхьнехь, 20–23 минот дӀаяьллачул тӀаьхьа, дешархой кхаа тобане а боькъий, царна тӀедахкарш до хан билгалйоккху. Цара и болх классан уьн тӀехь бо. Масала, цӀерметдош Ӏамош делахь, цхьана тобанна тӀедуьллу со, шашех,церан-шайн боху цӀерметдешнаш юкъа а далош, дайн оьздачу гӀиллакхех лаьцна предложенеш хӀиттор. ШолгӀачу тобанна тӀедуьллу «иштта», «мила», «массара а» боху цӀерметдешнаш юкъа а далош, оьздангаллех лаьцна предложенеш хӀиттор. КхоалгӀачу тобане «мила?», «цхьа а», «цхьаволчул» боху цӀерметдешнаш юкъа а далош, тешамах лаьцна предложенеш хӀиттор. Цул тӀаьхьа цхьана тобанерчу дешархочо дӀайоьшу шен предложенеш, ткъа дуьхьал ловзучу тобанаша цу юкъарчу цӀерметдешнийн тайпа, дожар, терахь къастадо. Иштта болх бо кхаа а тобано дуьхь-дуьхьал. Тергамхой хуьлу цигахь нохчийн меттан хьехархой хила лаам болу дешархой. Лахара хаарш гайтина тоба юкъара дӀа а йолий, шина тобано кхидӀа а болх дӀахьо классан уьн тӀехь цӀерметдешнаш легадеш. Нагахь ши а тоба хааршкахь цхьана бараме нисъеллехь, царна кхин а болх тӀетоха мегар ду. Иза хила тарлуш ду Даймахках, Ӏаламах, ненах лаьцна синквейн язъяр, шайна дагахь вайн дахарехь хиллачу коьртачу исторически хиламех предложенеш хӀиттор юкъахь цӀерметдешнаш долуш и.дӀ.кх. ТӀаьххьарчу, жамӀ даран декъехь, аса дешархошца болх бо церан хаарш тӀечӀагӀдеш, церан хьежамаш нийсачу «хорша а берзош». Нохчийн матте безам кхиорна боккха аьтто луш ю литературан урокехь аса, дуккха хьолахь, юкъаялош йолу кейсийн метод (некъ). Иза хуьлу кху кепара: Дешархой тобанашка а боькъий, экрана тӀехь царна говзаран чулацам а бовзуьйтий, хаттарш луш, чолхе, анпале (проблемни) хьал а хӀоттадой, цаьрга шайга ойла йойтуш, шайн сацамна тӀебохккуьйтуш, нийса ойла ян Ӏамош болх бо. Масална яло лаьа суна дукха хан йоццуш гӀаларчу нохчийн меттан цхьаьнакхетараллин куьйгалхошна лерина оха дӀаяьхьначу семинарера 11-чу классехь йина йиллина урок. Классал арахьара ешарна долу Бадуев СаьӀидан

«Баудди» дийцар дара урокан чулацамна хаьржинарг. Тобанашка бекъабеллера дешархой хьалхарчу урокехь дуьйна. Тобанийн цIераш яра: «Нийсо», «Собар», «Яхь», «Тешам». ЦIахь бан белла болх бара хIоранна а оцу дешнийн кIорггера маьIнаш даста а, дахарера масалш а далош, шайн жоьпаш тIечIагIдан а. Дешархоша и болх бинчул тIаьхьа, керлачу урокана леринчу дийцаран чулацам дешархоша яххьашкахь ловзош экрана тIехь бовзийтира. Цул тIаьхьа чулацам бийцаре бина, тIечIагIдарна делла хаттарш кар-кара оьцуш, тобанаша вовшашца къийсина ца Iаш, урокехь дакъалоцучу хьешаша а тIаьхь дуккха а къуьйсуш, дIадаьхьира. Кулсуман къизачу кхолламна бехке мила хилла: Кулсум, Баудди, цуьнан доттагIий Ахъяд, Далхьад я нохчийн Iадат? – бохучу хаттарна дукхахболчу дешархоша жоп делира: «Бауддис а, цуьнан доттагIаша а, Орца-кIотарара шаьш цIадогIуш, шайн зударий битина, шаьш синкъерамехь сакъийрина кхо йоI яло чIагIо яле хьалха мелла долу малар ду бехкениг». Оцо гайтира кейсийн некъаца урок дIаяхьаро дешархойн хьекъале операцеш мел меттахйоху а, жигаралла мел лакхайоккху а, нийсачу сацамна тIебахка мел таро ло а. Классал арахьара бечу балха тIехь а, дукха хьолахь, пайдаоьцу аса тобанашкахь болх баран кепах. Иштта хила тарло иза: юккъерчу классера дешархой шина тобане а боькъий, царна хан а лой, тайп-тайпана тIедахкарш до. Масала, цхьана тобанна тIедуьллу вайн махкахь кхуьучу диттийн цIераш язъяр, ткъа вукхунна-бецийн цIераш язъяр. Цул тIаьхьа уьш стенна пайде ю дуьйцуш предложенеш хIитто хан ло цхьатерра. Я хIокху тайпанара хила а тарло тIедиллар: киценаш кечде цхьана тобано маттах, ткъа вукхо - Даймахках лаьцна. Цул тIаьхьа – цхьана тобано далийначу киценийн маьIнаш даста дуьхьал ловзучу тобано. Иштта болх бо шен рогIехь вукху тобано а. Болх алсам а, нийса а бина тоба толамхо лору. Матте безам кхио алсам таро лучарех ю говзар яххьашкахь кхочушъеш ловзоран кеп. Бераша доггах бо и шайна а, хьехархочунна а пайде болу болх. Оцу балхо гIо до дешархошна муьлххачу а хьолан сурт хIотто а, дешнийн хIонс алсамъяккха а, къамел шардан а,ткъа хьехархочунна шен Iалашоне кхача а. Матте болу безам кIаргбаран Iалашонца, сайн дешархошца цхьаьна, аса сихсиха «Вайнах» радиона а кечдо и тайпа яххьашкахь ловзош долу туьйранаш а, дийцарш а. Матте безам кхиоран Iалашонна некъаш а, кепаш а дуккха а ю вайн, хьехархойн таронашкахь, нагахь оцу некъех а, кепех а пайда а оьцуш, вайна къахьега хаахь. Иштточу къинхьегамо беркатечу кханене а кхачор ду-кх вай, Дала мукъалахь!

УДК 4С (07)

# ДЕШАР IАМОРАН А, КХЕТОШ-КХИОРАН А БАЛХА ТIЕХЬ ЗЕДЕЛЛАРГ

© Р. МАГОМАДОВА

Дешархой кхетош-кхиоран Iалашонца дIахьуш долчу хьехарсахьтан коьрта а, мехала а дакъа ду «Керла коьчал йовзийтар». Муьлхха а керла коьчал Iамочу хенахь нисло халонаш, и тIечIагIъеш дуьйлу гIалаташ, цундела хIора а хьехархо декхарийлахь ву оцу коьчалх дешархой атта кхетар болу некъаш а, кепаш а лаха, тайп-тайпанчу гIирсех пайда а оьцуш, дешархойн оцу коьчале хьашт кхолла. Уггар хьалха, керла коьчал Iамочу хенахь, хьехархочо дешархойн коьрта тидам тIехьовзо беза хьалха Iамийначу а, керла Iамочу а коьчална юккъехь йолчу уьйрана, керланиг хьалхарчун бух тIехь хилийтархьама. ШозлагIа, хьехархочо шен тидам дешархойн орфографин, пунктуацин, къамел кхиоран бух дIахIотточу Iилманан хаттаршна тIехь латто беза, вуьшта аьлча, аьзнаш, элпаш, дешан хIоттам талларна, къамелан дакъош къесторна, предложенехь дешнийн уьйр нисъян хаарна. Керла коьчал йовзийтарехь, цуьнан бакъонаш караерзорехь эвсара кеп ю меттан бакъдерш вовшашна дуьхь-дуьхьал хIоттор, дустар, цундела муьлххачу а хьехархочо оцу кепах пайдаэца беза, аьлла хета суна. Меттан цхьанатайпанара а, цхьанатайпанара доцу а, тера а, вовшех дозуш долу а бакъдерш вовшашца дустаран кепо керла коьчал йовзийтарехь хилла ца Iаш, мотт хьехаран балха тIехь дика сурт хIоттадо, дешархошна кIорггера кхетам а луш, цундела и мехала а ю. Вайн хьелашкахь оцу кепах шуьйра пайдаэца таро ю нохчийн а, оьрсийн а мотт хьоьхучу хьехархойн, меттан бакъдерш вовшашна дуьхь-дуьхьал хIотторца, хIокху кепара: масала, 3-чу классехь дешархоша Iамийна бакъо «Подлежащи олу шех лаьцна дуьйцуш, мила? хIун? бохучу хаттаршна жоп лучу предложенин коьртачу меженах». Дукха хан ялале, 5-чу классехь, и тема Iамочу хенахь оцу подлежащин хаттарш кхин а тIекхета хьан? стен? хьанна? стенна? хьаьнга? стенга? бохуш.Хьалхарчу бакъонан хаттаршна тIетевжаш схьабогIучу дешархошна хало хIутту оцу хьолах, цундела, кхузахь хьехархочо ша керла коьчал йовзийта йолошшехь, меттан бакъдерш вовшашца дустаран кеп юкъа а ялош, боло беза и болх. Иза иштта хила тарло. ДIаязйо предложени: Муса цIехьа вирзира. Дешархошца цхьана билгалйоккху дар, хилар гойтуш йолу меже, сказуеми (хIун дира? – вирзира). Цул тIаьхьа дешархошна тIедуьллу и дар, хилар кхочушдеш йолу меже, подлежащи, билгалъяккхар (мила? – Муса). Оьрсийн матте гочъер вай и предложени: Муса возвратился домой. Билгалдоккху подлежащи (кто? – Муса). ХIокху шина а предложенехь меттан цхьанатайпана бакъдерш ду 1-чуй, 2-чуй предложенешкахь долчу подлежащийн хаттарш нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь цхьатерра хилар: цIерниг дожарехь (Муса-мила?), именительный падеж (кто? – Муса). Ялор вай масална шолгIа предложени: Муса помогает старшим.

(Помогает кто? – Муса). Гочъер вай иза: Мусас баккхийчарна гIо до. (ГIо до хьан? – Мусас). Кхузахь вай дуьхь-дуьхьал хIоттийча гучудели, оьрсийн маттахь Муса боху подлежащи нохчийн матте гочдича, Мусас аьлла дийриг дожаре долуш хилар а, нохчийн а, оьрсийн а меттанийн цхьанатайпанара йоцу башхалла а. Иштта толлу хIокху предложенешкара подлежащеш а: Мусана (хьанна?) шен Даймохк беза. Муса (кто?) любит свою Отчизну. Мусага (хьаьнга?) доттагIалла лелало. Муса (кто?) умеет дружить. Мусан (хьенан?) институте деша ваха ойла ю. Муса (кто?) мечтает поступить в институт. Иштта, оцу предложенешкара подлежащеш дуьхь-дуьхьал хIиттош теллинчул тIаьхьа, дешархошка шайга алалур ду и дар кхочушдеш йолу предложенин коьрта меже, подлежащи, оьрсийн маттахь цхьана дожарехь, ткъа нохчийн маттахь пхеа дожарехь лелаш хилар. Хьехархочо тIедузур ду, цуьнца доьзна, нохчийн маттахь подлежащи шина (2) тайпана хилар: 1) нийса (грамматически, цIерниг дожарехь); 2) маьIнин (логически, лач дожаршкахь). Цул тIаьхьа еша мегар ду подлежащин бакъо, дешархошка шайггара масалш а даладойтуш. Оцу кеппара, шаьш кхета а кхеташ, уьш шаьш тIебаьхкина бакъо дешархойн иэсехь гуттаренна а юьсу.

УДК 4С (07)

# ДЕШАР IАМОШ А, КХЕТОШ-КХИОРАН А МУЬРЕХЬ ЦIАХЬ БАН БОЛХ БАЛАР

© Р. МАГОМАДОВА

Дешархойн Iамийначух долу хаарш тIечIагI-деш-таллarexь йоккха меттиг дIалоцу цIахь бан беллачу балхо.ЦIахь бан луш болу болх хила тарло хьалхарчу я цул хьалхарчу хьехар-сахьташкахь Iамийнарг тIечIагIдеш, карладоккхуш, толлуш. Дукха хьолахь, цIахь бан луш болу болх-иза хьалхарчу урокехь Iамийначу коьчалан тIаьхье ю, цуьнах долу хаарш дешархошна мел карадирзина а, оцу хаарех пайдаэца дешархойн хIораннан а йолу таро муьлхачу барамехь ю а хааран Iалашонца луш.Цуьнан дIахIоттаман кеп а иштта ю: хьехархочо урокехь «некъ» гойту, ткъа дешархоша цIахь и некъ «герзбо». Билгалдаккха дезаш цхьа ши хIума ду кхузахь:

1) оцу новкъахь таса ца луш вуьсур вац дешархо, нагахь хьехархочо цIахь лучу белхан кеп урокехь гайтина яцахь.(Халахеташ делахь а, цхьаволчу хьехархочунна хан ца тоьа оцу балхана)

2) цхьаболчу хьехархоша дукха болх ло дешархошна цIахь бан.

Иза дан мегар дац, хIунда аьлча дешархошна цхьанатайпа хIума сиха кIордадо, церан тидам гIелло, хьекъал артло.

ЦIахь бан луш болу болх юкъарчу барамехь хила беза, коьртаниг – дукхалла йоцуш, дикалла йолуш, шегара лоьхуш долчунна оьшу жоп шеца а долуш.

Вайн Iаматаш тIехь долу цхьадолу шардарш вуно даккхий ду, амма уьш дерриге а кхочушдайта аьлла тIедожийна хIума дац цхьана а хьехархочунна.

Цхьа хIума дара, дешархой тобанашка а бекъна, оцу юкъара схьахоржуш я билгалдаьхначу дешнашна тIехь болх беш дIахьуш хилча-м, амма иза ала ца тарло цхьадолчу шардарех. Масала: «Хандешан йогIу хан» цIе йолу коьчал Iамош 6-чу классехь ду 30-гIа шардар, 12 предложенех болчу 12 могIанах льатташ, иштачу тIедилларца: ДIаязъе предложенеш.

Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло билгалдаьхначу хаттарша? (Ткъа уьш билгалдаьхна дан а дац).

ХIун гойту 6-чуй, 10-чуй предложенешкарчу хандешнаша?

Кхузахь йогIучу хенан хила мега кеп гойту хандешнаш ду 6-чуй, 10-чуй предложенешкахь дерш,ткъа йисинчу предложенешкахь дерш хинйолу а, йогIучу а хенан хандешнаш ду.

Суна хета и шардар 5-чу предложени тIера дIа чекхдаллалц кхочушдайта деза аьлла, ткъа йисинчу хенах, хьалха Iамийна хандешан хенаш карла а йохуш, пайдаэца беза аьлла.

ШолгIа масал ду 10-чу классехь предложенийн цхьанатайпанарчу меженашна, церан нийсаязъярна лерина, 20 могIанах льатташ долу 80-гIа шардар. Цу тIехь тIедиллар ду цхьанатайпанарчу предложенешна кIел сизаш а хьоккхуш, дIаязъе предложенеш. Билгалъяха яьржина цхьанатайпанара меженаш, аьлла.

Суна цхьана а хьехархочо и шардар дерриге а кхочушдайта деза аьлла ца хета дешархошка, хIунда аьлча и вай «лоьхуш дерг» шардаран хьалхарчу эхангахь долу дела. И тайпана масалш дуккха а ду дало.

Кхузахь дерг коьртачу декъана хьехархочун корматаллех а, говзаллех а доьзна ду.

ЦIахь бинчу балхах вай дуьйцуш хилча, суна хета, цхьа а цIахь бина болх, ларамаза а, тидамера баьлла, талла ца толлуш, биса ца беза аьлла, хIунда аьлча оцу цIахь бан беллачу балхо, иза хIоразза а толлуш а, мах хадош а хилча, дешархошна тIехь доккха жоьпалла а кхуллу, ткъа ша жоьпаллехь волчу хIуманна, дешархочо яьхье а волий, дешар тIехь баккхий кхиамаш а боху…

Дала аьтто бойла вайн цу тIехь!

УДК 4С (07)

# ЛИТЕРАТУРНИ МЕТТАН СТИЛАШ, ЦЕРАН БАШХАЛЛАШ (МАСАЛАН УРОК)

© Х. МОМУЕВА

Iалашо: 1. Маттах лаьцна Iамийнарг карладаккхарца дешархойн дегнаш чохь ненан матте бовха безам кхоллар а, ненан мотт хаа а, кIорггера Iамо а церан лаам лакхабаккхар. 2. Литературни меттан стилех юкъара кхетам балар. 3. Дешархойн дозуш долу къамел кхиорца уьш кхетошкхиоран болх дIабахьар.

Урокехь пайдаоьцу коьчал:

1. Интерактивни у.

2. Дешархойн гIирс.

3. Вайн къоман яздархойн Айдамиров Абузаран, Окуев Шимин, Абдулаев Лечин, Бексултанов Мусан, Ахмадов Мусан, ненан маттах лаьцна аларш а, церан говзарийн кийсакаш а.

4. Журналаш: «Нана», «Орга», «Вайнах».

5. Литературни меттан стилийн таблица.

Урок дIаяхьар

I. Кечамбар.

Хьехархочо хьалхе уьн тIе дIаяздо Абдулаев Лечин хIара дешнаш а:

«Нохчийн мотт, хьо, биц а бина, хаа безаш белахь, со цхьа а мотт ца хууш вуьсийла,

Нохчийчоь, хьо кIезга а, лоха а хетта кхочуш делахь, со дуьне дааза вуьсийла»,

урокан цIе а.

Хьехархочун дош:

Де дика хуьлда шун! Охьаховша!

Хьоме дешархой! ДIаяхана урок маттах лаьцна яра вайн. Вай дукха а, хаза а дийци ненан маттах а, цуьнан исбаьхьаллах а лаьцна. ХIара урок а вайна массарна а везаш а, вевзаш а волчу вайн къоман яздархочун Абдуллаев Лечин дешнашца дIайоло лаьа суна (дIадоьшу дешнаш).

Хьовсал, ма хаза, ма доггах аьлла дешнаш ду уьш. Цу дешнаша къеггина схьагойту-кх вайна яздархочун шен матте а, махке а болу цIена безам. Иштта хила а деза. Бийца шен мотт а, Iен-ваха Даймохк а бацахь, ваьхна а дац-кха дан хIума.

ХIинца аш цIахь бинчу балхе хьовсур ду вай.

II. ЦI/б талларца Iамийнарг карладаккхар.

а) 2 дешархоша дIайоьшу шаьш нохчийн маттах лаьцна язйина сочиненеш.

б) Царах дика язйинарг къастош, ерриг классо мах хадабо церан.

Хаттарш:

1. Дийцал, муха хийти шуна сочиненеш? Дика муьлхачо язйина? ХIунда?
2. Муьлха ненан маттах лаьцна цо аьллачех ду шун дагах кхеташ?
3. Шун дуй кхин тIетоха хIума?
4. Меттан маьIна муха дийр дара аш? Стенна оьшу, аьлла хета шуна, вайна ненан мотт? Стенан билгало ю и? Кхин муьлха билгалонаш ю вайн ненан меттан?
5. ЗаьIап бохучу дешан хIун маьIна дийр дара вай? Хьан эр дара аш, хьанахолу вай заьIапхо? Муха хуьлу уьш?
6. Мотт ца хуучух олий вай заьIапхо? Ткъа шен ненан мотт ца хуург мила ву, аьлла хета шуна?
7. Дерриге а дуьнен чохь бевзаш болчу оьрсийн Iилманчаша а, яздархоша а хестийна-кх вайн мотт. Цунах лаьцна хIун хаьа шуна?
8. Вайн къоман поэташа а, иллиалархоша а шайн байташкахь, иллешкахь хестабо вайн мотт. Хьенан ду, шун дагах кхеташ, ненан маттах цара аьлла довха дешнаш?

III. Урокан цIе йовзийтар

Хьехархочун дош.

Мотт, вайна ма-хаъара, адамийн дахарехь ца хилча йишйоцуш бу. Цо доккха гIо до къоман культура а, Iилма а кхиарехь. ХIора къоман а уггаре мехалчу а, коьртачу а билгалонех хьалхарниг бу цуьнан мотт.

11-чу классехь Iамочу нохчийн меттан программа, вайна хууш ду, 8-9 –чуй классашкахь Iамийнарг карладаккхарна лерина ю. Цундела, вайна хаа деза, литературни мотт стенах олу, йовза еза цуьнан стилаш а, церан башхаллаш а.

Шун хааршталлархьама ас шуна кечдина хаарш-зиэраш ду. Цу балхана 5 минот лур ю шуна, и шуна тоьар ю аьлла а хета суна, цул тIаьхьа вай цхьана, литературни маттах а, литературни меттан стилех а хьалха Iамийнарг карла а доккхуш, Iамийнарг тIечIагIдаран болх дIахьур бу.

Хьовса вай шун хааршка?!

(ХIора дешархочунна хьалха цхьацца кехат дуьллу, шайна тIехь хаттарш а, тIедахкарш а долуш)

Нохчийн меттан хаарш-зиэраш (тесташ)

1. Адамийн ойланех кхета гIо стен до вайна?

а) кхетамо

б) юкъаралло

в) матто

г) ойлано.

2. Муьлххачу а меттан бакъонаш а, норманаш а къастош йолу цуьнан уггаре а лакхара, коьрта форма муьлха ю?

а) меттан диалекташ

б) литературни мотт

в) барта къамел

г) барта кхоллаbooралла.

3. Литературни меттан къастош йолу стилаш маса тайпана ю?

а) 5; в) 6

б) 2; г) 4

4. Литературни меттан стилашна далийначу масалийн тайпанаш билгалдаха:

а) Оьздангалла – иза кхечу садолчу хIуманийн хила йишйоцуш, синкхетамечу адамийн вовшашца а, гонахарчу Iаламца а йолчу юкъаметтигашкахь хила догIу дозанаш а, барамаш а, кепаш а ю.

______________________

(тайпанан цIе)

б) Чекхдевлира бIаьстенан юьхьан хьалхара йочане денош. Ламанхошка охане кхойкхуш, дечу гIуллакхна уьш каде хилийтархьама, церан дегнаш ир-кара хIиттош, жоьлашкара жа аралоьхкуш, ламанийн басешкахь зезагаш техкош, хьежа белира йоькхане даьхкинчу денойн къегина малх.

______________________

(тайпанан цIе)

в) Соьлжа – гIалин

администрацин куьйгалхочуьнга

(цIе, фамили)

Старопромысловски кIоштан

вахархочуьнгара

Идрисов Русланера

Дехаран кехат

Доьху хьоьга, тIеман хенахь, 1999 шарахь, йохийна сайн хIусамаш юхаерзорехь гIо лацар.

2010-чу шеран

июнь беттан 24-гIа де. __________

куьг

______________________

(тайпанан цIе)

г) Книгаш еша цалаар. Бадуевна тIера Бексултановна тIе кхаччалц, вуно дика яздархой бу вайнехан. Хаза мотт, чулацам, исбаьхьалла, дешан говзалла, философин кIорге, оьзда гIиллакхаш, адам, Iалам… дерриг а ду церан кхолларалехь. Амма книгаш кIеззигчу наха бен ца йоьшу церан. Нохчийн маттахь язйина ю уьш.

Нохчашна нохчийн маттахь еша цахаар я цалаар яздархойн бехк бац - и нохчийн дакъазалла ю.

______________________

(тайпанан цIе)

Дешархоша кехаташ тIехь болх бечу заманчохь гIийла хезаш ду нохчийн дечиг-пондаран аз.

Дешархойн белхаш схьа а лахьош, хьехархочо кхи дIа хьо урок:

ХIинца аш бинчу белхан жамI дар а, шун хаарш таллар а вайн хьешашна тIедуьллур ду вай. Ткъа вай кхи дIа а вешан болх бийр бу.

Хьехархочо схьайоьллу уьн тIе хьалхxе дIаоьллина йолу литературни меттан стилийн таблица:

Нохчийн мотт, шен хIоттаме диллича цхьанатайпанара бац. Литературни мотт а, къоман диалекташ а цхьаъ лара йиш яц, хIунда аьлча диалекташца буьйцу мотт, цхьа а бакъо а, норма а ца ларъеш, шаьш Iачу меттигашка оьзна буьйцуш берг бу, ткъа литературни мотт – иза муьлххачу а меттан бакъонаш а, норманаш а къастош йолу цуьнан уггаре лакхара форма ю.

Литературни мотт а, вайна ма-хаъара, цхьанатайпанара бац.

Юкъараллин дахаран тайп-тайпанчу агIонашкахь буьйцучу литературни меттан тайпанех литературни меттан стилаш олу, ткъа уьш Iамочу Iилманан декъах стилистика олу.

Литературни меттан къастош йолу коьрта стилаш ю барта къамелан а, книжни меттана стилаш. Книжни меттан стилашна юкъайоьлху литературни меттан Iилманан а, гIуллакхан а, публицистически а стилаш.

Исбаьхьаллин стило шатайпа меттиг дIалоцу адамийн дахарехь. Иза синкхачаман стиль ю ала мегар ду, хIунда аьлча дешнаш нийса харжа хааре терра, дог-ойла а, синхаам а дика къасторе хьаьжжина, хIуманан сурт хIотторе а, къеггина, бакъ васт гайтаре а хьаьжжина, дешархочун даг тIе кхочуш хуьлу исбаьхьаллин говзарийн дешнаш.

Хьехархо: (ХIора стилан масаллица хьехархочо йовзуьйту литературни меттан стилаш а, церан башхаллаш а).

Де дика хуьлда хьан, Ваша!

Дукха ехийла! Ой, хьо яц хIара, Зараъ?!

ХIара ма тамашийна хIума ду?

Зураъ-м яц хьоьца?

ХIан-хIа. Нанин ян йиш ца хилира.

Шуьга массаьрга а маршалла ло бохура.

Делера маршалла хуьлда цунна а, и схьадеанчу хьуна а!

ХIун ду тIаккха юьртахь? Баккхийнаш могаш буй? Эдилсолтин могашалла муха ю? Чу-ара волий хIара?

Дика Iаш ву дада а.

ЭхI, Далла бу хастам. И дара-кх коьртаниг. Могашалла ю дерригенал оьшург.

Мегар ду делахь, хьада хьайн доттагI йолчу гIо. Хьо ара ца йолуш, холчахь хир ю и.

Делахь, со арайолу. ХIун деш ю хьажа со Элина?

Мегар ду. Хаза самукъадаккха шайн.

Интерактивни уьн тIехь схьагойту лакхара текст. Дешархойн лаамца я хьехархочун харжамца дIайоьшуьйту, цул тIаьхьа билгалйоккхуьйту цуьнан стиль….

Нийса боху. ХIунда аьлча хIара текст хIора дийнахь вай барта дечу къамелехь лелочу дахаран хьолан дешнех латтташ йолу дела.

Ткъа цунах къамелан стиль олу.

*Муьлхха а цивилизованни къам,*

*пачхьалкх беа бIогIам тIехь латттадешарна,*

*могашаллина, культурана, экономикана.*

*Царах коьртаниг – дешар, Iилма ду.*

*Айдамиров Абузар, "Вайн амалш"*

*Хьехархо: - Хьан олу аш, хIара муьлха стиль ю?*

*Стенах латтта Iилманан стиль?...*

Нийса боху. Iилманан стиль шакъаьстинчу маьIнашца Iилманан маттахь лелочу дешнех а, терминех а, церан форманех а олу.

Дийцал, хIокху текст юкъахь муьлха дешнаш ду шакъаьстинчу маьIнашца Iилманан маттахь лелориш?

Вайна биснарг мотт бен бац, иза вай, хIора доьзалехь Iама а беш, оьздачу йоIа шен сий санна, лар ца бахь, вайн гIуллакх дIа а даьлла-кх кху латтара, «нохчийн къам» боху юкъаралла дуьнен чохь кхин хир а йоцуш.

Къам а, маршо а, пачхьалкх а – мотт бу-кх вайна тахана, и мотт ларбар, Iамор, бийцар – гIазот а долуш.

Сан тIаьххьара гIазот иза а ду-кх – лечу сохьтехь, багахь нохчийн мотт а болуш, валар.

Дала лойла-кх вайна иза массарна а, – мотт ца хилча, къам доцийла хууш болу кхетам!

Бексултанов Муса,

«Орга» – 2008 (4)

Хьехархо: ХIара муьлха стиль ю?

Муха хиира шуна иза?

Кхин мичахь лелайо публицистически стиль?...

Нийса боху. Газеташ, журналаш тIехь, радио, телевизор чухула, адамаш гулделлачохь юкъараллин – политически гIуллакхех лаьцна дуьйцуш.

Вай доцца аьлча, юкъараллин – политически дешнийн маттах а, цуьнан форманех а олуш дукх публицистически стиль.

Вайн къомана чIогIа мехала гIуллакх хилла дIахIоьттина хIума ду ас хIокху стилана далийнарг. Иза нохчийн халкъан Президента Р. Кадыровс апрель беттан 25-гIа де Нохчийн меттан де дIакхайкхорца 2007 шеран май беттан 11-чу дийнахь арадаьккхина указ ду.

ХIара айса деша лаьа суна:

Нохчийн меттан Де дIакхайкхоран хьокъехь
Нохчийн Республикин Президентан

Указ

11.05.2007 ш. Соьлжа-гIала № 207

Нохчийн мотт Iалашбаран, кхидIа шарбаран,
кхиоран, нохчийн культура кхиорехь,
къоман башхалла ларъярехь цо лело маьIна
лакхадаккхаран Iалашонца:
«Нохчийн Республикехь меттанийн хьокъехь»
долчу Нохчийн Республикин законна куьг
яздина апрелан 25-гIа де Нохчийн меттан де
дIакхайкхо.
«Нохчийн меттан де дIакхайкхорехь долу
2005-чу шеран 15-чу апрелехьлера № 90 йолу
Нохчийн Республикин Президентан указ
дIадаккха.
ХIара указ бакъонан ницкъ болуш ду
зорбатоьхначу дийнахь дуьйна.

Нохчийн Республикин Президент Р.А. Кадыров

ХIара муьлхачу стилехь ду?... Нийса боху. ХIара гIуллакхан стиль ю. Иза цхьацца гIуллакхан къамелехь: сацамашкахь, протоколашкахь, заявленешкахь буьйцучу маттах латтта. Ткъа хIара указ пачхьалкхан лаккхарчу куьйгалхочун хиларна официально-гIуллакхан стилехь ду ала мегар ду вай.

Вай хьалха ма-аллара, шен мехалла йийцина ца валлал дика гIуллакх ду хIара указ вайн президента арадаккхар. Нохчийн мотт а, оьрсийн мотт санна, пачхьалкхан мотт бу аьлла дIакхайкхийна хилча, Iедалан гIуллакхлелор а вайн маттахь хила

деза, аьлла хета суна. Цхьа а мотт бац шена чохь тIеэцна дешнаш доцуш. Вайн маттахь ца карориг оьрсийн маттахь а дуьтуш, дIаяздича а, хIумма а вон ца нисло муьлхха а гIуллакхлелоран кехат.

ДагадогIий шуна, мел дика нисделира вайн заявлени а, автобиографи а. Иштта муьлхха а кехат а нислур ду, вай карадерзийчахьана. Кхузахь кицанна дало лаьа суна хIара дешнаш: олуш ду-кх, вота мел йоккха елахь а, цуьнан тата хезар дац, нагахь иза тухуш стаг вацахь. Iилма мел кIорга делахь а, адамашна хуур дац и, иза дуьйцуш стаг вацахь.

Иштта ду, аьлла хета-кх суна, вайн маттаца дерг а. Нагахь вай цуьнан сий ца дахь, массо а агIор цунна тIе тидам ца бахийтахь, Бексултанов Мусас ма-аллара, вайн гIуллакх ледара ду-кх. Къам ду ала йиш хир яц-кх вайн. Цуьнан кIорггера ойла ян еза, аьлла хета-кх суна, нохчочун дог шен кийрахь долчо муьлххачо а.

– ХIинца йисинарг тIаьххьара стиль ю вайн. И муьлха ю? … Нийса боху. Хьовсал цу стилана далийначу масале.

*ТIелестара ламанан хаза бIаьсте. Денош дахделлера. Денна бохлуш богура, бIаьстенан де долош, схьакхеттачу дашочу маьлхан кхерч. Дерриг Iалам дендина, дуьне хьоьстуш хьоьжучу цуьнан зIаьнарша тIемадаьхна, шайн бес-бесарчу шакарийн йоккха гIар гIаттийна хьийзара олхазарш. Ламанан басешкара самукъане екарца, шайн хаза эшарш лоьккхуш, тIулгаш тIехула кхийсалуш Iенара дешна доьдучу лайн Iовраш. Лайх мукъаевллачу лаьмнийн маьлхан басешца къорза куз тесча санна хаалора бIаьстенан хьалхехь хуьлуш долу кIайн а, можа а, цIен а зезагаш.*

*Ш. Окуев, «Лайн тIехь цIен зезагаш»*

Муха хуьлу исбаьхьаллин литературин стилан дешнаш?

Ламанца гучуйолучу бIаьстенан сурт муха гайтина яздархочо?

ХIара адамийн синкхачаман стиль ю ала мегар дуй?

Дешнаш тIехь болх:

ЗаьIапхо – инвалид

Хаарш – зиэраш – тесташ

Заявлени – 1. дIахьиэдар

2. дехаран кехат

Синкхача – духовная пища

Кхерч, хIусам – очаг

Iовраш – горный поток

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

ХIинца вай Iамийнарг тIечIагIдеш шуна тIедилларш хир ду.

4–5 тобане дIаса а декъалой, шайна луъучу стилана масал даладе, царах цхьадерш шайн йозанан белхийн тептарш тIе дIаязде. Нохчийн меттан газетех, журналех пайдаэца мегар ду.

(Дешархоша шайн масалш довзуьйту, царах цхьадерш, (масала: заявлени я автобиографи) йозанан белхан тептарш тIе дIаяздо. Иштта тептарш тIе дIаязбо урокехь дешнаш тIехь бина болх а).

V. Урокан жамI дар.

1. Стенах олу вай литературни мотт?

2. Литературни меттан муьлха стилаш евзи вайна? ХIун башхаллаш ю церан?

3. Царах муьлхачунна тIе бахийта беза вай коьрта тидам? ХIунда?

4. Маца пайдаоьцу вай гIуллакхан стилах?

VI. Хааринйн мах хадор.

Вайн хьешашка дIабелла шун хаарш зиэран белхаш бара, церан мах муха хадийна хьовса вай?

(Иштта билгалбоху урок дIаяхьарехь жигара дакъалаьцна дешархой а, шайн хаарш алсамдаха деза дешархой а).

ЦI/б. Литературни меттан стилаш карлаяха, хIора стилана цхьацца масал даладе.

## ХРОНИКА

# «НОХЧИЙН МОТТ ХЬЕХАРАН МЕХАЛА ГІУЛЛАКХАШ: ЗЕДЕЛЛАРГ А, КХАНЕНАН ОЙЛАЯР А» ЦІЕ ЙОЛЧУ ІИЛМАНАН-ПРАКТИЧЕСКИ КОНФЕРЕНЦИН

## РЕЗОЛЮЦИ

Нохчийн меттан Денна лерина Соьлжа-гІалахь 2014-чу шеран 22-чу апрелехь дІаяьхьна «Нохчийн мотт хьехаран мехала гІуллакхаш: зеделларг а, кханенан ойлаяр а» цІе йолу республикански Іилманан-практически конференци. Конференци вовшахтоьхнера Нохчийн Республикин дешаран а, Іилманан а министерствас, Нохчийн пачхьалкхан хьехархойн институто, Нохчийн Республикин дешар кхиоран институто, Нохчийн дешаран белхахойн говзалла лакхаяккхаран институто. Іилманан-практически конференцин коьрта Іалашонаш яра:

- нохчийн мотт а, литература а школехь хьехаран ламасталлин а, инновационни а дешаран технологиш;
- нохчийнмотт а, литература а школехь хьехаран хьелаш а, перспектива а.
- нохчийн мотт Іалашбарехь а, Іаморехь а, кхиорехь а йолу проблемаш.

Конференцехь вовшахтоьхнера хьехархошна лерина мастер-классаш а, нохчийн маттахь йолчу дешаран-методическин, Іилманан, исбаьхьаллин литературин гайтам.

Конференцехь дакъалецира Нохчийн Республикин дешаран а, Іилманан а министерстван белхахоша, Іедалан белхалоша, вузийн, школийн хьехархоша, Дешар кхиоран институтан а, Нохчийн дешаран белхахойн говзалла лакхаяккхаран институтан а белхахоша.

Конференцин декъашхоша билгалдаьккхира нохчийн мотт Іалашбарехь, кхиорехь республикин куьйгалло боккха тидамбеш хилар бахьана долуш, дика кхиамаш хилар:

Нохчийн Республикин дешаран а, Іилманан а министерствас юкъарчу а, юккъерчу а, лаккхарчу а дешаран учрежденешкахь нохчийн мотт хьехар тодаран алссам тидамбеш хилар;

- Нохчийн Республикин Іилманан академино нохчийн меттан академически грамматикин хьалхара том арахецар;
- Дешар кхиоран институто нохчийн мотт, литература хьехар дешаран учрежденешкахь тодарналерина керла учебникаш, методически пособеш кечъеш хилар;
- Дешаран белхахойн говзалла лакхаяккхаран институто нохчийн меттан хьехархойн говзалла лакхаяккхаран болх дІахьош хилар;
- Нохчийн Республикин Іилманан академино пачхьалкхан меттанаш, республикеракхечу къаьмнийн меттанаш лардаран, Іаморан, кхиоран программин проект хІоттош хилар.

Нохчийн мотт Іалашбарехь, кхиорехь, хьехарехь баьхначу кхиамашца цхьаьна конференцин декъашхоша, тІаьхьа ца тоьттуш, хІара декхарш кхочушдан дезаш хилар билгалдоккху:

1. Нохчийн меттан графикин а, орфографин проблемаш цхьалхаяхар.
2. Нохчийн мотт Іилманан бух тІехь таллар алсамдаккха а, нохчийн меттан Іилманчаш кечбарна тІе шуьйра тидам бахийта а безаш хилар.
3. Нохчийн мотт, къоман истори таллар Іалашо йолуш, Тбилиси а, Ереване а студенташ, аспиранташ хьовсабар.
4. Нохчийн мотт а, литература а хьехарна лерина хан юкъарадешаран а, лакхарчу дешаран учрежденешкахь алсамъяккхараннекъаш лахар.
5. Школашкахь нохчийн мотт а, литература а хьехар керлачу технологех пайда а оьцуш, лаккхарчу тІегІане даккхар.
6. Нохчийн мотт Іамо луушболчу Нохчийн Республикин кхечу къаьмнийн бахархошна нохчийн мотт Іамо хьелаш кхоллар.
7. Нохчийн мотт Іаморан а, кхетош-кхиоран а юкъара гІуллакхаш берийн бошмашкара дуьйна дІадоло дезаш хилар.
8. Керлачу стандарташца йогІуш йолу дешаран-методически литература кечъяран а, арахецаран а гІуллакх жигарадаккхар.
9. Конференцин декъашхоша билгалдоккху нохчийн маттахьйолу учебникаш Нохчийн Республикехь бен Іилманан а, чулацаман а агІонгахьара кхачам боллуш арахецалург цахилар, цундела нохчийн-

меттан а, литературин а юкъарадешаран школашна лерина учебникаш вайн республикехь арахеца таронаш лахар.

Резолюци тIеэцна конференцин пленарни кхеташонехь.

Пачхьалкхан органашкахь а, дешаран а, культуран а учрежденешкахь а, хаамийн гIирсашкахь а нохчийн маттах пайдаэцар.

Меттанийн хьокъехь долчу законо Россин чудогIу массо а къаьмнийн меттанаш – пачхьалкхан юкъара хазна а лору, уьш лардар Iедална тIе а дуьллу. Цул совнаха, Россин массо а къаьмнийн меттанаш цхьатерра бакъонаш йолуш хилар чIагI а до.

Дуьненаюкъара ЮНЕСКО цIе йолчу организацино меттан хьал гойтуш йолу 9 билгало къастайо. Уьш ю:

1. Мотт цхьана чкъуро вукху чкъуре дIакхачор. Мотт дайша шайн тIаьхьенашка дIакхачош бу я бац бохург – меттан гуьнахь хилар къастош йолчу коьртачу билгалонех ду.
2. Мотт буьйцучеран барам. Кегийчу къаьмнашна даккхийчу къаьмнел, цхьацца бахьнашна (эпидеми, Iаламан катаклизмаш, тIом), дуьненчуьра дIадовларна кхерам алсам болуш ду. Цул совнаха, даккхийчу, шайн кхиарехь лакхарчу тIегIанехь долчу, къаьмнаша ассимиляци ярна кхерам а бу царна.
3. Дийнна къоман юккъехь шайн мотт хуучийн барам. Ненан мотт хуучийн барам сов мел хуьлу – къам дарна болу кхерам кIазгло, цуьнан барам лахара мел хуьлу – совболу.
4. Маттах пайдаэцаран хьелаш хийцадалар. Ненан маттахь хьан, хьаьнца, стенах лаьцна дуьйцу, хIун хийцамаш бу цу декъехь? – боху хаттарш меттан хьал билгалдечех ду.
5. Мотт леларан керла сфераш, хаамийн гIирсаш. Цхьацца долчу кегийчу къаьмнийн шайн меттанаш леларан сфера хаддаза шоръеш дIаяхьан аьтто хуьлу. Амма, дукхахдолчийн и дан ницкъ ца кхочу. Цундела церан меттанаш де-дийне мел долу оьшуш, гIеллуш дIадоьлху. Мотт меттахь латторехь ондда дакъа лоцу тайп-тайпанчу хаамийн гIирсаша а. Уьш ненан маттахь дукха мел хуьлу – меттан таронаш совйолу.
6. Дешаран материалаш а, мотт хааран тIегIа а. Ненан маттахь йоза – дешар Iамор – меттан гIора латтош долу хIума ду. Кхузахь хьашт ю: книгаш, тайп - тайпана (берийн хенаца йоьзна а, церан мотт хааран тIегIане хьаьжна а) йолу дешаран материалаш. Уьш оьшшучу барамехь а, дикаллица а ца хиларо боккха эшам бо маттана.
7. Iедалан меттан хьокъехь йолу официальни позици а, политика а. Пачхьалкхан меттан хьокъехь йолу политика кегий къаьмнийн меттанаш лардарна ян царна ассимиляции ярна тIехьажийна хуьлу. Меттанийн кхоллам, коьртачу декъехь, кегийчу къаьмнийн хьокъехь пачхьалкхо дIакхоьхьучу политикех боьзна хуьлу.
8. Нехан шайн маттаца йолу юкъаметтиг. Дукхахболчу наха шайн ненан маттаца йолу юкъаметтиг вуно лерина лелайо. Цара цуьнан сий а до, иза кхион а, совбаккха а гIерташ къа а хьоьгу. Амма, шайн маттаца долу хIума дайн-дорах хеташ а, цунах къехкаш а, и бийца ца лууш берш а хуьлу. И тIаьххьарнаш совбовлар – маттана вуно кхераме ду.
9. Меттан документированность. Документаци а, тайп-тайпана, меттан хьокъехь йолу, публикациш а дукха мел хуьлу, меттан стандартизаци сов йолу. Ткъа цуо, шен рогIехь, гIо до маттана таханлерачу лехамашна жоп далан.

Оцу билгалонашца дуьстича – таханлерачу нохчийн меттан хьал дика ду алан йиш яц. Нагахь санна хьалхара кхоъ пункт нохчийн маттана мелла а дегайовхо юьтуш елахь (мотт цхьана чкъурера вукха чкъуре дIакхачор а, шайн мотт хуучийн а, буьйцучийн а барам), кхин дIа йолчу пункташа и дегайовхо шеконе юьллу.

Ненан маттах пайда эцар вайн махкахь мелла а сов даьллехь а, пачхьалкхан меттан тIегIан тIе кхача гена бу иза хIинца а. Тахана а цхьацца йолчу дахаран дакъошкахь нохчийн метан лелар кхачаме дац. Коьртачу декъехь, доьзалехь бийца бисина иза. Доьзалехь бийцар а жим-жимма лахлуш догIу. ГIали юккъехула волавелла ахьа ладоьгIча, кегийрхошна юккъехь наггахь бен стаг ца хаало нохчийн мотт буьйцуш, къаьсттина зудберашна юккъехь. Керлачу технологийн, интернетан мотт-м хIунда буьйцура, ур-атталла, терахьдешнаш а, кIиранан денойн цIераш а нохчийн маттахь олуш наггахь бен стаг вац, дийнатийн, олхазарийн, бецийн, дегIан меженийн, беснийн цIераш йицйина дIайолуш лаьтта. Уьш оьрсийн маттахь яха буьйлабелла тахана вайн баккхийнарш а.

Нохчийн Республикин меттанийн хьокъехь долчу законо пачхьалкхан гӀуллакх республикехь лелор нохчийн, оьрсийн меттанашна тӀехь хилар билгалдоккху. Амма нохчийн маттахь и болх, цкъачунна, банне а беш бац ала мегар ду. Цунна бехке вай ваьш ду. Дукхахболчу пачхьалкхан белхалошна нохчийн маттахь деша а, яздан а ца хаьа. Нохчийн мотт хаар – йозанан мотт а ца хууш хуьлийла дац. Оцу дерригено, куьзганчохь санна, схьагойту вай вешан маттаца йолу къаметтиг. Нехан а хӀун бехк бу, нагахь санна цхьаболчу нохчийн меттан хьехархошна а кхоччуш меттан бакъонаш евзаш ца хилча.

Нохчийн мотт пачхьалкхан органашкахь а, учрежденешкахь а лелар мелла а сов даьлла. Мотт лелар аьлча а, Ӏедалан белхалоша вовшашца йолчу уьйрашкахь нохчийн маттах пайдаэцар. Иза цӀеххьана церан патриотизм а, къоман кхетам а лакхабаларца я меттанийн хьокъехь долчу законна уьш муьтӀахь хиларца доьзна дац. Коьртачу декъехь иза республикин куьйгалхо ша нохчийн мотт буьйцуш а, кхечара и бийца лууш а хиларна ду.

Хаамийн гӀирсашкахь нохчийн мотт лелар а кхачаме дац, хьалха хиллачуьнца дуьстича мелла а совдаьллехь а. Иштта, 7 республикански газетех – цхьаъ бен («Даймохк») цӀенна нохчийн маттахь арадолуш дац, ткъа 4 журналах – шиъ («Орга», «СтелаӀад»). Ах сов оьрсийн маттахь хуьлу «Ан-Нур» газет. Юкъ-кара оьрсийн маттахь материалаш йоцуш ца хуьлу «Исламан зӀаьнарш» а. «Хьехархо» цӀе йолчу газетехь цхьаъ-шиъ хилахь, кхин нохчийн маттахь публикаци ца хуьлу.

Халахеташ делахь а, нохчийн маттахь яздинарг а доьшуш наггахь бен стаг вац, Ӏедалан белхалошна юккъехь а тӀехь.

Телевиденехь нохчийн маттахь беш болу болх, дийнна схьаэцча, шозза кӀезга бу оьрсийн маттахь бечул а. Масала, «Вайнах» телеканалехь нохчийн маттахь эфирехь арайолучу программийн барам 30% бен бац. Кхин сов яц нохчийн маттахь йолу эфир «Даймохк» цӀе йолчу телеканалехь а. «Грозный» каналехь нохчийн маттахь беш болу болх тӀаьхьарчу хенахь совбаьккхина, амма цигахь а иза 50% кхочуш бац. Иштта, дийнахьбусий гойтучу 4 хаамийн выпускех – цхьаъ бен нохчий маттахь яц церан, иза а – дийнахь (нах кӀезга хьожучу хенахь).

Иззи хьал ду радиохь а. «Грозный» радиоканалан болх коьртачу декъехь кегийрхошна лерина а, оьрсийн маттахь а бу. Оцу каналера цхьаболчу дикторша нохчийн мотт кхечу къомах болчу наха санна, талхош, цхьа шатайпана акцентаца буьйцу. Иза вайна юьхькӀам болуш хӀума дац. Дуккхо а сбалансированни а, гӀоле а бо шайн болх «Вайнах» радион журналисташа. Къаьсттина дика хуьлу церан просветительски а, кхетош-кхиоран а тематикехь йолу передачаш.

Кхечу регионашка хьаьжча, хаамийн гӀирсаш кӀезга бу вайн махкахь. Масала, Дагестанехь 14 маттахь арайолуш 485 зорбанан а, электронни а издани ю. Царех 100 – «йозуш йоцу» олурш. 7 литературно-исбаьхьаллин а, 6 берийн а, 7 зударийн а журнал. 49 гӀалийн а, районийн а газета.

Школашкахь а, юккъерачу а, лакхара а кормааллин учрежденешкахь а нохчийн мотт Ӏаморан хьал а дац дика. Российски Федерацин дешаран хьокъехь долчу керлачу законаца дешаран программашна юккъера национально-региональни компонент дӀаяьккхина. Цуо республикашкахь дехачу къаьмнашна боккха эшам бина. Иштта, керлачу законаца вайн республикан дешаран программашна юккъехь хӀинца «Нохчийн Республикан истори» а, «Нохчийн республикан географи» а яц, 5–11-чу классашкахь кӀирнахь этикин лерина хилла 1 сахьт керлачу «Динийн истори» предметаца декъна, хьалхарчу классашкахь нохчийн меттан кӀирнахь хиллачу 3 сохьтехь 1 сахьт дӀадаьккхина, (цул хьалха 2 сахьт дӀадаьккхинера), 9 классашкахь нохчийн метан 2 сохьтах 1 сахьт дӀадаьккхина, 10–11-чу классашкахь нохчийн литературан леринчу 2 сохьтах цхьа сахьт кӀеззигдина.

Юккъерачу корматаллин учрежденешкахь нохчийн мотт а, литература Ӏамор коьрта долчун тӀехь формальни ду (лерина нохчийн мотт а, литература а хьехан специалисташ кечбеш доцчу дакъошкахь). Хьехар дика муха хир ду, нагахь санна хьоьхуш берш дукхахьолехь цу балхана кечбина а ца хилча, кечбина хилча а, церан шайн учрежденешкахь мотт а, литература а дӀахьехан хӀоттийна лартӀехь программа, балхана кечамбан оьшуш йолу дешаран а, методически а, гӀоьналлин а литература а ца хилча? Оцу массо а хӀуманца хьехархойн кхачам бина хилча а, дешархошкахь цхьа а студенташна лерина йолу нохчийн меттан а, литературин а учебник а, дешаран пособи а, ураталла хрестомати а ца хилча.

Корматаллин дешаран заведенишкахь студенташа нохчийн мотт хьоьхуш пайдаоьцуш ерш 1-чу классан «Абаташ» а, 2–4 классашна йолу «Дешаран книжкаш» а, прописан тетрадаш а, 5–11 классашкара дешархошна лерина йолу нохчийн меттан а, литературин а учебникаш ю. Юьхьанцарчу классийн дешархошна лерина йолчу учебникашца студенташна хӀун Ӏамор ду?

Мелла а гӀоле ду нохчийн мотт а, литература а хьехар лакхарчу корматаллин учрежденеш-

кахь. Амма дешаран а, методически а литература кхузахь а тоьаш яш, цул совнаха, сахьташ жимжимма лахдеш схьадогIуш ду. Иштта, нохчийн мотт, литература хьехар нефтан институтехь 108 сахьт тIера (2001 шо) 72 сахьт (2013 шо) тIе охьадалийна. Хьехархойн институтехь 2013–2014 дешаран шо тIекхаччалц нохчийн мотт шина семестрехь хьоьхуш хиллехь, хIинца цхьана семестрехь бен хьоьхуш бац.

Лахлуш ду нохчийн мотт Iамор Нохчийн пачхьалкхан университетехь а. Нохчийн а, юкъара а филологин институт кхоьллича нохчийн мотт Iамор совдалан дезачохь, мелхо а эшна. Хьалха университетехь хиллачу нохчийн меттан кхаа кафедрех цхьаъ йина. Цул совнаха, советан Iедал долуш нохчийн маттана а, литературина а хIора шарахь луш хиллачу 75 бюджетни меттигах хIинца 10 бен ца йисна.

Теша хала делахь а, 2 миллион герга долчу нохчийн къоман мотт, вайн республикехь пачхьалкхан мотт болу, «Дерриге а дуьненчуьра довш лаьттачу меттанийн атлас» юккъе бахийтина. Иза, вайна хаахь, самадовла, шайн мотт ларбе, аьлла, вайга даьккхина орца ду.

Цхьацца долу а, доцу а бахьнашна, дерриге а дуьненна гIоле карийна долу шен ненан маттахь берашна хьехар, вайн республикехь юкъадаьккхина дац хIинца а. Шайна кхеташ болчу ненан маттахь хьоьхуш дац школехь, ур-атталла юьхьанцарчу классашкахь а. Цуо ондда новкъарло йо бераш кхетош-кхиорна. Школера дешнаволучу дешархочо нохчийн маттана экзамен ялан а ца деза. Нохчийн матто нохчийн къоман дахарехь дIалоцуш йолу меттиг яьлла цIе санна гатлуш лаьтта.

Цхьана дашца аьлча, оьшуш боцчу болуш лаьтта нохчий мотт. Шен коьрта декхарш кхечу маттехула кхочушдеш болу мотт – дIа ца балан йиш яц. Дуьненаюкъарчу «Довш лаьттачу меттанийн организацино» биначу талламашца карарчу бIешарехь дуьнентIехь мел долчу меттанех 90% дIадала тарлуш ду.

Иштта бахам бу-кх Рамзане шел хьалха хиллачу республикан куьйгалхошкара кхаьчнарг.

Тахана дуьненчохь яьржинчу информационни технологишца атта дац кегийчу меттанашна хене довла. Шен кхане хилан лууш болу мотт дахаран массо а декъехь кхачам боллуш лелаш хила беза: йоза-дешарехь, хаамийн гIирсашкахь (интернет а тIехь), культурехь, Iилманехь, пачхьалкхан гIуллакх дарехь. Шен ненан маттах вешаш а, цунах дозалла деш а хила веза хIора и буьйцуш волу стаг. Вешан мотт къен а, гуьнахьдоцуш а хетарна кхаьчна вайн матте хIинца йолу дакъазалла.

6 шо ду меттанийн хьокъехь долу закон Нохчийн Республикин Президента Кадыров Рамзанас куьг а яздина тIеэцна, амма хIинца а нохчийн мотт Iалашбаран а, Iаморан а, кхиоран а республикански пачхьалкхан программа тIеэцна яц вай (Нохчийн Республикин Iилманийн Академис 5 шарна лерина и программа 2007 шарахь дуьйна кечйина йоллушехь). Закон арадаьлла, амма и кхочушдаран болх хIинца а болонза бу.

Кхечу республикашкахь цу тайпана программаш тIе а оьцуш, болх беш йолу дукха хан ю. Иштта, Татарстанехь 10 шарна лерина тIеэцна йолу меттанийн программа ю. И чекх ма елли-нехь, кхин цхьаъ программа тIеэца кечлуш бу уьш. 5 шарна лерина меттанийн хьокъехь йолу программаш тIеэцна Башкирехь а, Хакасехь а, цхьамогIа кхечу республикашкахь а.

Нохчийн республикан меттанийн законаца географически объектийн цIераш, кхин долу йозанаш а, указателаш а язъяр нохчийн, оьрсийн меттанашкахь хилан дезаш ду. Оццу законо ламасте йирзина, исторически а, культурни а мехалла йолу, республикин меттигийн цIераш (яртийн, хийн, Iаьмнийн, урамийн, майданийн иштта дIа кхин а), хийца ца хуьйцуш, шаьш ма ярра язъяр магадо.

Амма, таханлерачу дийне кхаччалц вайн республикехь гIалийн, яртийн, урамийн, майданийн, хийн цIераш, цхьа наггахь бен, нохчийн маттахь язъеш Iедал дац. Министерствийн, ведомствийн, учрежденийн вывескаш-м шина маттахь язъеш нисло вайн. Амма, царех нохчийн маттахь ерш, дукххаьолехь, гIалаташ а долуш, шена хета-хетачу агIор язйина хуьлу. Хьалха, Советан Iедал долуш, оцу вывескаш тIехь долчу йозанийн кепаш Нохч-ГIалгIайн республикин меттан а, литературин а, историн а Iилма-талламан институтехь йолчу терминологически отдело билгалйохура. Цара магийнарг бен цхьа йоза вывески тIе ца тухура.

Ша алан догIу рекламеххий, йохк-эцаран а, нехан хьашташ кхочушдечу а учрежденийн цIарех. Реклама нохчийн маттахь янне яц ала мегар долуш ю. Бусулбан дезачу деношца нах декъалбеш а, Нохчийн меттан де хилча цхьацца кхайкхамаш беш а нохчийн маттах пайда-м оьцу, амма цул тIаьхьа, иза банне а бан а боцуш санна, бицло вайн реклама еш болчарна. Йохк-эцаран а, нехан хьашташ кхочушдечу а учрежденийн цIарех долчух чIимаш биънарг а кхетар вац. Бес-бесара, цхьа а чам а, хатI а, барам а боцуш, хIокху дуьнентIехь мел долчу меттанийн дешнех лаьтташ йолу цIераш ю царна тоьхкуш ерш. Оцу цIерашна юккъехь наггахь бен яц нохчийн маттахь йолу цIе. Цаьрга хьо хьежавь-

лча, ванах, со мича кхаьчна теша, олий, вуьсу хьо.

Чекхдоккхуш алан лаьа. Шен доьналлица а, оьздангаллица а дуьне цецдаькккхина долу нохчийн къам кху лаьтта тIера, шен мотт а байна, доь доцуш дан йиш йолуш дац. И ца дайта цунна хьакъ боллу, таханлерачу дийнан лехамашна жоп луш болу мотт оьшу. Ткъа иза нохчийн мотт вайн дахаран массо а декъехь лелаш хилчий бен хуьлийла дац. Нохчийниг бен кхин мотт а боцуш санна, вешан ненан маттана тIедерза деза вай массо а. Иза данне а дац оьрсийн а, кхин долу меттанаш а Iамо ца деза бохург, уьш Iамор, тхоьга хаьттича, кхин а совдаккха деза. Амма, нохчийн мотт республикехь боккъал а пачхьалкхан тIегIан тIе баккха беза. И дан вайн гуьнахь хилахь, дистина догIучу хиэ чалх санна, шена новкъа дерг юьстах а кхуссуш, сихчу боларца кхуьуш дIагIур бу нохчийн мотт. Цуо, шен декъехь, нохчийн къам кхин а чIагIдийр ду.

# АВТОРЕХ БОЦЦА ХААМАШ

*Абумуслимов А.А.* – биологин Iилманийн кандидат, Нохчийн Республикин Iилманийн Академин Президиума Iилманан коьрта секретарь

*Абумуслимова А.С.* – журналист

*Акаев В.Х.* – филисофин Iилманийн доктор, профессор, НР-н IА-н академик, Нохчийн Республикин Iилманийн академин гуманитарни талламийн институтан философи секторан куьйгалхо

*Альбеков Н.Н.* – филологин Iилманийн кандидат, доцент, Нохчийн Республикин Iилманийн Академин гуманитарни талламийн институтан меттани а, литератури а отделан куьйгалхо

*Альтамиров А.* – хьехархо

*Арсанукаев А.А.* – филологин Iилманийн кандидат, Нохчийн Республикин дешаран гIуллакхийн институтан директор

*Ахматукаев А.* – поэт, публицист, гочдархо

*Бурчаев Х.Х* – яздархо, гочдархо

*Бызов И.* – историк, публицист

*Вагапов А.Д.* – филологин Iилманийн кандидат, доцент, Нохчийн Республикин Iилманийн Академин гуманитарни талламийн институтан меттани а, литератури а отделан Iилманан белхало

*Газиева А.* – журналист

*Гайтукаев А.* – «Гумс» газета белхало

*Гайтукаева М.* – журналист

*Гапуров Ш.А.* – историн Iилманийн доктор, профессор, Нохчийн Республикин Iилманийн Академин президент

*Дадаев С.* – «Даймохк» газета белхало

*Дадашев Р.Х.* – физико-математически Iилманийн доктор, профессор, НР-н IА-н академик, Нохчийн Республикин Iилманийн Академин вице-президент

*Джамбеков Ш.А.* – филологин Iилманийн кандидат, доцент

*Ибрагимов Мовсур М.* – историн Iилманийн доктор, профессор, НР-н IА-н член-корреспондент

*Инеркаев Я.* – хьехархо

*Магамедов Х.* – хьехархо

*Магомадова Р.* – хьехархо

*Минкаилов Э.С.* – «Орга» коьрта редактор

*Моасаева И.Д.* – хьехархо

*Момуева Х.* – хьехархо

*Овхадов М.Р.* – филологин Iилманийн доктор, профессор, НР-н IА-н член-корреспондент, Нохчийн Республикин Iилманийн Академин гуманитарни талламийн институтан меттани а, литератури а отделан Iилманан коьрта белхало

*Тимаев А.Д.* – филологин Iилманийн доктор, профессор, НР-н IА-н академик, Нохчийн Республикин Iилманийн Академин гуманитарни талламийн институтан меттан секторан куьйгалхо

*Халидов А.И.* – филологин Iилманийн доктор, профессор, НР-н IА-н член-корреспондент, Нохчийн Республикин Iилманийн академин гуманитарии талламийн институтан меттани а, литератури а отделан Iилманан коьрта белхало

*Чокаев К.З.* – филологин Iилманийн доктор, профессор, НР-н IА-н академик, Нохчийн Республикин Iилманийн Академин гуманитарни талламийн институтан меттани а, литератури а отделан Iилманан коьрта белхало

# СТАТЬЯШ КЕЧЪРАН БАКЪОНАШ

## «ТАЛЛАМ» ЖУРНАЛАН АВТОРШНА СТАТЬЯШ КЕЧЪЯРАН БАКЪОНАШ

Нохчийн Республикин Iилманийн академин Iилманан-дешаран тептар «Таллам» журналана лерина йолу статьяш лерина хила еза Iилманехь карарчу хенахь мехалайолчу проблемашна, талламан хаттарш а, Iалашонаш а, Iилманан бакъдерг а, шенкерланиг довзийтарехь а, пайдаэцаран маьIна дарехь а, жамIдарехь а мехалайолу агIонаш къеггина билгалъ яьхна хила еза.

Редакцин коллегис дехар до авторшка статья кечъечу хенахь лахахь юуьйцучу бакъонашна уьш тIетовжар. Редакце схьаеаначу материалашна рецензии язйо. ТIедахкарш кхочуш цадеш, бакъонаш а цаларъеш, схьаелла статьяш, еша а цайоьшуш, юхадIалур ю.

1. Куьйга йоза электронни кепехь схьало. Схьаяхкийтинчу материалийн барам 40000 зорбанан хьаьркел сов хила цаеза, цаьрца ю яьссаяккъаш а (коьрта проблемашна леринчу бIаьргтохаран статьяшна; дуккха шерашкахь авторша бина талламаш жамIдаран статьяшна); 25000 зорбанан хьаьркаш, цаьрца ю яьссаяккъаш а (теоретически жамIашдаран а, эксперимаенташъяран а, арахьара талламаш баран а буха тIехь йолчу статьяшна); 6000 зорбанан хьаьркаш, цаьрца ю яьссаяккъаш а (рецензешна а, хроникина а); 4000 зорбанан хьаьркаш, цаьрца ю яьссаяккъаш а (юбилейни а, дагалацаран а персоналшина). Цу барамна юкъадогIу суьрташ, таблицаш, пайдаэцначу литературин цIераш.

2. Куьйга йозанца цхьаьна хила деза: 1) болх кхочуш бинчу учрежденин цIарах тIехьажор; еэкспертизин акт; 3) рецензии, аспиранташа а, Iилманехь лехамаш бешболчийн а статьяшца хила деза Iилманан куьйгалхочунна хетарг а.

3. Статьян текст зорбатуху Times New Roman (11 кегль) шрифтица, интервал – 1,0.

Статьян юьххьехьаьрру агIорхIа лакхара маьIигехь юьллу индекс УДК. КхидIа богIучу могIанехь хаамаш ло хIокху рогIаллехь:

- статьян юьззина цIе а, авторан Ф.ЦI.Д. даккхийчу элпашца ах Iаьржачу шрифтца Times New Roman (13 кегль) ингалсан а, оьрсийн а матташкахь;
- копирайт (авторан бакъонаш Iалашъяран хьаьрк), ах Iаьржачу шрифтца авторийн фамилеш а, инициалаш а;
- болх кхочушбинчу цхьаьнакхетараллин, гIалин цIераш;
- e-mail;
- йоцца (5–6 могIа) аннотаци;
- коьрта маьIнадаран дешнаш.

Билгал хила дезаш ду коьрта маьIнадаран дешнаш, нохчийн, оьрсийн а, ингалсан а меттанашкахь аннотацеш а.

Цул тIаьхьа йогIу статьян текст. Чаккхене хьшакъаьстинчу агIон тIехь пайда эцначу литературин цIераш йовзуьйту (мел кIезиг а 3–5 белхан).

Литературин рогIалла (нумераци) хIоттайо текстехь долчу тIетовжарийн (ссылка) рогIалле хьаьжжина. Текстехь литературина тIетовжарш даладо еакIов къовларшкахь. Литературин цIераш дIаязъяр кхочушдан деза Российски книжни палатин сайта тIехь гойтучу ГОСТ-цанийса догIуш (htt://www.bookchamber.ru/content/about/standarts.html).

4. Статьян чаккхенахь гойту:

- толлам кхочушбинчу учрежденин юьззина цIе, авторан фамили, Iилманан степень, дарж, гIуллакхан цIе;
- почтан индекс, адрес, телефонийн номерш (цIахь лелочун, белхан), факс а, e-mail а хIора а авторан;
- редакцис зIе латтоезарг.

УДК, аннотацеш, авторх болу нийсахаамаш, электронни кеп йоцу статьяш схьацаоьцу.

5. Текст а, графически материал а шина экземплярехь схьало (текстехь а, шакъаьстинчу файл чохь а (формат jpeg, jpg). Текстехь, таблицашкахь, графикашкахь а цхьа хаамаш юх-юха балор цамагадо.

6. Статьян текст леррина редактура йина хила еза. Текстехь язйинчу цIерех пайдаэцнехь уьш юьззина гайтаеза; юкъара тIеэцначу цIерех пайдаэцабеза, цхьа абух боцушкерланаш тIеэцарх ларвалавеза.

7. Методика йийцарехь тоамбанбеза цуьнан коьрта дакъа билгалдаккхарх.

8. Географера цIераш цхьаьнайIогIуш хила еза тIаьххьарчу шарахь арахецначу атласца.

**Книгашна:** авторан фамили а инициалаш а; книгин юьззина цIе, арахецна меттиг, издательство, том а арахецаршо, агIонийн юкъара барам.

**Периодин изданешна:** авторан фамили а, инициалаш а; журналан цIе, том, номер, арахецнашо, пайдаэцначу литературин хьалхара а, тIаьххьара а агIонаш.

9. Зорбане бовлазчу балхашна тIетовжар цамагадо.

10. Статьян электронни верси дIаяхьийта еза e-mail: tallam_anchr@mail.ru. Электриронни версина юкъайогIу статьян текстца файл Microsoft Word, JPEG я GIF форматехь, я Microsoft Word файл чуяьккхина иллюстрацеш йолу файлаш.

11. ТIехь болхбеаьлла, куьйгайоза юхадIадалар статья зорбанедIаэцна бохургдац. ТIехь оьшу болхбина юхасхьадеанчу куьйгайозане хьожу редакцин кхеташо. ТIехь болхбина текст автор юха схьаянеза статьян дуьххьарлерчу вариантца, ткъа иштта билгалдахаршна жоьпашца а.

12. Зорбатоха цIе эцна статьяш авторшка юха дIа цайохьуьйту.

13. Редакцин коллегис тIе цаэцначу статьяшка юха цахьовсу.

**Редакцин коллеги**

ТАЛЛАМ
Научно-образовательный журнал
Академии наук Чеченской Республики
№ 1 (8), 2015

Корректор – *Бурчаев Х.Х.*
Дизайн и вёрстка – *Хасиева А.В.*

Подписано в печать 14.07.2015. Выход в свет 20.07.2015.
Формат 60х84/8. Печать офсетная.
Усл. печ. 7,4. Тираж 300 экз.

Свободная цена

Отпечатано в ФГУП «ИПК» «Грозненский рабочий»
с электронного оригинал-макета. Заказ №
364026, г. Грозный, ул. Интернациональная, 12/35